

KUVHANGERA KWEKUVAMBA BASA

KUKUDZA MAKEREKE NEKUDYARA
MATSVA AYO ANOZVIRIRITIRA
TICHISHANDISA NZIRA
DZETESTAMENDE ITSVA

AUTHOR:
THOMAS WADE AKINS

TRANSLATOR:
REV. DARLINGTON DHLIWAYO

ZVEKUKUPAI

“NOKUTI NGUVA ICHASVIKA YAVACHARAMBA
KUTENDERA DZIDZISO YAKARURAMA, ASI VACHIDA
KUFADZWA PANZEVE DZAVO VACHIZVIVUNGANIDZIRA
VADZIDZISI PAKUCHIVA KWAVO VACHIFURATIDZA
NZEVE DZAVO PAZVOKWADI VACHITSAUKIRA KUNGANO
ASI IWE SVINURA PAZVINHU ZVOSE ,TAMBUDZIKA, BATA
BASA RUMUVHANGERI, UPEDZISE BASA RAKO KWAZVO”.
2 TIMOTIO 4:3-5

Nyika nhasi uno yanyanya kubatikana nezviitwa zvisingajairike sezvayanga ichingova muzvikamu zvezvihuru zviviri zve makore zvapakfuura. Kunyora Bhuku nezvekuvhangeri zvokwadi yebasa remunhu oga-oga. Pana Jesu Kristu, ibasa pacharo rakaoma zvikuru.

Basa iri rinobva ranyanya kuoma kana musoro wechidzidzo uri kuvhangeri kwekuvamba basa. Hapana chinodiwa kufadza vanhu kuti vade kuona chiripo. Hapana nyaya dzinoshamisira kana nhaurwa dzisati dzambonzwikwa. Chikonzero che kuvhangeri kwekuvamba basa ndechokuunza munhu wese kuti azive Jesu Kristu sechinhanho chekutanga muupenyu.

Mufundisi Akins vakawana zvakanaka pakuramba vachiita basa iri. Vakaita izvi kubudikidza nemaitiro avo akasiyana, uye nekuti vaiva nesimba rekuona zvaitika.

Kutuma kwe muBhaibheri kunouya kwatiri
Zvakadzama sokunzwikwa kwakwakitwa naTimotio.
“Ita Basa Reuvhangeri.”

Kwakareruka nekutwasuka. Sezvakaita vhangeri iro pacharo.
Pr. Ivo Augusto Seitz, munyori mukuru:
Brazilian Baptist Mission Board

ZIRIMUKATI (INDEX)

ZVEKUKUPAI

Tsanangudzo

Zvitevedzwa

Nzira Dzekubata basa mukuita

Hurongwa

Muvhangeri wekuvamba Basa nekushandisa Tsvagurudzo

Zvokwadi Nhanhatu Dzemutendi Mutsva

Hupenyu Hutsva

Vhangeri Ra Johane kudzidza Bhaibheri

Kuvaka vadzidzi vehutungamiriri venzvimbo

Kunobva Rubatsiro

KUMIKIDZO (DEDICATION)

Ndinokumikidza Bhuku Rino rekudzidzisa kumudzimai wangu anokosha wandinoda, Barbara Ann Hawthorne, anova chipo chenyasha dzaMwari kwandiri. Zvinowanikwa mubhuku rino iri hadzisi nyambo. Kuna Barbara nokuti anga achishandiswa nanhasi anoshandiswa naMwari chose mukubata mweya yakarasika nekudyara makereke. Mwari vakaropafadza uye nokutitendera kushumira pamwechete mukudzidzisa vamwe mumisangano yeKuvahangera kwekuvamba basa yatakaita muBrzail mose uye nekune dzimwe ndudzi dzemunyika.

Thomas Wade Akins

Tsanangudzo (Definitions)

MUVAMBI - Iri ivara ratinoshandisa kureva munhu kana vanhu avo vanovhura mabasa matsva nekudyara makereke matsva.

KUVHANGERA - Iri vara rinoreva “Kuparidziranyaya yakanaka Yajesu Kristu” Ivhangeri rino tsanangurwa muna I Vakorinte 15:3. Inoti “Kuti Kristu wakafira zvizvedu, sezvazva kanyorwa pamagwaro; vuye kuti wakavigwa akamutswa nezuva retatu sezvazvakanyorwa pamagwaro”...Ndiyo nyaya yakanaka ye-vhangaeri. Kuparidzira nyaya yakanaka iyi kuvanhu vakarasika vemunyika ndihwo hwuvhangeri.

ZVITEVEDZWA (Principles)

Chikamu chino chebhuku chinotsanangura zvinofanira kuitwa nemuvhangeri wekuvamba basa uye nekuti anoitirei.

- I. Chii Chinonzi kuvhangeri wekuvamba basa?
- II. Bhaibheri ne tsika.
- III. Bhaibheri chikuriri charo
- IV. Ndiani angave muvhangeri wekuvamba basa?
- V. Basa Remutungamiriri wekuvhangeri.
- VI. Zvitarisirwa zve muvhangeri wekuvamba basa.
- VII. Zvinhanho zvipfumbamwe zvinokosha sehwaro hwebudiro mukuvamba makereke.
- VIII. Zvinhu zvitahatu zvekukudza makereke anenge atangiswa.
- IX. Zvinhanho zvitatu zvemaitiro ekereke ye testamenti itsva.
- X. Magumo

I. CHII CHINONZI KUVHANGERA KWEKUVAMBA BASA?

Ushumiri uhwu hwakatangisa mugore ra1989 munyika yeBrazil mushure mekudzidza maitiro ekereke mukudyara makereke, yaive nguva yangu yekutanga basa semumishinari ndichishanda nebazi rinoshanda kuparidza munyika dzose ye Southern Baptist Convention .Ndakaenda kuchikoro chekudzidza mutauro kwegore rimwe. Mushure mekupinda mubasa ndakatanga hurongwa hwekudyara makereke. Ndikatanga nzvimbo dzemaBaptisti gumi nembiri itsva mudunhu reMinas Gerais, muBrazil.

Ndadzoka kubva kuzororo, ndakanzwa mufungwa dzangu kuti basa raive richinonoka. Saka, ndakatangisa kudzidza nekuverenga nezve nzira dzekuvhangeri. Bhuku rava Charles Brook. Rinotaura nezve kuzvivambira makereke (Indigenous church planting). Rakandibatsira kunditungamirira zvakanyanya mukutsvakurudza umu. Kubudikidza nechitiko, Ndakatanga ushumiri hwekudzidzisa hwunobva muBhaibheri. Bhuku ra Dr. Brook nezvimwe zvakanwanda zvakanibatsira zvarehwa mubhuku rino, nemaitiro ekudyara makereke awa akavambwa munguva yechikamu chekutanga chebasa rangu semumishinari muBrazil.

Pakangonyorwa chete hurongwa sezva hwakange hwuri kubva pamavambo, varume makumi mana nemadzimai vakadzidziswa kutakura hurongwa. Vakapinda maguta makumi matanhatu nematatu akasiyana mudunhu reMinas Gerais nekuvamba masangano matsva maari ose mushure me chikamu chenguva chingaita makore maviri. Mwedzi oga oga mumakore maviri vavambi vevhangeri yekuvamba basa ava vaitumira mapepa ekubvunzurudza basa ravo kubazi rekuaparidzira nekuvhangeri reMinas Gerais Baptist Convention. Mukupera kwemakore maviri chikwata chekutsvakurudza chakavambwa kuti chitarise basa rose rehushumiri. Mushure memakore matatu aitevera zvimwe zvikwata zvakanwamba muBrazil mose uye vaFundisi vaitsvagurudza chimiro chose cheushimiri, vaparidzi, nevavhangeri, nevatungamiriri

veConvention. Mumakore mapfumbambwe (9) makereke makumi mapfumbambwe neina (94) akarongedzwa, unganano dzinosvika zana nemakumi manomwe anepfumbambwe (179) dzakatangiswa uye nzvimbo dzekuparidzira dzinosvika mazana matatu dzine makumi masere ne mhatu (383) dzakatanagiswa mudunhu reMinas Gerais, muBrazil.

Mabasa ose aya aive mukuvhangeri kwekuvamba basa zvakare hwiwandu hwevanhu hwai iswa pasi nevatsvakurudzi. Mugore ra 1999, vanhu ve muBrazil vanodarika zviuru gumi nezvishanu (15,000) vakadzidziswa muvanhu vose uye nzvimbo itsva dzinga darika chiuru (1000) dzakatangiswa muBrazil mose. Nhasi mazana akati kuti ezvikwata zvevavhangeri vekuvamba basa zvirikuvambwa gore rimwe nerimwe kuti vadyare mabasa matsva munyika yose.

Bhuku rino rekudzidzisa nemaitiro acho zvinobva pabasa remazana evarume nemadzimai vakaisa hurongwa hwuno mukushanda. Vakashandiswa naMwari kusvikira zviuru zvemweya yakarasika uye zvakare nekudzidzisa zviuru zvevafundisi, mamishinari, nevaparidzi kutangisa makereke matsva. Donzvo muBrazil ndero kudzidzisa zviuru zve vaFundisi nevaparidzi kutanga makereke matsva. Vose vanodzidza zvitevedzwa chaizo zvinopiwa mubhuku rino, zvinowanikwa pose pose uye zvingashandiswa mutsika ipi zvayo kana rudzi rwe pasi pose. Kuisa izvi mukutaura kwakareruka, HWUVHANGERI HWEKUVAMBA, MAITIRO AHWO ANOSANGANISA KUDZIDZISA VAVHANGERI VANONGOVA VAPARIDZI KUTI VAENDE KUNZVIMBO DZISINA MAKEREKE (NZVIMBO DZINGATANGWA BASA) VACHIBATA MWEYA YAKARASIKA, NEKUTANGA MABASA MATSVA.

Mubvunzo mukuru nhasi ndewokuti, “Tingasunde sei nekukasira vhangeri kuti titangise makereke matsva?” Mhinduro, mukufunga kwangu, ndeyekuti kubudikidza nekudzidzisa vaparidzi vavhangeri munyika yose kuti vangatanga sei nekukudza basa idzva. Ngatimbotarisai kumatambudziko akasiyana-siyana ayo vatungamiriri vanosangana nawo munzvimbo yanhasi:

1. Kusava nechiono
2. Vatungamiriri vasina kudzidziswa
3. Kusava nechido
4. Kurasikirwa nenhengo dzekereke
5. Kusabatana pakati pemakereke
6. Kuoma kwekupinda mudzimba dzingawanikwa mumaguta makuru.
7. Kudhura kwekuvaka uye nzvimbo yekuvakira

Tingakunde matambudziko awa here? Zvakanyanya!! Muzvokwadi, Kristu vakatikundira nechekare. Zvakadaro, tinofanirwa kudzikorora kudzidza nzira chaidzo dzemuBhaibheri, uye zvakajeka, nzira dzakashandiswa nemuapostora Paulo uyo ano mucherekedzo wedu weumishinari.

Dr. Dennis Blackmon, vaimbova mumishinari kuBrazil, vakaona hwaro huna hunokosha hwekuvamba makereke matsva.

1. MAITIRO MUTSIKA DZEVANHU “NE” VATENDI VAKASIMBA

Gungano remamishinari kana kereke vanotsanangura nzvimbo yebasa. Vochidaidza zvino mushandi, haafanire zvake kungova muFundisi chete kuti azoshanda. Mushandi achatsvaga nzvimbo yekusanganira yeboka idzva uye gungano remamishinari kanakereke vachatora tsigiro yevaKristu vashanu kana gumi kana kupfuura vanogara munharaunda imomo. Vatendi vashoma ava ne mushandi vachatangisa ungano nerutsigiro rwe mari runobva kugungano remamishinari kana kereke, pamwechete zvakare Asosiyesheni yenharaunda kana Convention mune zimwe zviitiko. Gungano remamishinari kana kereke kazhinji ndivo vanoita kana kupa sarudzo dzinokosha.

2. MAITIRO MUTSIKA DZEVANHU “PASINA” VATENDI VAKASIMBA

Gungano remamishinari kana kereke rinotonga zvinhu zvose,

sezvarinoita mumaitiro atabva kuona kusvikira basa idzva rarongedzwa zviri pamutemo mukuva KEREKE ITSVA. Mutsauko OGA Kusavapo Kwe boka rekutsigira remo rinoubwa nevatendi vemunharaunda.

3. BASA RINOKOSHA REKURATIDZIRA

Gungano remamishinari kana KEREKE inoona nzvimbo nekusarudza basa ringaitwa ringabata zvikuru moyo yevanhu. Imwe ingava semicherekedzo yebasa ringava munzimbo ingava yezvidzidzo zvebhaibheri kana hushumiri munzimbo ine vanhu vakarasika. Mabasa aya anosarudzwa zvichibva mukuona chimiro chehomwe yegungano kana vanhu varingashandisa. Semuenzaniso, kwakamboitika mafashamo makuru emvura mudunhu reMinas Gerais, muBrazil.. Mazana avanhu akarasikirwa nemisha yawo. Barbara Akins akakwanisa kuwana mari kubva kugungano rake remamishinari ye kubatsira vanhu kuvakurudza misha yawo. Mubati weguta akapa rubatsiro rwe nzvimbo nzvimbo itsva yeuvakidzani inonze, BETHEL - GUTA raMWARI. Vakavaka dzimba makumi manomwe mugore rimwe vakava nenguva yekudzidza Bhaibheri mudzimba. Vanhu vakaponeswa kereke ikavambwa. Izvi zvaisanganisa Kushandiswa kweBasa rinokosha uye kuvhangera kwekuvamba basa nekuti kudzidza kwaive kwaitwa mudzimba dzevanhu vakarasika. Kazhinji, kushandisa maitiro ebasa rinokosha mushandi anodaidzwa kuzoita basa, gungano kana kereke yopawo nzvimbo yekusanganira vozarura zviripamutemo basa rinoenderera mberi. Gungano remamishinari kana kereke ingasarudza kuita sarudzo dzose.

4. MAITIRO EKUVHANGERA KUNOVAMBA BASA

Gungano remamishinari kana KEREKE inotsanangudza nzvimbo inofanira kusvikirwa vosarudza “VAPARIDZI VAKURA MUBASA” kuti vaite basa. Vaparidzi ava vove vakadzidziswa zvizere nekushongedzwa nevanoziva chose zvebasa rekufambisa evhangeri. Chikonzero chebhuku rino ndechokuvadzidzisa. Chinotevera ndechokuti muparidzi anotangisa basa asina boka

remaKristu kana nemaKristu mashoma achimutsigira. Donzvo ravo ndero kutanga kereke itsva inozvimiririra, inozvitsigira uye nekuzviwanza pasi pehutungamiriri hwaMwari. Muvangeri wekuvamba basa achatungamirira boka idzva kupawo sarudzo dzavo kubva kumavambo pachinzvimbo chokuti vaitirwe negungano remamishinari kana KEREKE.

II. BHAIBHERI NE TSIKA

Zvinokosha chose kuti titaure izvo zviru zve muBhaibheri ne izvo zviru zvetsika. Ndingangova muAmirika asi Mwari vakandidaidza kuti ndishande semumishinari muASIA (Vietnam), muUnited States (Washington, DC) Africa, (ZIMBABWE) ne muBrazil.

Nzvimbo imwe neimwe munyika ine maitiro ayo akasiyana nedzimwe nyika. Tino nzwisisa kuti basa raShe rinofanira kuti riitwe sezvinozve Bhaibheri uye zvinoenderana netsika nemagariro enyika iyoyo. Hatifanire kuzendamira kumaitiro etsika dzekunze. Semuenzaniso, muUnited States makereke mazhinji anoita shumiro dzawo mangwanani nenguva dza11:00 AM. Izvi zvinozve here kuti shumiro dzose munyika dzinofanira kutanga nenguva dze gumi neimwe 11:00 AM? Kwete! MuUnited States, makereke mazhinji anoshandisa mabahuku enziyo mukuimba. Izvi zvinozve here kuti kereke dze dzimwe ndudzi dze munyika dzinofanira kushandisa nziyo dzemumabhuku pakuimba? KWETE! Vanokwanisa kana vasarudza kuita izvozvi, asi vanofanira kuimba nziyo dzinoenderana netsika dzavo nekushandisa zviridzwa zvenyika dzavo. Kereke inokwanisa kushandisa, semunzaniso, maghatare emagetsi, hwamanda, ngoma nezvimwewo zviridzwa chero.

YAMBIRO! Kuimba hakusi rumbidzo, kuimba inzira yekurumbidza. Inzira yekuratidza zvatinozve mufungwa dzedu kuna Mwari. Nechikonzero ichi, zvinokosha kuti nziyo dzinoshandiswa kuratidze tsika dzevanhu kwete tsika dzeaka tanga

basa. Hazvikwanisike kuti uve mumishinari kana muvambi webasa chaiye kunze kwekunge tanzwisisa tsika dzenharaunda.

Kune tsika dzakawanda netutsika murudzi rumwenerumwe. Zvinokosha kuti muvambi webasa azive nekunzwisisa tsika dzevanhu ve munharaunda yaanotarisa kuvamba basa idzva. Zvinokoshawo zvakare kuti haafanire kuedza kushandura tsika asi kuti ape hushumiri hunotendera kuti Kristu ahandure mwoyo yevanhu. Zvinhu zvoga zvinofanira kushandurwa mutsika ndeizvo zvinopikisana nezvitevedzwa zve Bhaibheri. Semuenzaniso, mumasango edzimwe nzvimbo munyika, vanhu vangangoita tsika iya yekupisira vana sechibayiro. Chitiko chakadai nechekare chinopikisana ne dzidziso yeBhaibheri. Mumaitiro akadai, muvambi webasa anofanira kuyedza kushandura kubudikidza nekuparidza zvokwadi ye ivhangeri.

CHINHU CHIKURU NDECHOKUTI DUNHU RIMWE NE RIMWE RENYIKA RINE TSIKA YARO, UYE ZVINOKOSHA KUTI BASA REMUVAMBI RIVE RINO ENDERANA NETSIKA YENHARAUNDA IYOYO, ASAVE ANOKWEZVIWA NETSIKA DZERIMWE DUNHU KANA NYIKA. MUVAMBI ANOFANIRA KUNGOPARIDZA EVHANGERI BEDZI, NOKUTI IRO VHANGERI PACHARO RICHASHANDURA ZVINOWANIKWA MUTSIKA ZVISINGAENDERANE NE BHAIBHERI.

III. BHAIBHERI NECHIKURIRI CHARO

Munhu mumwe ne mumwe munyika anekunobva simba rake. Dr. Ralph Neighbor, mubhuku ravo, "SURVIVAL KIT" (Broadman Press), vanotsanangudza nzira ina dzinowanikwa masimba ekugona kuona kuti zvakanza kanzvipi uye zvakaipa ndezvipi.

1 NJERE: Kana munhu akada kuti zvokwadi ndeyipi kubudikidza neunjere nemafungiro ake kuti apatsanure pakati peicho

chakanaka kana chakaipa, chakanaka kana chakaipa, chinokwanisika kana chisingakwanisike, zvichiyenda zvakadaro. Semunzaniso, munhu uyu anenge achiramba minana yaJesu nokuti haainzwisise kuti aitende achishandisa njere dzenyika.

2. RUZIVO: Kana munhu akada kuziva kuti chii chakanaka kana kuipa kubudikidza nezvaanonzwa, zvaunonzwisisa kana zvinonyandura muviri wako. Semuenzaniso, rimwe zuva ndakapinda muTekisi muguta re Rio de Janeiro, muBrazil ndikatangisa kutaura nezve ivhangeri kumutyairi. Akandizivisa kuti mumusangano wechitendero chake mumwe murume aive bofu akasvinudzwa akakwanisa kuona zvakare. Pandakavhunza zita rekereke yake, Akandiudza kuti akanga asiri muKristu, uye akati chokwadi chiripo ndechokuti chitendero chake chakanga chisina hukama nechikristu.

Satan anesimba rekuita minana, asi haakwanise kuponesa ani zvake kana kuparugare chairwo nekanganwiwo yezvivi izere. Dzimwe nguva anoshandisa minana kunyengedza vanhu. Bhaibheri rinoti, Muna II Vatesaronika 2:9-12, “KUVUYA KWAKE IYE KWAKAITA SE BASA RA SATANI NESIMBA ROSE, NEZVIRATIDZO NEZVINOSHAMISA ZVENHEMA, NOKUNYENGERA KWOSE KWOKUSARURAMA KUNAVANORASHIKA, NOKUTI HAVANA KUGAMUCHIRA RUDO RWAZOVKWADI, KUTI VAPONISWE. SAKA MWARI UNOVATUMIRA SIMBA ROKUKANGANISA, KUTI VATENDE NHEMA, KUTI VOSE VASINA KUTENDA ZVOKWADI, ASI VAKAFARIRA ZVISAKARURAMA VATONGWE.”

Vamwe vanotaura zvinotevera: “ Ndinotenda munezvinodhaka nezvinwiwa zvedoro nokuti ndinonzwa zvakana kana ndazvishandisa”. Kunobva simba rake munhu uyu ndezvaanonzwa mumuviri wake. Inzira inengozi chose yekuvaka nayo rutendo rwako.

Muiti wemunana anotosvikira pakuparidza evhangeri kuti awane mari yakawanda nekuzviwanira mbiri anokwanisa kunyebera vamwe.

Hatingavakire rutendo rwedu paminana, zvatizonzwa kana zvatakamboona, asi kuti tinofanira kuruvakira paunhu waJesu Kristu, anova ndiye uye zviimbiso zvake zviri mushoko raMwari.

3. TSIKA DZEMAGARIRO: Iri ndiro rimwe rematambudziko makuru iro Kristu akasangana naro. Akarwisa tsika dze majutanekuti vaingogara vakaisa tsika dzavo pamusoro pezvaishaikwa nevanhu. Muna Marko 3:1-6, Tinoverenga zvinyorwa zvaJesu achiporesa munhu aiva neruoko rwakaonyana ne musi wesbata. Akatyora imwe yetsika dzechijuta nokuti raiva sabata, kubva pachitiko ichi vaFarise vakatsvaka kumuuraya.

Tikaisa tsika dzedu pamusoro peshoko raMwari tinoshaisa simba shoko rake. Jesu vakati, muna Mateo 15:6-9 vanhu vakaita saivava vanyengeri. “Ndizvo zvamushaisa shoko raMwari nazvo nokuda kwe tsika dzenyu. Imi vanyengeri! Isaya wakareva zvakana zvaakaporofita pamusoro penyu, “Vanhu ava vanondikudza nemiromo yavo asi moyo yavo iri kure neni. Vanondishumira pasina; dzidziso dzavo inongova mirawo inopiwa nevanhu.”

4. GWARO: Shoko raMwari roga ndiro rinongova nzira yekuwana nayo simba chairo. Mwari vanoratidza zvokwadi kubudikidza nemushoko ravo rakanyorwa. Haashanduke mashoko achouye ane ruzivo rezere.

Jesu vakati muna Johane 8:32 “Muchaziva zvokwadi nezvokwadi ichakusunungurai.”

Isaya 40:8 inoti; “vuswa vunoona, ruvarinosvava; asi shoko raMwari wedu richagara nekusingaperi.

Mapisarema 119: 140 inoti: “Shoko renyu rakaisvonatswa; saka muranda wenyu unorida.”

Mapisarema 119: 160 inoti “Mashoko enyu ose ndeyezvokwadi, zvose zvakamatonga zvakarurama, zvinogara nokusingaperi.

Pauro aive muapostora. Vara rekuti “apostora” rinoreva “munhu akatumwa”.

Boka rechipiri ndere “VAPOROFITA”. Vaporofita vaiva vaparidzi. Vara rekuti “muporofita: Rinooneka kamazana mavairi namakumi mana nekaviri (242) muBhaibheri. Deuteronomio 18:18 inotsangangura mashandiro avo. “Ndichavamutsiro muporofita, unobva pakati pehama, dvavo, wakafanana newe; ndichaisa mashoko angu mumuromo make, iye uchavavudzai zvo zvandinomuraira.”

Vamwe vevaporofita veTestamente Tsaru vaiva Aroni (EK:7:1), Moses, Erisha, Isaya, Jeremia, Danieri nevamwe vakawanda. Zvakare, mudzimai waIsaya aive muporofitakadzi (Isaya 8:3). MuTestamente Itsva mienzaniso yevaporofita ndi Jesu Kristu, Akabo (Mabasa 21:10) uye mhandara ina dza Firipo (Mabasa 21:9).

Boka rechitatu vaiva “Vavhangeri.” Ava vanhu vaiva vava vaiparidza nyaya yakanaka yaJesu Kristu vaine chinangwa chekubata mweya yakarasika (AVA NDIVO VANHU VATIRI KUDAIDZA KUTI “VAVAMBI” MUUSHUMIRI HWEUVHANGERI HWEKUVAMBA BASA). Mutestamente Itsva, Firipo waiva muparidzi, mudhikoni uye muvhangeri. Mabasa 21:8 inoti FUME MANGWANA TIKABVAPO, TIKASVIKA KESARIA, IPAPO TIKAPINDA MUMBA MAFIRIPO, MUEVHANGERI, MUMWE WEVANOMWE: AIVE MUPARIDZI AKAPARIDZA IVHANGERI KUVANHU VAKARASIKA NEKUVAOMBEKA. Mabasa 8:12 inoti, “ASI PAVAKTENDA FIRIPO APO AKAPARIDZA NYAYA YAKANAKA YEUMAMBO HWA MWARI UYE NE ZITA RAJESU KRISTU VAKAOMBEKWA VOSE VARUME NE VAKADZI.”

Nhasi uno munyika yose, tinavo varume ne vanhukadzi vari kuzadzisa basa remamishinari mukuvamba makereke matsva.

Ushumiri hwe china ndeuho hwe “MUFUNDZI-MUDZIDZISI.” Vafundisi kana kuti vafudzi vaive vanhu avo vaingova vadzidzisi

vebasa. MuFudzi mutungamiriri we vatungamiriri. Mutungamiriri wezvomweya, mutendi anotungamirira vanhu vake munzira yaMwari. Anofanira kuva nechipo chokuva mudzidzisi ne “mushongedzi.”

MuKristu oga-oga munaKristu anogamuchira chipo chemweya kana mweya mutsvene apinda mumwoyo make panguva yekutendeuka. I Petro 4:10 inoti: “Umwe neumwe anofanira kushandisa chero chipo chaakagamuchira kushandira vamwe. Mukutendeka muchiratidza nyasha dza Mwari zhinji. Takatarisa vaEfeso 4:11-12, kune nhengo dzekereke idzo dzine chipo chemweya chekuvhangeri.

Ndiani angava muvambi akatangisa makereke matsva? Mufudzi angave muvambi here? Muparidzi angava muvambi here? Mutungamiriri wemunharaunda angava muvambi here? Ko Gweta ringava muvambi here? Ko mudzidzisi angave muvambi here? Ko mumishinari angave muvambi here?

Munhu wese anogona kuva muvambi anonzwa achidai dzwa so muEvhangeri nokuzadzisa zvinodikanwa neBhaibheri. ASI zvii zvinodikanwa kuti munhu ave muvambi, zvisinei nekuti munhu uyu mufundisi kana kuti muparidzi?

1. Poneswa (Mabasa 9)
2. Gamuchira kudzidziswa (Vagaratia 1:15-16).
3. Zadzwa naMweya mutsvene (VaGaritia 5:16)
4. Ziva kuti unoshandisa sei shoko raMwari (II Timotio 2:15)
5. Tsvaka kufadza nekuteerera Mwari (I VaTesaronika 2:4)
6. Ida vatendi vatsva nekuvachengeta (Ivatesaronika 2:7 na Tito 1:9)
7. Ziva kuti unonamata sei I Vatesaronika 1:2, Vakorosi 4:2-6).
8. Rarama upenyu hwakachena (I Timotio 5:22, Tito 1:7-8).
9. Mira wakasimba murutendo (Tito 1:9).

TINGAUNZE SEI VANHU KUNA KRISTU NEKUTANGA KEREKE ITSVA MUGUTA ROGA-ROGA, MUDHOROBHA ROGA-ROGA NEMUMA VIREJI KANATISINGADZIDZISE VAPARIDZI VAKURA MUFUNGWA AVO VANE CHIPO NE BASA REEVHANGERI KUTI VAITE ZVE CHIPO CHAVO? HAKUNA VAFUDZI VAKAKWANA MUNYIKA KUTI VASVIKIRE NYIKA YOSE NESHOKO RAKRISTU. VANHU VAMWARI VANOFANIRA KUDZIDZISWA KUTI VAITE BASA.

Kana vaparidzi-vadzidzisi vakadzidzisa basa hondo yakakura yevaparidzi vane zvinodiwa neBhaiBheri, tingazadzise donzvo rekutanga makereke mumaguta ose, vavakidzani, nemunzvimbo dzenyika yose.

Ndiyani angava muvambi webasa? Chero ani zvake anodaidzwa naMweya mutsvene kutaura nyaya yakanaka yaKristu neKutanga makereke matsva.

ZVINYORWA (Notes)

V. BASA REMUTUNGAMIRIRI PAKUTANGA BASA REMUFUDZI NDEREI, KO MUEVHANGERI, MUVAMBI WEBASA KANA MUPARIDZI? ANOITA ZVOSE HERE? KWETE!!!! MUTUNGAMIRIRI WEMWEYA ANOSHANDIRA VANHU VOKWAKE.

VaEfeso 4:11-12 inotsangangura zviripachena basa rekutanga remufudzi. Bhaibheri rinoti iro Mwari akapa kereke mufudzi-mudzidzisi kuti “AGADZIRIRE vanhu vaMwari basa reushumiri kuti muviri waKristu uvakwe.” MUNE MAMWE MANZWI, BASA REKUTANGA REMUFUDZI UYE NYANGE NE MUTUNGAMIRIRI NDEROKUDZIDZISA NEKURONGEDZA VAPARIDZI KUTI VAITE HUSHUMIRI UHWO WAVAKAPIWA NAMWARI. JESU VAKAPARADZA MAKORE MATATU VACHIDZIDZISA VADZIDZI GUMI NEVAVIRI. Mupi wemuenzaniso wakanaka wekuti tingawana nyika sei. AKASHANDISA ZVITEVEDZWA CHAIZVO ZVEKUWANZA.

MUVHANGERI WEKUVAMBA BASA ACHAVAKA BOKA REKUVAKA VADZIDZI REVA PARIDZI OBVA ADZIDZISA BOKA IRI KUITA BASA REUVHANGERI. NEKUVAKA VADZIDZI UYE NEKUDYARA MAKEREKE. BHUKU RINO RICHAKUDZIDZISA MAITIRO AUNGAVIITA IZVI. ASI NHANHO YEKUTANGA NDEYE KUKUDZA BOKA RAKO. KANA USINA VATENDI VEKUVAMBA NAVO KUDZIDZISA NEKUDARO UCHAVAWANA. KANA WAITA KUTI VAUYE KUNA KRISTU. UCHAVADZIDZISA UYE NEKUUMBA BOKA REKUVAKA VADZIDZI. ZVICHIDARO TARISIRO YAKO INENGE IRI YEKUUMBA. BOKA REVADZIDZI AVO VAUCHADZIDZISA BASA. BOKA IRI NDIRO RATINODAIDZA KUTI VAVAMBI VEBASA MUBHUKU RINO IRI.

Muushumiri weuvhangeri hwekuvamba basa, mutungamiriri anemabasa maviri anofanira kuva pamavambo ebasa rake:

1. BASA RAKE REPAMAVAMBO NDEROKUDZIDZISA
BASA VAVAMBI VEBASA MUMWECHETE NEUMWECHETE
KANA KUTI MUMAPOKA MADIKI.

Kudzidzisa basa uku haisi mhando yekudzidzisa basa ingaitwa mumhomho yevanhu kana mumapoka makuru anofanira kuvadzidzisa mumapoka madiki. Saka, vafudzivose uye/kunyange nevatungamiriri vanokumbirwa kuti vaumbe boka. Tinopa zano rekuti ungave nevanhu muboka rako vanobvira pamumwechete kusvikira pavanhu gumi nevaviri. Ava ndivo vachava vadzidzi vako vauchadzidzisa basa. Kana usina vanhu vekushanda navo kuumba boka wototanga wakadaro usina chinhu, wotozviwanira nekudzidzisa boka rako. Chinhu chikuru ndechekuti uve netarisiro yekuumba boka revavambi vebasa kana kuti vadzidzi. Uchasangana neboka rako svondo rimwe nerimwe muchinamata, muchipa zvisumo, nekuona zvinonetsa uye nekudzidzisa basa.

Dr. Waylon Moore mubhuku ravo, kuwanza vadzidzi, vanotaura zvinotevera:

A. Kuvaka vadzidzi ndeimwe nzira yemaitiro akatwasuka kuti uve ne hushumiri pachako husina mugano.

B. Kuvaka vadzidzi hushumiri husina kugozha, kunyanya kana pane zvamunoda kushandura.

C. Kuvaka vadzidzi inzira inokurumidzisa nekuwanisa mukana wekukurudzira muviri waKristu muuevhangeri.

D. Kuvaka vadzidzi kune nguva huru yakareba inemukana wakanaka wokubereka zvibereko kupfuura chero hushumiri hupi.

E. Kuvaka vadzidzi kunoburitsira kereke vaparidzi vakakura mufungwa avo vana Kristu mukati meupenyu hwavo uye nekudzidza kwakadzamiswa mushoko raMwari.

2. BASA RECHIPIRI REMUTUNGAMIRIRI
WEZVEKUFAMBISA BASA NDEREKUTI ARAMBE AINE
KUFAMBIDZANA NEMUVAMBI WEBASA SVONDO RIMWE
NERIMWE. Mutungamiriri wezvekufambisa basa anofanira

kupedza nguva ingango svika ku awa svondo rimwe nerimwe aine vavambi vebasa. Chii chaanoita mumusangano uyu?

A. Anofanira kutangisa nemunamato. Tirimukati me hondo yemweya. Chidziviriro chedu choga kumadhimoni munamato.

B. Kumbira muvambi webasa rekuvhangeri kuti ataure zvavakwanisa kukunda musvondo iroro.

C. Kumbira muvhangeri wekuvamba basa kuti azivise matambudziko avakasangana nawo musvondo iroro uye ave ano ratidza rimwe nerimwe.

D. Batsira vavambi vebasa ava zvichienda nedambudziko rimwe nerimwe.

E. Dzidzisa basa boka iri uchishandisa chikamu chekuita basa chebhuku reKUVHANGERA KWEKUVAMBA BASA.

Somuenzaniso, dzokorora kudzidza chitsauko chakanzi “Unopa sei uchapupu hwako,” kana “kuvhangeri,” kuti uve nechokwadi chekuti muvambi anoziva kubata mweya yakarasika. Kana kuti zvingakwa nisike kuti mudzokorore zvidzidzo zvinodaidzwa kuti “munamato,” “Dzimwe nzira dzema-itiro,” Kana “Madzidzisiro ebasa kuvatungamiriri vemunharaunda,” zvichienda zvakadaro. Shandisa nguva iyo kudzidzisa basa vashandi.

F. Vadzidzise maitiro ekuita basa rehushumiri sekuti munhu anganyore mharidzo sei, munhu angabatsira vamwe sei, zvichienda zvakadaro. Ibaso remutungamiriri wezvokufambiswa kweshoko kuti adzidzise basa vavambi vebasa ava zvakanaka.

G. Ipa muvambi webasa nguva yekudzidza kwekuona basa mobva mapedza musangano nemunamato. (Tarisai kune mamwe mazano ekuita basa muchitsauko, “Kutevera basa remuvambi svondo rimwe nerimwe.”)

Kana muvhangeri wekuvamba basa achigara kure newe, mutunamiriri anofanira kuva nemusangano wakati rebei kamwe

chete pamwedzi kana pamwedzi miviri yoga-yoga. Angaitao urongwa hwakanaka hwokunyorerana matsamba. Izvi ndizvo zvakaitwa nemupositora Pauro. Zvinokosha chose kuti mufudzi uye kana mutungamiriri nguva ne nguva ashanyire vavambi vebasa vake nekuita misangano yake yeboka.

Zvinyorwa (Notes)

VI. ZVITARISIRWA ZVEMUVHANGERI WEKUVAMBA BASA

Basa remutungamiriri nderekudzidzisa basa nhengo dzeboka kuti vazadzikise hushumiri hwavo. Pakereke imwe neimwe, Mwari vakaisapo vaparaidzi vanezvipo zvakasarudzika pabasa reuevhangeri nekudyara makereke matsva. Mutungamiri wevavambi vebasa achasarudza vanhu vakura mufungwa vane zvipo izvi. Basa remutungamiriri wevavambi ndere kuchidzidzisa basa vari voga achishandisa bhuku reKUVHANGERA KWEKUVAMBA BASA nemamweo mabhuku akanaka. Vavambi ava vanofanira kuzii kanwa seva fambisi vevhangeri nekereke yenharaunda. Kereke yenharaunda iyi ichazvipira mukuva namatira, kuvapa rutsigiro, nekuva tumira kuti vanotanga basa idzva.

Ndezvipi zvitarisirwa nezvitarisiro zvemuvambi weBasa?

1. BATA MWEYA YAKARASIKA.
2. OMBEKA VATENDI VATSVA.
3. TEVERA NEKUDZIDZISA VATENDI VATSVA.

4. DZIDZISA BASA VATUNGAMIRIRI VEMUNHARAUNDA POSE PANOTANGA BASA IDZVA (MWARI VACHAMUTSA VATUNGAMIRIRI VATSVA AVO VAEVHANGERI VEKUVAMBA BASA VACHADA KUDZIDZISA BASA.)
5. RONGEDZA KEREKE ITSVA IYO YAVE KUGONA KUZVIMIRIRIRA, KUZVITONGA, UYE NEKUZVIWANZA PASI PE HUTUNGAMIRIRI HWEMWEYA MUTSVENE WAMWARI.
6. TANGISA KUWANZWA KWEMAMWE MABASA MATSVA.

ZVINYORWA (NOTES)

VII. ZVINHANHO ZVIPFUMBAMWE ZVINOKOSHA SEHWARO HWEBUDIRIRO MUKUVAMBA MAKEREKE

Mubhuku rava Donald A. McGavran, rakanzi “Kunzwisisa Kukura Kwekereke” zvakare nemubhuku rava Howard Snyder, rakanzi “Kudzidziswa Kwekuvambwa KweMakereke EmuGuta”, mabhuku aya anotsanangura nzira kwadzo dzebudiro yekudyara makereke.

Zvitevedzwa izvi zvinobata pose uye zvinoshanda chero munyika ipi zvayo pasi pano. Zvino shanda mumaguta makuru kana madiki.

1 KWANISA KUONA VANHU VANE CHIPO CHOMWEYA CHEKUTANGA MABASA MATSVA. Kereke imwe neimwe ine vaparidzi nevaevhangeri vane zvipo zvemweya zvekuvhangeri nekutanga mabasa matsva. SEKUNA VAEFESO 4:11-12, BASA REMUTUNGAMIRI WEVA FAMBISI

VESHOKO NEVAFAMBISI VE SHOKO NDERO KUKWANISIRA VATSVENE (VAPARIDZI) KUZADZIKISA BASA RAVO.

2. KUKUDZIRIDZA UTUNGAMIRIRI WE NHENGO DZINOTUNGAMIRIRA

Kukudziridza hutungamiriri hwevaparidzi hwaro hwekutangisa hwekuvamba nahwo kereke itsva munzvimbo isina kereke. Hakuna vashumiri vakawanda vakazodzwa kuzadzikisa chitarisirwa ichi kana pasina ushingi hwe vaparidzi. Basa repakutanga remutungamiriri wezvokufambisa shoko ndero kukwanisira vaparidzi muhushumiri. VAEFESO 4:11-12 inoti iyo Mwari wakapa kereke,”Vamwe kuti vave vaAPOSITORA (vafambisi veshoko), uye vamwe kuti vave vaPOROFITA, vamwe kuti vave vaEVHANGERI uye kuti vamwe vave vaFUDZI NEVA DZIDZISI kugadzirira vanhu vaMWARI basa reushandiri kuti muviri waKristu uvakike.”

Mufudzi wepakereke imwe nguva akati, “Kana ndikatendera vaparidzi vangu kuti vaombeke nezvimweo. Ko ini ndichaitei?” Mufudzi uyu aive nekunzwisisa kushoma kwe basa remufudzi sezvimoreva BhaiBheri. VaFudzi, vafambisi veshoko nevatungamiriri vanofanira kuva mumabasa makuru maviri anokosha.

A. DZIDZISA BASA NHENGO INOTUNGAMIRIRA KUTI IVE MUEVHANGERI. Vaevangen ava vachakura mumweya kuti vave vavambi vebasa.

B. DZIDZISA BASA VATUNGAMIRIRI KANA KUTI VA EVHANGERI avo vachatora basa rehutungamiriri we munharaunda nekukurumidza nepaanokwanisa napo. Chinhu chinokosha kuti vatungamiriri ava vadzidziswe basa mudzidziso dzebhaibheri sekuti vangava nenguva yekunamata voga sei, vangakura sei mukutenda kwavo, uye kuti vangabata sei muutungamiriri hwekereke.

3. IVA NEKUNZWISISA KWAKASIMBA KWEBHAIBHERI KWEBASA REKEREKE

Hazvigoni kutanga chimwe chinhu kana usingazivi kuti chii chauri kutanga. Chii Chinonzi kereke? KEREKE IBOKA REMAKRISTU AKAOMBEKWA AVO VAKABATANA KUTI VAZADZIKISE ZVIKONZERO ZVINOTEVERA:

- A. Kurumbidza - Izvi zvinosanganisira chiiitiko chevitevedzwa (“ordinances”)
- B. Kuvhanagera
- C. Kuvaka vadzidzi
- D. Hushumiri kune zvinoshaikwa nevanhu
- E. Kuwadzana

NDECHIPI CHIMIRO CHEKEREKE? NDEZVIPI ZVINOWANIKWA MAIRI?

- A. Kuzvitonga pasi pehutungamiriri hwaMwari.
- B. Kuzvimirira pasi pehutungamiriri hwaMwari.
- C. Kuzviwanza pasi pehutungamiriri hwaMwari.

4. TSVAGAI NZVIMBO DZINOKURUMIDZA KUGAMUCHIRA

Nzira imwechete yekuona nayo nzvimbo dzingakurumidza kugamuchira ndeye kuongorora nzvimbo idzo dzine shanduko huru mumagariro avo. Munzvimbo idzi, muvhangeri wekuvamba basa anozokwanisa kuwana vanhu vanogamuchira evhangeri.

Imwe nzira yekuwana nayo vanhu vanokurumidza kugamuchira ndeye kutsvaka avo vanonzwa vanekutsvaka ishe zvakananyanya nokuda kwe dambudziko chairo. Izvi zvinoitika kunani zvake zvisinei nekuti akakwirira , kana kuva akaderera zvakadini. Dzimwe nguva vakapfuma vane dambudziko guru rokurwisana nevana vavo nekuda kwezvinodhaka kana mamweo matambudziko. Evhangeri rine mhinduro kune zvinoshaikwa nevanhu vemapato ose

mumagariro evanhu munyika yose. Basa redu ndero kutsvaka vanhu ava nekugoverana Kristu navo.

5. RATIDZA RUTENDO MUNAKRISTU ZVAKADZAMA

Hapana chinokosha kupfuura ichi. Vaapositora vaiva neshoko rukutendeuka nekugamuchira Kristu kuti uwane reponeso. Vakaparidza shoko iri neudzamu. Hwohwo zvekuti vakasvikira nyika yose. Nhasi uno tinoda kuita zvimwechetezvo! MAPISAREMA 126:6 INOTI IYO, “UNOFAMBA-FAMBA, ACHICHEMA, AKATAKURA TSAMA YEMBEU, UCHADZOKA NOMUFARO AKATAKURA ZVISOTE ZVAKE.” Kana usiri kukohwa muhushumiri hwako, zvingangova nechikonzero chekuti hausi kudiyara zvakanaka, zvbvunze pachako kuti vanhu vangani vakanzwa uchapupu hwako nezva Kristu svondo rakapera, nekugamuchira kukokwa kuti aponeswe. KUVHANGERA KWEKUPAPO (kungovapo koga) hazvino kukwana. KUVHANGERA KWEKUPARIDZIRA (kungogobera nyaya yakanaka koga) hazvina kukwana. Panofanira kuva ne KUVHANGERA KWEKUGWAVARIRA. KUVHANGERA KWEKUGWAVARIRA kuri apo paunenge uchiedza kugwaririra munhu kuti ape upenyu hwake kuna Jesu saShe na Muponesi.

Ndeipi nguva yawakapedzisira kunamata nekunatso chemera ruponeso rweakararika?

6. SIMBISISA KUVAMBA KWKEREKE MUMUSHA

Pauro akaparidza ivhangeri kuvaJuta nekuva hedheni. Mushure mekunge aparidza vhangeri muGuta, vatendi vatsva vakava nekuwadzana panzvimbo yavanokwanisa kusangana. Dzimwe dzenguva vaiva nekuwadzana uku mudzimba dzemaKristu matsva. Dzimwe dzenguva vaishandisa kusangana pazvimbo yeve ruzhinji yakaita semba kana chikoro.

DZINOTEVERA IMHANDO YENZVIMBO
DZAVAISANGANIRA:

1. Mabasa 16:40 IMBA yaLYDIA- paFIRIPO.
2. Mabasa 17:5,6 IMBA yaJASON - paTESARONIKA
3. Mabasa 18:7 IMBA yaTITO, MUTSVENE, - paKORINTE
4. Mabasa 19:9 CHIKORO chaTIRANO , paEFESO
5. Mabasa 20:20 Pauro Akadzidzisa PACHENA UYE ZVAKARE MUIIMBA neIMBA.

Pauro akaparidza muTesaronika moga kwemasvondo mashomanene; zvakadaro akasiya atanga kereke muguta imomo ndekuisiya mumaoko evaparidzi veTesaronika.

Akagara muEfeso kwemakore maviri achidzidzisa muimba yekudzidzisa yaTirano (Mabasa 19:9) ZVII ZVAKABVA MUBASA IRI? VOSE VEVANHU VEMUDUNHU ROSE IRI RE ASIA MINOR VAKANZWA SHOKO RAMWARI (Mabasa 19:10,20). Pauro haana kuita izvi oga! AINGOGARA NGUVA DZOSE ACHIDZIDZISA VAPARIDZI KUTI AZADZIKISE BASA RAISHE. II TIMOTIO 2:3 INOTI, “Izvo zvawakanzwa kwandiri pamberi pezvapupu zvizhinji, uzvipe vanhu vakatendeka, vanogonavo kudzidzisa vamwe.”

NDIMA IYI INONYATSO KUTSANANGURIRA CHAKAVA NZIKA CHEKUBHURIRIRA KWAPAURO. AKAZADZIKISA HURONGWA HWA JESU APO PAAKATI RAIRA KUTI “ TIITE VADZIDZI”.

Mumagariro enzvimbo dzedu dzanhasi, uye kunyanya mumaguta ati kurei, zvinonyanya kukosha kusimbisa kukosha kwekutanga makereke mumba zvichibva mukukura kwemitengo yenzvimbo. MaKristu pose-pose vanonzwa vachida kubatana mukurumbidza uye nekuwadzana nevamwe. Izvi hazvidi imba kana panonzi apa ndepokushumirira, kunyanya mukutanga. Nekushandisa misha, kereke inokwanisa kukura pasina mutoro wekuterera kana kutenga imba.

Dambudziko riripo richibva mukuterera kana kutenga nzvimbo yekuvakira kudhura kwenzvimbo dzacho. Mumaguta madiki nzvimbo yekusanganira inokwanisika. Zvichidaro zvazvo, mumaGuta makuru handiro ringava dambudziko. Pachikonzero ichi, zvakanaka chose kushandisa misha, kuseri kwedzimba, kana dzimwe nzvimbo dzakaita saidzodzo mukutangisa.

Zvatakamboona zvinotiudza kana kutiratidza kuti vanotendeuka vanowanwira kana kereke iri panzvimbo inozivikanwa nemunhu wose apo vanouya vanonyatso kupindawo muzvirongwa vasinganzwi kutya. Zvinokoshao zvakare kuona kuti mukushandisa maitiro aya zvinenge zvavanyore kupinda muvavakidzani nemumaguta.

Rimwe rematambudziko makuru, takatarisa zvedu, nemakereke anosanganira mudzimba, ndizvokuti izvi zvinofanira kududzirwa sechiitiko chenguva pfupi. Asi boka idzva iri rinogona kutora mukana wekutangisa uyu kuti vachengetedze mari kuti vagozokwanisa kubhadhara imba yavanoshandisa kana kutenga nzvimbo yekuvakira.

Tarisiro yedu ndeye kugadzirira mabasa matsva kuti vashandise zvavanogona kuwana vasingataririre rubatsviro runobva kunze.

7. IPA SHUMIRO INE MUKANA WEKUFARA APO VATENDI VACHAFARA.

Kana tichisvika pamberi paMwari, tinovika pedo naye nekurevesa. Muna Mateo 6:9-13, Mwari vanotidzidzisa kuti tinofanira kusvika pachigaro chake nekurumbidza. Kurumbidza imhinduro yedu kuukuru nekunaka kwaMwari. Tinotaridza zvose zvatiri kuzvinhu zvinokosha zvinowanikwa kuna Mwari, Pane izvo zvatinowana maari (kutenda imhinduro kune zvakaitwa naMwari kwatiri.) Anogara nekusingaperi, anemasimba ose, ariposepose, anoziva zvose. NdiMwari weukuru hwemasimba ose (EL=Ukuru ,

SHADDAI=Masimba Ose). NdiJehova Jire, (zvichireva kuti ndiMwari wekupa.) NdiJehova Rofe,(Zvichireva kuti Mwari anoporesa.)

Pane zvimwe zvakawanda zvinotsanangudza Mwari. Kurumbidza kupa rukudzo kuna Mwari kune zvavari. Izvi Ndezvinowikwa mumwoyo wemunhu uye zvino kwanisa kuonekwa mumaitiro akasiyana-siyana.

8. USAISA MUTORO WE “NZVIMBO” KUVANHU

Zvirinani kuti boka rakasimba revatendi chaivo ritangiswe musati maudza vanhu nezvezvinhu zvakaita semuhoro wemuparidzi, zvinhu zve kuva nazvo, nebase rekuva nenzvimbo yepokupindira.

9. IVA SECHIKAMU CHEDANHO RECHINANGWA ZVICHIBVA MUKUVAMBWA KWEBASA, SAKUWANZWA KWEKEREKRE, UCHITANGISA NEZVITEVEDZWA ZVIVIRI IZVI:

A. Tangisa makereke anehuwandu hwakati nakei kubudikidza nekudzidzisa basa vaparidzi.

B. Dzidzisa basa vatendi vebasa idzva kuti vave nechiono chukuvhura makereke matsva. Izvi vangadzidziswe nokushandisa dzimwe nzira dzinozembera mukudzidzwa kweBhaibheri mukuvamba vatungamiriri vatsva, kana kuvadzidzisa vari muzvivakwa kana dzimwe nzira dzingashandiswa.

VIII. NHANHO NHANHATU DZINOBATSIRA KUKUDZA MAKEREKE MUSHURE MEKUNGE ATANGISWA

Kana kereke yangotangiswa, unoikudza sei? Mabhuku mazhinji akanyorwa nezve nyaya iyi, uye kudzidza kwanyanya kwakaitwa. Zvisinei zvazvo, kuti kereke ikure pazvinhu zvitanzhatu zvinokosha zvikuru pakuvamba. Zvinhu zvacho zviri izvi:

1. SHUMIRO YEMUNAMATO

Kereke inofanira kuva nehwaro hwemunamato. Vafudzi nevatungamiriri havafanire kungoudza vanhu vavo chete kuti vanofanira kunamata, asi vanofanira kuvadzidzisa kuti vanonamata sei. Dambudziko remaKristu mazhinji nderokuti havazivi kuti vanova nenguva sei naMwari vari voga. Haano mazano mashoma:

A. Isa muupenya hwako mazano anowanikwa muchikamu chekuita basa mubhuku rino “muvambi webasa nemunamato”.

B. Dzidza “Kunzwa inzwi raIshe,” uye nekuronga zvekunamatira zuva rimwe nerimwe revhiki. Zvinokoshao zvakare kuita kana kunyora hurongwa hwe zverumbidzo nezvimweo. Izvi zvinowanika muchikamu chebasa mubhuku rino.

C. Tangisa kudzidzisa vanhu kunamata, uye nekuisa munamato muupenyu. Ichi ndicho chimwe chezvikonzero zvizhinji sei maKristu mazhinji vachiparadza nguva shomanene mumunamato nyangwe zvazvo vachigaronzwa mharidzo yekukosha kwemunamato. Havazivi kuti vangava nenguva sei vari voga naMwari.

D. Umba mapoka ekunamata mudzimba. Basa rekunamata harifanire kungomisirwa nguva yeshumiro bedzi.

E. Dzimwenguva pedzisai nguva dzeshumiro mumwe nemumwe aipinda mumapoka madiki vave pamabvi vachinamata. Izvi zvinokosha chose mukuva nekereke yemunamato.

2. SHUMIRO YEKURUMBIDZA

VaHoward Snyder vanoti ivo mubhuku ravo, NHUNGAMIRO MUKUDYARA MAKEREKE MUGUTA (Guidelines for Urban Church Planting) kuti kukudza kereke

zvinokodzera kuti pave ne hushumiri unofadza uhwo hunowanika vanhu vachifara mahuri. Ichi chitevedzwa chinowanikwa pose-pose. Hapana ani zvake anoda kuva mushumiro inomurangeridza rufu. Kutenda kusina mufaro namafaro hukusi kutenda chaiko. Shumiro inemafaro inekuimba kwakanaka inopararira. Izvi hazvirevi kuti tinofanira kuva neshumiro isino kurongwa. Wongororo inobva munyika yose inoratidza. kuti kereke murudzi rwoga-gwogwa dzinoratidza kukura ikereke dzine shumiro ine mafaro.

Rangarira kuti kuimba inzira yekurumbidza. tinorumbidza Mwari, kwete kuimba kwedu. Kuimba inzira yetsika yekurumbidza. Hazvikodzeri kuparadza tsika kuti tiunze vhangeri.

Kurumbidza chaiko kupa rukudzo kuna Mwari pane zvaari. Kurumbidza chinhu chino itika mukati memwoyo we munhu uye choonekwa munzira dzakasiyana-siyana. Mamwe makereke anofarira kushandisa mabhuku ezviimbiri se tsika. Vamweo vanofarira makorasi ekurumbidza. Tinotenda kuti tinofanira kuremekedza tsika kana tsika dzepamusoro dzevanhuve munharaunda, uye zvakare tinofanira kuremekedza kusununguka kwekereke yoga-yoga. Asi kusununguka mumaimbiri ayo kereke ingasarudza kushandisa, zvinokosha kuti nguva yavo yekushumira ive nemafaro uye ne upenyu. Imhemberero inoitirwa Mwari wedu.

Dzimwe kereke dzavatema chinoshandisa zviridzwa kana kutamba varimberi kwekereke nguva yechikamu chekurumbidza munguva yeshumiro. Zvakaipa kuti uti, “hamufanire kuita izvi nokuti haasiriwo maitiri atinoita nawo shumiro kuAmerica, Brazil, India kana kupi zvako.”

Sechikamu chehushumiri kereke inofanira kugara ichibhabhatidza nekuva nechidyochashe. Dr. Charles Brock, mubhuku ravo rakanzi, “Indigenous Church Planting”, vakatarisisa pane zvinotevera takatarisa pazvitevedzwa zviviri izvi.

Kuti ubhabhatidze unofanira kuva nezvino tevera:

A. MUNHU AKAKODZERA KUOMBOKWA - Munhu akatendeuka kubva kuzvivi zvake akaisa rutendo rwaker kuna Jesu Kristu saiye oga Ishe, Muponesi, uye Mumiririri wake. Hakuna ndima kana imwe muBhaibheri inoti mwana mucheche anofanira kubhabhatidzwa. Inoisa zviripachana kuti tinofanira kubhabhatidza avo chete vakatendeuka. Mucheche haakwanise kuwana mukana wekugamuchira Kristu saiye oga Ishe, Muponesi, uye Mumiririri wake.

B. SIMBA RECHIKURIRI CHAIRO - Kereke iyo inozvitonga inokwanisa kusarudza kuti ndeupi wavanga bhabhatidza kana kusabhabhatidza.

C. HUTUNGAMIRIRI HWUNE UTONGO HWAKAKODZERA - Kereke yoga-yoga yakasunguka kusarudza uyo ainoda kuti aombeke.

D. MAITIRO CHAIWO Kunyudza mumvura muzita raBABA, reMWANAKOMANA ne raMWEYA Mutsvene.

E. CHIKONZERO CHAICHO Kupa mucherechedzo wekuti Kristu akafira zvivi zvedu, akavigwa, uye nekumuka Kubva kuvavakafa. Mucherechedzo wekuti isu takafa kuzvivi zvedu tikagamuchira upenyu hutsva muna Kristu Jesu.

KUVA NENGUVA YEMHEMBERERO YECHIRAIRO CHASHE MUNHU ANOFANIRA KUVA NEZVINOTEVERA:

A. VATORI CHAIWO VAKAKODZERA – Vadzidzi vaKristu

B. SIMBA RECHIKURIRI CHAIRO - Jesu Kristu.

Anoraira vatendi kuti vatore chirairo chashe kuti varangarire kufa kwake.

C. HUTUNGAMIRIRI HWEUTONGO CHAIHWO – Kereke yakasunguka uye inokwanisa kusarudza munhu wainoda kuti atungamiririre chirairo chashe. Uyu anogona kunge ari muvambi kana mutungamiriri we mudunhu kana kuti kereke inogona kusarudza umwe wenhengo dzayo kuti atungamirire chikamu ichi che shumiro.

C. CHIKONZERO CHAICHO - Kurangarira nekuzivisa\ rufu rwa Kristu kusvikira achidzoka.

PAMUSORO PAZVO ZVOSE, mushumiro yedu, kuparidzwa kweshoko raMwari kunofanira kuva pashoko raMwari. KANA MUVAMBI ASINA RUZIVO RWEKUPARIDZA ANOFANIRA KUSARUDZA CHITSAUKO KUBVA MUBHAIBHERI OBVAAITA NACHO ZVINHU ZVITANHATU ZVINOTEVERA:

A. Verenga Ndimba

B. Tsanangura zvokwadi yemweya iri mundima

D. Tsanangura kuti zvokwadi imwe neimwe ingashandiswa sei muupenyu hweavo vakateerera.

D. Ipa muenzaniso nezve zvokwadi imwe neimwe.

E. Ita izvi ne ndima yoga-yoga kana chikamu chechitsauko kana chitsauko.

F. Pedzisa mharidzo nekukoka.

Kunze kwekunge muvambi ambenge ari munhu angaachita izvi nechekare, uye muparidzi chaiye, zvirinani kuti azvimisire nguva ingasvika maminiti makumi maviri.

YAMBIRO: Zvirinani kuparidza maminiti makumi maviri svondo roga-roga kuboka iro riri kukura pakuparidza maminiti makumi matatu kana mashanu kuvanhu vasina tarisiro yekudzoka uye vasinga ita kereke kuti ive shamwari yavo.

Anogona kushandisawo kudzidzwa kweBhaibheri kana ngano. Dzidza zvitsvauko zvinotaura nekuti ungangamirira sei kudzidzwa kweBhaiBheri mudzimba mubhuku rino nezvitsvauko zvinotaurao nezve madzidziro atinaita ku paridza mharidzo dzakanaka nekutungamirira kudzidzwa kweBhaibheri.

3. SHUMIRO YEKUVHANGERA

Kereke inofanira kuva nehushumiri hwakasaruudzika hwokusvikira vanhu mukuvhanga kuti ikure. Ungashandise horongwa huri mubhuku rino kana humweo. Chinhu chinonyanya kukosha ndechokuti kereke inofanira kutora iri iyo nhanho mukusangana nevanhu vanoda kunzwisisa evhangeri avo vari kunze munyika, zvichipikisana nokungovamirira kuti vauye kushumiro yesvondo iyo yamunaita panzvimbo yenyu. Muvambi webasa anofanira kuva nehushumiri hwekushanyira huno dzidzisa basa nhengo kune vakarasika varikunze kwekereke kuti sevarasiki vaparidzirwe nechinangwa chekuti vaunzwe kuna Kristu vari munzvimbo dzavo pakungomirira kuti vauye panosanganira kereke.

4. HUSHUMIRI HWEKUVAKA VADZIDZI

Kuti kereke ikure zvinokodzera kuti ive nehurongwa hunosanganisira vatendi vatsva uye nekudzidzisa basa vatungamiriri vemudunhu umwe na umwe kana mumapoka maduku. Muvambi webasa achadzidzisa basa vatungamiriri ava murutendo nekuvakwanisira zvikamu zwebasa sezvinoti: Munamoto, kupa huchapupu hwavo, kuunza mweya kuna Kristu, kutungamirira nguva yekudzidza BhaiBheri mudzimba, nekudzidzisa Bhaibheri, nezvimweo.

Chinhu Chinokosha mukudzidzisa umwe ndechokuti muvangeri wekuvamba basa atore munhu uyu ari kudzidza ayende naye apo anoenda mubasa. Semuenzaniso, vatungamiriri vatsva vanofanira kubatana nevanhu vebasa apo paanenge achitungamirira kudzidzwa kwebhaibheri mudzimba dzevanhu vasina kugamuchira Kristu saIShe. Mutungamiriri wemudunhu anofanira kubatana ne

muvambi webasa nekumutarisa mukuita apo paanenge achipa huchapupu hwake, nekuunza vanhu kuna Jesu nezvimweo. Hapana angakwanisa kuita umwe kuti ave mudzidzi muri mukirasi chete.

Pane zvakananzika zviviri pakuvaka vadzidzi kwakanaka. Chekutanga, dzidzisa basa vanhu uchivaita umwe ne umwe kana mumapoka madiki. Chechipiri, zvinokosha kutora vanhu kuenda navo kunze kubasa wova navo apo paunenge uchiparadzira evhangeri.

5. HUSHUMIRI HWEKUWADZANA

Kuti kereke ikure zvinokosha kuti ivene ruwadzano urwo rune rudo chairwo pakati pe nhengo. Kana vaenzi vakapinda mukereke vanofanira kukwanisa kunzwa rudo rwaMwari zvimwechete ne rudo pakati penhengo. Kana pane huipi, kuvenga, nekupesana hazvigoni kuti kereke ikure. Kunzwana nerudo zvinokosha vaenzi kuti vanzwe kuwadzana kuri mukereke uye nekunzwa vachigamuchirika mairi.

6. KUTUNGAMIRIRA KUNEHUTONGO CHAIHWO

Mufudzi we kereke ine nhengo zviuru zvina iri kuAmerika akabvunzwa kuti “Musiyano uripapi pakati pekuve mufudzi ane kereke ine nhengo makumi mana ne kuve mufudzi ane kereke ine nhengo zviuru zvina? Mhinduro yake yakaati “utongo hweku tungamirira?”

Zvinokosha kuti muvambi webasa avene pfungwa yekudzidzisa basa nhengo dzake kuti dziite basa raMwari kwete kuti aedze kungoita zvose oga. Mufudzi anokwanisa kufambisa zvinhu zvose mukereke ine vanhu makumi matatu kana masere, zvakanadaro, inozosvika panguva yekuti kukura kunenge, kusisa kwanisike kunze kwekunge atodzidzisa basa vanhu ne nzira yeutongo hwekutungamirira. Anofanira kugovera mabasa kuvanhu vakura mupfungwa uye vakanatso dzidziswa basa. Basa guru remuvambi webasa zvino rinobva rave rekuva mudzidzisi webasa.

ZVINYORWA:

IX. ZVINHU ZVITATU ZVINOWANIKWA MUKEREKE YETESTAMENTE ITSVA

Zvinotarisirwa ne muvhangeri wekuvamba basa ndezvokuvamba kereke inozvigutsa pasi pehutungamiriri hwe mweya mutsvene, uyo une zvinhu zvitatu zvemutestamente itsva zvinowanikwa kwauri:

1. Kuzvitonga pasi pehutungamiriri hwaMwari
2. Kuzviriritira pasi pehutungamiriri hwaMwari
3. Kuzviwanza pasi pehutungamiriri hwaMwari

Muchidimbu tichambotarisisa kune chimwe nechimwe che zvitevedzwa zvitatu izvi:

I. KUZVITONGA PASI PEHUTUNGAMIRIRI HWAMWARI

Chitevedzwa chekuzvitonga chinokosha zvikurusa kune avo vanotenda muGutsa ruzhinji. Makereke edu akabatana nekuda kwe dzidziso dzedu uye nekuti tinoda kushanda pamwechete munharaunda dze zve kuvhangeri nekufambiswa kwebasa rehushumiri. Zvinobuda muchitevedzwa ichi muupenyu hwemweya hwekereke hwakakorera chose zvokuti kana paine kukundikana munharaunda iyi, basa rose guru rekutangisa kereke itsva inozvigutsa rototsvagirwa zvimwe zvekupamhidzira.

Kuzvitonga kunoburitsa basa remweya munharaunda dze kuzviriritira neknopwiritira. Kukundikana kuisa basa rekuzvitonga mumaoko avatendi kunopisa tirusa mabasa esimba ekuvamba kereke itsva.

Zvingada kusvika pakusakwanisika kuti muvhangeri wekuvamba basa adzivirire muedzo wekuyedza kutonga kereke itsva. Zvinongova chete kubudikidza naMweya Mutsvene kuti muvambi webasa asiyire mabasa ekuparidza, kudzidzisa, uye nekutungamirira kuneutongo kunhengo dzekereke iyoyo. Kubva pamavambo ehupenyu hwayo, kereke itsva iyi ichararama sezvainowana kubva kumuvhangeri wekuvamba basa. Zvisinei, kereke inogona kuva iyo inozopa sarudzo dzayo pakuitirwa sarudza negungano rekuvhangeri nemuvambi waro webasa. Izvi zvingakwanisika sei? Zvinokwanisika nekuti muvambi webasa anenge achikudza kereke inozvitonga kubva pakuvamba chaiko.

Vamwe vangati kereke ichiridiki haisati yava nekudzidziswa kwakakwana, uye haina ruzivo rakakwana zve kuti ingazvitira sarudzo. Zvisinei, zvisinei zvazvokuti zvokwadi yekuti kereke yave ne masvondo matatu yatanga haina ruzivo seurwo rwune kereke yave ne makore gumi, inokwanisa kunge ichipa sarudzo dzayo dzakawanda painokwanisira ichi tungamirirwa ne mutunga miriri azere ne uMwari neungwaru hweMweya. Basa remuvhangeri wekuvamba rinozova iro rekubatsira kwete rekuva uyo anoita sarudza. Achapa dzidziso nenhungamiro, uye achidzivirira kereke itsva kuti isakanganisa, anofanira kupa utungamiriri hwakasimba kuti avaite kuti varambe vari munzira, zvakadaro, muvhangeri wekuvamba basa anofanira kutendera kereke kuitao sarudzo duku.

Tinofanira kutarisa nhanho dze basa:

- A. Muvhangeri wekuvamba basa achapinda muguta ounza vanhu kuna Kristu..
- B. Achadzidzisa zvidzidzo zveBhaibheri, nehwaro chaiwo

hwedzidziso achishandisa dzimwe nzira dzaangashandisa dzakarongwa nava Charles Brock, kuvaunganidza kana dzimweo nzira.

C. Vatendi vatsva vachabhabhatidzwa.

D. Mweya Mutsvene achamutsa vatungamiriri vemudunhu muzvinhu zvose, kana muvambi webasa akautendera. Muna Mabasa 14:23 tinoona kuti Pauro akaratidzira sei maitiro awa. Vatungamiriri avo vakasarudzwa naPauro naBarnabas vekereke imwe neimwe vaiva vemudunhu iro. Pauro akatangisa makereke mu kupro (Mabasa 13:4-12), muAntiokia (MaBasa 13:13-52), muikonio (MaBasa 14:1-7), muRistra neDerbe (Mabasa 14:8-20). Muguta rimwe nerimwe, Pauro naBarnabas, vakabata mweya, vakatanga makereke, vakasarudza vatungamiriri vemudunhu ndokubva. Kana tikava nevimbo imwe chete iyoyi muMweya Mutsvene sezvavakaita, tichabuda nezvavakabuda nazvo.

E. Vatendi vatsva vachadzidza dzidziso dze Bhaibheri.

F. Vatendi vanenge vawirirana padzidziso vacharonga kurongedza kereke.

G. Boka iro richasarudza mutungamiriri waro.

1. Mufudzi
2. Madhikoni kana kuti vakuru
3. Vamweo kana zvichiita

Muapostora Pauro akapa kuchengetedzwa nekudzidziswa kwevatendi vatsva kuMweya Mutsvene nekunyasha dzaMwari. Haana kufunga kuti zvaikodzera kuti agare navo kuti avadzivirire mukukundikana.

Kukereke kuti izvitonge, muvambi webasa haafanire kuitira boka idzva iri sarudzo. Vangadzidzisa zvinoitwa, asi vanofanira kutendera boka idzva iri kuti rizviitire sarudza raro. Izvi zvinozopa vatungamiriri varokutora mukana weutungamiriri nekukurumidza. **ASI ANOFANIRA KUVA NECHOKWADI CHEKUTI KEREKE IRI-KUNYATSO TEVEVEDZA DZIDZISO ZVAKAJEKA.**

Kunyangwe muapostora akanyorera tsamba makereke avavakatanga kuti makereke aya arwise dzidziso dzenhema.

Muvhanageri wekuvamba basa anofanira kusarudza asati atombotangisa basa idzva kuti chinangwa chake chichazova chekukudza kereke inozvitonga, inozvimiririra, uye inozviwanza pasi peutungamiriri hwaMwari, uye anofanira kuramba achingodzokorora kudzidzisa izvi kuvatendi vatsva.

2. KUZVIRIRITIRA PASI PEHUTUNGAMIRIRI HWAMWARI

Kereke yemuTestamente Itsva ikereke inozvimiririra. Izvi zvinofanira kutariswa kubva pakutangisa chaipo peupenyu hwayo. Tinotenda kuti kereke inofanira kuriritira mamishinari nevafundisi. Vafundisi vanofanira kubhadharwa nekereke dzavo. Mamishinari anotora muhoro wavo mumubatanidzwa wemakereke edzidziso yekuvhangeri. Vaparidzi vanowana muripo wavo kubva kumabasa avo. Zvisinei, vanhu vose, vaFundisi, mamishinari, nevaparidzi, vanorarama nokuda kwashe. Mumamiriro ezvinhu ose, zvisinei nekuti ndiyani atanga kereke, tinofanira kutanga kereke ino zvitsigira nekuzvimiririra.

Kereke itsva haisati yazvigadzirira kutiive nemamwe mabasa anowanikwa mumakereke masharu, asi kereke ipi zvayo ine mari yakakwana yekutsigira zvinokosha mubasa ravo uye nekuita zvinhu zvose izvo Mwari vanoda kereke iyi kuti iite pachinguva ichocho.

Saka, muvhangeri wekuvamba basa anofanira kudyara kereke ye mhando iyi: Iyo inodzidza kuti vangazviriritire sei zvizere mumabasa avo zvichibva muzvegumi nemipiro yavo. Muvambi webasa anofanira kudzidzisa zvinhu izvi kubudikidza nemaitiro ake nemabasa ake kereke isati yatomborongedzwa.

Nekuverenga bhuku ramabasa, munhu anokwanisa kuona kuti ndiwo maitiro akashandiswa naPauro. Hapana ndima kana imwe inoratidza

kuti vahedheni vakatsigirwa nemaJuta eku Jerusarema kana nekereke yemuantokia. ungava muBatanidzwa wemakereke kana kereke inobatsira samai, hapana akava nezvinhu zvekubatsira kereke itsva.

Va Melvin Hodges vanoti ivo mubhuku ravo rakanzi “The Indigenous Church” vanoti kana sangano riine mhuri gumi dzinopa zvegumi rinokwanisa kutsigira mufudzi ano vashandira zvizere kana ari angararama mararamiro mamwechete anoitiwa nevanhu vesangano iri.

Kukura mumweya kwe kereke kunoda kuti pakuti ive inozvitsigira kana muvambi webasa kana kereke inobatsira inova ndiyo mai vakadzvinyirira vatendi vatsva ava mukuti vawane mukana wekupa uye nemukana wekuti vave ivo vanozvipira pakuti basa rienderere mberi zvinobuda apa kurukutika kwebasa. Kereke iyi inenge isina paingatanga kuparadzira evhangeri. Pachinzimbo chekuti vatarire kuna Mwari kuti avape zvose zvavanoshaiwa, kereke ichatarira kumubatanidzwa wemakereke kana kukereke inova ndiyomai.

Kana kereke itsva ichitambura nekurwisana nenhamo dzayo, inokura. Mumishinari vaCharles Brock vanotsanangu ra mubhuku ravo rakanzi “Indigenous Church Planting” vanoti zvinobuda apa zvakangofanana nekuti munhu anenge achida kubatsira chipembenene kuti chibude muimbayacho. Chipembenene kuti chibude muimba yacho. Chipembenene chinorwisa kuti chibude mumba macho munhu anofanira kuti angotarisa chete. kana akarasikirwa nemoyo murefu wokuramba akatarisa uye oyedza kubatsira gonye nekucheka shinda iya nebanga, kurwisa kunopera. Zvino zowanikwa zvino ndezvokuti panozobuda chipembenene chisina simba chisingabatsire icho chinongozo rarama kwemaminiti mashoma. Mubatasiri uyo anga akamirira parutivi akatyora imwe yemirawo wowupenyu. Deno munhu uyu akangotendera chete kuti chipembenene chirwise, zvazobuda po ndezokuti paiwanikwa chipembenene chakasimba, chinerunako, uye chakanatso kudzwa.

Nzimbo yekusanganira yakavakwa nemari yevanhu vemudunhu iroro vachitambudzika yakakura kudarika nzimbo huru, inerunako yakavakwa nemari yekunze kana mari inobva mumubatanidzwa wemakereke. Izvi hazvirevi kuti chinhu chakaipa kuti munhu abatsire kereke itsva. Semuenzaniso, kana kereke iya inova ndiyo mai ichida kubatsira mukuvakwa kweimba, kubatsira uku kunofanira kutsanangudzwa sebasa rerubatsiro rinongoitwa kamwechete. Izvi zvinemusiyano nezvirongwa zvenguva yakareba kana rubatsiro rwunoramba rwuripo, zvakadzro, zvakanyanya kunaka kuti boka iri ritambure richizvivakira nzvimbo yaro, kana izvi zviri izvo zvavangada kuita.

Dambudziko rinomuka nekuti vatungamiriri vazhinji vanofunga kuti masangano avo ane vanhu vakanyanya kuita varombo zvekuti havakanise kupa chegumi. Naivoo vanhu vanobva vakurumidza kuzvitenda wozvakare. Muzvokwadi, vanhu ivava chaivo vane zvinhu zvose izvo Mwari vanoronga pakereke yavo. tarisiro yedu ndiMwari! Chitevedzwa ichi chinofanira kudzidziswa kubva pakuvamba chaiko.

Mubunzo ndewokuti “ungazviita sei” kuti uite kereke inozvitsigira? Kana muvhangeri wekuvamba basa achironga kudyara kereke inozvitsigira, zvinokoshaka kuti aivakire pahwaro chaihwo kubva pakutangisa. Vatendi vekutanga vachavaka muenzaniso wemaitiro evanovatevera. Maitiro iwawa achava hwaro uhwo kereke ichakura pahuri zvichibva kuvatendi. Saka, inofanira kudzidziswa kuti zvose zvinoda mari zvinodiwa zvinobva kunhengo dzekereke uye nekuti vanofanira kupa chikamu chezvegumi zvavo kubasa rezvokufambisa shoko kubudikidza nemukereke yavo uye mubatanidzwa wemakereke.

Zvirinyore kudzidzisa nezvekuriritirwa kwebasa raMwari kumutendi mutsva, uyo akaponeswa mumasvondo mashoma, pakudzidzisa chitevedzwa ichi kune uyo adarika gore aponeswa. Zvokushandisa mukutevera nhengo zvinofanira kushandiswa pakudzidzisa

chidzidzo chino. Vatendi vatsva vanofanira kutora basa ravo rehuriritiri kubva pakuvamba chaiko.

Munzvimbo zhinji dzemunyika makereke haarongedzwi kusvikira apo pavanenge vave namufundisi akazodzwa, nzvimbo uye chivakwa. Iyi inodzidzwa setsika chaiyo yemaitiro. Zvichidaro, kereke idzi dzirikuisa zvidziviro zvinoitwa navanhu pachavo izvo zvisinga dikanwi naMwari. Yedza chose kucherekedza zvinotevera uchiedza kuti uwone kuti izvi zvinotorei kuti kereke imwechete irongedzwe.

1. Muhoro wamufundisi pamwedzi _____ mumwedzi gumi nemiviri _____ Mumakore manomwe _____ mari yose inoita _____. (Zvinotora nguva inoita makore manomwe kuti kereke irongedzwe nemaitiro awa.)

2. Mubhadharo weimba yamufundisi _____ mumwedzi gumi nemiviri _____ mumakore manomwe _____ mari yose inoita _____.

3. Nzvimbo yekuvakira _____.

4. Imba yekupindira _____.

Sanganisa zvole izvi ugoona kuti kereke yako inokwanisa here kutangisa basa idzva ichishandisa maitiro etsika.

Hatina mamwe maitiro asi kuti tidzokere kuBhaibheri nokuita izvo zvakare hwa naJesu kuti zviitwe muapostora Pauro akazviita. Muapostora Pauro akatangisa mabasa matsva mudzimba, muzvikoro ne munzvimbo dzinowanikwa veruzhinji achishandisa vaparidzi. Uhu hurongwa hwaMwari kuti aunze vanhu kuna Kristu.

3. KUZVIWANZA PASI PEHUTUNGAMIRIRI HWAMWARI

Kereke yeTestamente itsva inozviwanza. Nemaitiro ayo chaiwo inofanira kugoverana upenyu hwayo nevamwe. Kereke yemhando iyi inehuvhangeri uye ine chido chekuvamba makereke matsva.

Nekuda kwekukura kwakanyanya kwenyika tinofanira kuti tivambe makereke eTestamente Itsva ayo achadyara mamwe makereke. Kereke imwe neimwe ichatangwa kubudikidza nezvitivedzwa zve Testamente itsva ichaona kuti ichava nezvibereko nekukurumbidza kudarika kereke yakarongedzwa kubudikidza nemamwe maitiro saka kureva kuti ibasa remuvambi kudya makererke eTestamente Itsva.

Kereke imwe neimwe inofanira kumiririra dunhu rayo. Inofanira kukumbira muparidzi munerimwe guta kuti azarure mushawake kwemwedzi mitanhatu. Musure menguva iyi, inofanira kutangisa kurongedza nzvimbo kuti ive imwe kereke. Nemune mamwe manzwi, kereke itsva inofanira kuvambwa panzvimbo inofambika nemunhu wose munyika. Kereke imwe neimwe inofanira kuva nemutungamiriri wayo uye muvambi achiichengeta. Basa remuvambi panhanho iyi nderokudzidzisa basa vatungamiriri vemakereke. Zvakare murairo weRubatsiro unofanira kuva wekutanga kereke imwechete itsva pavanhu chiuru vari munzvimbo dzine vanhu vakanyanya kuwanda.

Mukuvamba, muvambi muvhangeri. Anobata mweya musure odzidzisa vatendi vatsva ava hwaro chaihwo hwe dzidziso yerutendo. Zvakadaro, danho rinotevera nderekusimudzira vatungamiriri venzvimbo idzi, nekusiya basa mumaoko avo, kuitira kuti iye awane mukana wekutanga basa idzva muvavakidzani kana mune rimwe guta. Muvhangeri wekuvamba basa anofanira kuenderera mberi nekudzidzisa basa vatungamiriri vatsva ava nekurongedza mapoka akasiyana=siyana kuti ave kereke. Ochisiya zvino mabasa mumaoko evatungamiriri venzvimbo dzacho, nekupota achivashanyira achivabatsira nekuvakurudzira.

Basa remuvhangeri wekuvamba basa nderekudzidzisa basa boka rimwe nerimwe kuti rizorongedze kuva kereke itsva uye nekudzidzisa basa vatungamiriri vatsva kuti vatangise rimwe basa nekukurumidza nepavanokwanisa napo mune imwe nzvimbo. Kereke itsva iyi zvino ichava kereke inozviwanza.

ZVINYORWA _____

X. MHEDZISIRO:

Muvhanageri wekuvamba basa anoda kuti ave anobudirira, anofanira kuita zvinotevera:

1. Anofanira kuva akanyatso kudzidziswa basa nekugadzirirwa.
2. Anofanira kubata mweya yakarasika kuna Kristu mumisha yevanhu vakarasika kana munedzimwe nzvimbo dzirikunze munyika dzakaita semumahofisi, nzvimbo dzinogara vemabasa nedzimweo pachinzvimbo chekungovamba chete nguva dzekushumira tirimu horo tichishandisa pfungwa ye”Uyai Kwandiri.”
3. Anofanira kutangisa shumiro inofadza nekupa chido chekushumira mumisha yevatendi vatsva.
4. Anofanira kuziva kuti anotevera sei vatendi vatsva ava murutendo nemumuviri waKristu.
5. Anofanira kuziva kuti anodzidzisa basa sei nekuita vadzidzi muvatunga miriri venzvimbo.
6. Anofanira kutendera vatendi vatsva kuti vaunze mari yekuripira kana vachida kushandisa horo kuti vave nehushumiri hwakasununguka.
7. Anofanira kudzidziswa kuti anoBhabhatidza sei vatendi vatsva nekupa chirairo chashe.
8. Anofanira kudzidzisa vanhu vemudunhu kuti vanobata sei Mweya yakarasika uye nekutungamirira kudzidzwa kweBhaibheri kunovhangera.

9. Anofanira kutendera vanhu vemunzvimbo kuti vasarudze nekupa nzvimbo yakavasunungukira kusangana.

10. Anofanira kudzidzisa basa vatungamiriri venzvimbo kuti vanotungamirira sei kereke yavo. Vanofanira kudzidziswa kuti vanotungamirira sei kudzidzwa kweBhaibheri nguvayeshumiro, nekutungamira musangano webasa, kuparidza, kubata mweya yakarasika, kubhabhatidza vatendi vatsva, kupa Chairairo Chashe, kutora zvegumi, nekusimudzira mipiro yekufambisa basa.

11. Anofanira kurongedza kereke itsva inowanikwa iri inozvitonga, inozviriritira, nekuzviwanza pasi peutungamiriri hwaMwari.

12. Anofanira kuratidza nzira kereke itsva maitiro awa mamwechete ekuzviwanza kuti vave nemakereke matsva munzvimbo dzakavapoteredza. Kereke dzinozviwanza ndidzo dzinobatsira mukuunza nyika yose kuna Kristu. Funga kuwanza-tingatanga kereke itsva kupi.

MAITIRO EKUITA BASA CHAIWO

Chikamu chino chebhuku rino chichatsana ngura kuti muvhangeri wekuvamba basa achaita basa rake sei rehumiri munzira chaidzo. Nzira idzi dzinoshanda kana dzashandiswa pasi pehutungamiriri hwemweya mutsvene waMwari. Chikonzero chekuti sei vachishanda ndechokuti vakafemerwa neMweya Mutsvene nekunyorwa muTestamente Itsva. Muvhangeri wekuvamba basa arikuita maitiro emuTestamente Itsva ekuvhangeri mumaitiro ezuva redu ranhasi kana achishandisa masvikiriro aya.

- I. MUVHANGERI WEKUVAMBA BASA NEMWEYA MUTSVENE
- II. MUVHANGERI WEKUVAMBA BASA NEMUNAMATO
- III. MUVHANGERI WEKUVAMBA BASA neRUPONISO
- IV. MUVHANGERI WEKUVAMBA BASA neUCHAPUPU HWAKE PACHAKE
- V. MUVHANGERI WEKUVAMBA BASA neKUVHANGERA KWAKE PACHAKE
- VI. MUVHANGERI WEKUVAMBA BASA NEKUTI ANOTUNGAMIRIRA SEI KUDZIDZWA KWEBHAIBHERI MUDZIMBA ASINA ZVEKUSHANDISA KUDZIDZA BHAIBHERI.
- VII. MUVHANGERI WEKUVAMBA BASA NEKUTI ANOTUNGAMIRIRA SEI KUDZIDZWA KWEBHAIBHERI KUBUDIKIDZA NENZIRA IYO YEKUSHANDISA MAMWE MABHUKU MUKUDZIDZA BHAIBHERI

- VIII. MUVHANGERI WEKUVAMBA BASA NEKUTI ANOTUNGAMIRIRA SEI NYAYA YAKANAKA MUKUDZIDZA BHAIBHERI.
- IX. MUVHANGERI WEKUVAMBA BASA NEKUTI ANOSHANDISA SEI KUDZIDZWA KWEBHAIBHERI KWEKUTEVERA VATENDI.
- X. MADZIDZISIRO EBHAIBHERI AVA J.O. TERRY
- XI. MADZIDZISIRO EBHAIBHERI AVA JACKSON DAY.
- XII. MUVHANGERI WEKUVAMBA BASA NENHANHO DZEMAITIRO EHUVHANGERI HWOKUVAMBA BASA.
- XIII. MUVHANGERI WEKUVAMBA BASA NEKUTI ANOTANGISA SEI KEREKE ITSVA.

TARISISA: Chikamu chino chinopa nzira nhanhatu dzakasiyana-siyana dzekupa nadzo ivangeri: uchapupu hwako pachako, kugovera nzira yeruponiso zvakananga, kudzidzwa kwebhaibheri musingadzidze, kudzidzwa kwebhaibheri muchishandisa mamwe maiatiro, madzidzisi ro ava J.O. Terry uye nava Jackson Day. UHU HAUSI HURONGWA. IZVI ZVITEVEDZWA ZVEKUTOITA IZVO UNGASHANDISE WAKATSAMIRA MUZVINOWANIKWA MUTSIKA YAKO.

1. MUVHANGERI WEKUVAMBA BASA NEMWEYA MUTSVENE

Muapostora Pauro waivimba zvizere nemweya mutsvene. Kwaiva kubudikidza neMweya Mutsvene kuti akava nesimba rekuparidza shoko reruponiso nekuwana zvinhu zvikuru zvaibuda, nekuita minana mikuru, nekuvamba nakereke matsva. Kana muvhangeri wekuvamba basa achida kubudz nezvakanaka muhumiri hwake,

anofanira kutsamirana namweya mutsvene nguva dzose.

KANA MUCHIPINDA MUGUTA NEKUSANGANA NEVANHU VANE CHIDO

Mweya mutsvene anozarura magonhi kuburikidza nemaitiro akasiyana-siyana, kubudikidza nevanhu, kana nezvimweo zviitiko kuti akwanise kutangisa basa idzva. Muguta roga-roga munevanhu vanechido muEvhangeri. Mwari vari mubasa kwose Kwose. Mweya mutsvene anozarura moyo yevakarasika, avovaabaya pamoyo kuti vaone zvivi zvavo, nokuvapa kuzvarwa patsva mukubwinya kwaJesu Kristu, Mweya mutsvene anokosha mukutangisa basa idzva.

KANA UCHITUNGAMIRIRA KUDZIDZWA KWEBHAIBHERI MUDZIMBA

Munguva dzekusangana muvambi webasa achava nemukana wokuona wevatungamiriri vanonyuka nekuvadzidzisa basa. Muapostora Paulo akapinda muguta, ndokugaramo kwesvondo mbiri kana nhatu, ndokubata vakarasika, nekuwana vatunga-miriri venzvimbo kuti vatungamirire kereke itsva. Muvambi webasa anofanira kuvimba namweya mutsvene kuti vasimudzire vatungamiriri venzvimbo.

KANA UCHIRONGEDZA KEREKE ITSVA

Kereke Ndeya mweya mutsvene. Ndiko kwayakabva. Kana Kereke iri inobva musimba ramweya-mutsvene, achapa nhengo zvipo zvemweya zvakakoshera upenyu hwekereke. Zvipo zvinowanikwa muna I Vakorinde 12, Varoma 12:6-12, Nemuna I PEtro.

KANA UCHIBUDA MUGUTA

Muvambi anofanira kuvimba naMweya Mutsvene kuti arambe achiita basa mushure mekunge asiya guta. Muapostora Paulo apo paakasiya maguta, aikwanisa kusiya basa rave mumaoko

evatungamiriri venzvimbo nokuti muzvokwadi aisiya basa mumaoko amweya mutsvene.

Mukuita basa raKristu zvinokodzera kumuvambi webasa kuti ave nekushinga nekuzadzwa naMweya Mutsvene. Verenga VaEfeso 5:18 “Regai kubatwa newaini nokuti ndipo panobva kuzazvidzora, asi muzadzwe nomweya.”

1. ZVINOWANIKWA MU MWEYA MUTSVENE

Mweya mutsvene anogara nekusingaperi - VaHebero 9:14
Mweya mutsvene ari pose-pose - Mapisarema 139:7-10
Mweya Mutsvene ane masimba ose - Ruka 1:35
Mweya Mutsvene anoziva zvose - Johane 14:12,26

Zvinowanikwa mumweya zvina izvi ndizvo zvinoratidza huMwari. Mwari vanogara nokusingaperi, vari pose-pose, vanemasimba ose, uye vanoziva zvose.

2. BASA RAMWEYA MUTSVENE MUKATI MEMUNHU AKARASIKA

Mweya Mutsvene unopupura kuti Jesu izvokwadi – Johane 15:26-27
Mweya Mutsvene anobaya nyika pamoyo kuti ione chivi chayo, kururamisirwa, nekutongwa - Johane 16:8-11

3. BASA RAMWEYA MUTSVENE MUKATI MEMUKRISTU

Mweya Mutsvene anopa zvokwadi yeupenyu husingperi – II Vakorinte 1:22, VaEfeso 1:13,14.
Mweya Mutsvene anovandudza muKristu. - Tito 3:5.
Mweya Mutsvene anosunungura muKristu Kubva kumurawo we Zvivi nerufu. - VaRoma 8:2.
Mweya Mutsvene anosimbisa muKristu nesimba rinobva kumunhu womukati - VaEfeso 3:16
Mweya Mutsvene anovandudza nekusunungura muKristu kuti apupure - MaBasa 1:8

4. KUZARA UYE ZVIBEREKO ZVAMWEYA MUTSVENE
VaEfeso 5:18 inoraira maKristu ose kuti azadzwe na Mweya Mutsvene. Zvibereko zvaMweya Mutsvene chii? Vagaratia 5:22, 23 inoti iyo chibereko chomweya ndirwo rudo, nemufaro, nerugare, nomoyo murefu, nemoyo munyoro, nokunaka, nokutendeka, novunyororo, nokuzvidzora.
Chikonzero chekuzadzisika kweMweya Mutsvene ndekwe kuti munhu agovere shoko raMwari nesimba. Mabasa 4:29,31.

5. ZVINODIWA KUTI MUNHU AZADZWE NAMWEYA MUTSVENE
Munhu anofanira kuponeswa. Mabasa 2:38
Munhu anofanira kureurura zvivi zvose zvaanoziva muupenyu hwake.
I Johanae 1:9 (Verenga Mapisarema 66:18).
Nokutenda, Kumbira Mweya Mutsvene Kuti akuzadze, nekukudzora.
I Johane 5:14-15. (Verenga VaRoma 1:17)
Teererera Mwari nguva imwe-neimwe yezuva rimwe-nerimwe. Mabasa 5:32.

MHEDZISIRO

Paunodzidza chikamu chino, tinokukurudzira kuti utore nguva yekutarisa imwe neimwe yendima dzinotevera, nekubvumira Mweya Mutsvene kuti ataure kwauri kubudikidza nendima idzi.

Mutendi ane Mweya Mutsvene kubudikidza nemucherechedzo wekuzodzwa. (I Johane 2:20, 27 and 2 Vakorinte 1:21,) Mucherechedzo wechisimbiso(Vakorinte 1:22, VaEfeso 1:13) mucherechedzo wechipiwa (2 Vakorinte 1:22, VaEfeso 1:14), mucherechedzo weRubhabhatidzo (1 Vakorinte 12:13a) uye mucherechedzo wechimwiya (I Vakorinte 12:13b, Johane 4:14, 7:37 - 39a).

Tinofanira kuteerera uyo akatiudza kuti “Tiende munyika yose

tiparidze evhangeri kuzvisikwa zvose (Marko 16:15).” Tinofanira kuda shoko rake, nokuti takatsveneswa kubudikidza naye (Johane 17:17).

Tinofanira kushanda mugohwo raIshe tichivimba nezvatinoita ne mufaro nokuti arikushanda matiri (Vafiripo 1:6, 2:13). Hakumbofa kwakashaikwa zvipo zvomweya kuma Kristu (1 Vakorinte 1:7-6). Mweya mutsvene unotikwanisira basa raIshe, anonita izvi kubudikidza nezvipo zvaakatipa (1 Vakorinte 12:4-6).

Tinofanira kuteerera Mwari, sezvo tinonzwisisa zvaanoraira mushoko rake. Mukuita izvi, zvinowanikwa muchero unobva kwaari iye ari kushanda kuda kwa Mwari matiri (VaGaratia 5:22-26).

MAITIRO ACHO

Namata chinyararire.
Kumbira Mweya Mutsvene aratidze chero.
Chivi chiri muupenyu hwako.
Reurura zvivi zvose, zvaandonza mundangariro yako.
Pira upenyu hwako kwaari, ugteererera zuva rimwe ne rimwe

II. MUVHANGERI WEKUVAMBA BASA NEMUNAMATO MAVAMBO

Hazvikwanisike kuti uve mudzidzi waJesu Kristu kunze kwekunge uri munhu wemunamato. Muvambi webasa anofanira kuva nechido chekuramba aine nguva yake oga naIshe sechiitiko chekutanga nekupedzisira muupenyu hwake. Kana izvi zvisiri izvo, muvambi webasa haazombofa akaziva Mwari ne munzira yakadzama, haakwanise kugara pasi peutungamiriri hwaMwari, kana kuti angaberekawo muchero, we mweya, nechokwadi.

NDINOKUMBIRISA KUTI UTARISISE ZVINHU ZVISERE ZVEMUNAMATO ZVINGAITWA MUNGUVA IYO YATINOVA TOGA NAMWARI:

1. RUMBIDZO NE SHUMIRO

Bhaibheri rinoti iro muna Mapisarema 48:1, “Jehova mukuru, unofanira kurumbidwa kwazvo....” Mapisarema 34:1-3 inoti “Ndicharumbidza Jehova nguva dzose; rumbidzo yake ichagara mumuromo mangu. Mweya wangu uchazvirumbidza muna Jehova; vanyoro vachazvinzwa, vakafara. Kudzai Jehova pamwechete neni ngatikudze zita rake pamwechete.”

Tinorumbidza Jehova mushumiro yedu nesvondo yoga-yoga. Asi, tinoita sei munguva dzatinenge tiri tega naIshe pakati pe muvhuro ne svondo? Bhaibheri rinoti iro muna Mapisarema 22:3 “Asi imi muri mutsvene, Imi mugere parumbidzo dzaIsraeri.”

Chii chinonzi kurumbidza? Kurumbidza kusimudza nekukudza Ishe nekuda kwezvaari. Kupakutenda kutenda Mwari pane zvaanenge atitira. Kurumbidza kukudza zvinowanikwa munaMwari neMaitiro avo.

Sekudzidzwa kwazvo muBhaibheri, kurumbidza Mwari, munhu anofanira kuisa pfungwa dzake, kuda kwake, nemaitiro ake mukurumbidza. Hazvina kuipa kuratidza manyu kunyuku munguva dzekushumira kana tichirumbidza Ishe. Kuti titi zvakaipa zvakangofanana nekuti titi umwe munhu haakwanise kushandisa pfungwa dzake kana kuda kwake. Munhu ane muviri ne mweya (pfungwa dzake ne manyukunyuku), uye mweya (1 VaTesaronika 5:23).

Zvisinei zvazvo, nekuti pane musiyano mukuru pakati pemanyukunyuku nekupengereka. Kupengereka kurasikirwa nekuzvidzora kwemunhu pakuvane manyukunyuku ake. Izvi zvikaiti ka munguva dzekushumira, kushumira kunotangisa kubuda mumiganho yeshumiro sezvinodzidziswa muBhaibheri. Bhaibheri harirambidze kushandiswa kwe manuyukunyuku munguva yeshumiro, nyange zvazvo, kuchitaura zvinopikisana nekupengereka.

Haanoi mazano mashomanene ekuti munhu angarumbidza sei Ishe munguva dzake oga naMwari.

A. IMBIRA MWARI NZIYO UCHISHANDISA CHIIMBIRO KANA BHUKU RENZIYO DZECHIKRISTU

Kana muine vamwe vanhu muimba umomauine nguva yako oga naMwari, ungangoda kuverenga manzwi erumbo mupfungwa kuna Ishe. Muenzaniso wakanaka werumbo ruzere nekurumbidza rumbo runoti, “Mutsvene, mutsvene, mutsvene.”

Verenga ndima yekutanga yerumbo, wombomira, woFunga, wofungisisa kuti manzwi erumbo aya anorevei. Kurumbidza Ishe kuri pane zvaunenge waverenga kubva pandima iyi. Wapedza kuita kudaro, verenga ndima yechipiri, woita zvimwechete kusvikira wapedza rumbo rwose. Pachikamu chinoratidza zviru mubhuku, mubhuku renziyo roga-roga unogona kuoneswa paunowana nziyo dzokurumbidza mubhuku iro.

B. IMBA KANA KUVERENGA MAKORASI EKURUMBIDZA

Bhaibheri rinoti iro muna VaEfeso 5:19-20, “Mutaurirane pakati penyu nemapisarema, nenziyo, nezviimbo zvomweya, muimbire, muridzire Ishe mumwoyo menyui; muchivonga Mwari; Baba nguva dzose pamusoro pezvinhu zvole, muzita raIshe wedu Jesu Kristu.” Wove nechokwadi chekuti makorasi ekurumbidza anezvokwadi inodzidziswa neBhaibheri.

C. VERENGA ZVIKAMU ZVEMINAMATO ZVIRI MUBHAIBHERI, WOZVIREVA IWE PANDIMA IMWE-NEIMWE

Mapisarema 8:1 inoti “Haiwa Jehova, Ishe wedu, zita renyu rakaisvonaka sei panyika yose! Makaisa vumambo bwenyu kudenga.” Kuti uzvireve sewe pandima iyi ndezvokuti iwe unongoisa zita rako. Semuenzaniso, “O Jehova, Ishe wangu, zita

renyu iguru sei mukati menyika yose, nokuti makaisa kubwinya kwenyu pakakwirira mudenga rose.” Verenga ndima imwe-chete kamwechete se kuwanikwa kwayo mubhaibheri, wobva waverenga ndima yakare iyoyo zvakare uchizvireva iwe mundima mukurumbidza kwako Ishe pachako.

Zvimwe zvitsauko zveBhaibheri zvakanyatsokodzerana nenguva yakadai yeshumiro ndezvizvi: Mapisarema 8,9,19,24,65,92, 104, 139m minyengetero yaJesu naMupositora Pauro, zvitsauko zvakasiyanasiyana zvinowanikwa muna zvakazarurwa. Imwe nzira yekuwana nayo zvitsauko zvakana zvekurumbidza muBhaibheri ndiyekungo tarisa vara rinoti “Kurumbidza” mubhuku rinokupa paunowana mavara aunoda (Concordance).

Kurumbidza chikamu chinokosha pamutendi oga-oga kuti akure muMweya. Verenga zvakazarurwa 4 na 5 kuti uone kuti chii chatinenge tichiita kudenga.

2. KUREURURA

Hazvikwanisike kuti tiparadze nguva yakareba mukureurura. Kana taita chivi, mweya mutsvene anobva ataura mupfungwa yedu pakare ipapo pamusoro pechivi chedu. Kureururwa kwechivi chimwe na chimwe kunofanira kuitwa apo mweya mutsvene paanenge atiratidza chivi chedu. Muna 1 Johane 1:9 inoti iyo, “Kana Tichizvireurura zvivi zvedu, iye wakatendeka wakarurama, nokudaro kuti unotikanganwira zvivi zvedu nokutinatsa pakusarurama kwose.”

Munguva yedu tiri tega naMwari Mweya Mutsvene angauyise mufungwa dzedu zvivi zvatisina kureurura. Dzimweni dzenguva achatirangaridza maitiro akaipa, hashu, kana huipi hwatingaitira umwe munhu. Munezvi, tinofanira kureurura zvivi zvose zviri mumwoyo yedu.

3. KUPA KUTENDA

Bhaibheri rinoti iro muna vaFiripo 4:6 “Musafunganga pamusoro

pechinhu chimwe, asi pazvinhu zvose, mikumbiro yenyu ngaiziviswe Mwari nokunyengetera nokukumbira, pamwechete nokuvonga.”

Mukurumbira kupa kutenda kuna Mwari kunezvaakaitira. Somuenzaniso, “Ndinokutendai Mwari neutano hwangu, kudya kwangu, nemhuri yangu.”

4. KUNZWA INZWI RAMWARI

Bhaibheri rinoti iro muna Mapisarema 62:5, “Mweya wangu, rindira Mwari zviokwazvo nokuti ndinomutarira iye.” Mapisarema 46:10 inoti, “Nyararai, muzive kuti ndini Mwari; ndichava mukuru pakati pavahedeni, ndichava mukuru panyika.” Tinonzwa sei inzwi raMwari? Mwari pakutangisa vanoshandisa maitiro maviri kutaura nevatendi vavo muzuva roga-roga; Mweya mutsvene uye shoko ravo. VaRoma 10:17 inoti, “Naizvozvo kutenda kunouya nokunzwa, nokunzwa kunouya neshoko raKristu.”

Bhaibheri itsamba yerudo inobva kuna Mwari chido chaMwari ndechekutaura nesu tose zuva rimwe-nerimwe kubudikidza nemushoko ravo ne mweya mutsvene. Hedzinoi nzira shoma dzatinganzwa nadzo inzwi raMwari:

A. Tangisa kuverenga bhuku reBhaibheri. Tinopa sezano kuti

utangise nebhuku ravaEfeso.

B. Kumbira Mwari kuti akuratidze zvokwadi ye Mweya mundima imweneimwe kana muchikamu chendima. Semuenzaniso, VaEfeso 1:1 inoti, “Pauro, muapostora waKristu Jesu, nokuda kwaMwari, kuvatsvene vari paEfeso nokunavanotenda kuna Kristu Jesu.”

1. Pauro mutendi ne muapostora waJesu Kristu nokuda kwaMwari.

2. Akasarudzwa nokuda kwaMwari.

3. Shoko rokuti, “Vatsvene” rinoreva kuvaKristu vepaEfeso.

4. MaKristu aya aive akataendeka kunaKristu Jesu.

C. Zviise pachinzimbo chose che zvokwadi ye Mweya. Mwari arikutaura kumuverengi ne muzvokwadi iyi. Somuenzaniso, Mwari varikundiudza zvokwadi ina muna VaEfeso 1:1

1. Thomas, urimudzidzi waJesu Kristu nokuda kwangu.
2. Thomas, ndakakusarudza iwe nokuda kwangu.
3. Thomas, urimutsvene imomo maunogara mu Zimbabwe.
4. Thomas, ndinoda kuti utendeke muna Kristu Jesu.

5. DZOKORODZA ZVINONZWISISIKA SHOKO RAMWARI

Muvambi webasa anokwanisa kushandisa ndima yeBhaibheri kunamata kuna Mwari. Kushandisa sendima iyi iri munaVaEfeso, tingati, “Mudikanwi Baba, Mwari wangu, ndinokutendai, Ishe, nokuti imi, Ishe, makandidana ini kuti ndive mudzidzi waJesu Kristu. Ndinokutendai, Ishe, nokuti ndiri mutsvene wenyu, ndiri munhu akatsaurwa nemi. Baba vangu, chido changu ndechokuti ndive munhu akatendeka kuna Kristu. Muzita raJesu ndinonamata, Amen.

Mushure mekunge wafamba nemunhanho idzi ne ndima yekutanga, pfuurira kundima yechipiri woramba uchiita kusvikira wapedza chikamu chose chechitsauko.

6. KUNAMATIRA VAMWE

Bhaibheri rinoti iro munaVaEfeso 6:18, “Munyengetere nguva dzose nokunyengetera kwose nokukumbira mumweya, muchirinda pazvinhu izvi nokutsunga kwose nokukumbirira vatsvene vose.”

Uyu munamato wokunyengeterera vamwe vanhu. Vanhu vazhinji vane bepa risina chinhu kumucheto kweBhaibheri ravo. Kamura peji iri muzvikamu zvisere, kana kuti kuda ungashandisa

rimweo bhuku raunga nyorera kuita hurongwa hwevanhu avo vaundoshuva kunamatira. Somuenzaniso, pamusoro pepeji nyora kuti, “zuva ne zuva” zvino wochienderera mberi uchinyora zita remudzimai wako, vara, vabereki, madzikoma, nezvimweo. Vanhu ava ndeavo vaneukama hwepedyo newe.

Papeji inotevera, kana muchikamu chinotevera, nyora vara rinoti, “SVONDO”. Pasi pevara iri, ita hurongwa hwevanhu avo vaunoda kunamatira pazuva iri revhiki. Namatira muFundisi wako nemudzimai wake, mudzidzi wako wechikoro chesvondo kana kuti avo vaunodzidzisa.

Enderera kupeji, kana chikamu chinotevera, apo pauchanyora vara rinoti “MUVHURO”. Iri ndiro peji raucharonga nhengo dzemhuri yako neshamwari dzako.

Peji rinotevera, kana chikamu, richava nevara iri pamusoro “CHIPIRI.” Pazuva iri namatira vanhu vaunoziva vakarasika.

“CHITATU” vara iri richava pamusoro pepeji inotevera, kana chikamu. Pasi pevara iri nyora mazita evatungamiriri ve muBatanidzwa wemakereke enyu, vatungamiriri ve kereke yako kana vamweo vaungada kunamatira.

Papeji rinotevera kana chikamu nyora vara rinoti “CHINA”. Papeji iri nyora vatungamiriri venyika yako. Timotio wokutanga 2:1,2, “Naizvozvo pakutanga kwazvose ndinoraira kuti vanhu vose ngavanyengeterewe, varevererwe, vavongerwe; madzimambo, navose vari vakuru, kuti tigare norugare nokunyarara pakunamata Mwari kwose, nomugarire unokudzwa.”

Papeji rinotevera, kana chikamu nyora vara “CHISHANU” papeji kana chikamu ichi nyora mazita evose vaunoziva vakabuda mukereke, kana kuti vakarasika.

Peji rinotevera rakanyorwa kunzi “MUGOBERA”.
Muhurongwa uhwu nyora mazita eshamwari, nhengo dzimwe
dzekereke aunopinda navo kana mamwe mabasa akasarudzika
ekereke auri mukati mawo.

Kana muvambi webasa akaita izvi, achanamatira vanhu
vakawanda zuva rimwe nerimwe paSVONDO. Vamwe vanhu
vanotenda kuti vaRoma 16 hurongwa hwa Pauro hwokunamatira
vaKristu vari muRoma.

HURONGWA HWEKUNYENGETERERA VAMWE
MUNAMATO, KURUMBIDZA, NEKUSHUMIRA,
KUREURURA, KUPAKUTENDA, KUNAMATIRA,
NEKUKUMBIRA

ZUVA NE ZUVA

1. Mudzimai.
2. Vana
3. Vabereki
4. neHama
- 5.
- 6.
- 7.
- 8.
- 9.
- 10.

SVONDO

1. Chikoro chesvondo
2. Vatungamiriri ve Mweya neMhuri dzavo
- 3.
- 4.
- 5.
- 6.
- 7.
- 8.
- 9.
- 10.

MUVHURO

1. Vashandi vepakambani.
2. Vakuru vebasa neva banoshanda navo
- 3.

CHIPIRI

1. Vanhu vakarasika neshamwari
- 2.
- 3.
- 4.
- 5.

- 6.
- 7.
- 8.
- 9.

CHITATU

1. Muvangeri vekuvamba basa
2. Nevatungamiri vechiKristu
- 3.
- 4.
- 5.
- 6.
- 7.
- 8.
- 9.
- 10.

CHINA- 1 Timotio 2:1-2

1. Vatungamiriri
2. Veruzhinji
- 3.
- 4.
- 5.
- 6.

- 7.
- 8.

CHISHANU

1. Vatendi varasha moyo,
2. Mabasa akasarudzika
- 3.
- 4.
- 5.
- 6.
- 7.
- 8.
- 9.

MUGOBERA

1. Dzimwe hama
2. Dzepedyo vamwe o vemhuri
- 3.
- 4.
- 5.
- 6.
- 7.
- 8.
- 9.

Kuwana tsanangudzo inongova imwe yoga yeupenyu husingaperi muBhaibheri, verenga Johane 17:3

Zvinokosha chose kuti muvhangeri wekuvamba basa anzwisise zviripachena kuti chii chinonzi ruponeso sezvinodzidziswa Mutestamente Itsva. Sezvo Testamente Itsva kereke yayo yakaumbwa nevanhu vakaponeswa, dzidziso ye muvhangeri wekuvamba basa takatarisa ruponeso hwaro hwunokosha pabasa rake. Muvhangeri wekuvamba basa haana kana basa raangaita kunze kwekunge achitenda kuti vanhu vasina Kristu vakarasika nokusingaperi uye kuti vachaparadza nguva yavo yokusingaperi vari muGehena. UNOZVITENDA HERE IZVI? Muvhangeri wekuvamba basa anofanira kunzwisisawo k uti munhu asina Kristu akatsaukaniswa naMwari uye kuti upenyu hwavo hwakazadzwa ne kurwisana, kushurikirwa, kutya, kuvane mhosva, uye kuti ane kusavane chinhu kurimo mukati memweya wake.

Chinhu Chikuru chakakosha idzidziso yekutongwa kwokupedzisira. Pane dzimwe tsika dzinoita zvemweya uye nedzidziso yekudziswa kwemweya munyama sechinhu chakasimba. Jesu vakatidzidzisa nezvekumuka kuvakafa, kwete kudzoka zvakare kwe Mweya munyama. Muna VaHebero 9:27 inoti “Uye vanhu sezvakatemerwa kuti vafe kamwe chete, kutongeswa kugotevera.”

Ruka 19:10 inoti iyo Jesu akauya kuzotsvaka nekuponesa vakarasika. Iri ndiro basa zvakare remuvhangeri wekuvamba basa. Vanhu vakarasika kana vachivimba nechimwe chinhu pa ruponiso rwavo kunze kwa Jesu. VaGaratia 2:16 inoti “Zvatinoziva kuti munhu haaruramiswi namabasa omurairo asi nokutenda kuna Kristu Jesu, nesuvo takatenda kuna Kristu Jesu, kuti tiruramiswe nokutenda kuna Kristu, tirege kururamiswa nemabasa omurairo.”

Sekukosha kwazvakaita kumuvhangeri wekuvamba basa kwekuona kuti vanhu vakarasika havana kuponswa, umwe neumwe akarasika anofanira kuzviona pachake semunhu akarasika. Hatingangova

nechido chekuona “sarudzo dzinoitirwa Kristu.” Asi kuti tinofanira kuvaka vadzidzi. Tinofanira kuisa vatendi vatsva mubasa rekereke, nokudzidzisa basa vatungamiriri venzvimbo, nekurongedza kereke ichazvimirira, ichazvitonga, ichazviwanza iri kereke iri pasi peutungamiriri hwa Mweya Mutsvene.

Nokudaro zvinonyanya kukosha kumunhu kuti anzwisise zviripachena kuti chii chaanofanira kuita kuti aponseswe. Munhu haaponeswe kusvikira atendeuka kubva kuzvivi zvake uye nekuisa vimbo yake yose muna Jesu Kristu salshe namuponisi anova iye oga. Muvhangeri wekuvamba basa anofanira kuita zvole zvaanokwanisa kuti ave nechokwadi chekuti vanhu vane chido vanzwisise marasikiro avakaita uye nekuziva zvavanofanira kuita kuti vagamuchire Kristu.

CHEKUTANGA ANOFANIRA KUTENDEUKA KUBVA KU CHIVI CHAKE

Chii chinonzi kutendeuka? Vara rekuti “Kutendeukira” rinoreva kutendeukira upenyu hwako uchihuisa munzira ya Jesu Kristu nekushandura fungwa dzako (mazano). Kutu munhu ahandure fungwa dzake, kuti asiye chivi chake achitenda Jesu, zvinoreva kuti munhu anofanira kuziva kuti iye anga achizvifambisira hupenyu hwake, saka avekuda kupa kufambiswa kweupenyu hwake kuna Jesu. Zvinoreva kuzviisa pasi muupenyu kuna Jesu Kristu. Kutendeuka kuramba zvivi zvako (upenyu hwekuzvidzora) nekupa hupenyu hwako kuna Jesu salshe nemutungamiriri.

CHECHIPIRI-ANOFANIRA KUISA RUTENDO RWAKE MUNA JESU SAIYE OGA ISHE, MUPONESI, NEMUMIRIRIRI.

Izvi zvinodarika zvokuti munhu angoziva zvokwadi yaJesu Kristu mufungwa bedzi Bhaibheri rinoti iro muna Jakobo2:19 kunyange madhimoni anotenda zvokwadi maererano na Jesu.

Vara rekuti “Rutendo” kana “Kutenda,” muchigiriki ndi “pistis.” Izvi zvichireva kuti munhu anofanira kupa upenyu hwake kuna

Kristu kuti ave mumwe na Kristu. Chose zvacho chiri pasi peizvi hakusi kutenda kwechokwadi. Dambudziko guru nderokuti vanhu vazhinji vanotenda zvokwadi yenhoroondo nezva Jesu Kristu nefungwa dzavo. Basa redu ndero kuratidza vanhu musiyano pakati pe rutendo chairwo, rutendo runoponesa, nerutendo rwenhema.

Rutendo rwechokwadi runoponesa haruisi ruvimbo rwarwo mune chimwe chinhu chekuwedzera paruponeso. Semuenzaniso, munhu anofanira kumira kuvimba nemabasa ake akanaka, upenyu hwakanaka, zvifananidzo, mhandara maria, ngirozi, nevatsvene, aise ruvimbo rwake ruzere muna Jesu Kristu saiye murevereri wake oga, muponesi, naishe. Mubhuku ravo, “indigenous church planting,” vaCharles Brock vanoti ivo tsanangudzo dze reponeso idzo dzisinganyatsopedza zvinokodzera nyaya yechivi, kutendeuka, nekutenda tsanangudzo iyoyo inoburitsa boka rechitendero hariburitsve kereke. Muvhangeri wekuvamba basa oga-oga anofanira kutevera kutungamirirwa no mweya mutsvene nokuti ndiye oga achabaya pamoyo vakarasika kuti vaone zviziv vavo. Muvhangeri wekuvamba basa anofanira kugovera vhangeri rechokwadi rizere raKristu musimba ra Mweya Mutsvene kuti akwanise kushanda mumoyo yavanhu kuti agokwanisa kuburitsa muchero inogara.

IV. MUVHANGERI WEKUVAMBA BASA NEUCHAPUPU HWAKE PACHAKE

Chikonzero cheuchapupu ndechekugovera izvo zvakasangana nazvo muupenyu. Zvino kwanisika kupikisana nezvezvinhu izvo zvakaitika kuna vamwe vanhu, asi zvakaoma kupikisana ne mumwe munhu pane zvaasangana nazvo muupenyu. Muna mabasa 22:1-16 na Mabasa 26:9-23, muapostora Paulo anotaura nezve rungano rwake kuti akagamuchira sei Kristu nekuti chii chakazoitika mushure mekuwana kwake Kristu.

1. ZVINGAKUBATSIRA KUTI URANGARIRE APO UCHIPA UCHAPUFU HWAKO PACHAKO

- A. Ita muchidimu (Tora maminetsi angaita maviri).
- B. Rangarira kuti chinangwa chako ndechokuratidza munhu akarasika kuti iwe wakawana sei Kristu. Vhangeri richati rotsanangurwa.
- C. Usa paridza mharidzo.
- D. Usatsanangura nzira yeruponeso nguva ino.
- E. Usava nenguva yekukoka.
- F. Usashandisa mavara asinga nzwisisiki, somuenzaniso, “Ndakabhabhatidzwa” munhu asingatendi anozofunga kuti, kuti ndiponeswe ndinofanira kuombekwa. Zvirinyore kuti uti, “Humwe usiku ndakagamuchira Jesu mumoyo angu,” kana kuti “ndakavimba naKristu saiye oga muponesi naishe wangu.”
- G. Shandisa ndima yeBhaibheri kana uchida.
- H. Nyora Uchapupu hwako. Haufanire kudarika mavara anosvika mazana maviri nemakumi, mashanu kana mazana matatu nemakumi, mashanu.
- I. Pedzisa uchapupu nezvidimu zviviri zvemutsetse:
 - 1) Ikozvino ndinechokwadi chekuti ndine upenyu husingaperi.
 - 2) Ndingatsanangura kubva muBhaibheri kuti neweo ungawana sei chokwadi yeupenyu husingaperi?.

2. UCHAPUPU

Pindura mibvunzo inotevera kuti zvikubatsire kunyora uchapupu hwako:

- A. HUPENYU HWANGU HWANGA HWAKAITA SEI NDISATI NDAZIVA JESU? TAURA MAITIRO AKO, MARARAMIRO, NE ZVIVI. (Mabasa 22:1 -5 na 26:4-11).

B. NDAKAZIVA SEI KUTI NDINOFANIRA KUVA NAJESU?

(MABASA 22:6-8, NA 26:12-15).

C. NDAKAGAMUCHIRA KRISTU SEI UYE KUPI?

(Mabasa 22:6-10, na 26:3-18).

D. HUPENYU HWANGU HWAKASHANDUKA SEI KUBVA

PANDAKAGAMUCHIRA KRISTU. (Mabasa 22:10-21, na 26:19-23)

E. MHEDZISIRO

Nguva dzose pedzisa nekuti, “ikozvino ndine chokwadi yeupenyu husingaperi ndingakutsanangurirewo here kuti Bhaibheri rinoti kudini kuti uwane chokwadi yeupenyu husingaperi neweo.?”

Zvawaita kuvaka zambuko pakati pako nemunhu uyo akarasika. Iye zvino urikukumbira mvumo yekuyambuka zambuko kuti upinde muupenyu hwake pachake. Anokwanisa kuti “Hongu” kana kuti “Kwete”, zvinounogona kumubvunza kuti unganganyora here zita rake muBhaibheri rako kuti ugoranga rira kumunamati ra zuva ne zuva.

V. MUVHANGERI WEKUVAMBA BASA NEVHANGERI RAKE PACHAKE

Maitiro aya anofanira kushandiswa kana usina mukana wokutangisa kudzidzwa kweBhaibheri uyu ndiwo unongova mukana wawa wana wekugovera evhangeri. Nyange zvazvo, kana ungangwanisa kudzokera nekutungamirira kudzidza kweBhaiBheri mudzimba usashandisa maitiro aya. Hatidi kuchimbikidzisa avo vasati vazvigadzirira kugamuchira Kristu.

TARISISA; MASVIKIRIRO AYA ANOFANIRA KUSHANDIWA CHETE MUTSIKA NEMAGARIRO ECHIKRISTU UMO MUNENVANHU AVO VAKAGARA NECHEKARE VAINÉ RUZIVO RWEKUTENDA KWECHIKRISTU. TINOSHANDISA MAMWE MASVIKIRIRO ATINOWANA MUBHUKU RINO MUTSIKANE MAGARIRO IDZO DZISINA CHIKRISTU.

Tinoda kusimbisa kuti izvi zvive zvino budirira zvichasiyana maitirwo azvo zvichienda netsika nemagariro evanhu. Zano ratingapa iro rokuti tingapinda sei mumusha, tanga wanzwa zviru mumusha umu, ne zvimweo. Izvi zvichasiyana zvakananyanya nokuda kwetsika ne magariro evanhu. Kana kuzarurika kwakaita nharaunda iyo panezve chiKristu (Kana takatarisa nyaya yekuzvidzimirira). Somuenzaniso, mu Latin Amreica, European, Kumabva zuva neku Chamhembe kweAfrica munzimbo idzi umo munekuzivikanwa zvakananyanya ne kunzwisisa chiKristu, masvikiriro aya apiwa pano

akaraidza kubudirira.

Saka izvi ndizvo zvinotitungamirira zvingatibatsira kuratidza kubatsirika mune dzimwe tsika nemagariro evanhu.

RANGARIRA; MASVIKIRO AYA ACHASHANDISWA KANA UCHINGOVA CHETE NEMUKANA UMWECHETE WEKUGOBERA EVHANGERI. KANA UNGAKWANISA KUDZOKERA KWAKARE VHIKI ROGA-ROGA NEKUNOVANE KUDZIDZWA KWEBHAIBHERI MUDZIMBA KANA MAMWE MAITIRO EKUGOVERA EVHANGERI TINOKUMBIRISA ZVAKASIMBA ZVIKURU KWAURI KUTI PAKUTI, MUPE VHANGERI PAKUSHANYA KWENYU KWEKUTANGA. ZVISINEI ZVAZVO KANA MUCHINGOVA NEMUKANA UMWECHETE ZVINO MUNGAITA ZVINOTEVERA.

1. ZVITARISIRWA ZVITANHATU PAKUSHANYA
 - A. Yedza kuwana kushinga neushamwari kumunhu asiri mutendi.
 - B. Tsvaka chimiro chake chomweya. Bvunza mibvunzo inotevera,”unoziva kuti uneupenyu husingaperi here kana ukafa mauro ano? Tsanangura nzira yoruponiso.
 - C. Koka munhu uyu kuti agamuchire Jesu saiye oga Ishe na Muponisi.
 - D. Koka munhu uyu kuti auye kukudzidzwa kweBhaibheri kunotevera uko kwaunenge uchitungamirira.
 - E. Ive nechokwadi chekuti uchagamuchirwa kuti ushanye zvakare.

Havasi vose va chagamuchira Jesu sa Muponisi naIshe, Asi zvinokosha kuti utangise hukama hwakanaka naavo vasina.

2. NDEPAPI PAUSINGAFANIRI KUPINDA MUMUSHA?
 - A. Munguva iyo semhuri nehama dzavo vari pamwechete.
 - B. Apo imba inenge yakazara nevamwe vaenzi,mumamiriro ezvinhu akadaro ingoti, “Ndingadzoka pane imwe nguva.”

C. Apo mhuri inogadzirira kubva paimba.

3. UNGAITA SEI KUTI MUNHU AVE NE CHIDO

Kana panguva yokushanya kwako, kuteera kwemunhu uyu kukaratidzika kuti kwakaiswa mune chimwe chinhu kana chiitiko sekutarisa T.V., mira kusvikira zvaakatarisa zvapera kana kuzodzoka imwe nguva. Zvisinei, dzimwe dzenguva, chinhu chakareruka kuita kuyedza kutaura naye pamusoro pezvinhu zvakasiyana-siyana. Kana anechido chakanyanya chekutaura newe kudarika kutarisa TV zvino ungamukumbire kuti aderedze kutaura kwe TV uye wobva wamukumbira kuti idzimwe. Usambofa wakadzima terevhizhini zvisi namvumo.

4. ZVINOITWA NENHENGU DZEBOKA

- A. Mutungamiriri weboka achatungamirira kushanya.
- B. Nhengo dzeboka dzichava mukunamata nekugovera sokukumbirwa kwavo nemutungamiriri weboka.

5. ZVINOITWA NENHENGU DZEBOKA

- A. ITAWO BASA KUBVA PAKUVAMBA KWEKUTAIRIRANA.
- B. Batsira kuti vape uchapupu hwavo (sekukumbirwa kwazvaitwa nemutungamiriri).
- C. Govera zvikamu zvenzira yeruponiso kana izvi zvanga zvakarongeka nechekare nemutungamiriri.
- D. Batsira kuchengeta vana.
- E. Batsirana nevamwe vanhu vari mumusha
- F. Namata chinyararire.

6. MUNGAPINDA MUKATI MEMUSHA SEI

- A. Zivisa boka. Mutungamiriri weboka achizivisa nhengo imwe neimwe yeboka. Oziva kereke yake kana boka raanodzidzira Bhaibheri , agokumbira mvumo yekupinda. Somuenzaniso, “Manheru akanaka. Zita rangu ndini Johane uye uyu zita rake ndiMaria. tirikushanyira vanhu vemudunhu medu.

Tingapindao here titaure nemi kwemaminetsi mashomanene?

B. Sarudzai nzvimbo yakanaka yekugara pasi. Nhengo yeboka iyo ichagovera shoko inofanira kugara pedyo neakugamuchirai. Izvi zvinozomukwanisa kuti aite zvino-tevera:

- 1) Rambai makatarisana nemunhu wauri kutaura naye.
- 2) Rambai muchitaurirana nenzwi riripachipimo chokuti mucharamba muchitaurirana.
3. Verenga ndima imweneimwe nemunhu. Chitevedzwa: Kana ukateerera munhu mukutangisa, uchawana mubairo wekunzwika pakupedzisira.

C. Taurai Zvinhu zvinodiwa kukurukura pamusoro pazvo nemunhu uyo.

CHITEVEDZWA: KANA UKATEERERA KUMUNHU KUBVA MUCHITANGISA, UCHAWANA MUBAIRO WEKUNZWIKA PAKUPEDZISIRA

7. NHUNGAMIRO PAKUZIVISA VAMWE

A. Nzimbo yakanaka yokutangira kutaurirana ndeye pamusoro pemhuri yeumwe. Iyo ndiyo nzvimbo yakanaka. Iyi inzvimbo yakanaka yekuwana pekutangira muvambi webasa anokwina kutaura pamusoro pemhuri yake pachake obva obvunzao mibvunzo pamusoro pemhuri yemunhu asati ava mutendi semuenzaniso:

Unevana vangani? ...vatatu

Ndinevatatu. Vana vangu umwe anemakore masere, umwe gumi umwe gumi nemakore matanhatu. Ko vako iwe vakuru zvakadini?

B. ZVINODIWA

Unosevenza kupi? Ikambani yakadi iyoyo? Basa rake nderei ikoko? Oh, Ndinosevenza ku.....zvichidaro.

C. ZVECHITENDERO

Unoenda kukereke ipi? (Mubvunzo uyu ungangonakire nzvimbo chete yagara iine tsika nemagariro echiKristu) Kana kuti unechitendero chipi?

D. MIBVUNZO YEMUKATI MEHUPENYU TARISISA:

Zvinoreva mibvunzo yemukati meupenyu inotevera yevezvitendero zvakaite sezve maHindu, vekwaBhudha, uye maAnimists ingave yakanyanya kusiyana neiyi yaunobvunza mutsika nemagariro agara ari echiKristu se e chiRoma.

Mutsika nemagariro aya, chose chakanangana nekushandisa mashoko a Mwari Jesu, denga, gehena, zvichidaro. Anofanira kutsananagurwa mutsika ne magariro zvisina chiKristu

Kuvepo munyama kwaJesu nechikonzero chazvo zvinofanira kutsanangurwa kana zvakangana naye, somuenzaniso, sezvinoreva kupunyuka muzvido zvose. KumuHindu zvinoreva kupunyuka mudenderoka rokuva munyama. Kuma animists akawanda zvingangoreva zvinhu zvakaawanda uye zvingango siyaniswa kubva kugehena . Pakuva kana kusava nemufaro iyo inoita zvibairo kwauri (mumaitiro emunyika dzakawanda dze kumabvazuva muAsia).

Mutsika ne magariro dzakawanda Bhaibheri harisati riri bhuku rinozivikanwa ne vanhu. Vazhinji kana kusi kuti vazhinji vevanhu pakati pevanhu vasaati vasvikirwa neshoko havasati vambonzwa nezve Bhaibheri.

Zvandakaita munzvimbo dzakadaro kutangisa nekugoverana kuti Bhaibheri ibhuku rakapiwa naMwari kuti vazviratidze. havafanire kuva vanotenda izvozvo. Vangangorega kuzvitenda, asi kana vaine chido chekuridzidza pamwechete newe Mweya Mutsvene achaita basa rake nekutanga kuratidza chokwadi kwavari.

Usaita nharo pakuti ishoko raMwari kana kuti harisi. Iwe ingopa kuti rutendo rwako rwakavakwa pane zvaunotenda kuti zvakananyorwa mubhuku raMwari uye kuti unogodao kuwana wekugoverana navo zviru mubhuku umu.

Zvinokosha chose kuti munhu azvitungamirire mukuwana chokushandisa mukupupurira chakakodzerana nevanhu vaari kushumira kwavari.

ZVOKWADI YEBHAIBHERI HAIMBOFA YAKASHANDUKA, ASI MASVIKIRIRO NDIWO ANOGARA AKASHANDUKA ZVICHINDA NETSVIKA NEMAGARIRO

MUENZANISO; Mutsika nemagariro ane mararamiro eupenyu hwe chiKristu. Munhu anokwanisa kuvunza muvunzo unotevera. Mumaramiro etsika nemagariro evanasina chiKristu munhu anofanira kutangisa ari mudanho rakasiyana nokuti kunzwisisa kwe munhu nezvekudenga kungangova kusina kufanana sezvakunodzidziswa muBhaibheri.

TSIKA NEMAGARIRO DZISINA MARARAMIRO ECHI KRISTU

Mumamiro izvinhu akadai munhu anokwanisa. Kutangisa ne muvunzo unonyanya kukosha seunoti, “chii chaunonzwisisa nezviru maererano naMwari ueye iye ari ani? Muteerere munhu uyu ugokumbira kana ungangamirira kuvanekuramba muchidzidza mose. Kudzidza uku kunogona kuva kudzidza zvidzidzo zve Bhaibheri zvakareruka kana mamwe madzidziro amungaita shoko raMwari.

TSIKA NEMAGARIRO ZVINEMARARAMIRO ECHI KRISTU: Ndingakubvunza mubvunzo here? Kana ukafa mauro ano unoziva here kuti une upenyu Husingaperi uye ungaenda kudenga here? (ziva mubvunzo nemusoro) . Kana asina kupindura zvakanaka chienderera mberi uchipa huchapupu hwako nekugovera evhangeri. Kana akapindura, “Ndinechodi,” ibva wamuvunza muvunzo uyu,

“Toti uripamberi paMwari pachinguva chino obva akuvunza “Ndingakutenderi kuti upinde mudenga rangu?” Ungamupindura uchiti kudini? (ziva muvunzo uyu ne musoro). Kana asakakwanisa kukupindura zvakanaka, chibva wagoverana naye vhangeri. Umwe mubvunzo waungashandisa ndeuyu, “wakavaka ukama iwe pachako naIshe Jesu Kristu here kana kuti uri mukuhuvaka?”

Zvakare, mutsika nemagariro asina kurarama kwe chiKristu munhu anokwanisa kuvunza kana angada kudzidza nezva Mwari musiki akasika nyika uye kuti ungasvika pakumuziva sei iwe pachako.

8. UCHAPUPU (SEKUDA KWAKO)

Mushure mekuvunza muvunzo nezveupenyu husingaperi, muvaumbi we basa angagovera uchapupu hwake kana kukumbira imwe nhengo yeboka kuzviita , angati iye, “Maria, unagoverana nesu here uchapupu hwokuti wakagamuchira sei Jesu Kristu neupenyu husingaperi muupenyu hwako pachako.” Mushure mehuchapupu uhu, mutungamiriri wobva achigovera vhangeri.

9. MVUMO

Muvambi webasa anofanira kugara akangokumbira mvumo asati aenderera mberi pachinguva chino. Mubvunzo unotevera unofanira kubvunzwa. “Ndigagoveranao here newe kuti bhaibheri rinoti chii kuti tiwane upenyu husingaperi?”

ZVINOKOSHA: NGUVA DZOSE TARIDZA RUKUDZO KUNEWAWA SHANYIRA

10. KUPIWA KWE IVHANGERI

Shandisa chipepa chevhangeri chakanzi “ungawana sei upenyu husingaperi? Kana mamweo mapirwo evhangeri ayo akazara uye ari nyore kutevera. Zvakare, mutsika nemagariro asinei nechiKristu zvingatora mavhiki kana mwedzi yakawanda usati wapa zvokwadi inokosha iyi yevhangeri, nyaya haisi yekuti unozviita sei asi kuti zvokwadi izvi zviru mukupa kwako zvisinei kuti unoshandisa nzira ipi.

UNGAVA NEUPENYU HUSINGAPERI SEI

TARISISA: Uhwu hwaro hunokosha hwevhangeri zvisinei nekuti itsika ipi. Tsika haikwanise kushandura ivhangeri. Inogotudza chete kuti tingape vhangeri sei. Zvokwadi zvakakwana iyi inoda kugoverwa kumwe kunhu, neimwe nzira munhu asati agamuchira Jesu Kristu. tinopa zano rokuti kupa zvokwadi iyi kana munguva yakareba yemadzidziro eBhaibheri. Mutsika ine mararamiro echi Kristu mumwe angagare achipa zvokwadi iyi pakare ipapo paanenge asangana ne munhu. Zvisinei nekuti inzira ipi yaungasarudza kushandisa mukupa kwako unofanira kuziva zvokwadi inokosha iyi ye evhangeri.

1. CHINANGWA CHAMWARI CHEUPENYU HWAKO

Bhaibheri rinoti iro muna 1Johane 5:13 “Ndakakunyorera zvinhu izvi kuti mugoziva kuti muneupenyu husingaperi, iyemi munotenda kuzita romwanakomana waMwari.” Chinangwa chendima ndechokuratidza kuti Mwari anoda kupa chokwadi yeupenyu husingaperi nekuda kwerudo rwake kumunhu. Upenyu husingaperi zvinhu zviviri.

- a) kuziva Jesu Kristu nekuva nerugare rwake mumwoyo mako ikozvino uchiri kurarama muupenyu huno. (Johane 17:3).
- b) Kurarama na Jesu Kristu kudenga neupenyu husingaperi kana wafa (Johane 14:1-3)

Sezvazviri muBhaibheri, unokwanisa kuva nechokwadi yeupenyu husigaperi nhasi.

TARISISA: TSIKA DZINE CHIKRISTU NEDZISINA MAZWI AYA ANOFANIRA KUNYATSO TSANANGUDZWA ZVAKAJEKA UYE IZVI ZVINGATORA NGUVA YAKAWANDA.

2. ZVAUNOSHAIWA

Bhaibheri rinoti iro muna vaRoma 3:23, “Nokuti vose vakatadza vasakasvika pakubwinya kwaMwari.” Chinangwa chendima iyi ndechokuratidza kuti isu tose tiri vatadzi. Chii chinonzi chivi? Chivi kusateerera Mwari. Somuenzaniso. Isu tose takaita zvivi seizvo kunyepa, kukara, kuchiva uye kuzikudza. Unozviziva here kuti wakatadza? Mubairo we chivi chii? Bhaibheri rinoti iro muna vaRoma 6:23 “Nokuti mubairo wezvivi ndirwo rufu, asi chipo chaMwari ndihwo upenyu husingaperi munaKristu Jesu Ishe wedu.” Chinangwa chendima iyi ndechokuti vose vanokodzera kufa nokuda kwezvivi zvedu. Chii chinonzi rufu? Rufu zvinoreva kuparadzana na Mwari munzira mbiri.

Chokutanga, rufu kuparadzaniwa kubva kuna Mwari ikozvino, muupenyu huno pano panyika. Upenyu husina mufaro, rugare mumweya, pasina chokwadi yeupenyu husingaperi uye usina Jesu mumwoyo mako. Kuparadzaniwa naMwari kunosiya munhu ane moyo usina chinhu neunoty.

Chechipiri, Rufu kuparadzaniwa naMwari nokusingaperi uri mugehena. Uhu upenyu husina Kristu nokusingaperi. Sezvazviri muBhaibheri, tose zvedu takakodzera kufa, kuparadzaniwa naMwari, nokudza kwe zvivi zvedu.

3. ZVAKAPIWA NAMWARI

Bhaibheri rinoti iro muna VaRoma 5:8, “Asi Mwari unoratidza rudo rwake kwatiri pakuti Kristu wakatifira, tichiri vatadzi. Chinangwa chendima iyi ndechokuratidza kuti Mwari vanotida zvekuti vakatipa mwanakomana wavo kuti afire zvivi zvedu. Muripo oga wezvivi rufu. Jesu Kristu vakarangwa, vakatongwa nekurambwa kusvikira pakufa pamuchinji kwa kuripira muripo wechivi panzvimbo yedu.

Rufu rwaJesu rwaiva chibairo choga chakakwanira kusunungura munhu kubva mumhosva ye chivi. Vanhu vazhinji varikuyedza kusvika kuna Mwari nedzimwe nzira dzakasiyana-siyana:

vachivimba neupenyu hwavo hwakanaka kana mabasa akanaka kana kuyedza kubudikidza nemuva tsvene, zvipanidzo, zvivezwa, mweya kana kuva munyama zvakare.

Zvinoitwa nemunhu oga hazvina simba reku tsvenisa munhu zvivi zvake. Nzira imwe yoga yekuva neukama naMwari ndeyekuva naJesu Kristu. Mushure mekufa kwaJesu Kristu Pamuchinjikwa achifira zvivi zvedu , akamuka kubva kuvakafa, akakunda rufu. Mupenyu anoda kugara mumoyo mako. Unotenda izvozvo here kuti Jesu ndiye oga Ishe, muponisi nemumiriri wako?

4. MHINDURO YAKO

Bhaibheri rinoti iro muna vaRoma 10:9 “Kuti, kana uchipupura nomuromo wako kuti Jesu ndiye Ishe, nokutenda mumoyo mako, kuti Mwari wakamumutsa kuvakafa, uchaponiswa, chinangwa chendima iyi ndechokuratidza kuti kugamuchira Jesu unofnaira kuita zvinhu zviviri:

a) Chokutanga, kugamuchira Jesu unofanira kupupura Kristu sai ye ishe wako oga. Unofanira kusiya zvivi zvako nekutendeuka utevere Jesu. Izvi zvinoreva kutendeuka kuzvidzora muupenyu hwako uchipa Kristu. Uku ndiko kutenduka.

b) Chechipiri, kugamuchira Jesu unofanira kutenda Mumwoyo mako kuti Kristu akamuka kubva kuvakafa uye kuti ndiye oga muponisi wako. Izvi zvinoreva kuti unomira kuisa rutendo rwako kune zvimwe zvinhu zvakaita se mifaro, mabasa akanaka, zvipanidzo, zvivezwa, vatsvene kana kuvamuviri we nyama zvakare nokuisa ruvimbo rwako muna Jesu Kristu samuponisi wako oga.

Wazvigadzirira here kumira kuisa rutendo rwako mune zvimwe zvinhu nekupa upenyu hwako kuna Kristu iko zvino saiye oga Ishe namuponisi wako?

Bhaibheri rinoti iro muna vaRoma 10:13 ‘Nokuti aninani unodana kuzita rashe uchaponiswa.’ Chinangwa chendima iyi

ndechokuratidza kuti aninani anoshevedza kuzita raJesu achaponiswa. Izvi zino reva kuti unokwanisa kugamuchira Jesu ne kutenda ikozvino mumoyo mako.

Wazvigadzirira here kupa upenyu hwako kuna Jesu nekumukumbira kupinda muupenyu hwako ikozvino? kana wazvigadzirira, namata munamato uyu mumoyo mako kuna Mwari.

“Ishe ndiri mutadzi, ndinovimba mamuri Ishe saIshe wangu oga, muponesi ne mumiriri. Ndinopa upenyu hwangu kwamuri. Uyai mumoyo mangu nekundiponesa iko zvino. Ndishandurei nekutora kudzora kwenyu kuzere muupenyu hwangu. Amenii.”

Unotenda here kuti Jesu apindura munamato wako Zvino Jesu arikupi ikozvino? Waponiswa here?

VI. MUVHANGERI WEKUVAMBA BASA UYE NEKUTI ANOTUNGAMIRIRA SEI KUDZIDZWA KWEBHAIBHERI MUMBA ASI NA MABHUKU MAMWE EKUSHANDISA NAVA: THOMAS WADE AKINS

Chinhu chikuru mukudzidza shoko raMwari ndiMweya Mutsvene. Jesu vakati muna Johane 16:12-14 “NDINE ZVIZHINJI ZVANDINODA KUKUVUDZAI, ASI HAMUGONI KUZVIGAMUCHIRA ZVINO, ASI KANA ASVIKA IYE MWEYA WAZVOKWADI, UCHAKUTUNGAMIRIRAI MUZVOKWADI YOSE! NOKUTI HAANGATAURI ZVAKE, ASI ZVAAKANZWA NDIZVO ZVAACHATAURA, VUYE ACHAKUPARIDZAIRAI PANE ZVANGU, AKAKUPARIDZIRAI IZVO.” Jesu ichokwadi uye Mweya Mutsvene Ndiye anoratidza chokwadi mumoyo mako.

Wakamboti here uchiverenga shoko raMwari Bhaibheri pakare ipapo ndima ikapinda mumoyo mako mweya mutsvene akataura chokwadi kwauri. Izvi zvakaitika kwandiri kazhinji. Imwe nguva ndaingunofamba munguva dzakaoma chose. Ndaiva muGOMBA ringada kuva nerima chiro. Asika, nechenyasi kweGomba kwaiva ne

chiedza-chiedza chaJesu. Ndakatangisa kuverenga shoko kuti ndiwane shoko rinobva kuna Mwari. Ndakatangisa kuverenga bhuku raIsaya pakuverenga kwanda kaita chitsauko chemukumi mana nenhatu Mweya Mutsvene waMwari pakare ipapo wakapinda pakadzika pemoyo wangu nendima yechipiri inoti “KANA UCHIPINDA NOMUMVURA ZHINJI,NDICHAVA NEWE, KANA NEMUNZIZI, HADZINGAKUNYUDZI, KANA UCHIFAMBA NEMUMOTO, HAUNGATSVI, NEMURAZVO HAUNGAKUPISI.”

MWARI PAVAKATAURA CHOKWADI IYI MUMOYO MANGU RUGARE RUKURU RWAKAFASHUKIRA MUMOYO WANGU. NDAINGOFAMBA MUNZIRA DZAKAWANDA DZEKUEDZWA NEMOTO ASI NDAKAZIVA KUTI HANDINGATSVI NOKUTI MWARI VATAURA KWANDIRI PACHANGU CHOKWADI YAVO.

Chinhu chinokosha kumutungamiriri kuti arangarire kuti haazi kudzidzisa Bhaibheri asi kutungamirira. Ari kutungamirira munzira iyo anoita kuti avo vaanotungamirira naivoo vawane chokuita. Haaverenge ndima asi kuti anokumbira umwe muboka kuti averenge. Haavatauriri kuti zvokwadi nde zvipi mundima asi anobvunza mibvunzo kubatsira boka kuti rizive zvokwadi. Haafinire kuvapira zvinoreva ndima kwavari asi anofanira kuvakumbira kuti vape zvavanofunga pakushandisa nekuisa ndima iyi muupenyu hwavo.

Mukungamirira boka mukudzidza Bhaibheri zvatinotarisa ndezve kunzwa Mwari vachitaura zvokwadi nemushoko ravo, ndinoda kupa sezano zvinhanho zvinotevera.

NHANHO YEKUTANGA:

Mutungamiriri weboka achatsvaka chitsauko chekudzidza, angatangisa ne ndima yekutanga yebhuku iro vodzidza ndima imwe neimwe yechitsauko choga choga. Se muenzaniso, mungatangise ne evhangeri yaJohane, chitsauko chokutanga, ndima yokutanga.

NHANHO YE CHIPIRI MUTUNGAMIRIRI WEBOKA ANGAKUMBIRA UMWE MUBOKA KUVERENGA NDIMA YEKUTANGA.

NHANHO YECHITATU:

Mutungamiriri achaverenga ndima achishandisa mutauro wanhasi wakaareruka. NeMamwe Manzwi achanyatso patsanura ndima. Achaverenga ndima mumaveregero akareruka.

NHANHO YECHINA:

Mushure mekuverenga ndima, zvino mutungamiriri achabvunza mivunzo kuti atsvake zvokwadi ye Mweya Mundima. Bvunza mibvunzo yakaita seiyi ani, chii, rinhi, nei, uye sei. Bvunza mibvunzo iyi:

1. Ndima iyi inoti kudini pamusoro paMwari?
2. Ndima iyi inoti kudini pamusoro paJesu?
3. Ndima iyi inoti kudini pamusoro pechivi?
4. Ndima iyi inotikudini pamusoro pekuteerera?
5. Ndima iyi inoti kudini pamusoro pangu?
6. Ndeipi zvokwadi kana chokwadi chomweya mundima iyi?

NHANHO YE CHISHANU:

Mutungamiriri zvino ochitaridza nhengo zvimwe zvitsauko kana ndima dziri muBhaiBheri dzineukama nezvokwadi yawanikwa mundima iyi. Nemaswe manzwi, ratidza boka zvimwe zvikamu zviru muBhaiBheri izvo zvicharatidza nekupinza chokwadi iri mundima.

NHANHO YE CHITANHATU:

Mutungamiriri zvino anofanira kushandisa ndima. Aite sezvinoreva ndima kwaari nokuisa zvekuzvireva mundima. Kurukurai zvokwadi imwe naimwe muchireva nokuisa muupenyu hwemumwe ne mumwe ari muboka. Bvunza mibvunzo uyu kumunhu oga-oga: Zvokwadi iri mundima iyi inoshanda sei kwauri? Ndima iyi iri kuti kudini kwauri? Ndima iyi iri kuti kudini kwauri iwe pachako wotendera

umwe neumwe muboka kuti apindure.

NHANHO YECHINOMWE:

Mushure mekutevera maitiro aya nendima yekutanga, enderera mberi kundima yechipiri ugoshandisa maitiro aya pandima imweneimwe muBhuku rose, ndima ne ndima.

NHANHO YECHISERE:

Pakupedzisira kwechidzidzo tungamirira boka mukunamata namatirai pamusoro pezvokwadi yawanikwa muchitsauko chadzidzwa.

MUENZANISO NHANHO YEKUTANGA: Sarudza bhuku kana chitsauko. Pachikonzero chedu tichasarudza vhangeri ya Johane.

NHANHO YECHIPIRI: Kumbira umwe muboka kuti averenge ndima yekutanga. Johane 1:1, “PAKUTANGA SHOKO RAKANGA RIRIPO, SHOKO RAKANGA RIRI KUNA MWARI, RAKANGA RIRI MWARI.”

NHANHO YECHITATU:

Tsanangudza ndima. Ndimu iyi irikuti pakutanga kwaiva nemusiki aive ari zvole kuva naMwari ari Mwari.

NHANHO YECHINA; Mibvunzo:

1. Ndimu iyi inoti kudini pamusoro pa Mwari? Anobva pakuvamba. Ndiye mavambo. Ndiye shoko.
2. Ndimu iyi inoti kudini pamusoro pa Jesu? Kana ukaverenga ndima 14 uchaona kuti shoko ndi Jesu. Kureva kuti, Jesu Kristu ndiMwari.

NHANHO YECHISHANU:

Verenga Dzimwe ndima dzinoenderana Johane 1:14 “SHOKO RAKAZOVA NYAMA, RIKAGARA PAKATI PEDU TIKAONA KUBWINYA KWAKE, KUBWINYA KWEUMWE OGA

AKABVA KUNA BABA, AZERE NENYASHA NEZVOKWADI.”

Bvunza mibvunzo yaunokwanisa kufunga wotendera boka kuti ripindure-kwete mutungamiriri.

1. Ndiani akava nyama? Jesu
2. Ndiani akagara pakati pedu? Jesus
3. Ndiani Akaona kubwinya kwake? Johane, munhu akanyora bhuku rino.
4. Chii chakaona Johane muna Jesu? Kubwinya kwake.
5. Chii chimwe chakaonekwa na Johane muna Jesu? Akabva kuna Baba.
7. Chii zvakare chakaonekwa naJohane muna Jesu? Akanga azere nenyasha.
8. Nyasha chii? Nyasha kuitirwa zvinhu naMwari zvaisina kukodzera kuitirwa. Jesu inyasha
9. Zvokwadi chii? Zvokwadi inopikisanane nhema. Jesu vazere ne zvokwadi mune zvaari uye nezvole zvaanotaura.

NHANHO YECHITANHATU:

Shandisa ndima. Ndimu iyi inotidzidzisei? Zvokwadi ye MWEYA inowanikwa mundima iyi ndeipi? Vaite kuti vazviise upenyu hwavo mairi. Mutungamiriri anofanira kutendera vanhu kupindura. Imwe zvokwadi iri mundima”

1. Mwari mavambo
2. Haana mavambo kana magumo.
3. Anogara nekusingaperi.
4. Jesu ndiMwari.
5. Jesu musiki wenyika.
6. Jesu akandisika (uchinyatsozvireva).
7. Jesu azere nenyasha nezvokwadi. Jesu akandipa zvaisina kukodzera kuwana. Jesu vanondidzidzisa kuti zvokwadi chii. (Rangarira kushandisa zvinokutsanangudza).

NHANHO YECHINOMWE:

Verenga ndima inotevera wobva washandisa maitiro mamwechete

ramba unamaitiro iwawa kusvika wapedza bhuku rose, mushure mesvondo yogayoga. Kana mapedza Johane, mobva masarudza rimwe bhuku nekushandisa maitiro mamwechete.

NHANHO YECHISERE:

Vharai nemunamato namatai pasmusoro pezvokwadi yeMweya iyo yaratidzwa naMwari kwauri neboka kubudikidza nechitsauko chamadzidza.

VII. MUVHANGERI WEKUVAMBA BASA NEKUTI ANOTUNGAMIRIRA SEI KUDZIDZWA KWEBHAIBHERI NEIMWE NZIRA .--NA CHARLES BROCK

MAVAMBO

Kudzidza uku, uko kuchatora awa imwechete kuti kupere, kwakanyorwa kuti kubatsire chero munhu zvake kudzidza kutungamirira kudzidza kweBhaibheri achishandisa mamwe maitiro. Zvichava pachena kuti hapana kudzidza kwatingati kunova ndiko kana kudzidzisa basa kwatingati ndiko kunokosha mukudzidzisa tichishandisa matungamiriro aya.

Matungamiriro aya anokwanisa kushandiswa mumadzidzisiro akasiyana akawanda kana mabhuku, zvakadaro, tagadzirira kudzidza uku kunyanya kuzvidzidzo zvinotevedzema izvo zvino fanana nekuvhangeri kwekuvamba basa, kungangova kweizvozvi, zvidzidzo zve vhangeri yaJohane kanazvinoshandiswa kutevera vakatendeuka.

UNOZVISHANDISA SEI?

PACHAVA NE MUTSETSE PAMBERI PEMUBVUNZO OGAOGA. PASI PEMUTSETSE UYU NDIPO PACHAVA NE MHINDURO YEMUBVUNZO URI PAMUSORO. Zvinokosha kuti uwane chimwe chaungavharisa mitsetse yose iri miviri wochipindura mibvunzo yose yepeji iroro. Musure mekuverenga mibvunzo yose nekuzadzisa nzvimbo dzose dzisina chinhu chibvisa chiya chawanga wakavharisa kuti uone kuti wapindura mivunzo

zvakanaka here Ita maitiro mamwechete awa kusvika wabuda panoperera peji.

RANGARIRA KUTI USATANGA WATARIRA MHINDURO USATI WAZADZISA MITSETSE.

1. Zvinotarisirwa pachikamu chino ndezvo KUTI TIONE ZVINHU ZVIVIRI IZVO ZVINOWANIKWA MUNAMAMWE MATUNGAMIRIRO

Matungamiriro mamwe aya haana kufanana nematungamiriro akananga. Mamwe matungamiriro anobatanidzira zvinhu zviviri:

- a. Mutungamiriro anopa zvokuita kuboka
- b. Kuva nokuita basa kuboka.

Mamwe matungamiriro anosanganisira _____ ne mutungamiriro uye _____ neboka.

Kuudza zvokuita

Kuvao muBasa

2. Mamwe matungamiriro haatenderi mutunga miriri kuparidza mharidzo. Anoda mutungamiriro kuti ape

Kuudza zvokuita

3. Kana mutungamiriro achiita zvose: Kutaura, kuparidza, kuimba ne kunamata, uyu ndiwo muenzaniso we

- a. matungamiriro akananga
- b. Mamweo matungamiriro

Kutungamirira kwakananga

4. Boka rinofanira kutora chikamu mukukurukura. Mutungamiriri anofanira kutungamirira boka mukukurukura vakatarisana nechidzidzo. Chinhu chinokosha chimwechete sechikamu cheutungamiriri hwakananga ndechokuti boka _____ vari mubasa

5. Mamwe matungamiriro anosanganisira zvinhu zviviri:

- a.
- b.

Kuudzwa zvokuita nemutungamiriri kuita basa kweboka

6. Zvinotarisirwa muchidzidzo ichi: Unza zvitevedzwa zvishanu izvo zvingatevedzwa pakutungamirira boka mukudzidza bhaibheri tichishandisa hutungamiriri wakananga.

7. MUTUNGAMIRIRI ANOFANIRA KUKURUDZIRA NHENGO DZEBOKA KUITA BASA.

Mamwe matungamiriro haakwanisiki kana kutungamiriri achiita zvose. Mumamwe matungamiriro zvinokosha kuti nhengo dzose dzikurudzirwe ku _____ ita basa

8. Kana mutungamiriri akatonga zvose mukukurukura kwose, nhengo dzeboka hadzina mukana wokuita basa. Kana izvi zvaitika mutungamiriri haasi kuita

mamwe matungamiriro

9. Nhengo dze kirasi dzingaita basa nekuverenga muvunzo, kupa mhinduro, kana kuti kana vakaponeswa, vanganamate mamwe matungamiriro anoda kuti (chipipane izvi) Ave iye anoita basa semuenzaniso watapiwa.

- a. Mutungamiriri oga
- b. Nhengo dzose

Nhengo dzose

10. Ndiani anoita basa kana tichishandisa mamwe matungamiriro mukudzidzwa kweBhaibheri? _____

Nhengo dzose

11. VAPE BHUKU RINE MITSETSE INODA KUZADZISWA RINE MIBVUNZO NE MHINDURO KANA ZVIMWEO ZVEKuverenga ku nhengo. Izvi zvichabatsira kupa mudzidzisi gwara kuboka.

Zvokushandisa izvi zvinokurudzira nhengo kuita basa. Bhuku rinobatsira mudzidzisi kuti ape _____ kuboka. Kunokuruzi rao zvakare nhengo ku

Gwara

ita basa

12. Tichitevera zvidzidzo zvakasarudzwa nemutungamiriri zvichamubatsira kuti ape gwara kuboka. Kana nhengo ye chapupu cha Jehova ichiita basa mumusangano inotangisa nekuverenga magazini echitawara. Izvi zvinoreva kuti mutungamiriri haasi kunyatso pa _____ kuboka gwara.

13. Kana nhengo dzikatevera bhuku _____ rinoshandisa kuzadziwa kwemitsetse isina chinhu, havangotungamirirwe ne mutungamiriri chete, asi ne _____ rekunyorera _____ bhuku rekunyorera.

14. Vamwe vanhu vanonyara vamweo vanodisa kutaura nyange vasingazivi zvavari kutaura pamusoro pazvo. Vanhu vose vemhando idzi ava vane dambudziko rekuita basa. Kuve nebhuku rekunyorera rine mitsetse isina chinhu inoda kuzadziiswa kana zvimweo zvokushandisa zvakanaka zvichakubatsira kugadziridza dambudziko re

_____ kuita basa.

15. Zvinokosha kuti mutungamiriri ape gwara kunhengo nekuvakurudzira kuita basa, Izvi zvingaitwa kana mutungamiriri achivapa _____ kana zvimweo zvekuverenga.

_____ bhuku rekunyorera.

16. TSITSI DZINODIKANWA NEMUTUNGAMIRIRI KANA ACHITUNGAMIRIRA KUDZIDZA KWEBHAIBHERI KUVANHU VASINGATENDI.

Tsitsi dzikanyanya kukosha kana uchishandisa mamwe madzidzisiro, dzimwe nhengo dzeboka dzichada kuita basa zvakananyanya; vamwe havakwanisi zvachose. Murao wokuteverwa nemutungamiriri ndewo kuti nguva yose ave _____ netsitsi.

17. Kana mutungamiriri akabvunza muvunzo nhengo dze boka dzingangova dzinono kamukupindura. Maitiro emutungamiriri angave ekuda kuvakurumidzisa kuti vapindure muvunzo apo nhengo dzichiri kufunga pamusoro pemuvunzo. Mutungamiriri anofanira kuva _____ netsitsi

18. Mutungamiriri anodikanwa kuva ne tsitsi kana nhengo ye kirasi isingazive kuti inowana sei chitasauko kana ndima muBhaibheri. Tsitsi dzakadzai idzi ndidzo dzakakosha kutarisirwa kana munhu

achida kuva mutungamiriri anokunda achishandisa _____ mamwe matungamiriro

19. Nokuda kwekuti vanhu vanogarononoka kuita basa mutungamiriri anofanira kuva _____ netsitsi

20. Tadzidza mirao mitatu kana zvitevedzwa. Ndezvizvi:

a. Mutungamiriri anofanira kukurudzira nhengo dzose kuita basa.

b. Anofanira kupa bhuku rekunyorera kana zvimweo zvekushandisa kunhengo.

c. Mutungamiriri anofanira kuratidza tsitsi. Mirao iyi inokosha

kana mutungamiriri achishandisa _____ mamwe mashandiro

21. MUKUTUNGAMIRIRA BOKA REKUDZIDZA BHAIBHERI MUTUNGAMIRIRI ANOFANIRA KUITA UTUNGAMIRIRI HUNE ZVIBEREKO.

HUTUNGAMIRIRI HUNEZVIBEREKO ZVINOREVA MHANDO YEUTUNGAMIRIRI UHWO NHENGO DZE KIRASI DZICHAKWANISA NEKUKASI RA KUITA IZVO IWE ZVAURI KUITA. Mutungamiriri anofanira kuzvitungamirira munzira yekuti utungamiriri hwake hungava _____ nenhengo dze boka.

_____ runoburitswa.

22. Mutungamiriri akachenjera achafunga pamusoro pekupa mabasa ake ewutungamiriri kune vamwe. Zvino mutungamiriri achagaroda kuona kuti ari kutungamirira sei. Nokuti ndiye muenzaniso weramangwana reva _____ vatungamiriri.

23. Mutungamiriri anoda kuva mberi kweboka kwenguva yakareba sekukwanisa kwake, haana chido chekuburitsa vatungamiriri

vanotora nzvimbo yake. Haana chido chokuita hutungamiriri hune.

zvibereko

24. Hutungamiriri hune zvibereko hunofanira ku (tora mhinduro chaiyo)
- Nakidza
 - Kurerekera pamaitiro akanaka
 - Kwakareruka uye kwaka jeka
 - Kwakananga kune mirao yakawanda
 - Panhanho inowanikakwa iri yenhengo dzeboka

kwakareruka kwake jeka panhanho inowanikwa inhanho yenhengo dzeboka

25. MUTUNGAMIRIRI AKANAKA ACHATANGA
HUTUNGAMIRIRI HWAKE MUMAITIRO OKUTI ANGA
NEVATUNGAMIRIRI
VAMANGWANA

BURITSWA ZVAKARE

26. Tadzidza kuti mamwe matungamiriro anosanganisira kushanda pamwechete kubva kunhengo dzeboka. Boka rinofanira kuvimba naMweya mutsvene kuti ribudirire. MWEYA MUTSVENE OGA NDIYE ANORAMBA ACHIUNZA KUBAIWA PAMOYO NEKUTENDEUKA.

Mabasa amweya mutsvene ndeye _____
ne _____
kubaya pamoyo kutendeutsa

27. Mutungamiriri akasimba anokwanisa nguva zhinji kutungamirira umwe munhu kushandura chitendero chake. Izvi hazvingaitwi kunze kwerubatsiro rwe _____

mweya mutsvene

28. Vatungamiriri vemapoka vanokwanisa kudyara mhodzi dze kudzidzwa kwe Bhaibheri muEvhangeri ya Johane. Mweya Mutsvene ndiye oga anopa kuti mhodzi idzi dzipe zvibereko. Saka, vatungamiriri vemapoka vanofanira kuvimba na

Mweya Mutsvene

29. Ndiani akavimbika pakuunza kubaiwa pamoyo kwechokwadi nekuda kwechivi uye nekutendeuka?

Mweya Mutsvene

30. Tadzidza mirao mishanu kana zvitevedzwa izvo zvinofanira kuteverwa apo unoshandisa mamwe maitiro okutungamirira, nyora pasi mirao mishanu iyi kana kuti zvitevedzwa:

- Mutungamiriri anofanira kukurudzira _____
Kuita basa.
 - Ipa _____ kana zvimwe zvekuverenga kunhengo.
 - Mutungamiriri anofanira kugara ane _____.
 - Mutungamiriri anofanira kuita basa rake rive nehutungamiriri hune _____.
 - _____ oga ndiye anokwanisa kuunza kubaiwa pamoyo nekutendeuka kwechokwadi.
- nhengo dzose
 - bhuku reku nyorera
 - tsitsi
 - zvibereko
 - Mweya Mutsvene

31. Tadzidza zvinhu zvishanu izvo mutungamiriri anofanira kuita mune mamwe matungamiriro. Ikozvino tichadzidza zvinhu zvitatu izvo mutungamiriri asingambofanire kuita apo anenge achitungamirira boka rokudzidza Bhaibheri.

32. Zvinozivikanwa kuti mutungamiriri weboka rekudzidza Bhaibheri aroziva nezvekudzidzwa kwe Bhaibheri kupfuura nhengo dzekirasi. Dzimwenguva mutungamiriri achava ano zvikudza kuda kwemukana uyu. Obva anzwa mupfungwa dzake kuti anofanira kutaura zvose zvaanoziva pamusoro pechese chingakururwa. Maitiro aya ndea _____

- a. Anodiwa
- b. Asingadiwe mune mamwe maitiro eutungamiriri

asingadiwe

33. Mutungamiriri akachenge tedzeka mufungwa mukuziva kwake neukama hwake naMwari haambonzwi mufungawa achida kuti azvzivise pane _____ zvaano _____ - pamusoro pechidzidzo _____ zvose ziva

34. Kuva murunyararo uye nekuteerera hachisi chiratidzo chokusaziva kudivi remutungamiriri. Kana mutungamiriri akanyarara hazvirevi kuti ha _____ azvie

35. Mutungamiriri haafanire kunzwa mufungwa kuda kuti muchidzidzo choga-choga ku _____.

- a. Kutaura zvose zvaanoziva
- b. Kuva simba nechikuriri
- c. Teerera

kutaura zvose zvaanoziva kuva simba nechikuriri

36. Muboka rekudzidza Bhaibheri, umwe achangomukao uyo achada kuzviratidza kuziva kwake. Uyu munhu anodaidzwa “mufungi” KUPARADZA NGUVA KUSWEROITA NHARO NEVANHU VAKADAI. “Vafungu” ava kazhinji vano _____.

(Sarudza zvinodarika chimwechete).

- a. vatsvaki vechokwadi ve zvokwadi
- b. vanoedza kuzvitsvakira kuonekwa
- c. vanoda kutaura

vanoedza kuzvitsvakira kuonekwa

vanoda kutaura

37. “Mufungi” uyo asati ambosangana neruponiso rwe chokwadi haangakwanise kusangana nezvinhu zve mweya. Mutungamiriri anofanira kuva nechido chekukurukura pamusoro pe chidzidzo chipi nemunhu atadza pazvidzidzo zviviri izvi

- a. Ungaponeswa sei
- b. Utatu hwaMwari

ungaponeswa sei

38. “Mufungi” achakurumidza kushanduka kubva pachidzidzo achienda kune chimwe. Ndipo paunona ave mutungamiriri pachinguva ichocho muchidzidzo. Kupikisana kunounza.

- a. nyonganiso
- b. kuisa zvinhu pachena

nyonganiso

39. Boka rekudzidza Bhaibheri richanyongana kana paita _____ nevfungu.

kupikisana

40. Sezvo mamwe matungamiriro achireva kuti nhengo zhinji dzekirasi dzichaitao basa
MUTUNGAMIRIRI ANOFANIRA KUVA NECHOKWADI
CHOKUTI MUNHU UMWECHETE ASATONGE
MUKUKURUKURA. Kana munhu akatonga nguva yose izvi zvinoreva kuti mutungamiriri haana kushandisa _____ eutungamiriri.

_____ mamwe maitiro

41. Kana munhu achitaura nguva yose zvakaoma kunhengo zvinji dzeboka kuti dzi _____

_____ iiteo basa

42. Kutungamirira neimwe nzira kwakanaka kukaitwa basa re _____ nderokupa chokwadi chekuita basa kweboka rose.

_____ mutungamiriri

43. Mamwe maitiro eutungamiriri haatenderi _____ kutonga kukurukura kwose:

- a. munhu mumwechete
- b. vanhu vaviri
- c. Nehngo dzose

44. Tadzidza zvinhu zvitatu izvo mutungamiriri asingafaniri kuita. Mirau mitatu iyi nde iyi:

- a. Mutungamiriri haafaniri kunzwa mufungwa dzake kuti anofanira kutaura _____ Pamusoro rechidzidzo panguva iyoyo. (zvose zvaanoziva)
- b. Mutungamiriri haafaniri _____ nevafungi. (kupikisana)

c. Mutungamiriri haafanire kutendera _____ kuti atonge boka rose.(munhu mumwechete.

45. Ikozvino tichadzidza zvikonzero zviviri sei matungamiriro eimwe nzira akanaka kushandiswa pakuvamba makereke maitsva.

46. Kana tikashandisa imwe nzira iyi.
ZVIRINYORE KUCHINJIRA MABASA EUTUNGAMIRIRI
KUNE DZIMWE NHENGO DZEBOKA.
IMHINDURO YAKARERUKA CHOSE MUKUPA
UTUNGAMIRIRI KUBOKA KUBUDIKIDZA NEKUDZIDZWA
KWEBHAIBHERI KUNOITA KUTI ZUVA RIMWE KEREKE
IVAKWE. CHIMWE CHETE CHEZVINOWANIKWA
MUMUTUNGAMIRIRI AKACHENJERA KUGONA KWAKE KU
_____ UTUNGAMIRIRI.

_____ kuchinja

47. Mutungamiriri ari mufundzi werimwe boka (kereke) angaona zvakamuomera kuenderera mberi achisangana neboka raari kuyedza kuvamba. Nechikonzero ichi zvinokosha kutsvaka mutungamiriri mutsva weboka iri, uye zvinokwanisika kuti mutungamiriri abve ku _____ pacharo. (boka)

48. Nokuti mutungamiriri akachenjera achashandisa mamwe matungamiriro kubva pakuvamba kwekusangana kweboka zvinongowanikwa kuti nhengo dziite basa sezvo boka richiri kukura. Zvichangova zvakare _____ kuti vamwe venhengo vachava vatungamiriri. (zvichawanikwa)

49. Nokuti vose venhengo varikukurudzirwa kuita basa kubva pakuvamba kwekudzidza Bhaibheri, zvichangowanikwa kuti nhengo dzichaenderera mberi muku _____ nhengo imwechete kana kudarika vachava va _____, (kuti basa

vatungamiriri)

50. Kana mutungamiriri asingakwanise kana kuti asingazokwanise nguva dzose kuva mutungamiriri werimwe boka rekudzidza bhaibheri, angaronga sei ramangwana? Anofanira _____ utungamiriri kunhengo dze boka.

(Kuchinjira)

51. Kana ukashandisa mhando yemamwe matungamiriro atadzidza muchidzidzo chino

UCHATANGISA NEKUTUNGAMIRIRA MAPOKA MATSVA AYO ASINA KUNGOMISIRWA KUMUTUNGAMIRIRI AVE NERUZIVO, KUDZIDZIRA BASA KANA MARI.

IZVI ZVINO REVA KUTI VANHU VAZHINJI VANOKWANISA KU _____ BOKA IDZVA. (Tungamirira)

52. Mutungamiriri uyo achiri muKristu mutsva anokwanisao kutungamirira kudzidza kweBhaibheri kunyange asina _____.

(Ruzivo).

53. Nyora, ichokwadi “T” kana inhema “F” munzvimbo dzisina chinhu.

a. _____ munhu aka vanekudzidziswa kwakasimba pachikoro chinodzidzisa vafundisi ndiye anga kwanise kutungamirira kudzidzwa kweBhaibheri mudzimba.

b. _____ murimi anekudzidza basa kushoma angabudirira pakutungamirira kudzidza Bhaibheri mudzimba.

(Mhinduro dzose ichokwadi)

54. Ndiani ane mari yakakwana kutangisa boka rekudzidza Bhaibheri mudzimba? (Sarudza chimwechete kana kudarika pane zvekusarudza).

a. gweta, b. muvezi, c. chiremba, d. murairidzi, e. museveni wepano gadzirwa zvinhu

(Vose)

55. Tichienda nezvatadzidza, mamwe matungamiriro ndiwo matungamiriro chaio atingatangisa nawa mapoka ekudzidzisa Bhaibheri mudzimba anopedzisira ava makereke. Maitiro akanaka nokuti.

a. zvirinyore ku _____ utungamiriri kuneimwe nhengo yeboka.

b. vanhu vazhinji vangatangisa mapoka aya nokuti hazvinei kuti munhu ave ne _____. (nekuchenjera Ruzivo, kudzidziswa, ne mari)

56. DZOKORODZO YEZVATADZIDZA

I. Mamwe maitiro ekutungamirira anosanganisira zvinhu zviviri

1. _____ remutungamiriri

2. _____ kwenhengo

II. Zvinhu zvishanu zvokurangarira mukutungamirira boka rekudzidza Bhaibheri ndeizvi:

1. Mutungamiriri anofanira kutungamirira _____ kwe _____ dzose.

2. Ipa bhuku _____ kana zvimwe zve ku _____-zvakanaka.

kapepa kevhangeri kaunozvisarudzira nguva dzose paunoratidzirwa kwekuti uverenge kubva mubhuku rino. Zvimwechete izvozvo zvinoitwa kune chero chidzidzo chaunowana pane zvakanyorwa pamusoro patabva.

va Charles Brock, mumishinari muFilipayinzi (Philippines) uye anova munyori wamaitiro aya vanopa sezano nhanho dzinotevera:

I. MUSANGANO WOKUTANGA

A. MUVAMBI WEBASA ANOFANIRA KUTORA ZVINOTEVERA PAKUENDA KUMUSANGANO:

- a. Testamente itsva
- b. Chinyoreso.
- c. bepa
- d. bepa rine makorasi anoenderana nechidzidzo
- e. bepa revhangeri, ungava neupenyu hutsva sei, zvidzidzo zvinowanikwa muevhangeri yaJohane kana zvimweo zvidzidzo zvaangaronga kushandisa.

B. Muvambi webasa anofanira kuzvipira nekusimbisa kuti mudzidzisi we Bhaibheri.

C. Muvambi webasa anofanira kuisa pachena chinangwa chake.

Anofanira kusimbisa zviripachena kuti haade kukurukura nezve chitendero, pfungwa, zvevatongerwo enyika, asi kuti anoda kudzidza shoko roMwari.

Ungati, "Chinangwa changu ndechekugoverana nemi nyaya yakanaka yeMuBhaibheri."

Pakutangisa kwemusangano wekutanga, muvambi anofanira kuverenga zvinonzwikwa muna Johane 3:1-18, nekupa tsanangudzo nekukurumidza. Chido chake hachifanirekuva chokuparidza, asi kungo tsanangura chete chinangwa chake. Mumaitiro chaiwo, zvinotaurwa nemuvambi webasa hazikoshe. Nekuti vanhu havasati vava kuvimba naye.

Anofanira kuti, "Nikodimo ari kutsvaka chokwadi. Ndichadzidzisa vhiki roga roga kwemavhiki manomwe pamusoro pevhangeri yaJohane. Zvidzidzo izvi zvine mitsetse isina chinhu inoda kuzadzikiswa. Mhinduro yemibvunzo iyi inobva muBhaibheri. Zvidzidzo zvakanyanya kunangana nevakuru uye vechidiki. Vana vangaita basa, asi vakuru nevechidiki ndivo vanopiwa zvidzidzo."

D. Muvambi webasa anofanira kukumbira munhu wose kuti anyore zita rake pabepa, achiisa nemakore ekuberekwa nezva rekuberekwa. tsanangurira vanhu kuti hurongwa uhu ndehwako hwauchashandisa kunamatira nhengo imwe naimwe yeboka: zvakare tsanangura kuti pamusangano unotevera uchavi gira nhengo imwe neimwe yeboka evhangeri yaJohane. Hurongwa uhu hunofanira kuiswa muchikamu che "Zuvanezuva" chebhuku rako rezve kunamatira.

E. Muvambi webasa anofanira kuchivazivisa makorasi matsva, nekuvakumbira kana vangada kuadzidza. Rega boka rizvisarudzire. Kana vakasarudza kuimba nziyo, vadzidzise korasi imwe kana mbiri dzakanaka.

F. Muvambi webasa anofanira kusarudza korasi imwe sekorasi yehurukuro.

G. Muvambi webasa anofanira kupa munhu ogaoga bepa revhangeri rakakanzi

'UNGAWANA SEI UPENYU HUSINGAPERI.', KANA MAMWEO MAPEPA EVHANGERI EKUVHANGERESA. IZVI NDEZVEKUTI VAVERENGE KUMBA

H. Ingovai ne awa rimwechete pakusangana koga kana mapedza awa rimwechete zvingakosha zvakanyanya kuti mubve muende kuneimwe nzvimbo yamakaronga kusangana.

2. MUSANGANO WECHIPIRI

A. Muvambi webasa anofanira kuunza zvinotevera:

- a. Bhaibheri
- b. zvinyorwa zvevhangeri yaJohane (Tora

- anehuwandu aunofunga kuti ndiwo unodiwa)
- c. zvidzidzo zveBhaibheri zvemuvhangeri yaJohane.
 - d. bepa re nziyo
 - e. bepa revhangeri rakanzi UNGAVA NEUYPENYU HUSINGAPERI SEI, KANA MAMWEO MAPEPA EVHANGERI EKUVHANGERESA

Kana uine vanhu makumi maviri kusvika kumukumi mashanu vanopinda musangano wako unotevera; unokwanisa kutarisira chidimu chehuwandu uhu kuti uyenderere mberi kusvika pakugma, kana zvidzidzo zvinomwe zve Bhabibheri zvezvidzidzo zvevhangeri yaJohane zvakadzidziswa kuvanhu makumi maviri, izvi zvokodzera kuvamba kereke.

Musangano wechipiri wotoda tsitsi dzakawanda kuchikamu chomuvambi webasa, zvakare nekune imwe misangano. Tsitsi dzakawanda dzinodiwa kune avo vasina chavanoziva nezve Bhaibheri. Muvambi webasa anofanira kuratidza nhengo imwe ne imwe yeboka kuti inowana sei zvitsauko nendima muBhaiBheri.

B. Chimiro chehurongwa

- a. Imbai makorasi matatu
- b. Imbai korasi ye hurukuro
- c. Unganidza mapepa ekuimbira
- d. govera zvidzidzo zveBhaibheri zvevhangeri yaJohane, (Ingopa chidzidzo chokutanga)
- e. Govera vhangeri yaJohane
- f. dzidzisa chidzidzo uchishandisa mamwe madzidzisiro
- g. Pakupedzisira bvunza mubvunzo, “Pane angava nemubvunzo here?” Kana pasina mibvunzo, pfiga musangano ne munamoto.

3. SVONDO YECHITATU

Iyi ndeimwe zvakare svondo yekupa sarudzo. Muvambi webasa anofanira kuregedza boka kuti risarudze mutungamiriri

kunzvimbo achatungamirira hurukuro musvondo rinotevera. Muvambi webasa haafanire kuyedza kusarudzira boka mutungamiriri asi anofanira kuona kuti anenge aripo achipa rubatsiro kuitira kuti vasarasike padzidziso.

4. & 5 SVONDO YECHINA NEYESHANU
MUTUNGAMIRIRI WEPANZVIMBO ACHATUNGAMIRIRA
KUDZIDZA, UYE MUVAMBI WEBASA,
ASINGABVIRINGIDZI. ACHANGOVA MUTEERERI.
MUTUNGAMIRIRI WENZVIMBO ACHARAMBA.
ACHIENDERERA MBERI

6. SVONDO YECHITANHATU SVONDO RINO MUVAMBI
WEBASA ANOFANIRA KUTSVAKA CHIKONZERO CHEKUTI
SEI ASINGAPINDI MUSANGANO, ASI ANOFANIRA
KUTSANANGURA KUTI MUSANGANO UNOFANIRA HAO
KUENDERERA MBERI.

7. MUSANGANO WECHINOMWE

Zvidzidzo zve NYAYA YAKANAKA zvinoratidza vanhu kuti vangava neupenyu husingaperi sei nemuna Jesu Kristu. Musure mevhiki nhanhatu yezvidzidzo izvi vanhu vazhinji vachange vazvigadzirira kuzvipira upenyu hwavo kuna Kristu. Ndiwo maitiro echikamu che chitiko chaachatanga.

Mushure mekudzidza, muvambi webasa anofanira kugovera bepa revhangeri, UNGAVANE UPENYU HUSINGAPERI SEI agonyatso tsanangura nezvaro. Pachinhanho chino anofanira kupa kukoka kwakananga nekutsanangura kuti munhu ogaoga anofanira kugamuchiri Jesu saiye oga ishe namuponisi wake. Muvambi webasa anofanira zvino kuchitungamirira munamoto seavo varikuda kugamjuchira Jesu.

8. MUSANGANO WECHISERE

Vhiki rino nderimwe vhiki re sarudzo huru. Chidzidzo chakapera

chapepete zvidzidzo zvinotevera. Parizvino vamwe vangave vakagamuchira Kristu vakaponeswa. Muvambi webasa anofanirao kunge achidzidzisa nziyo itsva sekuve nadzo kwake vhiki rimwe ne rimwe.

Pachinzvimbo chekuti atangise chidzidzo chechinomwe (musangano wechisere) muzvidzidzo zve Bhaibheri zvevhangeri yaJohane zvino teverana, muvambi webasa, kana angasarudza izvozvo, angadzidzise “Zvokwadi nhanhatu yemutendi mutsva.”

Kana muvambi webasa asarudza kusashandisa chidzidzo ichi panguva ino iyi, anofanira kurangarira kuchidzidzisa pane rimwe zuva.

Ikozvino yave nguva yeboka yekupa sarudzo. Muvambi webasa anofanira kuvhunza kana vangada kuramba vachidzidza pamwechete. Kana mhinduro iri “Hongo” anofanira kuvapa zano rekuti vadzidze zvinobatsira kutevera vakatendeuka. Shanduko huru ichaitika. Panguva uino. Muvambi webasa anofanira kupa zano rekuti mapoka ose asangane pamwechete kana zvichigona. Kana izvizvisingagone, anofanira kana zvingaita kubatanidza mapoka maviri. Mapoka aya anofanira kuyedza kusangana pamwechete munzvimbo imwechete.

IX. MUVHANGERI WEKUVAMBA BASA NEKUTI ANOTUNGAMIRIRA SEI KUDZIDZA BHAIBHERI RENYAYA YAKANAKA

I. CHINHANHO CHESARUDZO

Muvambi webasa asvika pachinhanho chesarudzo. Zvino achatangisa musangano ne vose vevanhu avo vakapedza zvidzidzo zve ivhangeri yaJohane. Pachinhanho chino anofanira kuita zvinhu zviviri.

- A. Tangisa zvidzidzo zvekutevera vatendeuka.
- B. Tangisa mamwe mapoka mana kana matanhatu

uchishandisa zvidzidzo zvinotevedzana zve mu evhangeri yaJohane nevatsva vaunotaririra kutendeuka. Muvambi webasa anofanira kutungamirira zvinoshandiswa. Pakutevera vatendeuka achishandisa mamwe maitiro ekutungamirira.

C. Kana muvambi webasa asina kudzidzisa ZVOKWADI NHANHATU DZEMUTENDI MUTSVA idzo dzakanyorwa na mufndisi Thomas Akins mumusangano wechisere anofanira kuita izvi asati atangisa zvinobatsira kutevera vakatendeuka.

X. KUZIVISA MADZIDZISIRO EBHAIBHERI NENGANO NAVA J.O. Terry

NGANO DZEBHAIBHERI, CHII ICHI?

Ngano dzeBhaibheri kushandiswa kwengano dzeBhaibheri pasi pose kune chikonzero chekuvhangeri, kudyara makereke, kuvaka vadzidzi, kudzidzisa basa vatungamiriri, nehushumiri. Ngano dzeBhaibheri dzinosiyana nedzimwe nzira dzekudzidzisa nadzo Bhaibheri nekuda kwekutsamira kwekudzidzisa uku pakutsanangura zvinotaurwa kana rungano rweBhaibheri zvachachengetedzwa. Zvengano dzeBhaibheri izi zvinowanzo shandiswa muzvimiro zvekudzidzisa kwekuratidzira zvichibatanidzira kuratidza zvazvimoreva, zvikamu zvinotungamirira nekushandisa kwakareruka muupenyu hwanhasi.

Bhaibheri riri zvikamu mukumi matanhatu kusvika manomwe kubva muzana muchimiro chekutsanangura zvachaitwa. Rakatakura “NGANO CHAIDZODZAKAITIKA idzo dzino nyatsoronedzerwa uye dzichivanika muchitsauko kana kudarika serungano. Mienzaniso ye izvi ingano dza Adama na Eva, kaini na Aberi, mvura zvinji, kupa kwa Abrami saki sechibairo nezvimweo zvakanwanda. Chokwadi ndechekuti kune mazana ne mazana engano ayo anowanikwa mamwe acho achibata zvitsauko zvakanwanda mubhaibheri uyemamwe akapedziswa muchidimbu mundima shoma-shoma.

Pane ngano dzinosanganisira apo tinowana zvose zvinotsanangurwa zvakasanganisi rwa muBhaibheri kwete munzvimbo imwe, kana kunyorwe serungano. Kusikwa kwenyika yeMweya ndeimwe yengano idzodzo kana ukagamuchira zvakaikita muna Ezekieri 28 na Isaya 14 sokutaura kwadzo nezvenzvimbo yekutanga yaSatani ne kuwa kwake. Muna Mapisarema 148:2, na5 zvichisanganisa nezvimwe zvitsauko ndipo patinoona pachitanga kubuda rungano rwekusikwa kweMweya, kwatinoziva sengirozi, neidzo dzakazove madhimoni. Pane dzimwe ngano dzinoenderana ne tsamba dza “pauro muchikamu che tsamba dzake Pauro sokutaura kwake pamusoro pezvinhu zvakaikita sezve chivi chemukomana we chidiki mukereke ye paKorinte, Kusatorwa zvakanaka kwechirairo chashe, uye nekutsauka kwava Garatia zvichibva muvadzidzisi venhema.

Ngano zhinji dzakataurwa sengano Jesu kana kuti ingano dzezvakaitwa naJesu pavaidzidzisa, nekuporesa nekuregerera chivi, nekuunza rugare, uye nekupa zvekudya vane nzara. Jesu vakatangisa kudzidzisa nemifananidzo nekuda kwekupikisa kwevatungamiriri vechitendero (Tarisa Mateo 13:10-13 na Marko 4:1,2,33,34). Musure Jesu vakatsanangura kuvadzidzi vake zvinoreva ngano dzaakaudza veruzhinji.

SEI TICHISHANDISA NGANO?

Pane zvikonzero zvakananga sei ngano dzemuBhaiBheri dzichifanira kushandiswa nyangwe zvazvo dzimwe nzira dzekupupurira nekuvaka vadzidzi dzichishandiswa.

CHIKONZERO CHEKUTANGA ndechekungoti bedzi vazhinji vevanhu vasina kusvikirwa neshoko vemunyika vanogara mutsika nemagariro enhaurwa umo vanhu vanogoverana nyaya nekutaurirana, nekudzidza zvinhu zvitsva nekutaurirwa, nekudzidzisa vamwe nekutaurirana. Mutsika ne magariro aya ngano dzinopfekerwa sechiitiko chokuti zvinhu zvinokosha zviraragarirwe kubudikidza nemungano. Vanhu vane magariro netsika okutaurirana vanosarudza ngano kuti dzive pakati pekudzidziswa kwavo nyange zvazvo vachidzidza nedzimwenzira. Vanowanzo tsanangudza vanhu nekutaura ngano pamusoro pavo. Imwe nzira yekudzidzisa nezva

Mwari ndeyekutaura nezverungano rwaMwari nebase rake. Ngano dzinogona kutaurwa dzigotaurwazve naavo vanorunzwa.

CHIMWE CHIKONZERO nekuda kwekuti vanhu vanosarudza tsika nemagariro okukurukura ndicho chikonzero chokuti havakwanise kunyora nekuverenga. Nyange vamwe mutsika ne magariro vangakwanisa kuverenga nekunyora, vamwe, kunyanya vechikuru vati kurei, hava kwanise kuverenga nekunyora zvachose. Kana vaverengi vangava zvirema mune zvaanokwanisa kuverenga nekunzwisisa. Kukunda dambudziko rokusaziva zvakananga ndicho kachinova ndicho chikonzero chinosimba chokushandisa ngano kuratidza nekurairidza vanhu.

Munedzimwe nzvimbo Bhaibheri ringavapo munzvimbo yedunhu yekutengesera riri mururimi rwezvekutengeserana runoshandiswa mukutengeserana uye kufamba kwavanhu, asi kwete ne mutauro wepamoyo wemutauro wevanhu. Izvi zvinoreva kuti mavara mazhinji echitendero haazivikanwi kana kusashandiswa zvakananga nevanhu.

CHIMWE CHIKONZERO CHINOKOSHA ndechokuti ngano dzinoshandiswa numzira dzekushandisa ngano mukuvhanga kunyanya ndezvokuti zvingava pakune zvinodzivirira kutsika dzamapirwa evhangeri kupa zvakananga hondo yevhangeri. Iri harisi zano rekuyedza kuvandira vanhu kuti fateerere ku nezvavasingadi kunzwa. Asi kana ngano dzemuBhaiBheri dzichivavaraidza ivoo vakapa kuteerera kwavo kuti vadzinzwe, mweya mutsvene anogona kushandisa izvo zvirikunzwikwa nevanhu kuti vaoneswe zvivi zvavo uye nekushaya kwavo muponesi.

CHIMWE CHIKONZERO Kushandisa ngano dze Bhaibheri kuitira kupa vanhu Bhaibheri rekutaurirwa. Bhaibheri rekutaurirwa chii? Bhaibheri riri mungano, zvirevo nendima dzemusoro idzo dzicharanga rirwa na vanhu nekudzidza zvakananga vamwe vanhu. Rinozopedzisira rava Bhaibheri rinorarama muupenyu hwavo.

Tisingazvitarisire, tose zvedu tine Bhaibheri rekutaurira remhando dzakadai mumoyo yedu sekukwanisa kwatingai takurangirira zvinoneka zveBhaibheri zvekutaura kubva kungano dzatakanzwa sevanana, mharidzo dzatakanzwa kana kuzviverengera nekudzidza kwatinoita Bhaibheri.

TINOSHANDISA NGANO DZEBHAIBHERI DZIPI?

NZIRA INONYANYA KUZIVIKANWA iyo yatinoziva tose ndeye MUSORO WERUNGANO, inonyanya kufanana ne musoro werungano rwechidzidzo cheBhaiBheri. Ngano dzepamusoro dzinogaro shandiswa kuratidza zvokuita nekuvaka vadizdzi uye inzira yakanaka yekupa gadziridzo yekudzidzisa sezo zvidzidzo zvakati wandei zvengano zvichiunzwa kutakura basa. Ngano dzepamusoro idzi dzinonyanya kushanda nevanhu vagara nechekare vachiziva ngano uye paine kugamuchirika kwakati o kwe Bhaibheri nedzidziso yaro ari mararmiro chaiwo kupe nyu hwavo. Umwe wemukanayeisiri yakanaka yekudzidzisa kwemusoro ye hurukuro ndeyokuti, kunze kwekuti ngano zhinji nezvidzidzo zvizhinji zvikashandiswa, ngano dzinogona kududzirwa zvakare kana kuumbwa zvakare nenzira isati iri iyo kuitira kutsigira maratidziro asiri iwo. Mungano dzinonyatsoshanda zvakasimba nekutonga kwaMwari pavanhu vatadzi kungapa chimiro chekuti Mwari ndiMwari akatsamwa uyo ari kutsvaka mukana wakuparadza nao vanhu. Ngano dzakadza dzinenge dzichifanira kuenzanisirwa nengano dzinopa nyasha dzaMwari mukupa mukana wokupunyuka kubva mukutongwa kwe chivi kana mutadzi angamutenda nekuita zvava kaudzwa naMwari kuti vaite. Ngano dzepamusoro dzinonyanya kukosha mukushandiswa mukuvaka vadzidzi nekudzidzisa basa vatungamiriri.

NGANO DZAKORONGWA SEMAITIKIRO ADZO ndeidzo dzinoshandiswa zvichiedenda nenguva yadzakaitika kuitira kuti ngano imwe neimwe itungamirire kupinda murungano runotevera kana muneimwe nzira gadziririra ngano dzinotevera. Apo rudzi rutsva mamishinari pavaitora basa rinotevedzanisa rekudzidzisa

kwaiva kudzidzisa kunotevedzaaniswa kwekuisa zvidzidzo pachena. Kurevakuti, vakadzidzisa kubudikidza nengano dzeBhaibheri vachitevera kutevedzanisa kwehurongwa kwenguva nekushandisa maitiro ayo mamishinari ekumadokero akadzidziswa basa anoshandisa . kutsanangurwa kwendima ne ndima vachipa dudziro yezvino-dzidziswa neBhaibheri, asi pasina kuratidza simba rekuchengetedza ngano dzeBhaibheri saidzo dzinotaura. Izvi hazvirevi kuti zvazvakaita vakakanganisa, zvonongova bedzine miganho inowanikwa uye hazvizokwanisa kuva maitiro anopa zvibereko semaitiro etsika yekutaurirwa inosanganisira ngano dzeBhaibheri.

SEI TICHITEVERA KUTEVEDZANISA KWEHURONGWA HWE NGUVA?

Chikonzero chikuru ndechokuti zvinotevedza hurongwa hunoenda nekuitika kwengano dzacho, dzino wani kwa zvakare kuri kurongedzeka kwakangogara kuri kwe ngano dzacho. Vetsika yekuita zvekutaura vanodisa kutanga mukuvamba nekutaura ngano semaitikiro adzo. Ndiyo nzira yavo yekurangirira nayo ngano muurongwa sekuitika kwakaitika ngano. Kungo uruka uruka muhuronga hwe ngano kunokwanisa kuva kunotonyanya kuva kanganisa.

PANE CHIMWE CHIKONZERO chekuchengetedza kutevedzaniswa kwekurongedzeka kwe ngano. Neavo vasingawadzane ne vhangeri avo vanowanikwa vhangeri richivadenha mukutenda kwavo., zvinokosha kuva nengano kuti vanhu mumwe adzidze pamusoro pemumwe. Iri ndiro boka rengano, kana ngano dzakawanda dzakafanana, dzinopindirana dzichiedza kusimbisa zvokwadi zvirinani. Muenzaniso weizvi ingano dzineukama nechivimbiso chaMwari kuna Abrama uko kwakaenderera mberi nemuvana vaAbrama kutangira pana Isaka kwete Ishumaeri. Hurukuro, dzinowanikwa mungano sezvivimbiso, vatauri murungano, nezvimweo. Zvose zvino batanidza rungano pamwechete zvichiita kuti zvinyanye kuoma kushandure rungano

kunyange usingafanire zvarunodzidzisa.

Zvinokosha kuti ugadzirire vanhu kuti vanzwe nyaya yakanaka yamuponesi. Gadziriro chaiyo yeizvi ndeye nyaya yakashata yemamiriro emunhu echivi, kudavira kwake kuna Mwari, nekusa kwanisa kwake kuzviponesa kubva kuhasha dza Mwari. Nokudaro ngano dze testamente tsaru dzinoita kupa kunokosha pakupa ngano dza Jesu sechizadziso chichiporofita nevimbiso yose.

PANE MHANDO MBIRI DZOKUPA NGANO DZE BHAIBHERI
idzo dzinogaro shandiswa mukukwezva vanhu mukunzwa evhangeri.

RUMWE RUNGANO RWEMAMIRIRO EZVINHU urwo runobata sehushumiri hwakasimba kumunhu mumwe nemumwe kana dzimhuri. Runongova rungano, runongo sarudzwa sekupindirana kwarwunoita kunezvino ngoititika mune izvo mutauri werungano we muBhaibheri anemukana wekurushandisa. Kushandiswa kwerungano runo pindindirana namamiriro ezvinhu kupa kukoka kwokupinda mumusha kuti munanamatire nhengoye mhuri kana zvinoshaikwa ne mhuri. Uyu mukana wekusimudzira Jesu Pamberi pavanhu kubudikidza ne murungano runokurumidza kutaurirwa vanhu usati wanamatira zvakumbirwa. Rungano runopa zvakare kudzoka zvakare nekuvaudza dzimwe ngano nezva Jesu kubva mushoko raMwari. Ngano dzeBhaibheri dzinogona kushandiswa nyangwe pamichato, pandufu, kunyange dzimwe nzvimbo pangawani, kwa rungano ruchienderana nezvirikuitika.

IMWE MHANDO INOSHEVEDZWA KUTI KUMANYISA
VHANGERI NEKUKASIRA iyi icha kurukurwa nguva inotevera.

UNOTANGIRA PAPI KANA UCHIGADZIRIRA KUPA NGANO
DZE BHAIBHERI?

Pane zvinhu zviriri zvinokosha **KUMUPIWE NGANO KUTI**
AZIVE. UKU KUTORA MUKANA WEKUTI AZIVE KUTI
NECHEKARE ANERUZIVO RWEKUSHANDA NESHOKO

RAMWARI.

CHOKUTANGA mupi we ngano anofanira kuziva nezve zvokwadi yeBhaibheri inokosha iyo inofanira kunzwickwa ne munhu nekunzwisisa kuti azarurukire kuruponiso. Pane hurongwa hwakapiwa sezano yezvokwadi gumi ne mbiri dzinofanira kufungwa nezvadzo nemupi wengano mukugadzirira kwake. Hadzisi dzose zvokwadi idzi dzinozoda kushandiswa zvakafanana sezvo dzimwe nechekare dzanga dzanzwisisi kwakana kuti dzimwe dzanga dzisina kudenhwa nekutenda kwaavo kurikooneka. Vamwe vangangoda kubatwa kwakanyanya kukura sezvo vanhu vangangova vakanyanya kupindwa nezvavanotenda nekuita mutsika dzavo. Chinhanho chinokosha kutangira ndeche ukuru hwaMwari zvichisanganisira ukuru hwake pamusoro penyika ye Mweya zvimwechete penyika ino nevanhu vayo vose. Imwe zvokwadi ine chokuita pamaonero anoita vanhu vemunhu pamusoro pe chivi uye nekuti chivi ichocho chingaregererwa sei. Zvimwe zvine zvokuita nezve shure kweupenyu, zvinowanikwa mahuri, uye ani anoenda kupi. Chikurusa ndechokuti ivo Mwari pachavo vakapa muponesi aidiwa kubudikidza nekuvimbisa kwake. Heunoi urongwa hwatapiwa sezano.

ZVOKWADI ZVINOKOSHA ZVE BHAIBHERI ZVINOTUNGA
MIRIRA KURUPONESO

1. Mwari ivo voga mukuru, akabata basa munhorondo ne kutaurirana ne munhu.
2. Mwari vane masimba ose, vanoziwa zvose, mviromviro dze nyasha (Rudo, rugare, tsitsi, kuregerera, ruponiso, kupa zvinoshaikwa nemunhu.)
3. Mwari vanotaura nevanhu vavo kubudikidza ne shoko ravo, uye vakavimbika kuri chengetedza.
4. Mwari vanoda munhu nekuda kuwadzana naye.
5. Mwari vakarurama, vanovenga chivi.
6. Mwari vanoranga chivi nerufu (Kuparadzana naMwari.).

7. Munhu anodaira kuna Mwari panezvose zvaanotaura nekuita.
8. Munhu mutadzi akaparadzaniwa naMwari nokuda kwechivi chake.
9. Munhu haana chaano kwanisa kuita kuti azviponese pakutonga kwaMwari kwakarurama.
10. Munhu anokwanisa kusvika kuna Mwari (kuva nekuwadzana naye) kubudikidza nechipiriso chakakwana (chinogamuchirika). Izvi zvinosanganisira rutendo nekuvimba naMwari.
11. Jesu mwanakomana, umwe oga akatumwa na Mwari, naiye oga chibairo chitsvene.
12. Ruponiso runosanganisira kutendeuka nerutendo mukupa kwakaita Mwari vachipa Jesu sashe naMuponesi.

Hurongwa kwezvokwadi yakadzama yeBhaibheri inopa nzira yemaitiro ekuronga ngano semamiriro adzo idzo dzinotaura pamusoro pezvokwadi. Uhu hurongwa uhwengano dzinogona kushandiswa mukuvhangerana kana mupi wengano asina chaanoziva pamausoro pechimiromo munyika pavanhu vaakatirisa kubatsira. Hurongwa uhwu mavambo akanaka pakuvaka chikamu chezvokwadi zveBhaibheri mukuvhangerana. Pangangodiwa wo dzimwe ngano dzekubatsirana nedzimwe ngano kuti dzigone kunyanya kushanda kune vamwe vanhu. Hurongwauhu haupinzire ngano, dzingangodiwa, dzingava pakati pengano huru kana kutaura nezvokwadi zvimwe zveBhaibheri izvo zvinoda kunyatsoteererwa nekudzamisa mukudzidza.

ZVAKARE, URONGWA UHU HURONGWA HUNOPIWA
SEZANO HWENGANO DZIMWECHETE IDZO, IDZO
DZINGASHANDISWA KUBATA ZVOKWADI
YEMUBHAIBHERI:

HURONGWA HWENGANO DZEMAVAMBO

1. Kusikwa kwenyika
2. Kusikwa kwemunhu

3. Chivi chekutanga nekutongwa kwa Adama na Eva
4. Kutongwa kwenyika yechivi munguva ya NOA
5. Chivimbiso chaMwari kuna Abrahamama chizvarwa icho kubudikidza nacho Mwari vacharopafadza nyika.
6. Mwari vanopa chibairo chokutsivira Isaka
7. Paseka - Ropa ne Gwaiana
8. Mwari vanopa mutemo wavo mutsvene - mitemo ine gumi
9. Mapiro echibairo - Kuteurwa Kweropa rechipiriso kufukidza chivi.
10. Shoko remuporofita nevimbiso yemudzikinuri uyo aчатambudzikira vanhu.
11. Kuzvarwa kwaJesu sekutaura kwechiporofita
12. KuBhabhatidzwa kwaJesu - Tarirai Gwaina raMwari uchapupu hwa Johane nemweya
13. Jesu na nikodimo - “Unofanira kuzvarwa patsva”
14. Jesu vanesimba nechikuriri pakuregerera chivi - munhu akafa mitezo ne shamwari ina.
15. Jesu vanesimba pamusoro penyika - vakanyaradza gungwa.
16. Jesu vanesimba pamusoro pemadhimoni dhimoni repa Ghadhara
17. Jesu ndiye kumuka - Jesu akamutsa Razaro kubva kuvakafa.
18. Abrahamama, Razaro nemurume mupfumi - munhu anofanira kutenda shoko revaporofita muupenyu huno.
19. Chirairo chekupedzisira “Uyu ndiwo muviri wangu wakabvarurwa neropa rakateurirwa imi”.
20. Jesu vanotengeswa, nekusungwa, nekupiwa mhaka pasina, nekutongwa nekupiwa murango werufu sekutaura kwechiporofita.
21. Kuroverwa pamuchinjikwa, kusarudza nekuramba Jesu, “Zvaperu”.
22. Kumuka kuvakafa nekonekwa nevadzidzi neva teveri.
23. Jesu vanodzokera kuna Baba, kukwidzwa
----Dzinotevera ingano dzaungango shandisawo mukuratidza nyika yemweya.
24. Jesu mupirisita wepamusoro wechokwadi (VaHeberu 8-9), murevereri kuna Baba
anonamatira zvivi zvatendi (Varoma 8:34, VaHeberu 7:25)

25. Kudzoka kwaJesu achigamuchira vatendi kuti vauye kwaari, kutonga nekuranga kunova ndiko kuzadzisa zvimbiso zvose ne zviporofita.

Chinowanikwa chiri chisina simba chehurongwa hwengano idzi ndechokuti zvekutenda kuzhinji kunokosha kwevanhu vanoda kusvikirwa hakusi kutaurwa nezvako zvakanyanya. Munedzimwe tsika vanhu vangangova nekunzwisisa kwe kuva nechivi kwavo nechido chekugamuchirwa na Mwari nekuiswa mumhuri yake. Mune dzimwe tsika vanhu vangangova nemafungiro ekuzvipa mhosva mukurwadziwa kwavo nechivi nekurangwa kwacho vagoenderera mheri vachigumbutsa nechii zvacho chinounganidza munhu na Mwari chichipa kuti munhu ave neukama naMwari ari pamusoro pezvinhu zvose. Ngano dziri pamusoro pehushumiri hwaJesu dzinosarudzwa kuona Jesu kuti anesimba nechikuriri saBaba.

Zvinodirwa kunzwisisa kwakakwana mumaonero anoitwa nyika nevanhu. mutauri we ngano dze Bhaibheri, naiyewo, sevamweo vanotsvaka kuvhangeri vanhu vanofanira kunzwisisa zvimwe zvezvinokosha zvezvinozivikanwa nenyika yavo. Izvi zvinokosha nokuti mukuona zvinozivikanwa nenyika munepfungwa dzokutsvaka kuti vanhu vanodyidzana sei nezvi Mwari. Zvinofamibisa upenyu hwavo, avo vano zviona sei pachavo, chii chakaipa kana chine ngozi uye kuti vano zvichenesa sei pakuita zvakaipa. Zvinokosha zvekupa musiyano pakuitwa kwawo ndezvokuti chimiro chenyika chinofanira kuzivikanwa, kwete kuti mutauri wengano dze muBhaibheri angopinda zvirinyore mukuzvidzivira kurwisana nekutenda kuti kuri iko, asi kuti mutauri wengano dze muBhaibheri aite vanhu kuti vapinde pachinhanho chikuru chezvinoshaikwa muupenyu hwavo hweMweya apo pamunorwisana nekutenda kunodzivirira kunzwisisa nokugamuchirwa kwenhangeri. Nzira chaiyo yokutsanangura izvi ndeyekuti uti varhu maonero avandita upenyu hwe munyika anofanira kuzivisa nekuratidzira kushanda kwe zvokwadi yeBhaibheri mukupupura. Izvi zvinoreva kuti masarudzirwo engano dzekushandisa uye hurukuro dzinoubwa

munguva dze ngano zvinofanira kuva neukama pose pangava pazvokwadi yeBhaibheri kana zviripo semaonero evanhu nyika. Kuziva maonero avo nyika kunobatsira zvakare mutauri wengano kuti azive dzimwe ngano idzao dzinofanira kusiiwa idzo dzingatadza kunzwisiswa kwa kutowedzera kupokana kwakanyanya kuvhangeri. Hapana nzvimbo pano yekuti tiende mukutsananagura kuzere kwekuti tingaongorora sei maonero evnahu nyika. ASI PANE ZVINHU ZVINOBATSIRA ZVINE CHOKUITA NEMAONERWO ENYIKA IZVO MUTAURI WENGANO ANOFANIRA KUZIVA NDEIZVI:

ZVINOSHAIKWA ZVINOFANIRA KUZIVIKANWA - Apo vanhu vano zviona sevanoshaya - kunyanya munharaunda yezve mweya.

NHANHO DZESHANDUKO MUTSIKA DZAVO - Apa ndipo shanduko payanga ichangotora nzvimbo panguva ichango pfuura, dzimweenguva Mweya Mutsvene apo wanga uchingeogadzirira munhu nezve vhangeri, apo paneshanduko inoramba ichienderera mberi pakati pavanhu - zvavari ikozvino mumakoshero avo, uye nemunzvimbo shanduko munerama ngwana ingangotora nzvimbo kubudikidza nezvinongoitika pakati pevanhu nezva kavapoterredza.

ZVIDZIVIRO KUEVHANGERI - Zvidziviro zvose zviripo zvinebasa chose sekurwisana nevhanageri nokuda kwechero chikonzero nezvimweo zvidziviro, kunyanya sezve tsika zvinovharidzira kunzwa uye nekuita zvinodiwa nevhanageri.

ZAMBUKO ROKUENDA KUVHANGERI - Pane nzvimbo mutsika dzavo idzo nokuda kwetarisiro nezvinotendwa pane kuvurika kuti vanzwe vhangeri nokupedzerwa dambudziko riripo remweya rekutya nekusave nekugadzikana.

Kupinda muneizvi panezvekushandisa zvakasiyana siyana zvakaita semibvunzo yekuti vapindure inovapa sezano zvinodiwa nezvokwadi yekutsvaka zvingadiwa mumunhu. Musure mekuvane ruzivo urwu panofanira kuva nekuchironga chekuisa zvinodiwa izvi muhurongwa

kuitira kuti zvinhu zvinova zvikuru zvionekwe nezvazvo mukushingairira kuvhangeri. Vazhinji vakaona sekuti hurongwa hupfupi hwezvidziviro zvingaita gumi kana gumi nezviviro zvidziviro chaizvo zvinoda kushandwa nazvo nesimba. Musure apo

mopa sarudzo ye ngano dzeBhaibheri, ngano dzakati wandei dzichadikwa kuitira kuona chimiro chenye ne zvidziviro zvacho. Chengetera zvinhu zvisina kuwanda zvidzidzo zvekuvaka vadzidzi uye nekudzidzisa kuitira kukudza vatendi mushure mekusimbisa hwaro chahwo hweBhaibheri hwamunozoenda kwahuri.

ZVINOTEVERA HURONGWA HWE ZVINHU ZVIKURU ZVINOBATSIRA KUTSVAKA KUSARUDZA MAONERO ENYIKA PAKUPA RUNGANO RWEBHAIBHERI

1. Ruzivo rweBhaibheri nezvauri kwariri sairo rinesimba nechikuriri pazvokwadi.
2. Zvaungangoonawo pamaKristu uye kuti mararamiro aya anodikanwa here.
3. Kunzwisisa hukuru hwaMwari nezvinowanikwa maari, humwe hwake.
4. Kunzwisisa chivi, kwachakabva nekupararira kwacho, kupararira kwacho pakati pavanhu vose.
5. Murango we chivi, kuti chingacheneswa sei, basa rechipiriso. Kuregererana kurikuitwa here?
6. Basa renyika ye Mweya nekudyidzana kwayo nenyika inoraramwa. Kutya, kuzvidzivira, kuzvifadza.
7. Maitiro ako parufu, upenyu musure mehuno, nzvimbo dzekuropafadzwa. Kana kupiwa mirango kana zvinoitisa munhu. Kutu apinde. Munhu angabva here musure me “Kuripira Chivi” kana kuti angatiza kurangwa neimwe nzira.
8. Ruzivo rwa Jesu, kuti ndiyani, zvinoitika mukuuya kwake, kudyidzana kwake naMwari.
9. Hushumiri hwaJesu-kudzidzisa kwake, kurapa vanorwarae,

kuregerera uyekudzwa rera kuupenyu.

10. Kutengeswa kwake, kutambudzika nekufa kwaJesu sechibairo chechivi.
11. Chidziviro chose chakavanda kana chiri pachena chekuti munhu anzwe vhangeri, nekuzwisisa nekuita sezvarinotaura.
12. Mazambuko ose zvawo (tisingabatanidze ne ari pamusoro apa) seekuti Mwari vanenge vari pabasa kugadzirira munhu.
13. Basa revarevereri mukukumbira zviMwari nekushandura zvinongoitika muupenyu.
14. Kuva neruzivo chingava chikonzero here mukugovera shoko raMwari? Bhaibheri riri mururimi rwemwoyo yavo here?
15. Ndezvipi zvanosarudza senzira yekudzidza nayo nekudzidzisa vamwe - tsika dzekutaurirana here? Kana zvimwe?
16. Kupi uye rinhi kudzidziswa kwechokwadi kungaitwe ? Ndiani angarongedzwa semudzidzisi?

PANEIMWE MIBVUNZO YAKAWANDA INOKWANISIKA YEKUTSVAKA MAONERO AVO MUNYIKA UPENYU HWAVO HWEMWEYA NEKUVAKA MAONERO ANEZVIITO ZVEKUVHANAGERA NEKUDZIDZISA VANHU.

KUGADZIRIRA MAITIRO EKURONGA NGANO DZE MUBHAIBHERI.

Zvinotevera hurongwa hunobatsira hweBhaibheri muurongwa hwekuvhangeri, kusimbisa vatendi vatsva, kudyara kereke, kuvaka vadzidzi kuvatendi vatsva, nokuvaunza pedo ne rungano rweBhaibheri. Maitiro aya anofanira kuva rusina parunobatanidzwa kuitira kuti chikamu choga choga chinofanira kupinda muchikamu chinotevera uye zvinofanira kuva zvisingaoneki, kureva kuti, kungoita zvisina kuzivisa kuti chii chaizotevera chichaitika, maitiro aya ekuvhangeri nekudyara makereke akakura zvichibva mukuona zvichiitika munyika dzakati wandei uko ngano dze muBhaibheri dzakashandiswa. Uye zvinobata-nidzira zvinowanikwa mukurongedzeka kwezvinowanikwa muBhaibheri. Maitiro

anobatsira chose pakuvhura basa rezvitarisirwa zvingakurukurwa nezvazvo. Zviri maererano neBhaibheri ne maonero enyika pamwechete zvinotondekera kumaitiro emasarudziro engano dzeBhaibheri ne hurukuro dzingaumbwa muchika muchimwe nechimwe nevanhu. Maitiro aya erongedzero rinongova zano chete rinopiwa iro rinogadziridzwa sezvinodiwa. Chitarisirwa chikuru choga chine bato racho rengano idzo dzinobatsira mukukurukura pamusoro penyaya yacho. HEZVINOI ZVITARISIRWA NEBATO RENGANO RINOPIWA SEZANO.

Zvinatevedzwa pakuvanhera - Genesisi kusvika kuna Mabasa avaapostora (Kusikwa kusvika pakukwidzwa)

Kusimbisa kana kudzikorora Nhevedzo. Genesisi kusvika kuna mabasa I (Dzikorora ngano dzinokosha badzi.)

Nhevedzo yekudyara makereke-mabasa I kusvika kuna mabasa 12 (Zvinowanikwa mukereke yeTestamente itsva)

Nhevedzo yokudzidzisa kana kuumba chimiro-mabasa 13-28, tsamba dzakasarudzika (Kusimbisa nekukudza vatendi muchipimo chakazara chekuzara kwaKristu.

Nhevedzo yenguva dzemagumo - zvakazarurwa nezvimwe zvitsauko zvinotaura nezvenguva yemagumo (kuunza cherechedzo yekukunda neMhemberero kukereke ne Yambiro yekupedzisira kune vasingatendi.)

NHEVEDZO SHANU IDZI DZINOBATA NGANO CHAIDZO DZEBHAIBHERI NEKUPA CHIKAMU MUKUVAMBA KWEKUKURUKURA bHAIBHERI NEVANHU. Nhevedzo idzi dzingambomirwa kuitira kuwedzera kudzamisa kubata chero zvinhu zvimwechete nekudzokorora kana mhinduro ichinonoka kuuya. Nhevedzo dzakanyanya kukosha dzichava dzeuvhangeri nokuti ndidzo apo vanotanga kupinda mazviri uye nekutanga kudenha

maonerwo ezvinhu munyika.

Musure mekuvamba kufamba neBhaibheri rose zvinokosha manje kuchienderera mberi nezvitarisiro zvekusimbisa kereke nekudzokera shure muBhaibheri uchitevera matevedzaniso mamwechete nekuwedzera ngano itsva muhurongwa hwenguva. Ngano idzi dzinogona kuenderana nemusoro wenyaya ungangova se rudo, kuregerera, kushumira, nezvimweo, zvingangova pamusoro peutungamiriri kana zvimwe zvinhu zvinoshaikwa nevanhu. Kupira kwekutevedzanisa kunochengetedza marongedzerwo nokuita kuti zvive nyore kusanganisira ngano itsva nekuratidzira padzinopindirana. Tarisiro yadzo ndeyekupa vanhu Bhaibheri mumoyo yavo kuti vagorangarira, nekurarama narokugoverana nevamwe.

NGANO DZEMUBHAIBHERI DZINOPIHWA MUNGUVA YECHIKAMU CHENGANO. PANE MHANDO INA DZEVIKAMU ZVE MAPIRO ENGANO MAMWE NEMAMWE. Ino tevera inzira yakapiwa sezano remapiro engano nezvikamu zvapiwa sezano. Mafambisirwo echikamu chimwe nechimwe anofanira kuonekwa nezvawo nemupi wengano zvichienda neruzivo rwavorwe vanhu.

Kunyanya nguva yekupa ngano dzeBhaibheri haisi nguva yeshumiro, asi nguva yekudzidzisa. Kana munamato uchishandiswa ngaitwe mupfupi nokunangiswa kuna Mwari kuti aropafadze shoko rake nekuzarura mwoyo ye vanhu kuti varinzwisise. Dzivirira kushingaira kwe avo vane pfungwa yeshumiro yechiKristu kuti vangamanikidzire ikapedzisira yava nguva yeshumiro. Musure, kana painekuga muchirika kwakanaka ku evhangeri zviitwa zve shumiro zvingachiuyiswa sezvo ikozvino paine chikonzero chokupinda mushumiro nokuda kwekuregererwa kwe chivi neukama utsva naMwari kubudikidza na Jesu.

1. KUTAURIRANA MUSATI MAPINDA MUNGANO:

1.1 Kukwazisa kwemavambo zvichienda netsika dze

mudunhu ne maitiro avo emazuva ose.

1.2 Tsvaka zvichangoitika mudunhu. Tarisa paungabatanidzire pamisoro yezvidzidzo zvichangoitika nechidzidzo chauinacho ikozvino.

1.3 Rangarira ngano dzawakamboita dziri pedo nezvokwadi yeBhaibheri iri madziri makanyatsoisa pfungwa dzenyu kuneidzo dzinodyidzana ne hurukuro yechidzidzo chanhasi.

1.4 Bvunza mibvunzo kuti uvake tarisiro, yekuda kushanda kwavo, kusimudzira shungu yekuda kushanda. Panguva ino hapana mhinduro “dzakanaka kana kuipa”, Asi tarisisa pane zvinotaurwa obva watora kubva pazviri panguva iyo ichazova yekutaura ngano. Mibvunzo iyi ichava sekuwedzera “munyu” mushoma kuita vanhu kuti vave ne “nyota” yengano.

1.5 Dzokorora ngano dzose “dzinosanganidza” kana “kubatanidza” ngano dzine chokuita kuitira kurongedzera danho kana kuwana mapindiro emungano yaunayo. (EKS: Mosesi nekuuraya kwaakaita muEgipita kwakakonzerwa kuti abve muEgipita anogara mugwenga umo Akasangana naMwari.

1.6 Kana zvichiita, vape basa rekuteerera - kuti vateerere zvimwe zvezvinhu murungano kusimdzira kuita basa kweumwe ne umwe kwakasimba nekumutsa chido. Uku “kutamba mutambo”.

2. VERENGA KUBVA MUBHAIBHERI:

2.1 SIMUDZA bHAIBHERI WORIBATA MURUOKO RWAKO (KANA KUNGOTIO BHUKU DZVENE RAKABATWA).

2.2 VERENGA KUBVA MUCHIKAMU CHERUNGANO KUITIRA KU ‘SIMBISA’ RUNGANO RURI MUBHAIBHERI.

2.3 RAMBA WAKABATA BHAIBHERI MUSHURE MEKUNGE WAPEDZA KUVERENGA

3. VAUDZE RUNGNO:

3.1 Vaudze rungano. Kubata Bhaibheri kunoratidza kuti rungano runobva muBhaibheri.

3.2 Taura rungano se rungano kwete se tsanangudzo yezvakaitwa nekutaurwa naMwari nevanhu.

3.3 Shandisa mitauro yokupeta sokudiwa kwaingaita kubatanidza mikaha yenguva nokusunganidza kutevedzana kwengano.

3.4 Nyatso kutaura rungano zvakanaka asi ruchipa chido chokuteerera, uchichengetedza mutinhimira weBhaibheri.

3.5 Kumagumo kwerungano - mira! (Ziva kuti uchamirira papi uye kuti uchamira sei.) Isa Bhaibheri pasi.

4. TUNGAMIRIRA VATEERERI KUWANA ZVOKWADI IRI MURUNGANO:

4.1 Kumbira umwe kuti ataureo rungano urwu nemumanzwi ake. (Kana wawana kutaura zvakare kusina kuitwa zvakanaka. Kumbira kana pane umwe zvakare angada kutaurao rungano uru. Ramba uchipedzisa kusvikira wawana kutaurwa kwerungano kwakanaka. Kana zvisina kudaro, chirutaura zvakare iwe pachako. Taurira vateereri kuti dzimwe nguva vangangoda kurunzwa zvakare.)

4.2 Regedza vateereri vabvumire kubasa rekuteerera kana rashandiswa. (Nyurura mhinduro yakanaka.)

4.3 Enderera mberi nenguva yekuwana nemibvunzo yakareruka yekuzvitsviki. Ramobva maenda kune iyo inomutsa pfungwa. Kubva pane izvi endai kumibvunzo inoita kuti munhu aise izvi muupenyu hwake.

4.4 Apo panoratidza sokunge pasina kujeka mukupindura, tsvaka zvakasimba neimwe mibvunzo. Inzwa wakasununguka kutaura zvakare rungano kana zvichibvira kana kutarisa zvakare zvimwe zvikamu zverungano kuna izvi zvichigamuchirika kwavari.

4.5 Chengeta mhinduro dzisiri idzo nemaitiro etsika. (Ndinotenda, paneumwe angada kupindura here?)

4.6 Usabatikana nemivhunzo inezvokwadi ichati yozoonekwa pava paya. (Kushanyira maKristu kungango unza kusagadzikana kwedambudziko apa, vataurire kuti uchigere kusvika kuchikamu cherungano irworwo kana waita izvozvo vachawana mhinduro yavo.)

4.7 Imbomisa kupindura mibvunzo yausingazive mhinduro yayo-uchatarisa mhinduro mushoko raMwari. (Dzimwe nguva ungazoziva mhinduro. Mhando yevanhu avo vauri kudzidzisa basa USE “USA chimbidzikisa” kana vasingazive. Imbomira kupindura kusvikira vatarisa mushoko raMwari kana kuvunza umwe anoziva.)

4.8 Ngwarira nguva ya kakodzera yekumisa chikamu chekudzidza.

4.9 Shandisa ndima yemusoro kupeta chidzidzo uye nekupa vateereri ndima yekuviga mumoyo yavo.

4.10 Vaudze rungano ruri maererano newe, mhuri yako kana vanhu vekwako.

Rangarira kuti iri rinongova zano chete rinopiwa pachikamu chengoni. Kana paine kusagadzikana kana fungidziro zvingangova zvinogona kuti ubvunze mibvunzo isingapindurwe mishomanene obva wataura ngano pasina kukurukura, uchivimba nesimba reshoko kuti richashandura mafungiro. Sekukura kwekuvimba uye vateereri vachibvunza mibvunzo, vapindure nekuvanangisira kungano - Rungano rwunopindura mubvunzo. Mukufamba kwenguva kungavapo nekuvhurika kweimwe nguva yechikamu chechidzidzo.

KUTARISA ZVAKARE CHIRONGWA CHEKURONGA CHEZVITEVEDZANISWA ZVEKUTAURA NGANO DZEBHAIBHERI - HEKUNOI KUTARISA ZVAKARE KUNOPIWA SEZANO RAKADZAMA RENHANHO DZEKUGADZIRIRA KUTI VANHU VAKO VAZVIGADZIRIRE KUTI VAVE NEWE MUKUTAURA NGANO DZEMUBHAIBHERI:

1. RANGARIRA ZVOKWADI YAKADZAMA YEBHAIBHERI PARUPONISO. Iva nechokwadi chaicho mufungwa dzako kuti Bhaibheri rinodzidzisei pamusoro pechivi, kuregerera neruponiso, enda nehurongwa hwezvokwadi yeBhaibheri wobva waiataura zvakare nemumashoko ako.

2. CHEREKEDZA VANHU VAKO MAONERO AVANOITA NYIKA UCHIZVICHENGETA MUFUNGWA KUTI URIKUTSAKA ZVINGAVA ZVIVHARIDZIRO KUEVHANGERI. Pane zvinhu zvakawanda zvinofadza kuziva pamusoro pemunhu. Chii chaunoda kuziva usati watangisa kupupurira kuti utaure chinhu chaicho uye kuti uzvichingete pakutaura chinhu chisiri icho? Nyora hurongwa hwezvino vadzivirira zvikuru nezvaunofunga kuti zvingava batsira kuyambuka.

3. NYORA NZIRA YAUNGAITA NAYO (KANA ZVITARISIRWA) IZVO Zvichakutungamirira kusarudza ngano nekuwana misoro yenyaya mungano yekusimbisa mukudzidzisa.

4. SARUDZA NGANO DZAKO UCHITANGISA NE HURONGWA HWENGANO DZEKUUMBA KANA HURONGWA HWENGANO DZINOWIRIRANA NEKUZVISHANDURA KUTI ZVI PINDIRANE NEZVAVAKATARISIRA PAKUDZIDZISA KWAKO. Rangarira kuti dzirambe dziri muhurongwa hwekutevedzanisa sekuziva kwako.

5. GADZIRIDZA HURONGWA HWAKO HWENGANO KUTI HUPINDIRANE NECHIMIRO CHENGUVA KUTI UNGASANGANE RINHI NE VANHU. UNODA KUDIMBURA HERE NOKUDA KWENGUVA YEKUDYARA, NGUVA YEMVURA APO MIGWAGWA INENGE ISINGAFAMBIKE? Nezvimwe zvikonzero zvinga sanganisire hurongwa hwako.

6. GADZIRIRA NGANO DZAKO. Kutanga kubva muBhaiBheri zvino wochiita chidzidzo madziri kuti rungano ruzivikanwe nekuburitsa mharidzo yarwo inoenda kuvateereri.

7. YEDZA NGANO DZAKO Pane vaune ushamwari navo vangakupe umbovo kana kapoka kaduku kaunonatsa ziva. Gadziridza zvinokwanisika mutsika vamwe vochiongorora sekuda kwazvinoita kuti zvijeke.

8. ITA URONGWA. Nevanemasimba chaivo kuti uzodzidzisa muhutungamiriri hwavo. Sarudza nzvimbo inosvikika nevanhu vose vemudunhu kunze kwekuti kana paine chikonzero chekusadero. Rangarira, donzo nderekusanganisira ruwa rwose kana zvichibvira.

9. TANGISA KUDZIDZISA KWAKO GADZIRIDZA POSE PANOFANIRA KUGADZIRISA muhurongwa hwengano nechidzidzo sekuratidzwa kwaunoitwa ne ruzivo rwokuita.

10. TANGISA KUDZIDZISA BASA MUBATSRI. uMWEO MUNHU KUTI ATANGISEO ZVIKAMU ZVAKE ZVEKUDZIDZISA NENGANO.

11. CHENGETA ZVINYORWA ZVAKANAKA ZVINGAKUBATSIR

12. FUNGA NEZVAURI KUITA UYE KUTI SEI Kuti ugokwanisa kudzidzisa vamwe kuti vadzidzise nekutaura ngano.

MISORO YENYAYA YENGANO DZEMUBHAIBHERI YANGA ICHIBATSIRA ZVIKURU:

MWARI UNORARAMA - Vechihindu nevashumiri vezvifananidzo NZIRA YEKUUPENYU NEKUDENGA - Vekwabhudha MURANDA WEKURWADZIWA - Kweavo vanogara pasi pekutambudzwa, kuvundusirwa, kana matambudziko anongoitika,

kukudzwa kwaMwari nemunhu -kuenda nenyaya yekukudzwa sekukudza kwakaita Mwari achikudza munhu nemunhu anofanira kukudza Mwari saJesu akakudza woBaba.

NGANO DZEVAPOROFITA Kunyanya dzevechi moziremu.

MWARI NEMUNHUKADZI - Tichitarisa maonero anoitwa nyika nevanhukadzi apo pano va pakasiyana zvinooneka zvikuru nemaonero enyika anoitwa nevanhu rume.

MUPIRISITA WEPAMUSORO WEZVOKWADI - KUDIWA KWEMUTAURIRI ANOVIMBWA NAYE UYO ANONGOKWANISA KUPIWA NAMWARI.

MUGWAGWA WEKU EMAUSI - Kana zvichitirwa vemuziremu zvinotarisa chete pakuti Kristu akatambura nekufa.

RUGARE NAMWARI - UCHITaura NEVECHID HINDU NEAVO VAKAREMEDZWA NEKUSAVA NEUKAMA HWAKANAKA ZVICHIBVA PACHIVI.

MHURI YAMWARI - TAKATARISA PAKURASIKIRWA NEUKAMA NAMWARI NOKUDA KWE CHIVI UYE KUDZOKANISWA KWEUKAMA KANA PAINE KUTENDEUKA, KUREGERERWA KWEZVIVI NE RUPONISO (KUNUNURWA)

KUKOSHA KWEHURUKURO NDEKWEKUTI KUNOBATSIRA MUKUVAKA MUSORO WECHIDZIDZO NEZVOKUITA PAKUDZIDZISA NEMIBVUNZO.

MAITIRO AKASARUDZIKA EKUITA NAWO NGANO DZEMUBHAIBHERI KUTI DZIVE DZINOSHANDA PAZVINANGWA ZVAKASIYANASIYANA MUKUTEVERA VHANGERI - KUYE NECHIMBICHIMBI CHII ICHI?

KUTEVERERA VANGERI NE CHIMBI CHIMBI kutaura ngano

dze Bhaibheri usingamire wakadzironanganisa kubva pamavambiro (sekusikwa) kusvika kurungano rwa Jesu. Izvi zvingaitwa muhuwandu hwe nguva hwakasiyana siyana kubva pa awa kusvika kumazuva akati wandei zvichienda nekuti ingano ngani dzino shandiswa uye kune kunyatso teyedzwa kwakawanda zvakadiyi kuno chengetwa murungano. mukuteverera ne chimbichimbi mutauri wengano haafanire kumira kutungamirira chikamu chekudzidzisa icho chine kutaurirana ne mibvunzo. Asi kudoti kubatwa moyo kuno unzwa kubudikidza nengano dzinoramba dzichiitwa kubva pane imwe kuenda kune imwe. Zvinozivikanwa kuti vateereri havanga kwanise kurangarira zvose zvavari kunzwa, asi kuti vanотора zvinovasunda uye nengano ye Bhaibheri zvinobatsira kuti vaone kwainoenda.

ZVEKUTEVERA NE CHIMBI CHIMBI IZVIZVINO BATSIRA SEI?

CHEKUTANGA, kungashandiswa se chiedzo chechido nekugoneka kwekudavira kuevhangeri. Kunofamba nekukurumbidza uye hakupi nguva yekuomesa zvinopikisana chero nengano ipi kuti ikwane makuri. Kana zvaitwa zvakana vateereri vanogarodza kuramba vamirira kunyange vasinga wirirane nezvavari kunzwa kana kuti k ana zvichidhenha kutenda kwavo. Kana vateereri vadenhwa ne ngano kana kuva nechido chekuramba vachinzwa, chibva wagadzirira nzira chaiyo ine maitiro chaiyo ngano dze muBhaibheri.

CHECHIPIRI, kuteverera ne chimbichimbi kuno batsira kupa chiedza zvinofungidzirwa pamaonerwo enyika apo unenge uchiumba pamwechete ngano dzinoenderana nazvo. Zvinodzivirira kuti umwe asarambe achishandisa mavhiki mazhinji ne mwedzi mizhinji achishanda nemungano kuti aone kana dzichimusvitsa kwaanoenda.

CHETATU, Kuteverera ne chimbichimbi pazuva kana mumazuva akati wandei kungashandiswe ne vanhu vasingaoneki kwenguva pakareba pane chero zvingaitwa.

CHECHINA, Kuteverera kwechimbichimbi kungashandiswa kudzikinura nguva kana makumbirwa kuparadza nguva muruwa nekuda kwekutevera basa reushumiri. Muenzaniso umwechete mukuru ndewe kuita ngano dze muBhaibheri apo makamirira kudya kuti kubikwe kana makumbirwa kuti mumbomira kuti mudye mushure mekuita munamato ne mhuri kana vanhu vemuruwa nguva dzose shandisa mukana kuudza vanhu kuti umwe anogona kuuya nekuzotaura dzimwe ngano dzaka wanda kuti vagodzinzwisisa zvirinani vati mumagariro avo vanoda kunzwa ngano dzichidzokororwa kuti vadekare nekudzinzwa zviri nani.

CHECHI SHANU, Kuteverera kwechimbichimbi kwe testmente sharu inzira chaiyo yekugarira vanhu kuti vaone Bhaikopo raJesu. Kana zviri nani kutevera ne chimbichimbi mungano dza ruka muchitevera Bhaikopo raJesu munzira yengano kuti vagadzirira kunzwa rungano zvirinani ive kunzwisisa Bhaikopo zvirinani.

CHECHITANHATU, Kuteverera kwe chimbichimbi muchikamu chekudzidza chakanatso rongedzeka kunga shandiswa pamurwere muchipatara kana kugovera muchifamba, kana kushandiswa mukushanya kwe mudzimba.

KUSHANDISA MIFANANIDZO YEMUBHAIBHERI APO PAUNENGE UCHIITA NGANO -

VAKURU VANOTI IVO MUFANANIDZO WAKANAKA UNOPFUURA MASHOKO ANE CHURU. UCHI ICHOKWADI CHAICHO. MIFANANIDZO INEMIKANA YAYO YAKANAKA NEIMWE ISINA KUNAKA. ZVIRONGWA ZVAKANAKA ZVE MIFANANIDZO YEKUDZIDZISA BHAIBHERI ZVINGAVA CHISHANDISWA CHIKURU MUKUTAURA NGANO DZE BHAIBHERI NE MUKUKWANISIRA UMWE ANGANGOVA ASINGA GAMUCHIRIKE DZIMWE NGUVA SEMURAIRIDZI KUNZE KWE KUTI MUNHU ANE MIFANANIDZO (UYE TINGATI NERUZIVO RWAKANAKA RWEKUSHANDA NE NGANO).

MIKANA:

Mifananidzo inobatsira kujekesa magadziriro engano, ukama uye ne mamwe mabasa asati ajairika kuvateereri. (Atari nezvipiriso, tebanekeri, kuzodza, kuroverwa pamuchinjikwa).

Mifananidzo inokosha pa kubatsira mukutarisa zvakare ngano dzambotaurwa sezvo zvinonekwa nemeso zvichienderana ne ngano nekudenhura yeuchidzo.

Mifananidzo ingabatsira kuchengetedza kufamba zvakanaka kwe ngano sekutaridzwa kwadzaitwa ne hurongwa.

Mifananidza inobatsira kufananidzira zvokwadi huru murungano kana pamagumiriro perungano.

Mifananidzo inopa kurudziro (nekutarisa) kumutauri wengano angangova anoty kutaura ngano sezvo achitangisa.

Mifanandidzo inoenderana nezviri kuitwa ingaretursa kuvhunduswa mutsika mukupa ngano.

Mifananidzo mizhinji inesimba rema nyukunyuku munezvaiinazvo mune dzimwe tsika - Mwanakomana akararika patsoka dzababa vake, mudzimai achipukuta tsoka dzaJesu nevhudzi rake.

Mifananidzo, kunyanya mifananidzo yemvara, inokosha kuratidzira zvimwe zvikamu zve ngano sekuteurwa kweropa muzvibairo zve Testamente Tsaru, uye naKristu pa muchinjikwa.

MIKANA ISINA KUNAKA;

Mitengo nekuvepo.

Kuzivisa mifananidzo kungati kumutauri wengano munhu anofanira kunge aine mifananidzo kutiakwanise kupa ngano (funga usati wawurukira!)

Zvingauyise zvinhu mumifananidza izvo zvisina kunaka mutsika.

urefu hwezvipfeko zvamadzimai, Jesu ne mukadzi we Samaria vari voga patsime, zvichidaro.

Zvingataridzire mumaitiro asiri iwo erungano vanakamana vachivaka ngarava, zvichidaro.

Kana zvikaburitswa nevasiri vanoparadzira evhangeri kungaratidze chimiro chisiri icho chekuchengetedza rubhabatidzo.

Zvinosakara kubva kukushandiswa pakarepo nemamiriro ekurongedzera ne checkufambisa chisi icho, zvinoda kugara zvichitsiwa nguva ne nguva.

Mifananidza yavaporofita kazhinji haigamuchirike kuneve chimuziremu chaivo.

Mifananidzo inoenderana nezviri muchidzidzo inokwanisa kurerutsa kubvundusirwa mutsika nekuzivisa kubudikidza nezvipfeko, kudai ne zvavanoita asi zvisiri izvo chaizvo munhorooondo. (Chinhu chinongo manyiswa pakati pekugoneka nekusanyatsokwana mukudzidzisa chinangwa chechidzidzo.)

NGUVA DZOSE EDZA MIFANANIDZO USATI
WAISHANDISA KUSARUDZA KUTI NDEIPI
ISINGAGAMUCHIRIKE UYE KUTI NDEIPI YACHO
ISINGANYATSOPA ZVOKWADI ZVAKANAKA.

Kudzidzisa basa vatauri wengano dzeBhaibheri kunokosha. Ngano dzeBhaibheri pachadzo hwaro hwakanaka hwokudzidzisa zvitevedzwa zvakanaka zveutungamiriri uye nekupikisana zvitevedzwa zveutungamiriri zvisiri izvo. Kudzidzirangano dzeBhaibheri umwe na umwe achava ne maitiro ake. Zvinotora nguva yakawanda nekushingirira kuti uve mutauri wengano ave ne ruzivo usingangovimba nezvakanyorwa pasi nguva dzose. Zvinokodzerana neushingi. Munhu WEKUTANGA achashandurwa ne ngano ndi WE mutauri wengano. Shoko raMwari harizombofa

rakafanana nezvaraka ngariri kwauri. Uchakanganisa, tose tinoita rangarira, nyange mwana anokwanisa kutaura rungano nokudaro neweo unokwanisa. Ngano dzaunotaura ndedza vakuru nehurukuro dzevakuru uye dzichabatsira vateereri kusarudza kuti vachapedzera upenyu hwavo husingaperi kupi.

Pane vanodzidzisa vatauri vengano dzeBhaibheri vakaita seni avo varipo kupa rubatsiro kana nguva ichiti bvumira nekupa gwara rekubatsira kuumba matauriro engano dzebhaibheri anobatsira. Mwari vakuropafadze pauno TAURA RUNGANO

J. O. Terry, 2 Marine Vista, #20-75 Neptune Court, Republic of Singapore 449026

XI. KUTAURA NGANO DZEBHAIBHERI nava Jackson Day

Ngano dzeBhaibheri dzinosanganisira zvakaitika munhorondo zvino taurwa muBhaibheri ne mifananidzo yakataurwa naJesu. Ngano ndidzo dzine chikamu chinonyanya kuzivikanwa muBhaibheri. Mumabhuku makumi matatu ne ma pfumbamwe eTestamente Tsaru, makumi matatu ne mana akatakura ngano dze zvakaitika. Mabhuku anotevera eTestamente tsaru kunyanya akatakura zvakitika munhorondo dze ngano. Genesisi, Joshua, Vatongi, Rute, Samuel, wekutanga newe chipiri, madzimambo wokutanga neve chipiri, vakoronike vokutanga neve chipiri, Ezira, Nehemia.Esiteri, Danieri, Jona na Hagai. Zvi kamu zvikuru zva Ekisodo, Numeri, Jobu Isaya, Jeremia neEzikieli zvatakakura ngano dze nhorondo. Mabhuku makumi maviri nemanomwe etesitamente itsva akatakura zvisanganiswa zve ngano, dzidziso, kukudzidzwa, kutaurirana, yamiro nekuporofita. Bhuku rimwe nerimwe retestamente itsva rakatakura ngano. Zvikamu zvikurusa zvema evhangeri a Mateo, Marko, Ruka na Johane zvine nhorondo yengano. Ra mabasa avapostora rose rakada kupera nerondedzero. Ngano dzeBhaibheri chombo chikuru chaMwari chikuru chekudzidzisa munhu zvokwadi yake.

KUSHANDISA NGANO DZE BHAIBHERI NEAVO NECHEKARE VATORATIDZA KURAMBA KUDZIDZISWA KWEBHAIBHERI

Ngano ndidzo dzakanyanya kunaka pakusvikira kuti ugadziridze maonero e avo nechekare vanoratidza kuramba kudzidzisa kweBhaibheri. Kutaurwa kwengano dze muBhaibheri kungawanisa kuteerera nevanhu vemapoka avo vanorwisana nekunangana nekusanganidza ne zvokwadi ye vhangeri. Mwana anonzi Billy angakundikana kumedza pirisi, zvisinei nekuti mai vake vaedza, harikwa nise kudzika. Kuvhundutsira kwe kurova kana vimbiso yezvihwitsi hazvina kupa mutsauko, pirisi nguva dzose rinopedzisira rava pamucheto porurimi. Mai vake vopedzisira vawana maitiro anoshanda. Vocheka muchero mudikidiki vovuhura, vopfekera pirisi imomo vopa Billy. Akakwanisa kumedza muchero mudikidiki ne pirisi rakavigwa mariri, asi haana kunge akwanisa kumedza pirisi roga, nyange zvazvo riroga riava riridiki zvakanyanya. Ngano dze Bhaibheri michero yakanyanya kunaka kuputira zvokwadi iyo yakaoma kumedza. Kungosvikira chete kungapa kukundikana, rungano runova muchero unotakura zvokwadi iyo inorema kumedza.

Ngano dze Bhaibheri dzino batsira kuwana vateereri avo vari pakati peavo vasina chido muevhangeri. Vamwe havana chido chekunzwa vhangeri nokuda kwekusiyana kwefungwa dzavo nevhangeri, kwete kuti varwisana naro. Vanotsvaka kuvaraidzwa, asi havana chido neshoko raMwari. Umwe angada kuvavaraidza nengano dzeBhaibheri kuitira kuvaunza kuti vauye kuzonzwa shoko raMwari. Rungano rwe Bhaibheri runobvarwava muchero unonaka kwavari. Pavanomedza rungano, zvokwadi yeBhaibheri ingashandura muteereri uyo angouya kuzovaraidzwa chete.

SHANDISA NGANO DZEBHAIBHERI MUKUTEVERERA KUTAURWA KWENGANO, MUKUTEVERANA KWADZO KANA KUTI RUNGANO RURI ROGA.

MUKUTEERERA KUTAUURWA KWENGANO

Imwe yenzira dzakanaka dzekudzidzisa zvokwadi tsvene ndeyekutevera hurongwa hwe nhorondo. Mwari vakabudirira kuratidza magwaro mukati mechimiro che nhorondo. Bhaibheri rine nhorondo yakarongwa yakatevedzaniswa icha buritswa nekujekeswa kukuru kana ichisoitswa kuvanhu zvichitevera kurongwa kwayo munhorondo yaGenesisi kusvika zvakarurwa. Kuteverera kwekutura ngano kunotangisa nekusikwa kwezvinhu zvose muna Genesisi, kworamba kuchenderera mberi nemuTestamente Tsaru,

nekutura nezve upenyu, rufu, kumuka nekukwidzwa kwaJesu kwoenderera ne muBhuku ra mabasa nekuronga tsamba muhurongwa hwadzo hwokutevedzanisa mukati ma mabasa, nokupedzisa ne ngano dzinodyidzana nenguva dzokupedzisira.

KUTEVERERA KWEKUTAUURWA NGANO kunoshanda chose mukuvhangeri kune avo vane ruzivo rushoma rweBhaibheri. Rondedzera dzimwe ngano dze testamenti Tsaru dzaungatsaura idzo dzinosimbisa chimiro chaMwari uye neupenyu hwe chivi hwemunhu. Zvino chibva wapa ngano dzetestamente itsva kubva kumavhangeri pamusoro peupenyu hwa Jesu, vanhu vakamutevera, kuroverwa kwake nekumuka, pedzisa ne ngano dzinobva kuna mabasa pamusoro peavo vakatendeuka.

KUTEVERERA KUTAUURWA RUNGANO KWAKASIYANA-SIYANA hurongwa hweboka rungano dzinofanira kutaurwa nekuramba dzichingotaurwa kuboka rimwe-chete revateereri muzvikonzero zvakasiyana siyana. Chinhu chinoramba chichitenderera mukuti kumwe kurondedzera kunoramba kuchidzokororwa zvinodarika kamwechete. Kutenderera kwekutura rungano rogo roga kune chinangwa chakasiyana nezvimwe. Ngano dzakasimbiswa mukuteverera kumwe ne kumwe kunosarudzwa kuti kusanganidzane nezvinoshaikwa neva teereri avo vane chimiro chemweya yavo chinovaisa pamwechete nekuteverera kwekutura

ngano kwakawanda wanda kunoburitsa kumwe kuteverera kwakawanda. Ndinombisa zvitatu kutaura ngano kwevhangeri mukuteverera, kuteverera kwekutura ngano mukuvaka vadzidzi uye nekuteverera mukutura ngano mukurongedzera vatungamiriri. Kuteverera kwe kutaura ngano kwakawanda wanda hurongwa hwacho hunogaro shandiswa murudzi rurikugadzirira kuva ne ruzivo kana vanhu ve mapoka ayo anorwisana ne chiKristu. Zvakadarozvazvo. Pane zvimwe zvinogoneka mukuteverera kwekutura ngano dzakawanda wanda.

KUTEVERERA KWEKUTAUURWA NGANO KURI ROGA Kunopa kamwechete boka rengano dzeBhaibheri muhurongwa hwokutevedzaniswa. Nerungano rumwe, zvokwadi inosimbiswa izvi zvichibatana nezvinoshaikwane va teereri. Kuteverera kuri koga kwekutura ngano kunoshanda kana uchivhangeri nekudzidzisa vanhu vemampoka avo vane mutauro wakanyorwa uye vane ruzivo pane zve chiKristu.

MUKUTEVEDZANISWA KWEZVIDZIDZO KANA MHARIDZO

Pane mikana yakawanda kushandisa ngano dzeBhaibheri mukutevedzanisa uku.

se muenzaniso:

- vanezvemukuita zvikuru muna Genesisi;
- minana muTestamente Tsaru;
- vaporofita vane mukurumbira
- mifananidza yaJesu
- minana yaJesu
- vanhu vakatura voga naJesu
- vanhu vakarumbidzwa naJesu
- zvinhu zvakaitika muupenyu hwekereke
- zvinhu zvakaitika muupenyu hwa Pauro

SERUNGANO RURIROGA

Kutaura ngano kurikoga kunodzivirira rondedzero ingapiwa kuboka revanhu pachinguva chakasarudzika. Kutaura ngano kurikoga kunotaura rondedzero yeBhaibheri iyo isiri chikamu chekutaura ngano dzokuteverera kana dzinotevedzana; kunomira koga.

Kutaura ngano kuri koga kunokwanisa kutora mukana wemamiriro ezvinhu akaita seye: rufu, muchato, kukokwa kwekushanyira unorwara, kupemberera zuva rekuzvarwa, mhemberero yekucherekedza chiitiko. Taura rungano rumwe kana mbiri idzo dzinopindirana nezvirikuitika. semuenzaniso:

Mufundisi wechidiki akakumbirwa kuti ataure parufu rwemudzimai aive akura. Akataura rungano rwapetiroso: Achimutsa dorkasi kuvakafa akati: “Apo madzimai chirikadzi vakaratidza Petiroso nhumbi dzaive dzaitwa naDorkasi; tiri pano kurangarira zvakaitwa na Amai Bradford. Petiroso akadzosea Dorkasi upenyu isu tinonyaradzwa mukurwadziwa kwedu nokuti rutendo rwa Amai Bradford muna Jesu kuchaita kuti vamuke kuvakafa vagofara muupenyu hutsva.”

Rungano ruriroga rweBhaibheri runogona kushandiswa kuitira kupedza dambudziko remuvhunzo wamanganwa nawo kana zvinoshaikwa mumweya.

Semuenzaniso:

-muteereri anotenda kuti mbava haiponeswe. Mutauri wengano angashandisa ngano dzembavha ya kaponeswa iri pamuchinjikwa kana yekutendeuka kwa sauro kutsanagura kuti Jesu vakauya kuzotsvaka nekuponesa kana mbavha.

-mutendi mutsva odzokera mukunwa obva adhakwa. Nhengo dzekereke hadzidi kupa akadzokera sure umwe mukana rungano rwa Jesu achitarisana nekurambwa na Petiroso runga shandiswa.

TINGAONA ZVAKADZAMA SEI NGANO YEBHAIBHERI

Usati wanyatso kuva mutauri wengano chaiye, kana mudzidzisi-muparidzi anoshandisa kutaura ngano, munhu anofanira kutanga ave ano dzidza zvakadzama ngano. Nhano dzinotevera dzinotsana ngura kuti ungangadzidza sei zvakadzama ngano yemuBhaibheri. Verenga, verenga zvakare uye verenga rungano uchingo dzokorora. Verenga chitsvauko chemuBhaibheri icho chine rungano rweBhaiBheri rwakasarudzwa kakawanda. Zvinobatsira kuti uverenge chitsauko chimwechete, uchishandisa dzimwe dudziro dze Bhaibheri.

WONA CHIMIRO CHE RUNGANO

RUNGANO RWAKADARO SEDZIMWE RUNOBATANA NECHIMIRO CHINOTEVERA:

- Kutevedzanisa kuripo uko dambudziko kana zvinoshaikwa zvakavakwa Pakuri, zvakaitwa kana kuzivikanwa.
- Zvakaitika zvinotevedza izvo zvinoumbwa nerungano zvichienderana nemhando yedambudziko yarwo, kurwisana ne zvingaedza kupiwa nekukasira kune zvingasungwe.
- Zvitevedzwa zvepamusorosoro apo panowanikwa tichisvika pane zvinobuda murungano.

NHANHO DZEKUZIVA NADZO CHIMIRO CHERUNGANO

1. TARIRA ZVINOWANIKWA MURUNGANO RWE BHAIBHERI

ZVINOWANIKWA ZVINECHOKUITA NEZVINO WANIKWA MURUNGANO:

Ndiani akataura rungano, zvanga zvakanama sei munhorondo yerungano, uye zviizvaitevedzaniswa zvakatora nzvimbo izvi zvisati zvaitika izvo zvakave nechokuita nekududzirwa kwazvo. Tarisa kuti panotaurwa pamusoro pei (Chikamu cheBhaibheri icho chiri pekutanga kana sure kwechikamu chine rungano) nezve zvinongoitika munhorondo uye chinangwa cheRungano.

2. SARUDZA MUNHU KANA VANHU VANEZVOKUITA ZVEPAMUSORO

Ziva munhu kana vanhu vepamusorosoro murungano, sarudza kuti ndiani angatora chinzvimo chepamusoro mukuita rungano. Vamwe vatauriri vanowanzova nemutambi mumwe chete, mune vamwe vanodarika mumwechete vanobudikira.

3. SARUDZA NZVIMBO YAKAKOSHA

Ona nzvimbo yepamusoro apo pakaitikira zvinhu, munekumwe kududzira zvinokosha kuziva nzvimbo yakaitikira zvinhu kana uchida kuti rungano runyatso kunzwikwa. Mune vamwe hazvisi izvo.

4. SARUDZA ZVAKAKOSHA ZVINODZOKORORWA

Mashoko, hurukuro, zvokwadi kana mazano anogaro batanidza zviitiko mungano dze muBhaibheri pamwechete izvo zvino dzokororwa dzimwe nguva sezvazviri kana kuti nekusiyanana siyana kushoma. Kudzokorora kunoitwa mungano dzeBhaibheri nechikonzero chekusimbisa zvokwadi, kuvaka magumisiro epamusoro kana kuratidza manyukunyuku akasimba. Sezvo kudzokorora kuchitwa nechikonzero, zvinokosha kuona kana paine kudzokorora.

Semuenzaniso: Murungano rwaJosefa mumba mapotifaro, pane kudzokorora kwezvokwadi:

Jehova akanga ana Josefa (Gen. 39:2,21,23).

Jeseefa aive mutariri wezvose mumba mapotifar (Gen. 39:4,6,8,9).

Mudzimai wapotifaro akati kwaari vata neni.(Gn. 39:7, 10, 12).

5. SARUDZA ZVIMIROZVINOKOSHA ZVINOSIMBISWA MURUNGANO

Ngano dzinosimbisa zvimiro nemanyukunyuku. Rungano rungasimbise chimiro chiri icho kana chisiri icho. Kungosiya, kusavanechokwadi, kurwisa, kuvhunduka, kubvunda, kusuwa, kurwadziwa, rudo, rufaro, kushamisika nekushaya chikonzero ndezvimwe zve zvimiro zvinosimbiswa mungano, mutauri wengano

anofanira kusimbisa zvimiro zvimwechete seizvo zvinosimbiswa muBhaibheri. Anofanira kubatsira vateereri vake kuti vanzwe manyukunyuku mamwe chete se ayo akasimbiswa murungano rweBhaibheri.

6. SARUDZA DAMBUDZIKO CHAIRO

Ngano dzinovamba ne dambudziko kana chinoshaikwa chinonyatsoonekwa muzviitiko zvinotevedzaniswa kusvikira zvepamusorosoro zvasvikirwa. Zviitwa zvekutanga zveungano dzeBhaibheri kazhinji kunovamba kana kuratidza dambudziko iro rino vandiro rinokosha pakunzwisisa rungano. Muenzaniso wematambudziko anowanikwa mungano dzeBhaibheri: vavengi, vanopikisa, kurwisana, kudzvinyirira, kupesana, njodzi, chinoshaikwa chisina kuonekwa kuti munhu abatsirwe, anodarika mumwechete kana achitsvaga donzvo iroringawanikwe chete neumwe, uye kuda kwaMwari kuchipikisana nezvido zvemunhu. Munhu anofanira kusarudza nekuona dambudziko guru kana chinoshaikwa chinopiwa kumavambo erungano.

7. ZIVA KUDYIDZANA KWEZVIITO SEKUTEVEDZANISWA KWAZVO

Ngano dzemuBhaibheri dzakarongwa muzviitiko zvinotevedzana. Mu nhu anofanira kuona zviitiko zvinotevedzana kubva kumavambo kusvika kumagumo kwerungano. Ngano dzinovamba nedambudziko kana chinoshaikwa chinonyatsoonekwa muzviitiko zvinotevedzaniswa kusvikira zvepamusorosoro zva svikirwa. Rungano runokura nemhando yedambudziko, kurwisana nezvimwe zvinoadzwa zvichisiirwa panzira muzvisungo kusvikira pane zvinobuda pekupedzisira. Chiitiko chogachoga chinoomesa dambudziko kana kuedza kogakga mukuwana chingatvsangwa chiitiko mukati merungano. Dzimwe ngano dzakaoma dziine kukamurwa kamurwa kwakatakura zvinzvimo mukati mezvinzvimo. Kunekumonyorotswa kwakawanda nekudzoka kwechinzvimbo cherungano rwakanyany kuoma. Kutsaukaniswa kukuru koga koga chinzvimo hurongwa, kushanduka kwezviitwa

kana zvinoitwa zvitsva, muchiitiko chiri murungano. Tarisa kudiydzana kwezviitiko nemuhurongwa hwatsanangurwa.

Mushure mekuona nekusaraudza dambudziko guru, tarisisa kutevedzaniiswa kwezviitiko kusvikira rungano rwasvika pamagumisiro epamusorosoro.

8. ONA PANOGUMIRA RUNGANO

Ngano dzinovamba ne dambudziko kana chinoshaikwa chinonyatsoonekwa muzvitiko zvinotevedzaniiswa kusvikira zve pamusorosoro zvasvikirwa. Pane kubatana pakati pedambudziko guru rapiwa murungano mukutangisa kwarwo uye neparuno gumira. Pane nhando yematambudziko, kurwisana, nezvimwe zvinoedzwa zvichisiirwa panzira mukuita zvisungo kusvikira pane zvinobuda pakupedzisira, zvingasuwisa kana kufadza. Dzimwe ngano dzinopera namagumisiro akanaka, dzimwe akaipa. Ona kuti chii chakaitika sekubuda pachimiro chekutsvaka kupedza dambudziko kana kupa kugutsikana pane chinoshaikwa icho changa chiri hwaro hwe rungano.

ONA ZVIDZIDZO ZVINOSIMBISWA NERUNGANO

Ona zvidzidzo zvinokosha kana zvokwadi inodzidziswa nerungano ugozvinyora pasi.

Tsvaka zvidzidzo zvinozivikanwa. Zama kuburitsa zvidzidzo zvole zvinodzidziswa nerungano.

Isa mutsetse pasi kana dzimwe nguva ungaisa mucheerechedzo pazvidzidzo izvo zvinonyanya kukosha pakutaura ne mudzidzi mumwechete kana vateereri, umwe angawana zvidzidzo zvakanwanda zvinokosha murungano rwupi zvarwo rweBhaibheri. Hazvigone kuti ushandise zvole mumharidzo imwechete kana chidzidzo cheBhaibheri chimwechete. Tsaura nekuisa mucherechedzo izvo zvingashandiswa.

MUENZANISO WEKUTSANANGUDZA RUNGANO RWEBHAIBHERI

RUNGANO: Kuyedzwa kwa Josefa

MAGWARO: GN. 39:1 -23

CHIMIRO:

ZVIRIMURUNGANO:

Madzikoma aJosefa akamutengesa kune vanotenga nekutengesa nhapwa (Gn. 37). Josefa akaendeswa Egipita uko akanotengesa kuna Potifari, mukuru wemuEgipita uyo aive mukuru wevanochengetedza Farao. (Gn. 37:1)

ANONYANYA KUZIVIKANWA MURUNGANO: Josefa

NZVIMBO HURU: Egipita, musha waPotifaro

ZVIKURU ZVINORAMBA ZVICHIDZOKORORWA:

-”Jehova akanga ana Josefa” (Gn. 39:2,3,21,23).

-Potifa akaisa Josefa kuti ave mukuru wezvinhu zvole zvaave nazvo (39:4,5,6,na8)

-Mudzimai wapotifa akati kunaJosefa vataneni (39:7,10,12).

-Mudzimai waPotifa akapaJosefa mhosva yekuedza kuti avate naye kunevamwe vashandi (39:14-15) nekuna tenzi wake (Gn. 39:17-18).

ZVIMIRO ZVIKURU

-Tariro mumhute yekusagadzikana inosimbiswa:

Josefa, nhapwa, akava maropafadzo (Gn . 39:1-5)

Josefa anoedzwa nekudzivirira (Gn. 39:9)

Josefa akapiwa mhosva yaasina asi anova ne muFaro

mutorongo (39:14-23) Mudzimai waPotifaro

akachiva Josefa kuti aende naye pa bonde. Gn. 39:7-11)

Josefa akaramba muedzo weupombwe. (Gn. 39:8-12)

Potifa akashatirwa zvikuru apo paakanzwa kupa

kwemudzimai wake mhosva kuna Josefa. (Gn. 39:19)

DAMBUDZIKO GURU: Mudzimai waPotifaro anokumbira Josefa kuti aende naye pa Bonde

KUDYIDZANA KWEZVIITWA MUHURONGWA

HWEKUTEVEDZANISWA KWAHWO:

Josefa akaendeswa Egipita akanotengwa na Potifa (39:9)

Jehova akanga aina Josefa (39:2)

Josefa akazivikanwa na Potifaro akava mutariri wezvose zvaaiva nazvo (39:4-6).

Josefa aive akanaka pachiso, mudzimai watenzi wake akamukumbira Josefa, “Uya tiende paBonde!” (39:7)

Josefa akaramba: “Tenzi wangu akaisa zvinhu zvose zvirimumba muno mumaoko angu.

Zvinhu zvose zvavanazvo zvirimumba muno mumaoko angu. Tenzi wangu haana chaakandidzivisa kubata kunze kwenyu, nokuti muri mudzimai wake. Ndangaita sei chinhu chakaipa kudai kuti nditadzire Mwari?”

-Akataura naJosefa zuva nezuva, asi akaramba kuenda naye pabonde kana kuda kuva naye (39:10)

-rimwe zuva Josefa ari oga mumba anaye, akamubata nguvo yake, akasiya nguvo mumaoko ake akatiza (39:11-12)

-mudzimai akashevedza vashandi vake vemumba akati: “Muhebbhero uyu akauya muno kuzovata neni, kuti ndaridza mhese kuti ndibatsirwe, asiya nguvo yake parutivi rwangu akabuda mumba achitiza” (39:13-19).

Potifa paakadzoka pamba akamuudza, “Nhapwa iyo yechihebhero yawakaunza pano yakauya kuti andidadzire. Pandaridza mhese kuti ndibatsirwe, asiya nguvo yake akabuda mumba achitiza.” (39:17-18).

-Potifa akashatirwa zvikuru akaisa Josefa mujeri nevasungwa vamambo (39:19-20).

-Mutoronga, Jehova aive neJosefa (39:21).

ZVEPAMUSORO:

JOSEFA AKAISWA MUTORONGO ASI MWARI AKANGA AINAYE (39:20-21)

ZVIDZIDZO ZVINODZIDZISWA NERUNGANO

1. Uyo anoshandira Mwari anokwanisa kutambudzika asina mhosva. Josefa akatengeswa muunhapwa (39:1) musure akazoiswa mujeri nekuda kwekupomerwa (39:20).

2. Mwari nguva dzose ari pedyo neavo vakatendeka kwaari. Mwari vaiva naJosefa (39:2,21,23 - Mapisaarema 46:1-2)

3. Kana avo vasingatendi kuna Mwari vakaziva kuti Mwari ari kuropafadza muranda wavo, muranda iyeye arikupa uchapupu hwakanaka. Potifa akazviona kuti Mwari aiva naJosefa (39:3).

4. Avo vasingashandire Mwari vanokwanisa kuropafadzwa nekuda kweukama hwavo nemutendi kuna Mwari. Jehova vakaropafadza potifa nekuda kwaJosefa (39:5)

5. Uyo anoshandira Mwari aripo kusangana ne miyedzo yakasimba, mukomana Josefa ane makore gumi ne manomwe ekuberekwa akaedzwa kuti avate ne mudzimai watenzi wake. (39:7, 10-12).

6. Munhu angavabofu kuzvinhu zvinokosha zveupenyu . Mudzimai waPotifa wakava bofu kuzvinhu zvinokosha mukurara mamumusha. (39:7)

7. Kutenda kuna Mwari kunopa munhu kuti ave nechikonzero chekudzivisa miyedzo. Kutenda kwaJosefa kuna Mwari kwakamupa kubaiwa pamoyo kuti kupandukira tenzi wake chingava chivi. (39:9).

8. Chinhu chakaipa chinoitirwa umwe munhu chivi kuna Mwari. Josefa akaziva kuti kupandukira tenzi wake kunova chitadzo kuna Mwari. (39:9)

9. Uyo anoyedza vamwe kuti vatadze anopakuti munhu abatwe nemiyedzo yavanodzivisa. Mudzimai waPotifa akaedza Josefa kuti

avate naye, ndokubva atsvaga kumutsiva apo akaona kuti aramba (39:13-19).

10. Munhu anokurirwa nemiyidzo anopa mhoswa kuna vamwe. Mudzimai waPotifa haana kuzvitorera mhosva yake yekuedza kuderedza nekushandisa nguva yake yaakasiya apo akaidza kumupomera mhosva (39:13-14).

11. Varanda vaMwari vanogara munyika yeuori uye vangatambudzwa nokuda kwekuita kwavo zvakanaka. Josefa paakaramba muyedzo wechivi cheupombwe, akapomerwa mhosva akatoiswa mujeri. (39:20).

12. Mwari varipo pamuranda wavo anotambudzwa pasina mhaka. Mwari vaiva naJosefa (39:2-5,23).

MASVITSIRO EMASHOKO TICHISHANDISA NGANO DZEBHAIBHERI

Nzira dzakasiyana siyana dzingashandiswa kusvitsa ngano dzeBhaibheri. Mune dzimwe nzvimbo rungano runotaurwa zvongova saizvozvo; mune dzimwe nzvimbo rungano runopinza sechombo chekushandisa pakudzidzisa kana kuparidza. Zvino tevera zvinotsanangura zvimwe zvezvitevedzwa zvmaitiro akashandiswa.

KUTAURA RUNGANO

Masvikiriro chaiwo ekutaura ngano anotaura ngano dzeBhaibheri, wakatendeka pazvokwadizveBhaibheri. Kana rungano rwapera, mutauri wengano apedza. Mutauri wengano anodzivirira kanganisa ingava zvokwadi ipi yakanyorwa muBhaibheri, zvakadzro anatora basa rekushandisa mashoko ake, uye muchidimbu otsanangura zvokwadi zvisingazivikanwi nevateereri vake. Maitiro aya kazhinji anotaura rondedzero muhurongwa hwa katevedzaniiswa, nekutaura rungano rumwe kana ngano dzakawanda

nguva imwechete. Matauriro engano mapfupi engano dze Bhaibheri anozivikanwa chose nevatauri vengano vanotevera hurongwa hwekutevedzani, kutangisa nekusika muna Genesisi, zvichienderera nyange zvazvo zvichisanangura ngano dzemutesitamente Tsaru, vobva vataura ngano pamusoro pekuzvarwa, kurarama, kufa, nekumuka nekukwidzwa kudenga kwaJesu, nekupedzisa nengano dzinobva mubhukura mabasa. Mutauri wengano anotevedza kurongeka kwenhoronda uye nekutsvaka kuchengetedza rungano rumwe nerumwe sekunyorwa kwarakaita muBhaibheri.

Kana dzichishandiswa munguva yeshumirose mharidzo, mharidzo inotangira panotangira ngano yoperera panoperera ngano. Mharidzo kutaura rungano rweBhaibheri!

MATAURIRO ENGANO EKUTAURIRANA

Murondedzeri anoshandisa kutaura ngano nekutaurirana anotaura ngano, vobva vakurukura ngano idzodzodzovateereri vake. Mutauri wengano angabvunze mibvunzo mishoma nekukurudzira vateereri vake kuti vakurukure rungano, asi hurukuro yakazaruka uye inotenderwa kutora gwara iro vateereri vanoda kutevera. Kutaura ngano nekutaurirana kunoshandiswa zvikuru nemamishinari vanoshumira mundudzi dzavanhu vasina mutauro unonyorwa vane kuziva kushoma kana kusatova ne ruzivo rwedzidziso dzeBhaibheri. Zvakare, maitiro anobata chose ekuti uwane ruzhinji pakati pemapoka evanhu avo vano mukira chiKristu. Mutauri wengano anokwanisa kuti mushure menguva yakati kuti otaura rungano rweBhaibheri pavhiki, kana angataura ngano dzeBhaibheri panhano imwechete, ota maawa akati wandei kana mazuva. Musure mekunge ngano dzataurwa, vateereri vanodzukurura.

KUTAURA NGANO KUNE KUDZIDZISA KUNOGONA KUSHEEDZWA KUTI KUDZIDZISA KWEKURONDEDZERA. MUDZIDZISI ANORONDEDZERA RUNGANO OBVA

ADZIDZISA ZVOKWADI INOTORWA MURUNGANO. MURUNGANO NDIMO MUNOBVA HURONGWA HWECHIDZIDZO. RONDEDZERO YEBHAIBHERI CHINHU CHIKURU ASI INOUMBWA NEKUSIMBISA KWEKUDZIDZISA. NDINOSIMBISA MAITIRO MAVIRI ANOKOSHA AYO angashandiswe nekudzidzisa kwekuronedzera.

Mukudzidzisa kwekuronedzera ne mibvunzo, mudzidzisi anotaura ngano dze Bhaibheri obva abvunza mibvunzo yakarongwa kubatsira vateereri kuti vawane zvokwadi kubva muronedzero. Mutauri wengano haatsananguri rungano kana kutsanangura zvokwadi yaawana murungano. Anobvunza mibvunzo iyo inotungamirira vateereri kuzviwanira zvokwadi yeBhaibheri.

Pane musiyano pakati pe matauriro engano nekutaurirana ne kudzidzisa kwekuronedzera ne mibvunzo. Kana uchishandisa matauriro engano nekutaurirana, kukurukura kwakazaruka vatereri vanogona kutora kukurukura mugwara ripi zvaro ravanoda. Uyo anoshandisa kudzidzisa kwekuronedzera ne mibvunzo anosarudza zvokwadi inoratidzwa murungano nekuvunza mibvunzo yekubatsira vadzidzi kuti vaone zvidzidzo izvo pachavo. Anotungamirira hurukuro dza kanangana nezvidzidzo izvozvo zvavanoda kukurukura.

Uyo anoshandisa kudzidzisa kwekuronedzera nehurongwa hwezvidzidzo anosarudza zvidzidzo zvinowanikwa murungano, anoronga zvidzidzo zvakasarudzwa, ozvitsanangura, otungamirira hurukuro nekubvunza mibvunzo pamusoro peronedzero nechidzidzo chasarudzwa.

KUTAURA NGANO NEKUPARIDZA (KUPARIDZA KWEKURONDEDZERA)

Kutaura ngano kunokwanisa kubatanidzwa ne kuparidza. Kutora ngano nekuparidza kunokwanisa kudaidzwa kunzi kuparidza

kwekuronedzera. Mutauri wengano anotaura ngano obva ahandisa rungano sehwaro hwekuparidza. Parungano ndipo panobva mharidzo. Kuronedzera Bhaibheri ndicho chinhu chikuru asi kuno umbwa nemharidzo nekuita, ndinosimbisa maitiro maviri anokosha ayo angashandiswa mukuparidza kwekuronedzera.

Mutauri wengano muparidzi uyo anoshandisa kutaura ngano nekuparidza mushure mekutaura rungano, anotaura rungano rweBhaibheri apo panobva mharidzo yake obva oburitsa zvidzidzo zvinowanikwa murungano sezvitevedzwa zve mharidzo yake. Kupiwa kwemharidzo kunombomira kusvikira mushure mekumbotaura rungano.

Mutauri wengano muparidzi anoshandisa kutaura ngano nekuparidza zvakarongedzwa anoronedzera rungano rweBhaibheri; kana achinge asvika pazvitiko zvinokomborera chidzidzo, anomira kutaura ngano, oisa chidzidzo chake ochikudziridza sechitevedzwa chemharidzo. mushure anoenderera mberi nekutaura ngano kusvikira asvika pane chimwe chiitiko icho chinoroparadza chidzidzo chaanoda kukudziridza. Anoenderera mberi achironedzera nekuisa zvidzidzo zvakashandurwa kuva zvitevedzwa zve mharidza kusvikira rungano rwapera.

MAGUMO

Ngano dzeBhaibheri dzinodudzira shoko raMwari. Zvirinyore kudzidza nekududzira zvakanaka rungano rweBhaibheri panekududzira chitsauko che dzidziso se tsamba dza Pauro. Mharidzo yakanyanya kunyorova kana chidzidzo cheBhaibheri chakare ruka kugadzirira ndechinenge chine rungano rweBhaibheri sepanobva mharidzo kana chidzidzo. Pane njodzi shoma pamutungamiriri mutsa kuti adudzire nepasiri ipo Bhaibheri nekuwira mukukoniwa kana ahandisa ngano dzeBhaibheri. Munhu wose anoda ngano. Nyangwe zvodini zvazvo vateereri kana vadzidzi vachateerera, shoko raMwari richasvitswa nekunzwisiswa, neupenyu huchashandurwa.

Mutauri wengano anogona kuvimba ne ngano dzemuBhaibheri kuti dzino muBuritsira zvibereko kupfuura zvaanenge akatarisira.

Munhu haangakwanise kufemba zvinobuda murungano rwunenge rwanatsotaurwa, asi mutauri wengano anofanira kutarisira zvinobuda kutizvimushamisa ne muFaro. Ngano yeBhaibheri inofananidzwa kumhodzi ye mifananidzo yaJesu iyo yaka zvikurira mumakuriro ayo ndokubereka michero kuto pfuura yaitarisirwa. Rungano runonyatsotaurwa runobereka zvibereko zvine rungano! Taura Rungano! Dzidzisa Rungano! Paridza Rungano!

MUFUNDISI JACKSON DAY INYANZVI INOZIVIKANWA ZVIKURU MUKUTAURA NGANO DZEBHAIBHERI. IVO NE MUDZIMAI WAVO, VA DHORISI,, MAMISHINARI MUBRAZIL UYE VAKAUMBA ZVIDZIDZO ZVAKAWANDA ZVEKUTAURA NGANO. UNOKWANISA KUVAWANA PAKERO INOTEVERA: Jackson Day,IMB/SBC Box 6767, Richmond, VA 23230, USA.

XII. MUVAMBI WE BASA NE NHANHO DZE MAITIRO EMUVHANGERI WEKUVAMBA BASA

Zvinonyanya kukosha kuti muvambi we basa ogaoga anyatso kunzwisisa nhanho dzemaitiro emuvhangeri wekuvamba basa. Ngatimbonyatso tarisai nhanho idzi. Bhuku rino richatsanangura nhanho imwe neimwe iri yoga.

KUKOSHA: ZVINONYANYA KUKOSHA KUTIUNZWISE NEZVEZVIDZIDZO ZVAKASHANDISWA MUHURONGWA HUNO NEZVINODYIDZANA NAHWO ZVAKASHANDISWA MUBHUKU REKUDZIDZISA BASA RINO KUTEVERERA KUNEUVANGERI KWOSE KWAKANAKA NEZVIDZIDZO ZVEKUVAKA VADZIDZI ZVICHASHANDA. MUNHU ANOPA EVHANGERI NEKUITA BASA REKUTEVERA VAKATENDEUKA ANONYANYA KUKOSHA KUDARIKA ZVEKUSHANDISA.

Ushumiri uhwu pahwakavambwa muBrazil, zvidzidzo zvinotevera zvakashandiswa:

*Chipepa chevhangeri: ungava neupenyu husingaperi sei. Chakanyorwa nava wade Akins

*Zvidzidzo zveBhaibheri zvokuvhanga zvinokosha: zvidzidzo zveBhaiheri zvevhanageri yaJohane. Zvakanyorwa nava Waylon Moore.

*Zvidzidzo zvekuvhanga zvakare ruswa: upenyu hutsva. Zvakanyorwa nava Wade Akins. Zvevanhu Vasingagoni kunyatso verenga. Zvidzidzo izvi zvinotaura zvimwechete sezvinowanikwa muchipepa chevhangeri chiri pamusoro, asi chakakamurwa muzvidzidzo zvinomwe.

*Zvipezave kutevera vakatendeuka nekukasika: zvakwadi nhanhatu yevatendi vatsva. Zvakanyorwa na Wade Akins. Izvi zvingaitwa muma awa makumi mana nemasere kubva pakutendeuka kwemunhu.

*Zvidzidzo zveBhaibheri zvekutevera vakatendeuka: unofanira kusarudza chidzidzo chekutevera vakatendeuka izvo zvichatendera mutendi mutsva kuti adzidze dzidziso dzechuKristu dzinokosha dzakadai se ruombeko, chegumi, kukura kwechiKristu zvichidaro. Zvidzidzo zvakadai izvi zvinoshandiswa kutsigira nekukurudzira vatendi vatsva kukura munaKristu.

Pakudzidza kwako uchienda nebhuku rino uchaona zvinodyidzana nezvidzidzo. Zvakadaro zvazvo ungashandise zvimwe zvidzidzo kana uchida. Nokuda kwe chikonzero chekudzidziswa kuno tinodyidzanisa izvi nechipepa che vhangeri chinoti ungawana upenyu hutsva sei. Mimwe miyenzaniso yezvidzidzo zve mhando imwechete ndeiyo mitemo mina yemweya; chakanyorwa neve Campus Crusade for Christ; uye ne chakanzi nhanho dzekuwana rugare naMwari, chakanyorwa navaBilly Graham. Ungashandise chipepa che vhangeri chaunoda nguva dzose paunoda chiratidzo chokuti ndichipi chapiwa muBhuku rino. Chitevedzwa chimwechete chinogona kushandiswa pachidzidzo chipi zvacho chakanyorwa pamusoro.

KUSHANDA MUMAITIRO EKUVHANGERA KWEKUVAMBA BASA:

1. DZIDZA NEZVE GUTA IRO RAURI KURONGA KUSHANDA. TORA NZVIMBO YAUNODA KUTANGA BOKA REKUSANGANA NARO OBVA WATANGISA KUTAURA NAVO.

2. VAMBA ZVIDZIDZO zveBhaibheri mudzimba uchishandisa zvidzidzo zveBhaibheri zve vhangeri yaJohane zvinotevedzana. Zvakanyorwa nava Waylon Moore kana zvinotevedzana zveupenyu hutsva. Zvakanyorwa nava Thomas Wade Akins. Haumanikidzwe kushandisa zvinhu zviviri izvi chete, shandisa chero chidzidzo chekuvhangeri cheBhaibheri chaunoda. Yeuka kushandisa imwe nzira yamashandisiro.

3. Dzidzisa maKristu matsva zvokwadi nhanhatu yevatendi vatsva. Yakanyorwa nava Pr. Thomas Wade Akins. Kana zvimweo zvidzidzo zvakagadzirirwa kutevera vakatendeuka nekukasira, shandisa nzira yemamwe mashandiro. Kudzidza uku kunofanira kuitwa mumaawa makumi mana ne masere kubva patendeukira munhu.

4. Tangisa nguva yekushumira.

5. Tangisa mapoka evadzidzi uchishandisa zvidzidzo zvekutevera vakatendeuka. Rangarira nguva dzose kushandisa mamwe maitiro.

6. Ombeka vatendi vatsva.

7. Dzidzisa basa vatungamiriri veipapo uchishandisa kuvaka vadzidzi kwevatungamiriri venzvimbo zvakanyorwa nava Waylon Moore nava Pr. Thomas Wade Akins. (izvizvinowanikwa muchikamu chezviwedzerwa). Dzidzisa vatungamiriri ava kuti vatangise ushumiri hwakasiyanasiyanahwekereke hwakaita sehwe

kuparidza, kudzidzisa, kushanda nevana, nezvimwewo.

8. Tendera vatungamiriri vatsva kutungamirira zvidzidzo zveBhaibheri zve vhangeri raJohane. Zvokwadi zvitanzhatu, nezvidzidzo zvekutevera vakatendeuka, zvimwecheteo nekuti vaparidze kuvanhu vavo, nezvimweo.

9. Batsira kereke yemunzvimbo umo kuti vazviwanire nzvimbo yakakodzera yekusanganira, pangava kana pamusha, pamberi pechitoro, kana pamweo. Kana izvi zvichida zvekubhadharwa kwe mari kana zvimweo zvingangoda mari kereke iyoyo inofanira kuzvionera kuti ingabhadhara sei zvinodiwa.

10. Rongedza kereke, mundudzi dzinekusununguka mukushumira izvi zvingaitwa. Zvakadaro zvazvo, IZVI NDEZVOKUWEDZEREDZA ZVEMU BHAIBHERI uye hazvifanire kuva zvinoitwa nemaitiro chaiwo kunze kwe tsika, kereke yenzvimbo, mubatanidzwa wemakereke emunzvimbo kana mubatanidzwa wemakereke munyika kana mubatanidzwa ungatendera kuti izvi zviitwe.

Izvi zvinhanhoo zvazvo. Tichapa nhanho idzi zvizere mushure muchikamu chebhuku rino chakanzi HURONGWA - MAITIRO

XIII. MUVHANGERI WEKUVAMBA BASA NEKUTI ANOTANGA SEI KEREKE ITSVA

Kana muvambi we basa apinda muguta idzva, anofanira kuzvichengeta mupfungwa dzake kuti mweya mutsvene achamutungamirira kuvanhu vanenzara pamweya. Mwari vari pabasa pose pose uye varikugadzirira mwoyo yevamwe kuti ivhurike kugamuchira Kristu, kana bedzi vakangwana mukana wekuzvinzwira pachavo shoko revhangeri. Muvhangeri anofanira kuva nekuvimba kuzere kumweya mutsvene kuita basa rake. Basa rake nderokugadzirira mwoyo. Basa remuvhangeri rakareruka - Tsaka avo vagadzirirwa namweya mutsvene.

Pane zvinhu zvakawanda zvisinga-mbofa zvakashanduka. Shoko reevhangeri rinongoramba rakadaro. Maitiro angashanduka nguva dzose. Maitiro anopiwa mubhuku rino anoshanda ari pasi peutungamiriri hwe mweya mutsvene. Akatsamira pakuvamba makereke matsva anozvitsigira ari pasi peutungamiriri hwe mweya mutsvene:

1. Iyo inozvitonga iri pasi peutungamiriri hwa Mwari.
2. Iyo inozvitsigira iri pasi peutungamiriri hwa Mwari.
3. Iyo inozviwanza iri pasi peutungamiriri hwa Mwari

Iri ndiro donzo. Kuti tive tinovika padonzo iri tinoshandisa maitiro emuBhaibheri ayo anokwanisika kumunhu wese. Muvambi webasa anofanira kusarudza nzvimbo, oishanyira, osangana nevanhu mumigwagwa, mumabhawa, mudzimba, nemunedzimwe nzvimbo. Kuverengwa kwe vanhu kungangoshandiswa.

MUVAMBI WEBASA ANOFANIRA KUNGOTI ZVAKE, “NDIRIPANO KUTI NDITUNGAMIRIRE NGUVA YEKUDZIDZA BHAIBHERI, MUNGAVAWO NECHIDO HERE?” KANA VANHU VAKATI WANDEI VAKATI “hongu” VATENDERE KUTI VASARUDZE IVO NZVIMBO YAVANONZWA MUFUNGWA DZAVO KUTI NDIPO PAVANODA KUITIRA ZVIDZIDZO ZVE BHAIBHERI.

Sei uchiita izvi? Chiitiko chose chinofanira kutorwa kumavambo kutangisa kereke iyo ichazozvitonga. Zvimwe zvidzidzo zveBhaibheri zvingangoitirwa pasi pe muti, mumusha meumwe munhu, kana pane imwe nzvimbo. inosvikira ve ruzhinji. Zvakadaro zvazvo, zvinopa mukana wakanyanya kunaka kuva nekudzidza Bhaibheri kungatora nzimbo panzvimbo imwechete iyoyo svondo roga roga kana zvichibvira. Zvinoderedza kusanzwisisana nekuda kwenzvimbo ye kusanganira. Zvirinani kana muvambi webasa akarega kutanga basa rake nevana. Mushure mekunge atanga basa guru rakasimba,angashanda nevana, asi mukuvamba, chinangwa chake chinofanira kuve chekuve nezvidzidzo zveBhaibheri

munzvimbo dzakasiyanasiyana, uye nzvimbo idzi dzinofanira kuva dzakasiyana nekupararira kana zvichibvira. Chinagwa chikuru chemuvambi we basa . Hachisi chekuva mudzidzisi we Bhaibheri asi kushandisa dzimwe nzira dzemadzidziro eBhaibheri semutungamiriri. Anenge achidyara mhonzi. Mweya Mutsve ne uchaburitsa zvbereko nenguva yake.

VaRick Warren mubhuku ravo, THE PURPOSE DRIVEN CHURCH (Kereke yekufambisa chinangwa) Peji 190 kusvika 191 anogovera kuti akatangisa Saddleback Community Church, imwe yekereke huru chose muUnited States kubudikidza nekuvhunza mivhunzo mishanu inotevera kuvanhu vemunzvimbo yake umu. Izvi zvinganaka kuti ishandiswe mutsika dzine mararamiro echiKristu:

1. Mukufunga kwako, zvii zvinhu zvikuru zvino shaikwa mudunhu rino? Muvhunzo uyu uchakuvhurira mukova kuti uwane kukurukura nevanhu.
2. Unopinda kereke here? (Mutsika isina mararamiro echiKristu unokwanisa kungobvunza kuti une chitendero chipi)
3. Unofunga kuti sei vanhu vazhinji vasingapinde kereke? (Uyu muvhunzo uri kunyatsovavhunza kuti sei vasingapinde kereke)
4. Kana waitarisa kereke yekuti upinde waishuva kupinda mukereke yemhando ipi?
5. Tingakuitirei uye izanoyi raungapa kuna avo vanoda kutangisa kereke munzvimbo muno?

TINODA KUNGOWEDZERA MUVHUNZO UMWE-CHETE PAMIVHUNZO IYI:

6. UNGAVA NE CHIDO HERE CHEKUVA NENGUVA YE KUDZIDZA BHAIBHERI MUMBA MAKU?

TINODA ZVAKARE KUTI TITAURE NEZVATINOWANA SEMHINDURO KUNHEPFENYURO YEMUMHEPO, MHINDURO KUBVA MUKUGOVERA KWEMAPEPA EVHANGERI KANA ZVINOITIKA ZVIKURU ZVINGASHANDISWA KUONA KUTI NDEVAPI VAKAVHURIKIRA KUVHANGERI. PANE DZIMWE NZIRA DZINGAWEDZERWA ASI MUZVINHU ZVOSE MUVAMBI WE BASA NEBOKA RAKE VANOFANIRA KUGARA VAKAVHUNZA AVO VANORATIDZA CHIDO KANA VANGAVA NECHIDO CHEKUVA NENGUVA YEKUDZIDZA BHAIBHERI MUMBA (KUNZE KWEKUTI IWE PACHAKO UBVUNZE VANHU) KUTI UWANE AVO VANE MOYO IRI KUSHA

NHANHO YEKUTANGA
NGORORO NEKUONA VANHU
(ZIVA AVO VANE CHIDO)

1. Onana nevanhu zvakadzama, kanakutoita ushamwari neavo vaunoda kusvikira kuitira kuti ukuchidzire chido chavo chokuti muve nenguva yekudzidza Bhaibheri mudzimba dzavo.
2. Bvunza mibvunzo mitanhatu yakataurwa muchitsauko chechinomwe pakanyorwa nezvimaitiro okuita basa mubhuku rino.
3. Ziva vanhu avo (vasiri maKristu) vangava nechido chekuve nenguva yekushumira mudzimba dzavo. Iyi ndeimwe nzira yekuvamba nayo kudzidzwa kweBhaibheri mudzimba kana kereke itsva.
4. Ipa nzira yeruponeso pakutanga kuonana nevanhu vaunoziva kuti pamwe hauzo kwanise kudzokera kumunhu iyeyo kana mumba. Nendimwe dzenguva ungavaka ukama.
5. Sarudza nzvimbo yaungada kushanyira iyo yaunokwanisa kupinda pairi. Ona kuti wanyatso kusvitsa mashoko ako nekuziva nezve vanhu vanogara ikoko.

NHANHO YECHIPIRI – NYAYA YAKANAKA KANA MAPOKA EHUPENYU HUTSVA. DENDEREDZWA REKUTANGA

1. Tora zvose zvezvekushandisa zvinokosha kunzvimbo yekudzidzira (zvidzidzo, mapepa evhangeri, mabhuku ezvidzidzo zve vhangeri raJohane, nezvimweo.)
2. Iwe pachako ita zvidzidzo neboka, usarega vachizvitora kuti vanozviitira kumba varivoga pakati pesvondo. Kuita zvidzo pamwechete kunovaka ukama. Tangisa boka diki rekuvhangeri muchitevera zvidzidzo zveBhaibheri zvemuvhangeri paJohane nemapoka akasiyanasiyana angasvika kubva kumana kusvika kumapoka gumi emhuri kana evanhu vakarasika munzvimbo dzakasiyanasiyana. Tungamirira mapoka akawanda

nepaunokwanisa napo, asi kwete kupfuura ausingazogona kuchengeta. Ungasarudza kushandisa zvidzidzo zveuvhangeri zvakarerutswa upenyu hutsva nevanhu vakaomerwa nekuverenga magwaro akati rebei. Kumwe kusarudza ndekwekuti ungashandisa maitiro ekutaura ngano.

DENDEREDZWA REKUTANGA REZVIDZIDZO ZVE NYAYA YAKANAKA.

1. Bokare nyaya yakanaka
2. Bokare nyaya yakanaka
3. Bokare nyaya yakanaka

CHEREKEDZA: MUNE DZIMWE TSIKA IDZI DZINOGONA KUYA KEREKE NHATU DZAKASIYANA

NHANHO YE CHITATU – “ZVOKWADI ZVITANHATU MAERERANO NE MUKRISTU MUTSVA”

Tevera nekukurumidza maKristu matsva. Unokwanisa kushandisa “zvokwadi nhanhatu yemuKristu matsva” (Pane zvaka wanziridzwa, chikamu chekutanga)

Kana chii zvacho chakagadzirirwa kutevera vakatendeuka kuitira kusimbisa nekutungamirira vatendi vatsva. Kutevera vakatendeuka uku kunofanira kuitwa mumaawa makumi mana nemasere kubva pakateukira munhu.

NHANHO YE CHINA – NGUVA DZOKUSHUMIRA NEZVIDZIDZO ZVEBHAIBHERI ZVEKUTEVERA VAKTENDEUKA

1. Muvambi webasa akakoka vaya vose vakapedza zvidzidzo zve Bhaibheri zvenyaya yakanaka kuti mubatane pamwechete mukushumira uye nguva yezvidzidzo zvekutevera vakatendeuka. Chikonzero chezvidzidzo izvi chichave chekutungamirira avo vasina kugamuchira Jesu vanzwisise ruponiso uye nekudzidzisa vaKristu vatsva kuratidza rutendo

rwavo, semuenzaniso; muKristu matsva anofanira kunzwisisa zvanaka maererano nemaitiro ake akare uye ne matsva, uye nekkurwiswa kuchavapo pakati pemaitiro maviri aya. Anofanira kudzidza kukunda maitiro ake akare kubudikidza nesimba raMweya Mutsvene. Kana izvi zvisinganyatso nzwisika nemuKristu matsva, angava nekunzwisika kusiri iko maererano neBhaibheri, kana kutofunga kuti arasikirwa neruponiso rwake. Ndicho chikonzero ichochi saka zvidzidzo zvekutevera vachangotenderuka zvakanakosha kudzidzisa vaKristu vachangotendeuka kuti vangaratidza rutendo rwavo sei. Zvichidaro zvazvo kunzwisika kwedzidziso yechiKristu kusina chitiko chinoonekwa hakuna udzamu. Saka zvokwadi nhanhati dzerutendo idzi dzinofanira kudzidziswa; zvokwadi yeruponiso neupenyu husingaperi, ruombeko, unoverenga sei Bhaibheri, munamoto, chikonzero chekuve nhengo yekereke inoparidza vangeri yemunzvimbo yauri, uye nekuti ungagovera rutendo sei (zvikananziridzwa chikamu chekutanga).

2. Misanganano yekutevera vakatendeuka iyi nenguva dzekushumira zvichava kutangisa kwe kereke itsva. Shandisa nguva yekushumira mukurunbidza Ishe, kunamata nekunyatso dzidzisa Bhaibheri uchishandisa mamwe maitiro kana kutaura ngano.

KABOKA

BOKARE NYAYA YAKANAKA
BOKARE NYAYA YAKANAKA
BOKARE NYAYA YAKANAKA
AVO VAKAPEDZA ZVIDZIDZI ZVENYANYA YAKANAKA
VANOKWANISA ZVINO KUBATANA NEVAMWE
KUSHUMIRO
NGUVA YEKUSHUMIRE NEZVIDZIDZO
ZVEKUTEVERA
VAKATENDEUKA

CHERECHEDZA: MUNEDZIMWE TSIKA INGAVA PFUNGWA IRINANI KUTI UREGE VEZVIDZIDZO ZVENYAYA YAKANAKA VARI VOGA NEKUTENDERA KUTI BOKA RIMWE NERIMWE RIVE KEREKE YEMUDUNHU INOTO ZVIWANZA.

3. Muvambi webasa ane mukana wekushandisa zvidzidzo zvekutevera vakatendeuka sechikamu chenguva yekushumira kana kudzidzisa zvidzidzo munguva dzakasiyanasiyana, dzimwe nguve kuda musati matanga kana mushure me shumiro.
4. Usatendera chero munhu kutangisa chero zvimwe zvitevedzwa zvezvidzidzo musati mapedza zvose zvezvidzidzo zvekutevera vakatendeuka. Semuenzaniso, kana umwe ave nhengo yezvidzidzo zvekutevera vakatendeuka pachidzidzo chechina, angapedza zvidzidzo asi anofanira kutanga pedzisa zvidzidzo zvitatu zvekutanga zvekutevera vakatendeuka asiti atangisa kudzidza kunotevera.
5. Dzimwe dzenguva ungada kutungamirira zvidzidzo zvekutevera vakatendeuka muzvikamu zviviri zvenhanho. Mune mamwe manzwi, chidzidzo chimwechete chinogona kukamurwa kuti chikwanisike kudzidziswa muzvikamu zviviri zvemisangano. Rangarira kushandisa mamwe maitiro ekudzidzisa kuitira kuti usemudzire kubatanidzwa muchidzidzo kwemudzidzi.

DENDEREDZWA RECHIPIRI
DENDEREDZWA RECHIPIRI REZVIDZIDZO ZVENYAYA
YAKANAKA. MUTUNGAMIRIRI MUTSVA WENZVIMBO
ACHABATANA NEMUVAMBI WEBASA MUZVIDZIDZO
ZVITSVA.

- 2 Boka renyaya yakanaka
- 2 boka renyaya yakanaka
- 2 boka renyaya yakanaka

1. TANGISA ZVIMWE ZVIDZIDZO ZVEBHAIBHERI ZVENYAYA YAKANAKA MUNEDZIMWE DZIMBA MUNZVIMBO NEVATENDI VATSVA UCHIBATSIRANA NE MUVAMBI WEBASA. Zvidzidzo hazvifanire kuitirwa muimba yamunosanganira panguva yekushumira asi mudzimba dzevasiri vaKristu.

Dzidzisa vatendi vatsva uchishandisa zvidzidzo zvakanaka zvekutevera vakatendeuka. Bhuku rino rinosanganisira zvokwadi nhanhati yeva Kristu vatsva nekuvaka vadzidzi kwevatungamiriri zvakananyorwa navaWaylon Moore nava Thomas W. Akins. Kana zvidzidzo zvakarebesa, kamuranisa chitsauko chimwechete musvondo mbiri.

2. DZIDZISA BASA VATUNGAMIRIRI VENZVIMBO KUTI VABATSIRE KUTUNGAMIRIRA ZVIDZIDZO VACHISHANDISA MAMWE MAITIRO.

Muvambi webasa achadzidzisa zvino avo vangangova vatungamiriri kuti vatungamirire zvidzidzo zvenyaya yakanaka nezvidzidzo zvekutevera vakarisika mudzimba. Munguva yemudenderedzwa rechipiri vachabatana ne muvambi webasa apo anenge achitungamirira zvedzidzo zvenyaya yakanaka mudzimba dzavo. Vatungamiriri vatsva vemunzvimbo vachabatana ne muvambi webasa kubudikidza nezvidzidzo zvakare vedzaniiswa vasati ivo pachavo vatungamirira shumiro yose. Muvambi webasa zvidzidzo zvanyaya yakanaka munedzimwe dzimba zvakanawanda nepaanokwanisira. Ipa nguva yakasarudzika yekudzidzisa basa mapoka madiki evaporidza kuti vatungamirire basa (zvidzidzo zveBhaibheri zvevhari vaJohane zvidzidzo aavekutevera vakatendeuka, ushumiri wevana nezvimwewo). Vatungamiriri ava havangadzidziswa basa vakawanda.

Zvipire kuna Mwari kuti udzidzise basa umwe neumwe kana mumapoka madiki uchishandisa hurongwa hwakanaka hwekuvaka vadzidzi. Mwari achasimudzira avo vanodiwa nemuvambi webasa

kuti avadzidzise mumwe neumwe. Bvumira awa imwechete yekudzidzisa chipzidzo, imwe awa yekuedza kuita basa. Kuti kudzidzisa basa kwakanaka kwevatungamiriri kuitike, zvinokosha kuti nguva isangova yakaiswa chete mukudzidza, asi mukuita basa. Usatendera satani kuti apindire mumadzidzisiro ako basa ekuita basa.

KUVAKAVADZIDZI VEVATUNGAMIRIRI

3. TUNGAMIRIRA NGUVA YESHUMIRO. Apo muvambi webasa anenge achitungamirira zvidzidzo zvitsva zvenyaya yakanaka mumisha yevanhu vasiri maKristu, ari pamwechete nevatungamiriri vatsva venzvimbo a change achitungamirira zvakare nguva yeshumiro nezvidzidzo zvekutevera vatendeuka nezvo vakapedza denderedzwa rekutanga rezvidzidzo zvenyaya yakanaka.

VAKATENDEUKA VATSVA KUBVA KUDENDEREDZWA REKUTANGA REZVIDZIDZO VAVE KUSANGANA IKO ZVINO MUNGUVA YOKUSHUMIRA.

CHIKAMU CHEBOKA CHINOSANGANA NE NGUVA YESHUMIRO

CHEREKEDZA YEKUTANGA

NGUVA DZOSE DZIDZISA BASA VATUNGAMIRIRI MUMAPOKA MADIKI: IZVI ZVINOKOSHA NEKUTI VATUNGAMIRIRI VATSVA VACHANGE VARI VASATI VAZIVA KUTI VANGATUNGAMIRIRE SEI NGUVE YESHUMIRO.

KANA BOKA RIMWECHETE ROGA RENYAYA yakanaka kana riri iro roga ranga richifamba kana kuti kana kune zvinodzvivisa zvino dzivirira zvakanyanya izvo zvingakonesa vatungamiriri vanobva kumapoka akasiyana siyana kuti vasangane pamwechete saka chibva wava nechokwadi ungangova nevanhu vangaita vaviri

vanobva kuboka vangadzidziswe basa varipamwechete. Chikonzero chekudzadzisa basa vanhu vaviri ndechokuti boka rirambe rakasimba kudzidzisawo basa nekuumba vatunga miriri ve mangwana. Kudzidzisa basa vatungamiriri ndicho chinhu chikuru pakukudza nekuwanza basa.

CHEREKEDZA YECHIPIRI

RUOMBOKO RUNOFANIRA KURONGWA pano apa vatendi vatsva vangaombekwa pakarepo mushure mukunge mapedza zvidzidzo zvekutevera vakatendeuka. Kubva pachinhanho ichocho, vatungamiriri vemunzvimbo vachatungamirira shumiro.

CHEREKEDZA YECHITATU

UNGAVAMBA KEREKE ITSPA DZEMUDZIMBA KUBVA KWE AVO VAKAPEDZA DENDEREDZWA RECHIPIRI REZVIDZIDZO ZVE NYAYA YAKANAKA> IZVI ZVINO wedzera kubudirira kwevatungamiriri vatsva kubva mumapoka, zvinowedzera chido chekuti boka rimwe nemwe rive nezvibereko (richiwanza maberekero), uye zvinowedzera chido chekuti vachavaka mapfuudziro kune vamwe izvo zvavakadzidza.

UYE ZVINOKURIDZIRA vatungamiriri vemunzvimbo kuti varambe vachisangana mudzimba pakubhadhara nzvimbo yekupindira kuitira kudzivirira chidziviriro chekubereka.

CHEREKEDZA YE CHINA

UYU MUKANA CHAIWO kana zvidzidzo zve nyaya yakanaka zvikaitwa mumapoka madiki ayo anoubwa nevanhu vakagara vachidyidzana. Munedzimwe tsika vanhu havavimbe ne avo vavagara vasingadyidzane nava (shamwari ne nhengo dzemhuri). Izvi zvinobva zvangova chiitiko chakajairika mukutanga kereke itsva dze mudzimba

MAPOKE SEKUKURA KWAANOITA ANOKWANISA KUTANGISA KUZVIVISA imwe kune imwe kubudikidza nehutungamiriri hwao. Vachatangisawo kuwana zvikanaka zvinowanikwa munezvakanomberedza kurudzire, kuve nechokuita, kudzidzisa basa, uye ne kusvikira. Zvakadzro zvazvo, izvi hazviwanzo kugoneka nguva dzose pakati pevatendi vatsva chiya munedzimwe ndudzi.

CHEREKEDZO YE SHANU

ZVAKARE MUKANA WEKUKURA WEBOKA RINOSANGANA NEKEREKE DZEMUDZIMBA DZINE MUKURUMBIRA ZVIKURU KUDARIKA MAPOKA MAKURU. Kunze kwekunge kana paine kunyenge tedzwa kwemutsika kana chikonzero chenhorondo chekereke itsva iri munharaunda chingaita kuti kereke itenge kana kubhadhara imba nekuumba gungano rakati kurei, vangankurudzirwa kuti vatsvake nzira yekereke ye mumba. Nguva dzose zvakanyanya kunaka kurumba vanhu vakatarisa mukuvhangeri, kuvaka vadzidzi nekuwanza kwe kereke.

CHEREKEDZO YE CHITANHATU

ZVAKARE SHANDISA ZVIDZIDZO ZVEVHANGERI YA JOHANE kana maonero ako achikubvumira. Mamwe maitiro ndeekushandisa zvidzidzo zvekutevera nekukasika nekutaura ngano izvo zvidzidzo zvava JO TERRY kana va JACKSON DAY zvitsauko zvavo zvinotsanangura mubhuku rino usati watingisa zvidzidzo zvaJohane nekwabhudha, mahindu, vaAminisi, maMosiremu, vasiki, vaPASIA kana kuti nani zvake uyo akava nekuziva kashoma kana kushay kuziva nezve chiKristu kana dzidziso yechiKrist. Uye zvakare, cherekedza maitiro, engano dzinotevedzaniswa angaitwa pachinzvimbo chezvidzidzo zva Johane nemapoka aya.

DENDEREDZWA RE CHITATU

TANGISA MAPOKA MATSVA EZVIDZIDZO ZVE NYAYA YAKANAKA (Kana kutaura ngano) utangise mapoka acho mune dzimwe dzimba dziri munhu raunda uchishandisa vatungamiriri vemunzvimbo zvo vakadzidziswa basa kubudikidza nedenderedzwa rechipiri kutungamirira zvidzidzo. Atungamiriri vatsva venzvimbo (Avo vakabva mudenderedzwa rekutanga) vachatanga kudzidzisa basa vatendi vatsva kubva muzvidzidzo zve denderedzwa rechipiri nekutora vatendi vatsva ava kubva muzvidzidzo zve denderedzwa rechipiri nekutora vatenda vatsva ava kuti waitewa zvidzidzo izvi.

VATUNGAMIRIRI VATSVA VANOBVA KUDENDEREDZWA REKUTANGA REZVIDZIDZO VARI KUTUNGAMIRIRA MAPOKA AYA VAKABATANA NEVATENDI VATSVA VANO MUDENDEREDZWA RECHIPIRI RE ZVIDZIDZO.

3 boka renyaya yakanaka

3 boka renyaya yakanaka

3 boka renyaya yakanaka

Tangaisa kubatanidza boka rechipiri reavo vakapedza zvidzidzo zvenyaya yakanaka vari muzvipoka.

2 boka renyaya yakanaka

2 boka renyaya yakanaka

2 boka renyaya yakanaka

NGUVA YEKUSHUMIRA NEZVIDZIDZO ZVEKUTEVERA VAKTENDEUKA

Kana zvichikwanisika, batanidza vatendi vatsva panzvimbo yekusanganira nguva ye shumiro. Dzidzisa basa vanhu vemunzvimbo zvienda nekukwanisa kwavo kubhadhara nzvimbo yavanopindira. Kana vachida, pakuti vavimbe nerubaatsiro runobva

kukereke irimai kana gungano remamishinari kana mubatanidzwa wemakereke munyika kana uri uripo.

KUVAKA VADZIDZI KWEVATUNGAMIRIRI

Enderera mberi nekudzidzisa basa vatungamiriri. Chinangwa cheboka rekuvaka vadzidzi ichi ndechokudzidzisa basa vatungamiriri. Ipa nguva, muchivande chete muhuzhinji kudzidzisa basa vatungamiriri vemunvimbo. Vadzidzise kuti vashandise mamwe maitiro ekudzidza Bhaibheri kana kutaura ngano. Uye wovaradidza kuti vanotungamirira sei kereke. Muvambi webasa anokwanisa kus handisa zvidzidzo zviri pachikamu chekuwanziridza zvakanoyora nachiremba va Waylon Moore nava Thomas Wade. Zvinokosha kuti uone kuti kuvaka vadzidzi kunofanira kuitwa nemapoka maduku zingazizvikanwe mumisha yakasiyanasiyana.

CHEREKEDZA

IVA NEVATUNGAMIRIRI VANZVIMBO VATUNGAMIRIRE SHUMIRO NEKUKURUMI IDZA PAKUTI MUVAMBI WEBABA ATUNGAMIRE ANOGONA KUVAGADZIRIRA BASA IRI MUMISANGANO YEVATUNGAMIRIRI YAKASIYANA.

DENDEREDZWA RECHINA

TANGISA KEREKE ITSVA KANA MAKEREKE

1. **TANGISA MAMWE MAPOKA EZVIDZIDZO ZVE VHANGERI YAJOHANE MUNE DZIMWE DZIMBA UCHISHANDISA VATUNGAMIRIRI VE MUNZVIMBO VANGA VACHINGUNOTUNGAMIRIRWA NE MUVAMBI WE BASA KUBUDIKIDZA NEMUCHIKAMU CHECHINA.** Vatendi vatsva vakapedza denderedzwa rechipiri ndokudzidziswa mudenderedzwa rechitatu rezvidzidzo vokwanisa kutungamirira zvidzidzo izvi pachavo. Vatungamiriri vedariro rechipiri

vachatora vatendi vatsva avo vakapedza dariro rechitatu rezvidzo kuti vaite navo dariro rechina rezvidzidzo

DARIRO RECHINA REZVIDZIDZO ZVENYAYA YAKANAKA

- 4 boka renyaya yakanaka
- 4 boka renyaya yakanaka
- 4 boka renyaya yakanaka

VATUNGAMIRIRI VANOBVA KUDARIRO RECHIPIRI VACHATUNGAMIRIRA ZVIDZIDZO IZVI VAKABATANA NEVATENDI VATSWA AVO VAKAPECZXA DARIRO RETATU REZVIDZIDZO.

2. Vatungamiriri vemunzvimbobvino vave kutungamirira zvidzidzo zveBhaibheri zvenyaya yakanaka, zvokwadi nhanhatu, nguva yekushumira nezvidzidzo zvekutevera vakatendeuka nekuvaka vadzidzi.
3. Tangisa kereke nevatungamiriri vakadzidziswa basa avo vakapinda zvidzidzo avekuvaka vadzidzi. Boka richasarudza kuramba richisangana here sechikamu cheboka diki sekereke yemumba kana kuti vachatsvaka nzvimbo iri pakati yekusangana. Ndivo vachazvibhadharira nzvimbo yekupindira kanka kuzvitengera pekuvakira.

NGUVA YE SHUMIRO

- 2 boka renyaya yakanaka
 - 1 boka renyaya yakanaka
 - 3 mapoka enyaya yakanaka
 - 4 mapoka e nyaya yakanaka
4. Nguva dzose ramba uine boka diki rekuvaka vadzi kuti urambe uchidzidzisa basa vatungamiriri.

ZVIDZIDZO ZVE KUVAKA VADZIDZI

5. Dzidzisa vatungamiriri ve munzvimbo kuti vanotungamirira sei kereke.

VATUNGAMIRIRI VEMUNZVIMBO VACHIITA BASA

1. Tendera vatungamiriri venzvimbo kuti vatungamirire shumiro nekuita basa rose. Vatungamiriri ava vakadzidziswa pashure kana kuti vachiri mukudzidziswa.
2. Iye chaiye muvambi webasa achakwanisa zvino kugadzirira kusiya nzvimbo kuti aende kune imwe nzvimbo kunotangisa basa idzva.
3. Ramba uchidzidzisa basa vatungamiriri nekutangisa zvidzidzo zvenyaya yakanaka mumisha yeavo vasati vari vaKristu
4. Vatungamiriri vemunzvimbo avo vakadzidziswa basa nemuvambi we basa vanofanira kutngamirira zvidzidzo zveBhaibheri zvenyaya yakanaka.
5. Vatungamiriri vemunzvimbo zvakadzidziswa basa nemuvambi webasa vanofanira kutngamirira zvidzidzo zvekutevera vakatendeuka.
6. Dzidzisa mutungamiriri wepanzvimbo kuti atungamirire mapoka ekuvaka vadzidzi achishandisa maitiro edzimwe nzira.

ZVIDZIDZO ZVEKUVAKA VADZIDZI

7. Vatungamiriri vemunzvimbo zvo vakadzidziswa basa ne vavambi webasa vachatungamirira nguva dzeshumiro.

DARIRO RECHISHANU KUWANZA VADZIDZI NEKEREKE ITSVA

Kereke ichatanga kereke itsva, kana makereke, vachishandisa nzira dzimwe chete idzo. Ramba uchidzidzisa basa kuti vadzokorore madariro, vaenderere mberi vachiwanza makereke.

KEREKE ITSVA

Nyayadzi notanga Nyaya dzinotanga Nyaya dzinotanga

Kereke itsva inorongedza mabasa akawanda matsva vachishandisa maitiro akare iwayo nevanhu vakakura mupfungwa uye vakanyatso dzidziswa basa.

ZVAKAWANZIRIDZWA

1. Muvhangeri wekuvamba basa nekushandisa ongororo
2. Zvokwadi Nhanhatu Dzemutendi mutsva
3. Upenyu Hutsva
4. Zvidzidzo zvevhangeri yaJohane
5. Kuvaka vadzidzi kwevatungamiriri venzvimbo

MUVHANGERI WEKUVAMBA BASA NEKUSHANDISA ONGORORO

The Pioneer Evangelish and the Use of Surveys
(Pioneer Evangelism pages 151-156)

Gungano renhumwa munyika remuBrazil

Zvitevedzwa zvemuvhangeri wekuvamba basa

MUVHANGERI WEKUVAMBA BASA NEKUSHANDISA ONGORORO

Bhuku regungano renhumwa munyika yeBrazil vakaronga zvidzidzo zve ongororo sezvinotevera:

1. Chikonzero chekuongorora
2. Kugadzirirwa kwe ongororo
3. Ungaita sei ongororo
4. Ungagadziridza sei ongororo

1. CHIKONZERO CHEKUONGORORA

Kuongorora inzira yekuunganidza, kudubikidza nekushanyira imba namba, uchitsvaka zvaungada kuziva zvepamusoro maererano nevanhu vanogara munzvimbo, munguva yamungada kuziva.

CHIKONZERO CHEKUTANGA NDECHEKUONA VANGADA KUTI VANOGARA KUPI AVO VANE CHIPDO NEVHANGERI

CHIKONZERO CHEPIRI NDECCHOKUONA NZVIMBO DZINOTSIGIRA KUITIRA MABASA ERAmangwana. Izvi zvinoreva kuti kuona NZVIMBO DZIRINANI dzekutangisa basa idzva sere kudzidzisa Bhaibheri mudzimba, chikoro chekudzidza Bhaibheri chinoitswa nenguva, nezvimweo. Ungangovao ungakwanisa kutora mukana weimwe mikana, sekuona maKristu akasiya kereke nokuvane chido zvakare, kana maKRistu ayo achangoonekwa vasina kereke yemusha. Nzvimbo idza ne vanhu vangashevedzwa kuti nzvimbo dzekutsigira nekuti dzinobatsira mukutangisa ushumiri utsva.

CHIKONZERO CHETATU cheongororo ndechekusangana nevanhu mune zvakavakomberedza. Kubudikidza nemaitiro iwaya zvinogoneka kuti unzwisise zvirinani matambudziko evanhu, emunzvimbo, nezvakapoteredza tsika dzavo nezvavari kuitira kuti uronge zvirinanai urongwa hunobatsira pane zvino shaikwa ne vanhu.

CHIKONZERO CHECHINA ndechokuti unyatso kuziva nzvimbo nekuita ushamwari nevanhu. Izvi zvinozokubatsira pave paya paunenge watangisa basa rako.

CHIKONZERO CHESHANU NDECHEKUTI UONE MAPOKA ECHITENDERO ANOWANIKWA MUNZVIMBO

2. UNOGADZIRIRA SEI ONGORORO

Kuti ongororo iburitse zvakanaka zvinokodzera kuti mapoka anatsogadzirirwa nekuita zvose zvinokodzera kuitwa. Muchikamu chinotevera tichanyora zvinofanira kuteedzwa pakuita ongororo yakanaka.

A. Gadziriro muMweya

- a. Namatira avo vanogara mudhuze
- b. Namatira boka
- c. Namatira muvambi webasa

B. Gadziriro yezve kushandisa bepa rine homwe rekuisa mapepa evhangeri, mavhangeri a Johane, mafomu eongororo, zvidzidzo zveBhaibheri ne penzura.

- a. Tarira kuti homwe yako inezvose zvaunoda kushandisa here
- b. Ive ne chokwadi chekuti boka rinoziva chaipo parinofanira kuno shandira.
- c. Tarisa uone kuti unoziva mazita enzira nemamiriro ose enzvimbo iyo muchazoshandira.

C. Gadziriro yenzvimbo yamuchazoenda

- a. Ziva zvakanakwana nzvimbo yeongororo pamapu.
- b. Ona nzira chaiyo yekusvikira nayo nzvimbo yeongororo, uchishandisa mapu zvakare.
- c. Mushure mekusvika panzvimbo tenderera uchibvunza nekutarisa mazita edzinzira kuti uve nechokwadi chekuti uri panzvimbo chaiyo.

D. Sanganiso

Kuva neongororo zvinokosha ku:

- a. Gadzirira muMweya kubudikidza ne munamato nekuverenga Bhaibheri.
- b. Gadzirira zvekushandisa uve nechokwadi chekuti unezvole zvaunoda.
- c. Gadzirira nzvimbo yamuchaenda nekuziva zvakanakwana nzvimbo yamuri kuronga ongororo

3. UNGAITA SEI ONGORORO

A. Nhanho yekutanga ndeyekuzadzisa fomu

- a. nyora zvinoverengeka
- b. shandisa fomu rimwe pamhuri
- c. zadzisa nzvimbo dzose dzisina chinha pafomu mativi ose

B. Maitiro ako panguva yekubvunzurudza pane zvinhu zvitamburwa zvinokosha zve munhu ogaoga arikuvhunzurudzwa

- a. Chimiro chakanaka
- b. Kuva ne ushamwari
- c. Kungwara
- d. Kidzikisa midzi
- e. Hunyoro
- f. Kuva nechitarisiro

C. Chii chamungaita panguva yeongororo:

- a. Tsanangura chikonzero cheongororo uye nekuti chii chamuchazoita nezvole zvamuri kuwunganidza. Semuenzaniso:
- b. “Tichatangisa zvidzidzo zveBhaibheri pano pavavakidzani”
- c. “Tinofanira kuziva zvirinani vole vari muno sevavakidzani kuti tikushandirei zvakakanaka”
- d. Tora mukana wekupa uchapupu nekukurumbidza kana munhu achitaridza chido muvhangeri
- e. Ramba nharo nyangwe uchida kuzvzivirira

- f. Taura nemunhu chaiye. Kana wezera reve chidiki mukomana kana mwana akadavira pamusuo iti kwaari, “Ndinoda kutaura naBaba vako. Kana ari musikana mudiki, iti kwaari, “Ndinoda kutaura na Amayi vako.” Kana pasina aripo pamusha, taura nemwana aripo iyeyo. Anogona kuva mukova wakashama kupinda mumhuri.
- g. Haufanire kungorwisana nemibvunzo yakawanda, zvakanakara, usa ngoregedza zvirinyore.
- h. Endai vaviri vaviri, umwe achinyora zvamuri kuwanda umwe achitaura.

4. UNGAGADZIRIDZA SEI ONGORORO

- A. Iva neruzivo rwakanakwana kuti ndedaipei nzvimbo nedzimba dzakanongororwa
- B. Isa mucherechedzo pamapu iri pamafomu kuti muzive pamaita basa.
- C. Iva nezvinyorwa zviviri: Chimwe chevamakatarisira chimwe chenzvimbo dzinotsigira
- D. Ronga nguva yekushanyira avo vamunotarisa vakazivikanwa uye gadzirira zvekushandisa zvinokosha zvekushanya uku.
- E. Tsvagurudza zvinobuda zuva rimwe nerimwe.

ZVOKWADI NHANHATU DZEMUTENDI MUTSVA

MAVAMBO

Bhaibheri rinoti iro muna Vakorosi 2:6 “Sezvamakagamuchira Kristu Jesu saIshe, Fambai maari” muchidzidzo chino uchadzidza kuti ungagara sei mukuwadzana naKristu. Pawa kazvarwa munyama wakazvarwa kamwe bedzi. Kana uchigamuchira Kristu urikuzvarwa mumweya, uye zvakare unongozvarwa kamwe. Izvi ndizvo zvinonzi muna Johane 3, “kuzvarwa Kutsva.” Munyama haungazvarwe zvakare svondo rimwe nerimwe uye izvi ichokwadi nekuzvarwa kwako mumweya.

CHOKWADI YERUPONISO NEUPENYU HUSINGAPERI

Zvokwadi Yekutanga

Upenyu husingaperi chii? Johane 17:3 inoti “Zvino uhwu ndiwo upenyu husingaperi kuti vakuzivei, imi Mwari oga wechokwadi na Jesu Kristu uyo wamakatuma.” Mune mamwe manzwi, upenyu husingaperi ndiJesu mumoyo yenyu (Mweya) Izvi zvino reva kuti kana Jesu apinda mumoyo yenyu, anokupai upenyu hutsva uye kuti uchagara naye nekusingaperi kudenga.

I Johane 5:12 inoti, “uyo anemwanakomana ane upenyu, uyo asina mwanakomana wa Mwari haana upenyu.”

Chii chinoitika kana watadza mushure mekunge wagamuchira Kristu? Hurasikirwe neruponiso rwako! Regedza nditsanangure. Ndine vana vatatu, dzimwe nguva vanotadza kunditeerera. Unofunga here kuti ndingati ngavabve zvachose? Izvi hazvisi izvo! Vana vangu ndinovada. Zvandinofanira kuita kuva gadziridza, kuvadzidzisa, nekuvaranga. Bhaibheri rinoti iro muna VaHebhero 12:7-8 “Tungirira pakuomerwa ne murango Mwari vari kukubata se vanakomana.

ZVOKWADI NHANHATU YEVACHANGOTENDEUKA

Six Truths for the New Convert –
(Pages 157-165 in Pioneer Evangelism)

Va Thomas Wade Akins

ZVIDZIDZO ZVINOTEVEDZANISWA ZVEMUVHANGERI WEKUVAMBA BASA

Ndeupiko mwanakomana asingarangwi naBaba vake. Kana usingarangwi (uye munhu wose anopinda mukurangwa) saka murivana veupombwe hamusi vanakomana ve chokwadi Bhaibhai rinoti iro muna Johane 1:12 “Kune avo vakatenda muzita rake, akavapa simba rekuti yave vana vaMwari.” Naizvozvo, mwana waMwari anogadziridzwa kana atadza. Kana zvisizvo, hausi mwanakomana waMwari chaiye. Asi mwana waMwari chaiye hasasikirwe ne ruponseho rwake nekuti aneupenyu husingaperi.

Kana ukatadza mushure mekunge wagamuchira Kristu, Mwari vachakuranga kukudzidzisa kuti ufambe munzira chaidzo. Haabvise ruponiso rwako. Ruponiso rwako runogara nekusingaperi, upenyuu husingaperi kugara nekusingaperi!

ZVOKWADI YE CHIPIRI OMBEKWA

Jesu vanoti muna Mateo 28:19, “Endai naizvozvo mudzidzise marudzi ose, muvabhabhatidze muzita raBaba, nero Mwanakomana nere Mweya Mutsvene. Muvadzidzise kuchengeta zvose zvandakakurairai imi.

Dzimwe nguva wakaombekwa uchiri mucheche. Asi ka Jesu vanoti avo vari vateveri vake ndiyo vanekodero yekuombekwa. Wanga usiri muteveri waJesu pawakaombekwa. Hapana Kana chawaiziva nezvaJesu. Unokwanisa chete kuva muteveri wake kana wamugamuchira muupenyu hwako kubudikidza norutendo nekutendeuka.

Sei usingafaniri kuombekwa semucheche? Nokuti ruombeko mufananidza (nzira yekuzvivisa) kuti uri muteveri waJesu.

MuBhaibheri, vose vateveri vaJesu vakaombekwa nekunyudzwa mumvura mushure mekunge vagamuchira Kristu. Kunyudzwa mumvura chii? Paunoombekwa umwe anokuisa muviri wako ose

pasi pemvura kwe chinguva. Sei? Nokuti uyu mucherechedzo wekufa, kuvigwa, nekumuka kwaJesu. Haukwanise kuita izvi uri mucheche, asi unofanira kuzviita musure mekugamuchira Kristu.

VAROMA 6:3-4 inoti, “Kana kuti hamuzivi here kuti vose vakaombekwa muna Kristu Jesu vakaombekwa murufu, nokudaro takavigwa pamwechete naye nemukuombekwa murufu kuti, sezvo Kristu aka mutswa murufu kubudikidza nekubwinya kwabab, nesuo tingagara upenyu hutsva.”

Mvura haitiponesi. Jesu Kristu oga ndiye anoponisa. Ruombeko rwako ndiwa mufananidza wako wokutanga wokuratidza kuti uri muteveri chaiye waKristu. Kana usinga zive kuti ungaombekwa. Kupi, vunza muvambi webasa, kana kuti nyora tsamba kumunyorori wechidzidzo chino uchimutsanangurira kuti wakaponsiwa rinhi achadza kutsvaga angakuombeka.

ZVOKWADI YETATU

VERENGA BHAIBHERI RAKO

MAPISAREMA 119: 105, INOTI , “Shoko renyu mwenje wetsoka dzangu nechiedza panzira yangu.” Bhaibheri ishoko raMwari. Chikamu chekutanga I Testamente Tsaru. Chikamu che Chipiri I Testamente itsva. Vara rekuti testamente rino reva kuti, “SUNGANO”.

Ungaverenga Bhaibheri rako sei? Bhaibheri itsamba yerudo inobva kunaMwari.

Verenga Bhaibheri rako uchishandisa nzira iyi:

1. Tangisa nekuverenga bhuku-semuenzaniso: Bhuku raJohane
2. Verenga ndima yekutanga.
3. Kumbira Mwari kuti vakuratidze zvokwadi yeMweya mundima iyi. Semuenzaniso, Johane 1:1 inoti,

“Pakutanga shoko rakanga riripo, shoko rakanga riri kuna Mwari, shoko rakanga riri Mwari.

Zvokwadi yaMwari chii inowanikwa mundima iyi?

- a. nyika yakasikwa neshoko
 - b. shoko raiva Mwari (ndima 14 mushure inotiudza kuti shoko ndiJesu.)
4. Verenga ndima imwe neimwe kana chikamu uchishandisa maitiro ugoregedza Mwari vachitaura kwauri kuti iye ndiani, nepamusoro pezvivi muupenyu hwako, agokuita kuti uteerere, nezvimweo.

ZVOKWADI YE CHINA MUNAMATO

Mwari vanoti ivo muna Ruka 18:1 tinofanira kunamata nguva dzose tisingaramwidziri. Uganamate sei? Zvinokosha kuti uve nenguva yako oga naMwari. Tangisa nguva yako uchishandisa maitiro aya:

1. Kuverengwa kweBhaibheri – shandisa maitiro ari panhanho yechitatu kwemaminitsi mashanu.
2. Kurumbidza – iti,”Iseh Baba ndinokudzi nokuti...”
3. Kupa kutenda – “Ndinokutendai Ishe nokuti...”
4. Kunamatira – “Ishe ndinonamatira mwanakomana wangu Jeff, nokuti anoda.....(Enderera uchinamatira vanhu vasina kugamuchira Kristu muupenhu hwavo). Nyora hurongwa hwevanhu. Nyora mamwe emazita awa pahurongwa hwesvondo, muvhuro, chipiri, zvichidzro. Ugova namatira pamazuva iwawa.
5. Mikumbiro – Udza Mwari zvauno shaya
6. Kureurura – Imboramba unyerere kwe chinguva, ugokumbira Mwari kuti vause mufungwa dzako chero chivi, chinhu chakaipia muupenyu hwako. Johane wokutanga 1:9 inoti, “kana tichireurura zvivi zvedu iye akatendeka nekukurama pakutiregerera zvivi zvedu nekutinatsa pakusarurama pose.” Izvi zvakanororwa

vanhu vakagamuchira Kristu nechekare. Kana uinetsina, unofanira kugeza. Kureurura kumuKristu kugeza kwomweya.

ZVOKWADI YESHANU IVA NHENGO YEKEREKE IPI ZVAYO INO PARIDZA EVHANGERI

VaEfeso 1:23 inoti, “Kereke muviri waKristu.” Jesu Kristu musoro wekereke, VaEfeso 1:22 inoti, “uye Mwari wakaisa zvose pasi petsoka dzake nekuumuita kuti ave musoro we zvose zvekereke.”

Vara rekuti Petro rinoreva “Dombo” Jesu Kristu vanoziviswa se “dombo”. Muna Mateo 16:18 Mwari havana kuti Petro ndiye musoro weKereke, Asi kuti Jesu ndiye musoro wekona. I vaKorinte 3:11 inoti, “ hakuna mumwe wakaronga dzimwe nheyo, asi idza dzakarongwa kare, ndiye Jesu Kristu.”

Kereke igungano renhengo dzakaombekwa dzinotenda dzinosangana pamwechete ne chikonzero che:

1. Kushumira – vachacherekedza zvakare zvitevedzwa zviriviri – chirairo chashe neruombeko.
2. Kuvhangera
3. Kuvaka vadzidzi
4. Hushumiri hwezvinoshaikwa nevanhu
5. Kuwadzana

Sei uchifanira kuva nhengo yekereke

1. Kurumbidza Ishe nedzimwe hama muna Kristu
2. Kudzidza shoko raMwari
3. Kuva nekuwadzana nevamwe vatendi muna Kristu (Kereke imhuri yako y eMweya)
4. Kushandira vamwe
5. Kugoverana nevanhu vasati vagamuchira Jesu.

ZVOKWADI YECHITANHATU KUPUPURA

Muna Mateo 28:19 Jesu vanoti, “Endai muite vadzidzi.” Izvi zvinoreva kuti muteveri mumwe ne mumwe waJesu anofanira kugoverana shoko kune vakarasika kuti chii chakaitika muupenyu hwake. Uchapupu uhu hunofanira kutangira mumhuri yako pachako. Unofanira kutsanangura upenyu hwako usati wagamuchira Kristu sa muponesi wako, sei wakaziva kuti wakaziva sei kuti unofanira kuva neJesu, wakagamuchira Jesu sei uye rinhi, uye kuti upenyu hwako hwakadini nhasi wava na Jesu. Kana waita izvi, bvunza umwe neumwe angava murume, kana mudzimai, kuti angada here kugamuchira Kristu ne kuve nezvokwadi yeupenyu husingaperi.

Kana munhu akati, “hongu” muridze ndima dzinotevera womutsanangura imwe ne imwe sezva dzinatoratidzwa pasi apa:

1. I Johane 5:13 – Ungava ne chokwadi ye upenyu husingaperi. Upenyu husingapaeri ndi Jesu mumoyo mako (Johane 17:3). Upenyu husingaperi hunosvitsa murugare ikozvino (Johane 10:10 na 10:17) nechokwadi ye dengana kana wafa (Johane 14:1-3).
2. Varoma 3:23 – Dambudziko guru remunhu chivi. Tose tiri vatadzi. Nokuda kwe chivi tine chidziviro chikuru chinoti paradzana naMwari.
3. VaRoma 6:23 – “Mubairo wechivi rufu.” Izvi zvinoreva kuti zvinowanikwa pakupedzisira kwe kutadza kwedu kufa. Kufa kuparadzana naMwari. Izvi zvinoreva kuti upenyu hwedu ikozvino huchava husina runyararo, rugare, rufaro uye chokwadi che upenyu husingaperi. Huchava upenyu hwakaoma, husina chinhu, nekuvhundusirwa nekutya ne kuzvipa mhosva. Huchava upenyu zvakare hwokuparadzaniwa nedenga nekuva pana Mwari nekusingaperi.
4. Varoma 5:8 - Kristu akafira zvivi zvedu. Kristu vakaripa muripo (mubairo) wezvivi zvangu uye zvakare wezvivi zvako pakufa panzvimo yedu.

5. VaRoma 8:9 na 10 uye 10:9 na 10 – Kugamuchira Kristu unofanira kugamuchira sa Ishe na Muponesi wako. Izvi zvinoreva kuti unofanira kuva nechido chekutendera Kristu kuti atungamirire upenyu hwako. . Zvinoreva zvakare kuti kugamuchira Kristu zvinoreva kuvimba naye. Kuvimba zvinoreva kuti kusiya kuvimbane zvimwe zvinhu nekuisa rutendo rwako rwose muna Jesu Kristu.
6. Varoma 10:13 – Kumbira munhu uyu kuti angada here kupa upenyu hwake kuna Jesu. Kana akati, “hongu”, mukumbire kuti anamate nekukumbira Mwari kuti anamate apinde muupenyu hwake ikozvino, nokuti vose vanodana muzita rashe vachaponeswa (VaRoma 10:13)

HUPENYU HUTSVA
A NEW LIFE
(Pioneer Evangelism – pages 167-187)

THOMAS WADE AKINS

ZVIDZIDZO ZVINOTEVEDZAMISWA ZVEMUVHANGERI
WEKUVAMBA BASA

NDIWE ANI?
Upenyu hutsva chidzidzo chekutanga


MAVAMBO

NDIWE ANI? SEI URIPO? CHIKONZERO CHEUPENHU
HWAKO CHII? SEI WAKAZVARWA? CHII CHINOKONZERA
MATAMBUDZIKO AKO OSE? CHII CHICHATIKA KWAURI
KANA WAFWA?

Muna vaTesaronika vekutanga 5:23 Bhaibheri rinoti, "Mwari ivo pachavo, Mwari werugare, ngaakuitei vatsvene kwazvo; Mweya wenyu, nomoyo, nomuviri, zvichechetwe kwazvo, zvisina zvazvingapomerwe pakuuya kwashe wedu Jesu Kristu."

Munhu akakamurwa muzvikamu zvitatu: muviri, upenyu, nemweya. Tarira chinyorwa chinotevera.

Draw three circles: Write "Mweya" on smallest circle, UPENYU on the next circle and MUVIRI on the largest circle.



1. CHII CHINONZI MUVIRI? Muviri wako imba yeupenu hwako nemweya wako Bhaibheri rinotidzidzisa muna Genesisi 2:7 kuti, “Mwari vakaumba munhu ne guruva revhu...”

Muviri wako unokosha. Muna vakorinte vekutanga 6:13. Bhaibheri rinodzidzisa kuti tinofanira kushandisa miviri yedu kuti Mwari vakudzwe. Bhaibheri rinoti iro, pakuguma kwe nyika, Mwari vachamutsa muviri wako kuti ugova ne muviri usingafi. 1 Vakorinte 15:20 inoti, “Asi zvino Kristu wakamutsa kuvakafa, akava chibereko chokutanga chavavata.” Naizvozvo dzidzi so yeBhaibheri haisi yekuva neumwe muviri asi kumutsa kuvakafa. Zuva rimwe nerimwe muviri wako uri kukura zvishomane zvishoma rimwe zuva moyo wako uchamira kurova. Chokwadi ndechokuti muviri wako uchafa nekuzokera kuguruva kusvikira Jesu achidzoka achizou mutsa kuti ugomira pamberi pechigarro chaMwari pazuva rekutongwa.

2. CHII CHINONZI UPENYU? Testamente itsva kuvamba kwayo yakanyorwa nerurumi rwe chigiriki vara rekuti upenyu “upenyu” ndi PSYCHE (zvichireva kuti upenyu hwemunhu). Vara redu muchirungu ndi “PSYCHE” ukundiko kwakabva vara “PSYCHOLOGY” (Kudzidzidza nezvepfungwa dze munhu) upenyu hwakakamurwa muzvikamu zvitatu:

- A. PFUNGWA: unemukana wekufunga
- B. ZVAUNONZWA MUMUVIRI: Unokwanisa mupfungwa dzako kunzwa kuda, kutsamwa, kuvenga, ukasha, tsitsi, zvididaro.
- C. CHIDO: Unemukana wekusarudza nekuita sarudzo. Mukuita sarudzo unoshandisa chido chako.

3. CHII CHINONZI MWEYA? Bhaibheri rinoti iro muna Johane 4:24 rinoti “MWARI MWEYA”. Muna Genesisi 1:27 inoti, “Mwari akamusika nemufananidzo wake. Mumufananidzo waMwari akamusika; akavasika murume ne mukadzi.”

Chidhimu chemutsara ichi chinorevei, “Mwari akasika munhu ne mufananidzo wake?” Izvi zvinoreva kuti pawakazvarwa, Mwari akakupa Mweya. Mhuka haina Mweya nekuti haina kusikwa nemufananidzo waMwari.

Mweya wako chikamu chako icho chinoita kuti utaurirane naMwari mupenyu. Mwari vakakupa mukana wekuwadzana navo.

Bhaibheri rinodzidzisa kuti takazvirwa tine muviri usina Mweya uye kuti Mwari oga ndiye anogona kutizadza. Unoziva here kuti sei? Nokuti Mwari vatsvene! Jesu pavakasangana na Nikodimo akati, “Hapana angaona ushe hwaMwari kunze kwekunge azvarwa patsva.” Kana munhu asina kuzvarwa patsva mumweya wake, anekurwisana muupenyu hwake uyu mumusha wake, mhosva mufungwa yake, kutya kurarama ne kufa, nesave nechinhu kukuru mumweya wake.

Dzimwe nguva unganzwa usina chinhu neche mukati, mumweya wako, kana na mashoko mumoyo mako.

Muchidzidzo chedu chino tevera uchadzidza zvimwe maererano nekuti ungava ne runyararo, muFaro, mweya uzere (wakazadzwa neMwari). Uye kuti ungava neupenyu hwakawanda sei panyika neupenyu husingaperi kudenga. Mwari akakusika. Uri munhu anokosha. Mwari anokuda nokuti wakasikwa nemufananidzo wake uye chikonzero chako ndechokuti Mwari akudzwe neupenyu hwako.

MIBVUNZO

Ndinokumbira upindure mibvunzo. Mibvunzo inotevera inogona kupindurwa na “T” pane chokwada uye na “F” pasina chokwadi. Isa denderedzwa pamhinduro chaiyo yakanaka.

- 1. (T) (F) Munhu akaitwa muzvika muzvitatu.
- 2. (T) (F) Muviri we munhu uchagara nekusingaperi
- 3. (T) (F) Upenyu ipfungwa manyukunyuku nechido.

4. (T) (F) Mhuka ine mweya
5. (T) (F) Munhu wose anofanira kuzvarwa patsva.

CHINANGWA CHAMWARI
UPENYU HUTSVA - CHIDZIDZO CHECHIPIRI

MAVAMBO

Mwari anokuda. Wakasikwa nemufananidza wake uye uri munhu anokosha-akakodzera aneudzamu. Unofunge nepamusoro pako? Uri munhu anozvida here? Kana usiri, zvino zvichakuomera zvakanyanya kutiude vamwe vanhu. Zvinotangira pakunge wasvikira pakuziva kuti Mwari rudo, uye kuti anokuda Johane 3:16 inoti, “MWARI akada nyika (iwe) kuti akapa mwanakamana wake akaberekwa arimumwe oga kuti ananani anotenda kwaari arege kufa asi ave neupenyu husingaperi.”

1. CHIKONZERO CHAMWARI NEUPENYU HWAKO.

Chinangwa chaMwari ndecheye kwauri? Wakazvariruei? Bhaibheri rinoti muno 1 Johane 5:13, “Ndakanyora zvinhu izvi (Bhaibheri) kwamuri vanotenda muzita romwanakomana waMwari, kuti mugoziva kuti muneupenyu husingaperi.” Mune mamwe manzwi, chido chaMwari ndechokukupa iwe upenyu husingaperi nechokwadi. Akati, “Kuti uzive kuti une upenyu husingaperi.” Kana ukafa usiku huno, unoziva here kuti ungaenda kudenga ne Jesu muupenyu husingaperi? Sekutaura kweBhaibheri, uno kwanisa kuva nechokwadi chaicho cheizvi. Verenga Johane wekutanga 5:13 zvakare.

2. UPENYU HUSINGAPERI CHII?

Muna Johane 17:3, inotsanangura upenyu husingaperi seizvi, “Uhu ndiwo upenyu husingaperi, kuti vamuzive, Mwari mumwe oga we chokwadi, na Jesu Kristu, iye wamakatuma.” Muchirungu tinevara rinotungamira rinokosha chose. Vara rinotungamira “re”. Tingaziva chimwe chinhu kana umwe munhu, kana tingaziva nezvi chimwe chinhu kana umwe munhu. Somuenzanisa, ungaziva zvimwe zvinhu nezva mutungamiriri wenyika ye United States, kana kuti ungamuziva iye pachake. Vara rekuti “Kuziva,” risina

rinotungamira, rinoreva kuti muneukama hwakasimba neumwe munhu sekuziva kwaungaita mudzimai wako, murume, kana vana. Dzimwe nguva unoziva zvinhu zvakawanda nezva Jesu Kristu, asi uno muziva here pachako mumwoyo mako?

3. ZVIVIRI ZVINOWANIKWA ZVEUPENYU HUSINGAPERI:

1. Kana uchiziva Jesu zve chokwadi saIshe na Muponisi wako mukati mako munofashukira ne rudo, kuregerera neupenyu chaihwo. Jesu vanoti muna Johane 10:10 “Ndakauya kuti vave neupenyu uye kuti vave nehwakawanda.” Uhweu ndihwo upenyu hwusingaperi zvino.
2. Kana wava nehupenyu husingaperi, Bhaibheri rinoti iro uchagara kudenga naJesu nekusingaperi kana wafa. Jesu vanoti ivo muna Johane 14:1-2, “Moyo yenyu ngairege kumanikidzwa, tenda kuna Baba, mutendeo kwandiri mumba mababa vanhu mune nzvimbo zhinji dzokugara deno kusaiva kudaro ndingadai ndakakuudzai....”

MAGUMO:

Mwari anokuda uye anoda kukupa upenhu husingaperi, upenyu hwakashandurwa, upenyu hune rugare, rudo chairwo, kuregerera kuzere, uye neupenyu husingaperi. Muchidzidzo chino tevera, uchadzidza zvakawanda maererano nekuti ungaziva Kristu sei uye unga nechokwadi neupenyu husingaperi sei.

MIBVUNZO

Pindura mibvunzo inotevera uchisarudza (T) pane chokwadi (F) pasina chokwadi, uye isa denderedza panderedzwa pamhinhuro chaiyo yakanaka.

1. (T) (F) – Bhaibheri rinodzidzisa muna Johane wekutanga 5:13 kuti hazvigone kuti uve nechokwadi cheupenyu husingaperi.
2. (T) (F) Upenyu husingaperi kuziva Jesu iwe pachako mumoyo mako.
3. (T) (F) – Chimwe chezvinobuda muupenyu husingaperi upenyu hutsva hune rugare mukati makone muna Jesu Kristu, uye kuti zvinowanikwa izvi zvinogashirwa ikozvino.
4. (T) (F) – Chimwe chinowanikwa muupenyu husingaperi kuva nechokwadi chekuti unoenda kudenga kana wafa.

ZVATINOSHAIWA - CHIKAMU CHEKUTANGA

Upenyu hutsva – chidzidzo chetatu

MAVAMBO

Muchidzidzo chakapfuura, wakadzidza kuti Mwari vanokuda uye kuti anokupa upenyu hutsva, upenyu hwakashandurwa, uye neupenyu husingaperi una Jesu Kristu Ishe wedu. Nhanho yekutanga yekuziva Krista nekumugamuchira mumoyo mako kunzwisisa chokwadi yechidzidzo.

1. SEI RUZHINJI RWEVANHU RWUSINA ZVOKWADI YEUPENYU HUSINGAPERI?

Sei ruzhinji rwevanhu rwune mweya usina chinhu? Dambudziko guru chivi. Hatidi vara iri asi ndiro vara chairo uye rinoshandiswa kazhinji muBhaibheri. Bhaibheri rinoti iro muna VaRoma 3:23, “Nokuti vose vakatadza uye vakaparadzaniswa naMwari.”

2. CHII CHINONZI CHIVI?

Vanyori veBhaibheri vakasarudza mavara akasiyanasiyana ekusimbisa zvakanosha mamiriro echivi icho chavaida kusimbisa. Mutestamente Tsaru, mune mavara echi Hebheru se ayo anoreve. Kuita chivi kudarika, kutsveyamisa, kukanganisa, kutsauka, kuita zvakaipa, kukonzera kurwadziwa, kukonzera kutambudzika, kusarurama, kusafadza Mwari nekuramba kuteerera.

Mutestamente Itsva, mune vara rimwechete rechigiriki rinoreva kuti kusasvika pa donzo, maitiro akaipa, kuita kwakatsauka, maitiro anonyadzisa, uye nekutadzira Mwari. Mamwe mavara muTestamente Itsva echivi anoreva: Kusavimbimbika, kusava nerutendo, kusazvidzora, kudarika nekuramba murairo waMwari. Mune mamwe mavara, tingaona kuti chivi kusateerera Mwari.

3. NZIRA MBIRI MUNHU DZAARI MUTADZI:

A. Bhaibheri rinodzidzisa kuti tiri vatadza kubva mukuzvarwa Mapisarema 51:5 rinoti “Tarirai ndakaberekerwa

muzvakaipa: Mai vangu vakandigamuchira muzvivi.” Wakambozviona here kuti haufanire kudzidzisa vana kutadza kana kuita zvakaipa? Ndine vana vatatu uye handina kombova Dzidzisa kuti vatadza kana kuita zvakaipa. Vakatora makirasi e sainzi, metsi, ne chirungu, asi havasati vamboita zvidzidzo zvekuti vangakanganisa sei. SEI? Bhaibheri rinotiudza kuti takaberekwa tine zvivi.

B. Bhaibheri rinotidzidzisa kuti tinosarudza kutadza. Izvi zvinoreva kuti tinoita sarudza yakasununguka mukuita zvakaipa. Mwari vakatipa mitemo ine gumi muna Ekisodo 20.

Mwari vanoti, “Usava nevamwe vaMwari kunze kwangu. Usave nezvivezwa kana zvipanidza mumba mako usaita upombwe kana kusazvibata. Usareva nhema, zvichidaro.

Muchidzidzo chinotevera uchadzidza maererano nebairi wechivi netariri yedu imwechete.

MIBVUNZO

Pindura mibvunzo iri pasi uchisarudza (T) panechokwadi uye (F) pasina chokwadi.

1. (T) (F) – Ruzhinji rwevanhu rune chokwadi cheupenyu husingaperi.
2. (T) (F) - Dambudziko guru remunhu kushaya mari.
3. (T) (F) – Dambudziko guru remunhu chivi.
4. (T) (F) – Chivi chinoparadzanisa munhu na Mwari.
5. (T) (F) - Neuchokwadi chaicho cheupenyu husingaperi.

ZVATINOSHAIWA - CHIKAMU CHECHIPIRI

Upenyu Hutsva – Chidzidzo chechina

MAVAMBO

Muchidzidzo chakadarika, wakadzidza kuti Ishe Mwari vanokuda uye kuti vatsvene. Vara rekuti utsvene rinoreva “kutsaurwa”. Izvi zvinoreva kuti Mwari havana chivi; zvakadaro, munhu mutadzi. Pobva paonekwa muganhu pakati pemunhu naMwari : Muganhu uyu chivi.



Bhaibheri rinoti muna vaRoma 6:23, “Mubairo wezvivi ndirwo rufu.” Kana ukasevenza kwemwedzi unohora mubairo, mubairo wezvivi wakaita sei?

1. KUFA KUPARADZANA NA MWARI IKOZVINO MUNYIKA.

Dzimwe nguva une kushaya kwakadzika mumoyo mako. Pakuve nerugare, dzimwe nguva une kurwisana. Panzvimbo yerudo, pamwe une kusurukirwa. Panzvimbo ye tariro, unekutya. Kutya upenyu nekutya kufa. Pamwe unoonekwa seunofara kunze, asi ne chemukati hauna chinhu uye hauna chinangwa cheupenyu hwako. Pamwe hapana anoziva izvi kunze kwako.

2. KUFA KUPARADZANA NAMWARI, PAUPENYU HUSINGAPERI, URI MUGEHENA. Bhaibheri haridzidzise, kana Jesu haana kumbodzidzisa, kuvepa kwenzvimbo yekuchenese ra (Pegatori). Mamwe makereke nevanhu vanodzidzisa kuti pegatori inzvimbo iyo mweya yevakatendeka vakafa inochenswa. Vanodzidzisa kuti inzvimbo inopindwa ne munhu kuti agadzirire

kuenda kudenga. Jesu vanoti ivo muna Ruka 16:26 “Pane mukaha mukuru pakati pedenga ne gehena.”

Jesu vanodzidzisa zviri pachena muna Ruka 16:19-31 kuti rufu zvinoreva gehena.

BHAIBHERI rinoti muna vaHebheru 9;27, “Munhu seavaakatemerwa kufa kamwe, kutonga kugotevera.” Nemamwe manzwi, unongofa kamwechete bedzi (Hapana zvakadaro sekumuka pane chimwe chinhu) mushure kova nekutonga kwaMwari.

MAGUMO

Chivi idambudziko chairo, uye mubairo wacho rufu. Kufa kuparadzana naMwari ikozvino uchiri mupenyu uye wafa.

Muchidzidzo chinotevera uchadzidza chinhu chimwe choga chinobatsira kuzvivi zvako.

MIBVUNZO

Pindura mibvunzo inotevera nekusarudza (T) pane chokwadi uye (F) pasina chokwadi. Isa denderedza pamhinduro chaiyo yakanaka.

1. (T) (F) – Mwari vatsvene.
2. (T) (F) – Munhu mutsvene
3. (T) (F) – Mubairo wezvivi rufu
4. (T) (F) – Bhaibheri rinodzidzisa kuti kune pegatori.
5. (T) (F) – Kufa kuparadzana naMwari ikozvino zvimwe chete mugehena nekusingaperi.


KUPA KWAMWARI
Upenyu Hutsva – Chidzidzo cheShanu

MAVAMBO

MUCHIDZIDZO CHAKAPFUURA. WAKADZIDZA KUTI MWARI ANOKUDA KUTI MUTSVENE UYE NEKUTI MUNHU MUTADZI. WAKADZIDZA ZVAKARE KUTI PANE MIRANGO MIVIRI YEZVIVI. Bhaibheri rinoti muna vaRoma 6:23 “Mubairo wezvivi rufu.” Kufa kuparadzana naMwari munzira mbiri. Yekutanga, kuparadzana naMwari ikozvino, munyika muno. Chechipiri kuparadzana nekusingaperi mugehena, mushure mekufa. Muchidzidzo chino, uchadzidza nzira imwe yoga yekupedza dambudziko remunhu rechivi.

1. **MURIPO WECHIVI.** Muripo wechivi chose chawakaita nechauchaziota zvinoenda nekutaura kwavaRoma 6:23, rufu. Izvi zvinoreva kuti nzira imwe yoga yekubvisa mukaha we chivi muupenyu hwako ndeyo kuti umwe munhu afire chivi chako. Bhaibheri rinoti muna vaRoma 5:8 “Asi Mwari vakaratidza rudo rwavo kwariti pakuti: tichiri vatadzi Kristu wakatifira.”
2. **JESU KRISTU VAKARIPA MURIPO WEZVIVI ZVAKO.** Jesu Kristu vakaripa muripo wezvivi zvako neropa rake paakafa pamuchinjikwa. Johane wokutanga 1:7 inoti, iyo, “Ropa reJesu, mwanakomana wake, rinotinatsa kuzvivi zvose.” Vanhu vazhinji varikuedza kusvika kuna Mwari ne:
 - a. Mabasa akanaka
 - b. Chitendero
 - c. Ruombeko
 - d. Chirairo chashe
 - e. Kunamata kunezve chitendero zvinoonekwa
 - f. Zvinoita ne ruzhinji
 - g. Ngirozi
 - h. Vatsvene
 - i. Kudzokazve mumuviri wenyama.
 - j. Kumutsa mweya

Zvakadzro, zvose izvi hazvina simba rekubvisa chivi. Bhaibheri rinotsanangura zviri pachena kuti kunongova naIshe mumwechete, muponisi, nemurevereri pakati pemunhu naMwari. Zita rake ndiJesu. 1 Timotio 2:5-6 inoti, “Nokuti kunongova naMwari mumwechete ne murevereri mumwechete pakati pemunhu naMwari iye munhu Kristu Jesu akazvipa sedzikunuro yevanhu zvose.”



Mushure mekunge Jesu afira zvivi zvedu, akamuka kubva kuvakafa. Unotenda here kuti Jesu kuti ndiye Ishe oga, Muponesi, nemurevereri pakati pemunhu naMwari?

Muchidzidzo chinotevera uchadzidza kuti ungamuchira sei Kristu muMweya (moyo) ugova ne upenyu husingaperi.

MIBVUNZO

Pindura mibvunzo inotevera uchisarudza (T) Pane chokwadi uye (F) pasina chokwadi isa denderedza pamhinduro chaiyo yakanaka.

1. (T) (F) – Muripo we chivi rufu.
2. (T) (F) – Kufa kwaKristu kubudikidza neropa rake ndiyo nzira bedzi yekubvisa chivi chemunhu.
3. (T) (F) – Ruombeko rungabvisa chivi.
4. (T) (F) – Chiraira chingabvisa chivi
5. (T) (F) – Jesu Kristu ndiishe wedu oga, muponesi ne murevereri, uye iye oga ndiyo anoregerera zvivi.

MHINDURO YEDU
Upenyu Hutsva – Chidzidzo chechitanhatu

MAVAMBO

Muchidzidzo chakadzika, wakadzidza kuti Jesus Kristu vakateura ropa kuripa muripo wezvivi zvako. Wakadzidza kuti hapana chimwe chinhu, munhu kana simba ringa kwanise kubvisa zvivi: Jesu Kristu voga. Vakaripa muripo wezvivi zvako. Haufanire kubhadhara chimwe chinhu. Iyi ndiyo nzira Jesu yaakakupa nayo upenyu hutsva husingaperi.

Dzimwe nguva unoziva zvose nezva Jesu Kristu mufungwa yako, asi Bhaibheri rinoti unofanaira kumugamuchira mumweya (moyo) wako. Anofanira kusiya fungwa dzako opinda mumoyo mako. Panguva imwecheteyo yaanoita izvi, anokanganwa zvivi zvakdarika zvako, nezva nhasi, ne zve ramangwana. Johane 1:12 inoti, “Vose vakamugamuchira, wakavapa simba rekuti vanzi vana vaMwari ivavo vanotenda muzita rake.”

ZVAUNOFANIRA KUITA KUTI UGAMUCHIRE KRISTU

1. **KUTENDEUKA** – Marko 1:15 inoti, “tendeukai mutende nyaya yakanaka...” Vara rekuti “kutendeuka”. Rinoreva kuti “kushandura fungwa dzako.” Nemamwe manzwi, unofanira kuva nechido chekushandura fungwa yako maererano ne chivi nekutendera Kristu kupinda mumwoyo mako kuchinja nekushandura upenyu hwako. Iwe pachako hauna simba rekushandura upenyu hwako pachako. Wagadzirira here kuti urege Kristu auye muupenyu hwako ahwushandure, ne mamwe manzwi, unofanira kuziva kuti Kristu oga anokwanisa kuchinja upenyu hwako. Wakagadzirira here kushandura gwara reupenyu. Hwako kuti ugamuchire Jesu? Wagadzirira here kusiya zvivi zvako, nekupa upenyu hwako kuna Kristu, nekumutendera kuti

akudzore? Wagadzirira here kutendera Kristu kuti ave tenzi nekushandura upenyu hwako?

2. **RUTENDO**. Marko 1:15 inoti, “Tendai nyaya yakanaka.” Ane angova munhu wese anoti, “Ndine kutenda muna Jesu. Asi, pane kutenda chaiko nekutenda kwe nhema. Bhaibheri rinoti iro muna Jakobo 2:19 “madhimoni anotenda munaJesu.” Unoziva, zvakadzro zvazvo, kuti madhimoni haana kuponeswa.
3. **RUTENDO CHAIHWO CHII?**
Rutendo chairwo rutendo runopinesa. Vara rekuti “RUTENDO” rinoreva “Kuvimba”. Kutenda kunoponesa ndeuko kusingatendi chimwe chinhu kunze kwekutenda munaJesu kuti uwane ruponiso. Vara rekuti “Rutendo” kana kuti “kutenda” zvinoreva kuzviramba upenyu hwako uchi hupa kuna Kristu kuti ugova umwechete naye.
4. **GAMUCHIRA KRISTU**. Wagadzirira here kupupura Krisu saIshe wako oga, Tenzi nemukuru? Wakagadzirira here kumutendera kuti ahandure nekutungamirira upenyu hwako? Uku ndiko kutenderuka! Wakagadzirira here kumira kuvimba nezvimwe zvinhu, zvakaita seupenyu hwakanaka, mabasa akanaka, Maria, ngirozi, varoyi, zvivezwa, zvipanidzo, kana ruombeko, ugoisa rwose rutendo rwako muna Jesu Kristu oga? Uku ndiko kutenda chaiko.!

JESU KRISTU VOGA NDIYO VANOPONESA!

MAGUMO

Jesu Kristu akafa pamuchinjikwa achifira zvivi zvako, mushure memazuva matatu akamuka. Mupenyu nhasi, uye nekuda kupinda muupenyu hwako. Unotenderana here nekuti Jesu Kristu ndiye oga Ishe, Muponisi, ne Mumuriri? Wagadzirira here kupa upenyu hwako kuna Kristu, nekumutendera kuti akushandure nekukupa upenyu husingaperi?

Bhaibheri rinoti iro muna vaRoma 10:13 “ani nani anodana kuzita rashe achaponeswa.” Unogona kugamuchira Kristu muupenyu hwako ikozvino kubudikidza nekutenda. Unogona kukumbira Kristu kuti auye muupenyu hwako kubudikidza nekunamata.

Kana ichi chiri chido chako, namata munamato uyu ikozvino ichirevesa kubva mumwoyo mako kuna Jesu. Muudze

Ishe ndiri mutadzi. Ndirikufambisa upenyu hwangu. Ndakafanira rufu negomba remoto. Ndinotenda kuti imi Ishe ndimi Ishe wangu oga, ne muponesi. Ndagadzirira kusiya zvivi zvangu, nekukutenderai kufambisa upenyu hwangu. Ndagadzirira kusiya kuvimba nezvimwe zvinhu kuti ndiwane ruponeso. Jesu huyai mumwoyo mangu ikozvino, shandurai upenyu hwangu, ndipeiwo upenyu hutsva nekundipa upenyu husingaperi. Amen

MIBVUNZO

Pindura mibvunzo inotevera sarudza (Y) pane “Hongu” uye (N) Pane “kwete”. Isa denderedza pamhinduro chaiyo.

1. (Y) (N) Unotenda here kuti Jesu vanzwa munamato wako?
2. (Y) (N) – Kana uchitenda izvi, zvino sezvinoreva Bhaibheri, Jesu vari mumoyo mako here ikozvino?
3. (Y) (N) – Kana deno waifa mauro ano, unoziva here kwaunova neupenyu husingaperi?

Kana nekutenda, wanamata munamato uyu nekugamauchira Jesu muupenyu hwako. Ndinokumbira kuti uzadzise mibvunzo inotevera.

1. Tsanangura upenyu hwako usati wagamuchira Kristu Jesu!

2. Wakaregera zvachose rinhi kuvimba nezvimwe zvinhu, nekupa upenyu hwako zvizere kuna Jesu? Semuenzaniso, pachena panozara vanhu, pavaparidza vaiparidzira ruzhinji, ndakatarisa bhaisikopo rezva Jesu, ndichiverenga chipepa che vhangeri, kubudikidza nekudzidza Bhaibheri ndiri kumba, nezvimweo) reva pachena.

3. Upenyu hwako hwakaita sei ikozvino. (semunzaniso kusava nechinhw kwabva here? Unehokwadi chekuti Kristu ari muupenyu hwako here? Uneruga re here mumoyo mako ikozvino?)

ZVOKWADI NHANHATU YEVATENDI VATSVA

Upenyu hutsva – Chidzidzo chechinomwe

MAVAMBO

Bhaibheri rinoti iro muna vakoro 2:6, “sezvamakagamuchira Kristu Jesu Ishe, fambai maari.” Muchidzidzo chino, uchadzidza kuti uchagara sei mukuwadzana naKristu.

PAWAKAZVARWA MUNYAMA WAKAZVARWA KAMWE.
PAWAKAGAMUCHIRA KRISTU WAKAZVARWA
MUMWEYA, ZVAKARE UNONGOZVARWA KAMWE CHETE.
IZVI NDIZVO ZVINONZI NAJOHANE 3 “KUZVARWA
KUTSVA.” MUNYA HAUNGABEREKWI SVONDO
NESVONDO IZVI ICHOKWADI NEUPENYU HWAKO HWE
MWEYA.

ZVOKWADI YEKUTANGA – ZVOKWADI YERUPONESO NEHUPENYU HUSINGAPERI

Upenyu husingaperi chii? Johane 17:3 inoti “zvino uhwu ndihwo upenyu husingaperi: kuti vakuzivei, Mwari mumwe we chokwadi naJesu Kristu wamakatuma.” Nemamwe manzwi, upenyu husingaperi ndiJesu mumoyo mako (mweya) Izvi zvino reva kuti kana Jesu apinda muupenyu mako, achakupa upenyu hutsva uye uchagara upenyu husingaperi naye kudenga. JOHANE EKUTANGA 5:12 inoti, “UYO NEMWANAKOMANA ANE UPENYU. UYO ASINA MWANAKOMANA WAMWARI HAANA UPENYU”

Chii chinotika kana watadza mushure mekugamuchira Jesu? Huurasikirwe neupenyu hwako husingaperi (neruponeso) regedza nditsanangure. Ndine vana vatatu, dzimwe nguva havanditeerere, unofunga kuti ndingavaite kuti vabve zvachose here? Kwete hazvisi izvo. Vana vangu. Uye ndinovada. Zvandingaita ndezve kuvagadziridza, nekuvadzidzisa nekuvaranga. Bhaibheri rinoti muna

vaHebhero 12: 7-8 inoti, “Shingaira mukutambudzika sekurangwa. Mwari ari kukurangai sevanakomana. Ndeupiko mwanakomana asingarangwi na Baba vake. Kana usingarangwi (munhu wese anorangwa), muri vanakomana veupombwe hamusi vanakomana chaivo.

Bhaibheri rinoti iro muna Johane 1:12, “Vose vakatenda kwaari muzita rake, akavapa simba rekuti vave vana vaMwari.” Naizvozvo mwanakomana waMwari achagadziridzwa kana atadza. Kana zvisiri izvo hausu mwanakomana waMwari chaiye. Asi mwanakomana chaiye haarasikirwe neruponsido rwake nekuti anehupenyu husingaperi.

Kana ukatadza musuro mekugamuchira Kristu, Mwari vachakuranga kuti ukwanise kufamba munzira chaidzo. Hazobvisi ruponiso rwako. Ruponiso rwako nderwokusingaperi, kusingaperi hwacho ndikusingagumi.

ZVOKWADI YECHIPIRI – OMBEKWA!

Jesu vanoti muna Mateo 28:19, “Endai naizvozvo mudzidziwse marudzi ose, muvabhaibhatidze muzita raBaba nere mwanakomana nero mweya mutsvene. Nekuvadzidzisa kuchengeta zvole zvandakakurai imi.”

Dzimwe nguva wakabhatidzwa uri mucheche. Jesu anoti vose avo voga vanova vateveri vake vanekodzero yekubhabatidzwa. Waive usati wava muteveri waJesu pa wakabhabatidzwa uri mucheche. Hapana chawaiziva nezva Jesu. Unongova muteveri waKristu bedzi kana wakamugamuchira muupenyu hwako kubudikidza nekutenda nekutendeuka.

Sei waiva usingfanire kuombekwa apo waiva mucheche? Nokuti ruombeko mucherechedzo (nzira yekuratidza) kuti uri muteveri wa Kristu.

MUBHAIBHERI VOSE VEVATEVERI VAKAOMBOKWA
NEKUNYUDZWA MUMVURA MUSHURE MEKUNGE
VAGAMUCHIRA KRISTU.

KUNYUDZWA MUMVURA CHII? KANA UMWE MUNHU
ACHIKUOMBOKA VANOISA MUVIRI WAKO WOSE PASI
PEMVURA KWECHINGUVA. SEI? NOKUTI UYU
MUCHEREKEDZO WEKUFA, KUVIGWA, NEKUMUKA
KWAJESU. HAUNGAITE IZVI UCHIRI MUCHECHE, ASI
UNGAITA IZVI MUSHURE MEKUNGE WAGAMUCHIRA
KRISTU.

VaRoma 6:3-4 inoti, “Ko hamuzivi here kuti isu takabhabhatidzwa
muna Kristu Jesu, takabhabhatidzwa murufu rwake? Naizvozvo
pakubhabhatidzwa takavigwa pamwechete naye murufu, kuti saiye
Kristu akamutswa kuvakafa nekubwinya kwababa, naizvozvo ne suo
tifambe novupenyu utsva.”

MVURA HAITIPONESI. JESU KRISTU VOGA NDIWO
VANOPONESA. RUOMBOKO RWAKO MUCHEREKEDZO
WOKUTANGA WEKURATIDZA KUTI URI MUTEVERI
CHAIYE WAKRISTU KANA USINGAZIVE
KWEKUOMBOKWA VUNZA MUVAMBI WEBASA WAKO
KANA KUNYORA TSAMBA KUMUNYORI WECHIDZIDZO
CHINO UCHINANGURA KUTI WAKAPONESERWA KUPIIYE
ACHAKURATIDZA PANE KEREKE.

ZVOKWADI YECHITATU – VERENGA BHAIBHERI RAKO

MAPISAREMA 119:105 inoti, “SHOKO RENYU NDIWO
MWENJE WETSOKA DZANGU. NECHIEDZA PANZIRA
YANGU.” BHAIBHERI ISHOKO RAMWARI. CHIKAMU
CHEKUTANGA CHINODZIDZWA KUNZE TESTAMENTE
TSARU CHIKAMU CHECHIPIRI CHINONZI TESTAMENTE
ITSVA VARA “TESTAMENTE” RINOREVA “SUNGANO”.

Sei uchifanira kuverenga Bhaibheri rako? Bhaibheri itsamba yerudo
inobva kuna Mwari ichiuya kwauri. Verenga Bhaibheri rako
uchishandisa nzira iyi:

1. Tangisa kuverenga bhuku, semuenzaniso, bhuku
raJohane
2. Verenga ndima yekutanga
3. Kumbira Mwari kuti vakuratidze zvokwadi yeMweya
mundima iyi. Semuenzaniso, Johane 1:1 inoti,
“Pakutanga shoko rakanga riripo, shoko rakanga riri kuna
Mwari, shoko raiva Mwari.”

Ndiipi zvokwadi yeMweya inowanikwa mundima iyi?

- a. Shoko rakasikwa naMwari
 - b. Shoko raiva uye ndiMwari (ndima 14 mushure inotiudza
kuti shoko ndiJesu).
4. Verenga ndima imwe neimwe, kana chikamu
uchishandisa maitiro aya ugotendera Mwari kuti ataure
newe maererano nezvaari, maererano nezvivi zviri
muupenyu hwako, anokuita kuiti uteerere, nezvimwewo.

ZVOKWADI YECHINA - MUNAMATO

Mwari vanoti ivo muna Ruka 18:1 tinofanira kunamata nguva dzose
tisingaramwidziri. Unganamate sei? Zvinokosha kuti uve nenguva
yako oga naMwari. Tangisa nguva yako uchishandisa maitiro aya.

1. Kuverengwa kweBhaibheri – Shandisa maitiro ari
panhanho yechitatu kwemaminitsi mashanu.
2. Kurumbidza – iti, “Ishe baba ndinokudai nokuti...”
3. Kupa kutenda – “ndinokutendai Ishe nokuti...”
4. Kunamatira – “Ishe ndinonamatira mwanakomana wangu
Jeff, nokuti anoda.....(Enderera uchinamatira vanhu
vasina kugamuchira Kristu muupenyu hwavo).

Nyora hurongwa hwevanhu. Nyora mamwe emazita awa pahurongwa hwesvondo, muvhuro, chipiri, zvichidaro. Ugovanamatira pamazuva iwawa.

5. Kureurura – Imboramba unyerere kwe chinguva, ugokumbira Mwari kuti vause mufungwa dzako chero chivi, chinhu chakaipa muupenyu hwako. I Johane 1:9 inoti, “Kana tichireurura zvivi zvedu iye akatendeka nekukurama pakutiregerera zvivi zvedu nekutinatsa pakusarurama pose.” Izvi zvakanororwa vanhu vakagamuchira Kristu nechekare. Kana uinetsina, unofanira kugeza. Kureurura kumuKristu kugeza kwoMweya.

ZVOKWADI YESHANU – IVA NHENGO YEKEREKE IPI ZVAYO INO PARIDZA EVHANGERI

VaEfesp 1:23 inoti, “Kereke muviri waKristu.” Jesu Kristu musoro wekereke. VaEfeso 1:22 inoti “uye Mwari wakaisa zvose pasi petsoka dzake nekuumuita kuti ave musoro wezvose zvekereke.”

Vara rekuti Petro rinoreva “Dombo” Jesu Kristu vanoziviswa se”Dombo”. Muna Mateo 16:18 Mwari havana kuti Petro ndiye musoro wekereke, asi kuti Jesu ndiye musoro wekona I Vakorinte 3:11 inoti, “Nokuti hakuna mumwe wakaronga dzimwe nheyo, asi idzo dzakarongwa kare, ndiye Jesu Kristu.”

Kereke igungano renhengo dzakaombekwa dzinotenda dzinosangana pamwechete nechikonzero che:

1. Kushumira – vachacherekedza zvakare zvitevedzwa zviviri – Chirairo chaShe ne ruombeko.
2. Kudzidza shoko raMwari
3. Kuva nekuwadzana nevamwe vatendi muna Kristu (Kereke imhuri yako yeMweya.)
4. Kushandira vamwe
5. Kugoverana nevanhu vasati vagamuchira Jesu.

ZVOKWADI YECHITANHATU – KUPUPURA

Muna Mateo 28:19 Jesu vanoti, “Endai naizvozvo mudzidzise marudzi ose” Izvi zvinoreva kuti muteveri mumwe nemumwe waJesu anofanira kugoverana nemunhu akarasika kuti chii chakaiti kamuupenyu hwake. Uchapupu uhu hunofanira kutangira mumhuri yako pachako. Unofanira kutsanangura upenyu hwako usati wagamuchira Kristu samuponesi wako, sei wakaziva kuti waifanira kuvana Jesu, wakamugamuchira rinhi uye sei, uye nekuti upenyu hwako hwakadini ikozvino wava naKristu. Mushure mekunge waita izvi, vabvunze kana vangadzwo kugamauchira Kristu vagovawo nechokwadi ye upenyu husingaperi.

Kana vari, “Hongu” varatidze ndima dzinotevera ugotsanangaura imwe ne imwe sekutsanangurwa kunotevera.

1. I Johane 5:13 – Ungava nechokwadi che upenyu husingaperi. Upenyu husingaperi ndi Jesu mumoyo mako (Johane 17:3). Upenyu husingaperi hunosvitsa murugare iko zvino (Johane 10:10 na 10:17) nechokwadi ye denga mushure mekufa kwako (Johane 14:1-3).
2. Roma 3:23 – Dambudziko guru remunhu chivi. Tose tiri vatadzi. Nokuda kwe chivi tine chidziviriro chikuru chinoti paradzanisa naMwari.
3. Varoma 6:23 – “Mumairo wechivi rufu.” Izvi zvinoreva kuti zvinobuda pakupedzisira kwe chivi chedu kufa. Kufa kuparadzana naMwari. Zvinoreva kuti upenyu hwedu iko zvino huchava husina rugare, rufaro, nechokwadi yeupenyu husingaperi. Huchava upenyu hwakaoma, husina chinhu, nekuvhundusirwa nekutya nekuzvipa mhosva. Huchava upenyu zvakare hwakaparadzanaswa nedenga nekuvapo kwaMwari nekusingaperi.
4. VaRoma 5:8 – Kristu akafira zvivi zvedu. Kristu wakaripa muripo (mubairo)
Wezvivi zvanhu nowe zvivi zvako nekufa panzimbo yedu.

5. VaRoma 8:9 na 10 uye 10:9 na 10 kugamuchira Kristu unofanira kutambira iye saIshe namuponesi wako. Izvi zvinoreva kuti unofanira kuva nechida chekumutendera kuti akudzore muupenyu hwako. Zvinoreva zvakare kuti kugamura Kristu zvinoreva kuvimba maari. Kuvimba zvinoreva kurega kuvimba nezvimwe zvinhu nekuisa rutendo rwako muna Jesu Kristu.
6. VaRoma 10:13 – Vunza munhu kana angada kupa upenyu hwake kuna Jesu. Kana akati, “hongu,” mukumbire kuti anamate nekukumbira Mwari muupenyu hwake ikozvino, “nokuti vose vanodana muzita rashe vachaponeswa” (VaRoma 10:13.)

ZVIDZIDZO ZVEVHANGERI YAJOHANE

WAYLON MOORE

Zvitevedzani swa zvevuhangeri wekuvamba basa

HURONGWA HWAMWARI HUNOSHAMISA
HWAAKAKUITIRA

Zvidzidzo zvevhangeri yaJohane – Chidzidzo chokutanga

Uri panyika ne chikonzero: kuziva, kuda, nekukudza Mwari. Unogona kuziva Mwari pachako kana wasangana nekuziva mwanakomana waMwari, Jesu Kristu, muponesi. Bhaibheri rinoratidza zvipo zvose zvinoshamisa izvo Mwari vanopa avo vanoziwa nekutevera Jesu.

Zimwe zvezvipo zvinoshamisa izvi nezvinowanikwa zvinotaurwa nezvazvo pasi. Chidzidzo ichi chinobatanidzwa ku evhangeri ya Johane. Tendera Mwari kuti vataure kwauri kubudikidza neBhaibheri. Funga nezvekuti ndima imwe neimwe inoti kudini. Zvino, ugobva wopindura mibvunza nemumanzwi ako. Nyora mhinduro dza ko pasina kunyorwa padivi pendima. Zvino vhura kuna Johane 10 unogoverenga ndima 10.

1. Sei Jesu mufudzi akanaka akauya? Johane 10:10

2. Unofunga kuti Jesu anorevei ne zve “upenyu..hwakawanda”

3. Upenyu hwakadini hunopihwa na Jesu kune avo vanotenda maari zvechokwadi? 10:28

4. Chii chinoitiwa naMwari Baba kana takumbira nokunamata, tichishandisa zita raJesu? 16:23

5. Unofunga kuti zvinorevei kukumbira nemuzita raJesu?

6. Sei Jesu vachida kupindura minamoto yedu? 16:24

7. “Tinosununguka” sei muupenyu hwedu? 8:31-32

8. Unofunga kuti Jesu airevei nezve “chokwadi” inotisunungura? 17:17

9. Munhu angazviita sei kuti arambe ari mumashoko aJesu? 8:31

10. Muna Johane 14:1 tisarega kuti _____. Anoda kuti avo vanotenda munaMwari vatendeo zvakare.

11. Chii chirikudenga mumusha mukuru wa Mwari? 14:2

12. Jesu vakaenda kunoitei paakakwidzwa kudzokera kudenga? 14:3

13. Jesu achaita chii pakutanga, musure mekunge apedza kuvaka dzimba dzavateveri vake kudenga?

14. Chii zvino chakavimbiswa na Jesu?

15. Chii chisingatengeki chatinopiwa pachena naJesu? 14:26

16. Kana tichida Jesu Mwari vanofungei nesu? 16:27

Zvingadii kuti ukotamise uso hwako nekukasira unamate ikozvino. Tenda Mwari kuti anokuda, zvisinei neupenyu hwako nezvivi.

Bhaibheri rinotiudza nezve mhandombiri dzerufu. Rwokutanga nderwekufa kwemiviri yedu. Kufa kwechipiri kufa kwemweya. Kufa tisina kugamuchira Jesu muupenyuu hwedu. Kufauku kuparadzaniwa naMwari, munzvimbo yemoto inonzi “gehena.”

17. Asi Jesu wakavaimbisei avo vapenyu uye vanotenda zvikuru kwaari? 11:26

Tarira mashoko anokosha anoshandiswa na Marita kupindura Jesu munaJohane 11:27, mukati memutsara wake mune zvaanotenda maererano naJesu nesimba rake kukunda rufu. “Hongu, Ishe, ndinotenda kuti imi muri Kristu mwanakomana waMwari, anofanira kuuya panyika.”

18. Kana tanzwisisa mashoko aJesu, chii chinotika mukati medu?

19. Sezvo Jesu achizadza avo vanotenda maari, tinogamuchira _____ unotipa simba rekurarami raKristu. 1:16

Nyasha chipo chaMwari icho chitisingafe tave nekodzero yekuchiwana kutora upfumi hwaMwari hwe mweya, nemuna Jesu, tichitsivana neurombo hwedu hwechivi, takaponeswa kubva kuzvivi

zvedu nyasha, kwete ne mabasa “nokuti ne nyasha makaponeswa, kubudikidza nokutenda, kusiri kuita kwenyu: chipo chaMwari” (Vafeso 2:8-9)

20. Johane anotipa mufananidza waJesu segwayana. Jesu vakaitei nezvivi zvedu pamuchnjikwa? 1:29

21. Pane vara riri roga muna Johane 1:12 iro rinotiudza kuti zvinorevei “kutenda” muna Jesu. Kutenda muna Jesu zvinoreva ku _____ iye mumwoyo mako saIshe Jesu Kristu.

MUCHIDZIDZO CHINO WAKAVERENGA MAERERANO NE CHEKUNZERO CHERUDO RWA MWARI MUUPENYU HWAKO, NEZVIMWE ZVINOKOSHA ZVAUNOWANA MUKUMUZIVA. AVO VANOISA RUTENDO RWAVO ZVIROKWAZVO MUNAJESU VANOPIWA UPENYU HWAKAWANDA, UPENYU HUSINGAPERI, ANOPINDURA MINAMATO, VANOPA RUSUNUNGUKO, MUSHAKUDENGA, RUFARO, RUNYARARO, NENYASHA. ZVAKARE, MWARI ACHAVAREGERERA NEKUBVISA ZVIVI ZVAVO.

Kana ukatendeuka muzvivi zvako, nekugamuchira Jesu, achauya mumwoyo mako saIshe nekusingaperi. Kutendeuka kufuratira zvivi zvako kuti utevere Kristu. Akafira zvivi zvako zvole, nokumuka muguva. Muchidzidzo chinotevera uchadzidza zvakanwanda maererano ine chimwe chezvipo zva Mwari muupenyu hwako husingaperi.

SIMBA REKURARAMA NOKUSINGAPERI

Zvidzidzo zveBhaibheri zvevhangeri raJohane – chidzidzo chechipiri

Vanhu vazhinji vanofunga kuti upenyu husingaperi ndechinhu chatinowana kana tafa,

Vamwe vanofunga kuti upenyu husingaperi hunobva pakuita zvinhu zvakanaka zvakakwana kuti tikunde zvivi zvatinoita. Ichi hachisi chokwadi. Vanhu vashoma vanoziwa zvinotaurwa naJesu nguva nenguva kuti tizive zvechokwadi kutitineupenyu husingaperi ikozvino.

1. Upenyu husingaperi chii? 17:3

2. Unofunga kuti “tingaziva” sei Mwari naJesu? 7:17

Upenyu husingaperi hachisi chivimbiso chete chezve ramangwana. Upenyu husingaperi hwakaputirwa mumunhu, Jesu Kristu. Kuva naJesu samuponisi wako naIshe kuva neupenyu husingaperi.

3. Ndeipi nzira inotungamirira mukuwana Jesu? 5:39

4. Ndiani ane mashoko avose ehupenyu husingaperi? 6:67-69

5. Kana usina upenyu husingaperi chii chichaitika? 3:15

6. Makwai aJesu anowana sei upenyu husingaperi? 10:28

7. Chii chinotika kana tikasarudza nekuda kwedu kudarika kuda kwaMwari? 12:25 _____

Tinochengeta sei upenyu husingaperi?

8. Jesu vanoti ivo “pasina ini _____”.15:5

9. Ndiani anesimba pazvose anogona kupa upenyu husingaperi?

Verenga Johane 3:16 kaviri: Ugopindura mibvunzo ino tevera.

10. Ndiani anoda vanhu munyika? _____

11. Chii chakaitwa naMwari nekuda kwerudo kwauri?

12. Ndiani “Mumwechete mwanakomana” _____

13. Ndiani angava neupenyu husingaperi? _____

14. Avo vasingatendi kumwanakomana oga waMwari Jesu vacha _____.

15. Vanhu vangani vangava nehupenyu husingaperi? _____

16. Unofunga kuti upenyu husingaperi hwakareba zvakadini?

17. Sei Mwari vachitipa upenyu husingaperi? _____

18. Ungazvichengeta sei pakusaparara? _____

19. Muna Johane 5:24, Jesu vanotaura chimwe chinhu chinokosha chose. Zadzisa musina kunyorwa. Kuva neupenyu husingaperi

hwaJesu munhu anofanira kutanga_____ shoko rake, ne _____ kwaari.

20. Jesu akabva avimbisa zvinhu zvitatu:

Une_____

Hauzove_____

Une_____

Munhu wose anokwanisa kuziva kuti akabuda rinhi murufu kupinda muupenyu, sekuziva kunoita munhu zuva raakaroorwa/rwa, kana zuva rekuzvarwa, iyezvino. Wakabuda here murufu uchienda muupenyu? Ungaziita ikozvino.

21. Jesu vanotsanangura upenyu husingaperi se

4:13,14

22. Saka munhu angawana sei upenyu husingaperi? V. 14

23. Zvinorevei kuti kunwa mvura muna Johane 4:14? Tenderedza mhinduro chaiyo.

- a. Inwa mvura chaiyo
- b. Kutenda muna Jesu
- c. Chera tsime
- d. Ombekwa

24. Jesu vanoshandisa rimwe vara remufananidza kuzvitsanangura muna Johane 6:47,48 na 51. Jesu chi

Nyora zvinhu zvinokosha zviviri izvo zvino uya mufungwa paunoona, mwenje, ne kudya chingwa

- 1.
- 2.

25. Izvi zvezvinhu zvose zvingava neukama sei naJesu?

26. Kana tikatenda pana Kristu mupenyu chii chatichava nacho? 6:47

Wadzidza kuti upenyu husingaperi neupenyu hunogara nekusingaperi chinhu chimwe. Kuva ne hupenyu husingaperi kunosvitsa pakuziva Jesu zvizere pachako. Iye upenyu husingaperi. Wazviona kuti upenyu husingaperi hauna magumo. Hapana anoparara ane hupenyu husingaperi. Jesu imvura yako mhenyu nechingwa chako cheupenyu.

Muchidzidzo chinotevera uchadzidza kuti ungazvi chengeta sei kuti usafe kudenda rakaipisisa rechirwere.

DAMBUDZIKO RECHIVI

Zvidzidzo zvehangeri yeJohane - Chidzidzo chechitatu

Mumunhu wenyama oga-oga munechirwere chakaipisira – chivi-icho chinotapukira avo vaunoda, uye chinotapukira kubva kumubereki kuenda kumwana. Vamwe vanhu vanofunga kuti varikubva pachiri. Zvisinei, Mwari vanotonga chivi chako. Tichitenda chose, Mwari vakapa nzira ye kurapa chivi.

Ngatitarisei zvakare kuvhangeri ya Johane nekuneo zvakare dzimwe ndima huru kubva mune dzimwe nzvimbo mubhaibheri. Rangaarira kuti unofanira kunyatsoverenga ndima, usati wanyora mhinduro yako munzvimbo dzisina chinhu.

1. Johane anodaidza Jesu kuti “Gwayana raMwari” Jesu vakaitei pamusoro pezvivi zvedu? Johane 1:29

2. Jesu ndiani? Jesu wairevei pakudaidza Mwari kuti ndi”Baba” vake. 5:17-18

3. Kureva kwaJesu kwaiva chokwadi, Vatungamiriri ve chitendero vakaitei zvakare kuna Jesu achiti Mwari ndi “Baba” vake? 10:31-33

Jesu vakavaregerera zvivi, ndokugamuchira shumiro saMwari, aive asina chivi, ndokuti iye naMwari vakafanana, ari zvose Mwari ne munhu.

4. Ndiani achatonga kwekupedzisira vanhu vose vatadzi? 5:22,26-27

5. Chii chinopedza dambudziko re chivi zvakapiwa sezano na Jesu kumunhu chaiye wechitendero? 3:3

6. Tinofanira kuzvarwa kutsva, nokuti kana tisina Kristu tirivaranda ve _____ . 8:34

7. Ndiani Baba weavo vanochiva nekuita chivi? 8:44

Tina baba vepanyika, dhiabhoori, anotida mugehena kuti tive naye nokusingaperi. Tinoda baba vekudenga ve rudo.

8. Nokuda kwekusavimba zvizere kwedu kuna Jesu, tinomira _____ (3:18)

9. Verenga Johane 8:1-11, chii chakataurwa na Jesu kuvatungamiriri vechitendero vanozvikudza? 8:7

Jesu vakaregerera mukadzi mutadzi. Akaona kutendeuka kwechokwadi mumoyo make. Izvi ndizvo zvaanoita kunani zvake anorevesa pachivi chake, nekuva nechido chekuzvarwa kutsva.

“Nokuti vose vakatadza vakasavika pakubwinya kwaMwari”. (VaRoma 3:23).

10. Sekutaura kwendima iyi, vanhu vangani vakatadza?

11. Chivi chii? Chivi (tenderedza mhinduro chaiyo).

- kudarikira murawo waMwari
- kusarurama kwose
- kutaira kusvika pakubwinya kwaMwari*
- kumukira Mwari
- kusatenda, zvinoita Mwari munyepi
- kuzviraramira, kuita zvaninoda, zvinorwisana nekuda kwaMwari.

Chivi kumukira takatarisana naMwari zvakaumbwa ne maitiro ane mutsauko. Mhinduro dzose dziri mumubvunzo wegumi ne mumwe (11) itsva nangudzo ye Bhaibheri ye chivi. Vanhu ve chitendero vanoenda kugehena. Vanhu vakanaka vanoenda kugehena. Vanhu vakaipa vanoenda kugehena. Vanhu vakaregererwa chete ndivo vanoenda kudenga. Kutora kuregererwa kwe chivi kunosanganisira kutendeuka kubva kuchivi uchitendeuka, nekuzviramba uchizvipa kuna Jesu saIshe.

“Nokuti mubairo wechivi rufu, asi chipo chaMwari chokungopiwa ndihwo upenyu husingaperi muna Kristu Jesu Ishe wedu.” Varoma 6:23

12. Muripoi unobhadharwa nechivi ku umwe neumwe wedu?

13. Tinofanira here kushandira ruponiso kubva kuna Mwari?

14. Zvino tinowana sei upenyu husingaperi?

“Nenyasha makaponeswa nekutenda, zvisingabvi kwamuri, asi chipo chaMwari, kwete mabasa, kuti kurege kuvanevanozvikuudza.” VaEfeso 2:8-9. Kubva kundima iyi pindura:

15. Tinoponeswa sei? _____

16. Tinowana sei upenyu husingaperi uhu? _____

Nyasha chipo, sezvinongova kutenda. Haungashandire nyasha.

17. Chii chakavimbiswa naJesu kuna vose vanoramba kumutevera saiShe na Muponisi? Johane 8:24

18. Ndiani angatisunungura kubva musimba rechivi? 8:36

19. Ndiani angatisunungura kubva kusimba rechivi? 8:46

20. Jesu vakakumbirei kune avo vanomuziva zvakanyanya panyika? 8:46

Jesu havana kumbotadza. Vakaedzwa, asi, zvakadaro, sezvauri iwe. Jesu vanokuda. Rudo rwavo rwakakonzera kuti vasarudze kutora zvivi zvako kuti zvive zvake pamuchinjikwa.

“Nokuti zvakatongwa kuti munhu afe kamwechete, kutongwa kugotevera? (VaHebheru 9:27).”

21. Ndezvipi zvakatongwa zviviri zvatinochengeta?

- a. _____
b. _____

Avo vanosarudza chipo chaJesu cheupenyu husingaperi vachakunda pazvinhu zviviri zvakaipisira zvinoitika izvi. Muchidzidzo chinotevera uchawana kuti Jesu vakatora sei zvivi zvako nekurangwa kwazvo kuti zvive zvavo.

MABASA NE ZVIRANGO

Zvidzidzo zvevhangeri yaJohane – Chidzidzo che china

Hazvigone kuti utadze usingarangwe. Haungatize meso aMwari “nokuti nzira dzomunhu dziri pamberi paJehova, ndiye unoyera makwara ake ose” (Zvirevo 5:21) Verenga ndima imwe neimwe. Nyora mhinduro mumanzwi ako.

1. Baba vekudenga vakaitei kuti vatitonge isu? 5:22

2. Sei mwakomana waMwari, Jesu arimutongei wedu? 5:23

3. Zvii zvinhu zviviri Mwari Baba zvava kapa mwanakomana wavo Jesu? 5:26,27

- a. _____
b. _____

4. Kutonga rudzii kunopiwa naJesu? 8:16

5. Kana kutongwa kwauya chii chakaitika kuna satan, “muchinda wenyika yose?” 12:13

6. Chii chakatinhura kurasikirwa kwesimba uku rasatani ne nzvimbo yake panyika? 12:32

7. Jesu vaka “simudzirwa” rinhi? 12:33

“Naizvozvo mumwe ne mumwe wedu uchazvidzvirira kuna Mwari” (VaRoma 14:12).

8. Vangani vanhu vachazvidzvirira pakutongwa?

9. Mabasa ani atichatongwa nawo pazuva rekutongwa

Mwari vane muchengeti we zvinyorwa, semutori wemufananidza anofamba newe maawa makumi maviri nemana pazuva. Anoziva maitiro ako, fungwa, mazwi, uiye mabasa. Pane zuva rekutongwa.

“Makanzwa kuti zvakanzi, usaita upombwe, asi ini ndinoti kwamuri, mumwe nemumwe unotarira mukadzi achimuchiva, watoita upombwe naye mumoyo make.” (Mateo 5:27-28)

10. Upombwe hunotangira papi mumunhu?

(Tenderedza mhinduro imwechete)

- a. Kana munhu atarira akachiva
b. Akana munhu atoita chivi

Verenga mazwi anobva kuna Jesu: “Nokuti mumoyo munobuda

a) mifungo yakaipa, b) kuuraya, c) upombwe, d) kusazvibata, e) umbava, f) uchapupu hwenhema, g) kureva nhema. Izvi ndizvo zvino svibisa munhu” Mateo 15:19-20

11. Isa chivi chimwe ne chimwe chakaipisira mumashoko ako

A _____ B _____ C _____
D _____ E _____ F _____
G _____

12. Zvivi izvi zvinobva kupi? _____

13. Ndichipi chezvivi izvi chinonyanya kuva muedzo kwauri?

Zvivi zvakaipisisa izvi zvinogona kuparadza muchato, vana vedu, kana basa redu. Asi hazvisi zvivi zvakanyanya kuipa. Pane chivi chisingakangani rwe chinotiisa kugehena.

14. Ndechipi chivi chikuru ichi chisinga-kanganwirwe? Johane 8:24

Jesu Kristu akanga ari Mwari azere, uye munhu azere. Ngatitarisisei kune zvaakatiitira pamuchinjikwa. Verenga ndima dzinotevera kubva kuna vaHebheru 10:10-18 “Nokuda ikoku takaitwa vatsvene ne chibairo chomuviri waJesusu Kristu chakabairwa kamwechete. Mupirisita mumwe ne mumwe unomira zuva rimwe ne rimwe, achishumira nokubaira kuzhinji zvibairo izvozvo zvimwe nezvimwe zvisingagoni kubvisa zvivi. Asi iye wakati apayira chibairo chimwe chete pamusoro pezvivi, akagara nokusingaperi kurudyi rwa Mwari...nokuti chibairo chimwe chete wakakwanisa nokusingaperi avo vanoitwa vatsvene....zvivi zvavo nokudzrika kwavo handichatongozvirangariri. Zvino kana zvinhu izvi zvakanaganwirwa, zvivi hazvichabairwi.”

15. Tarisa shure pandima 10: Kangani Jesu kaaifanira kufa kuti aripire zvivi zvedu? _____

“Kutsveneswa” zvinoreva “kuitwa vatsvene, kutsaurwa.” Zvakaitwa na Jesu zvaiva nesimba zvokuti hazvidzokororwi. Hakuna chibairo nhasi chingawedzerwa kune zvaakapedza. Zvivi zvedu zvose zvakaiswa kuna Kristu akafa panzvimbo yedu, vara “Ishe” rinoshandiswa kanodarika kamakumi mana muvhangeri yaJohane. Jesu vakatenga ne rudo rwavo kodzero yekuti vave Ishe wedu, “Mukuru” wedu.

16. Chii chisingakwanise kubvisa zvivi zvedu nhasi? Vv.11

17. Chii chakaitwa ne munhu Jesu Kristu pamuchinjikwa? Vv.12

18. Chibairo ichi chinogara nguva vakadii? Vv.17

19. Kana umwe munhu agara pasi, zvingangova kuti aneta, kana kuti apedza basa rake, sei Jesu vakagara pasi parutivi rwaMwari?

20. Jesu anofanira kufa kangani kuti atikwanisire nekutiita vatsvene pamberi paMwari? V.14

21. Nokuda kwe ropa raJesusu rakadururirwa zvivi zvedu. Zvingani zve zvivi zvedu Mwari vacharangarira? vv 17

Jesu akafira vose, asi avo chete vanotambira Jesu sa muponisi naIshe vanowana nyasha kubva pakufa kwake pamuchinjikwa.

22. Sezvo Mwari vakagamuchira chibairo chaJesusu sekanganwiro (regerero) izere yezvivi zvedu, Jesu anofanira kuramba achingobairwa zvakare nezvakare nhasi mure zhinji here?

Sei? _____

KUPEDZA KWAMWARI DAMBUDZIKO REZVIVI ZVEDU
Zvidzidzo zvevhangeri yaJohane – Chidzidzo chechishanu

Chimwe chinhu chakaitika Jesu zvavakafa pamuchinjikwa icho chisina kumboitika chero rinhi. Hatimboonai moyo we muchinjikwa sezvo tichitarisa chitiko ichicho muvhangeri yaJohane, zvitsauko 19 kusvika 20.

KUFA KWA JESU – verenga Johane chitsauko 19:15-37

1. Mutongi pirato akapa Jesu kuma uto kuti a _____ 19:16
2. Unofunga kuti mauto akafungei?

3. Jesu vaifanira kufungei? (Kunzwa sei)

4. Jesu vakanga vakatakurei?

5. Mauto akaitei kuna Jesu?

6. Jesu akanga “akapfeka” sei akaremba pamuchinjikwa? 19:23

7. Jesu vakaonei vakati chii vakaremba pamuchinjikwa? 19:26-27

Jesu vakati, “Baba varegererei, nokuti havazivi chavanoita” (Ruka 23:34)

8. Sekutaura kwendima iyi, Jesu vakati kudini kune avo vakavauraya pasina mhaka? _____

9. Verenga ndima 30. Ndeapi mashoko ekupedzisira aJesu pamuchinjikwa? _____

10. Airevei? _____ - _____

“Iye (Mwari) vakamuita (Jesu) asina kuziva chivi kuti ave chivi panzvimbo yedu, kuti ave chivi panzvimbo yedu, kuti tive vakarurama vaMwari maari” 2 Vakorinte 5:21.

11. Ndezvipi zvinhu zvirifi zvinotaurwa nendima maererano naJesu?
 - a. _____
 - b. _____

Muapostora Petro akanyora, “*Kristu o akafira zvivi, kamwechete iye wakarurama nokuda kwevasakarurama kuti atiise kuna Mwari, akaurawa hake panyama asi wakararamiswa paMweya*” (I Petro 3:18)

12. Kristu Akafira _____

13. Jesu akafanira kufa kangani? _____

14. Kufa kwake kwakatavigirei? _____

“*Uyo iye pachake akatakura zvivi zvedu mumuviri wake pamuti, kuti isu, takanga takafa muzvivi, tirarame mukururama: nokuda kwemavanga makaponeswa*” (I Petro 2:24)

15. Jesu chii chaakazvitorera akaremba pamuchinjikwa?

16. Uye takawana kuporeswa nekuregererwa kubudikidza

Enda kuna Johane chitsauko 15:9,13

17. Sei Jesu akasarudza kupa upenyu hwake nekuda kwedu?

KUVIGWA KWA JESU – Verega Johane 19:38-42

1. Ndivanani vaiva shamwari dzaJesu vakava ne hanya ne mutumbi wake? vv.38-29

2. Nyora zvinhu zvitatu zvakaita nemutumbu waJesu?

- a. _____
- b. _____
- c. _____

KUMUKA KUVAKAFA KWAJESU – Verenga Johane 20:1-31

1. Maria magadharina akaitei? _____

2. Petro akaitei? _____

3. Jesu akazviratidza kunani? Vv.11-29

4. Thomasi akaitei?

Vv24 – 25 _____

Vv26 – 29 _____

5. Iye wakaitei naJesu? _____

6. Sei vhangeri yaJohane yakanyorwa? V.31

Pauro muapostora akazviisa muchidimu “nokuti pakutanga ndakakupai izvo zvandakagamuchira vo, kuti Kristu akafira zvivi zvedu. Sezvakanyorwa pamagwaro. Uye kuti akavigwa akamutswa nezuya retatu sezvazvakanyorwa Pamagwaro...” I Vakorinte 15:3,4

Jesu aiva Mwari apo Baba Vake vekudenga vakamutuma panyika kuzogara se munhu, Mwanakomana wa Mwari akasangana nazvo zvose zvazvaireva kuva munhu we nyama, asi haana kutadza. Jesu vakafa pamuchinjikwa, kuripira zvivi zvako nekuda kwerudo rwake rukuru kwauri. Akaparadzaniswa naMwari nekuda kwezvivi zvako. Akava chibairo chakakwana icho chisingambo tevedzerwa nhasi.

Jesu vakavigwa muguva, Mwari vakagamuchira kufa kwaKristu semuripo wezvivi zvedu, nekumumutsa kubva kuvakafa. Jesu Kristu mupenyu, uye nekuda kweMweya mutsvene wake achauya mumoyo yavose vanotendeuka kubva kuzvivi zvavo nekupa upenyu hwavo, nekumugamuchira samuponesi naIshe. Anogara nemutendi nekusingaperi.

CHIPO CHINONYANYA KUKOSHA

Zvidzidzo zvevhangeri yaJohane – Chidzidzo chechitanhatu

Hazvimbofa zvakakwana kungoziva chimwe chinhu. Unofanira kuita chimwe chinhu pakuziva ikoko. Zvinokosha kupiwa chipo, asi haunganakirwe ne chipo kusvikira wachigamuchira kubva kumupi, nekuchishandisa. Mwari vakatipa chipo chinokosha cheupenyu husingaperi, asi unofanira kugamuchira chipo nekutambira mwanakomana wake, Jesu Kristu. Verenga ndima dzinotevera, nekupindura mibvunzo nemumanzwi ako.

Tinoshandisa vara “tenda” mazuva ose. “ndinotenda mumhuri yangu,” kana “kana ndinotenda kunhengo iyi yezvamatongerwo enyika.” Hazvizizvo zvinoreva vara rekuti “tenda” muBhaibheri. Mwari vanoshuva chose kuti titende maari. Asi zvinorei kuti kutenda?

1. Nderipi “Basa” rimwechete Mwari ravanogamuchira paruponiso? 6:28,29

Hedzino ndima dzakati kuti dzinatoratidza zvazvinoreva chaizvo kutenda muna Jesu.

“Jesu akati: “tarira ndimire pamusuo wemoyo wako ndichigogodza kana munhu akanzwa izwi rangu akazarura moyo wake, ndichapinda maari, ndichadya naye, iye achadya neni (Zvakazarurwa 3:20).

2. Jesu amire kupi? _____

3. “Mukova” unorevei mumufananidzo wendima iyi?

4. Ko Jesu “vanogogodzerei” Pamukova?

5. Zvii zvinhu zviviri zvinofanira kuitika Jesu vasati vauya mumoyo mako?

a. _____

b. _____

6. Chii chakavimbiswa naJesu kuti achaita pamoyo wose wakavhurika?

Kudya pamwechete ingava nguva yekusungana kwakasimba neushamwari. Bhaibhe rakatakura “kudya” kwako kwo Mweya. Jesu vanoda kuva nenguva yekuziva nekufara kuva pamwechete zuva rimwe nerimwe. Unofanira kudya pamwechete na Mwari sezvo uchidzidza shoko raMwari. Ugo taura naye mukunamata.

“Uti kana uchipupura ne muromo wako, kuti Jesu ndiye Ishe, nokutenda mumoyo mako kuti Mwari wakamumutsa kuvakafa uchaponeswa.” (VaRoma 10:9).

7. Ndechipi chiito chemanzwi chinoratidza mundima iyi kuti zvino revei kuti kutenda muna Kristu?

_____ ne _____

uye _____ mu _____

8. Tsanangura musiyano pakati pekutenda mumusoro mako nekutenda mumoyo mako _____

“Nokuti aninani anodana muzita raShe uchaponeswa” (VaRoma 10:13).

9. Ndechipi chiitiko chezano pano chinoreva kuti tenda muna Kristu ugoponeswa?

10. Kana usati tenda muna Kristu nechekare, chimiro chako chakadi pamberi paMwari? 3:18

11. Sei vanhu vose vasingagamuchire mwanakomana waMwari saMuponesi naIshe? 3:19,20

Ngatitarisei muupenyu hwevanhu vana vakatenda muna Jesu. Verenga Johane chitsauko 4.

12. Jesu akati ndiani? Vv.25,26

13. Mukadzi mutadzi zvakatenda muna Jesu, rutendo rwake rwakamutungamirira kuitei?

14. Rungano rwe mutariri runoratidza simba rekutenda muna Kristu. 4:49-53. Tinoziva sei kuti mutari akatenda muna Jesu nekuda kwe mwanakomana wake?

Kuedzwa kwekutenda kwechokwadi mukuteerera kuna Ishe Jesu.

15. Jesu vakaudzei mudzimai waakaporesa parufu, akanga aita chivi cheupombwe? 8:11

16. Kutenda munaJesu, mwenje ku _____ kwete kufamba murima. 8:12

17. Chii chakavimbiswa naJesu kuneavo vano mutevera? 8:12

18. Musure mekunge Jesu vazodza maziso emurume akaberekwa riri bofu tinoziva sei kuti murume akati: 9:7,8

19. Mushure mekunge vatungamiriri ve chitendero vadzingira kunze munhu akanga aporeswa naJesu, Jesu vakamuwana. Jesu pavakazviratidza chii chiitiko chakaridza kutenda kwe murume aimbova bofu? 9:35-39

Ku “tendeuka” zvinoreva “kushanduka kwemaitiro kunosvitsa mushanduko yegwara.....shanduko yeupenyu.” Ku “tendeuke” kushandura maitiro edu maererano naJesu Kristu. Hasisiri mucheche maakazvarirwa semwana asi ishe wavose.

Haunganamati here nekukoka Jesu mumoyo mako saIshe na Muponesi? Heuno munamato wakanamatwa ne vazhinji? “Ndinokutendai, Ishe Jesu, nekundifira pamuchinjikwa. Ndinokutendai nekutora kwamakaita zvivi zvangu pachinzvimbo changu chinokosha chandakaziva kuti ndashanduka sei kuzvivi zvanagu, uye ndikazvipa zvose zvangu kwamuri, Ishe Jesu. Uyai muupenyu hwanagu semutongi, ndichakuteverai kwose kwamunondi tungamirira.”

Mushure mekunge wanamata nemoyo wako wose unganyora zita rako paro.:

Kana, kana unechokwadi nechekare kuti Jesu akbvisa zvivi zvako zvose uye nekuti uchananga kudenga, ratida pano:

CHIPO CHAMWARI CHINORAMBA CHICHIPA
Zvidzidzo zvevhangeri yaJohane – Chidzidzo cheChinomwe

Kana wagamuchira Jesu saIshe na Muponesi, anobva auya kuzogara mumuviri wako kubudikidza nemumweya mutsvene. “Kristu mamuri, tariro yekubwinya,” ..”Kristu anogara, mandiri,” (Vakorosi 1:27, vagararia 2:20). Kana wakagamuchira Jesu, mutende mumunamato maererano neupenyu hwake mauri. Jesu chip o chinogara nekusingaperi asingamiri kupa.

“Saizvozvo kana munhu ava muna Kristu, wava chisikwa chitsva, zvinhu zvakare zvapfuura; tarira zvose zvava zvitsva.” (2 Vakorinte 5:17)

1. Sekutaura kwendima iyi, Mwari vanotiisa kupi, kana tagamuchira Jesu?

2. Iyevino tave kuvedzwa kuti chii? _____

3. Mwari vanoti chii nezveupenyu hwedu hwakare?

4. Mwari vanotiona sei zvino munaKristu?

Muapostora Pauro anoshandisa vara “muna Kristu” kazana nemakumi matanhatu ane katatu (163) mutestamente Itsva. Panguva yekupa upenyu hwako kuna Kristu, akauya mauri iwe uchaiswa maari. Izvi zvino shevedzwa “kubatana ne Kristu.”

JESU ‘NDIRI’ MAZITA AKASARUDZIKA ANOSANGANA
NEZVATINOSHAIWA

Kana Jesu achigara mauri. Anokupa zvose zvaari iye pachake. Maitiro ake anosanganidzana nezvatinoshaiwa chose. Muvhangeri yaJohane, Jesu anozvizivzisa nezita raMwari rekutestamente Tsaru, “Ndini Ndichava iye.” Ngatidzidzei mazita “ndiri” matanhatu a Jesu.

5. Mwari akatumira ani kusanganidzana nezvido zve zuva rimwe nerimwe muupenyu hwedu? 6:32-35, 51.

6. “Chingwa chaMwari” chakapei pachena munyika yose? 6:33

7. Kana wauya Kuna Jesu, huzo _____ 6:35.

8. Kana ukatenda maari, hauzo _____ 6:35

9. Ndezvipi zviitiko zviviri zvemavara zvinoratidza kugamuchira kusimbisa nekupiwa kwaJesu? _____ ne

10. Jesus akati, “Ndiri _____ 8:12.

11. Nyora zvikonzero zvitatu zvaunodira chiedza zuva rimwe nerimwe

- _____
- _____
- _____

Unoda mwenje yose wemeso ako nemwenje wefungwa kuti ugone kuona zvakana pakati pezvakaipa. “kuzarurwa kwe mashoko enyu kunopa chiedza, kunopa njere vasina mano” (Mapisarema 119:130) Jesu vanoda kuti udzidze kuda kwavo nekudzidza bhaibheri mazuva

ose.

12. Funga nezvezvinhu zvitatu izvo mufudzi zvaanoshandisa mukova ne makwai ake? 10:8-10

- a. _____
- b. _____
- d. _____

Fungidzira kuoma kuoma kungaita basa romufudzi kana chirugu chake chisina mukova.

13. Unoda kuziva zvakadini Jesu se “musuo” muupenyu hwako svondo rino?

“Jehova ndiye mufudzi wangu, hapana chandingashaikwa” (Mapisarema 23:1) Mwari varikudaidzwa na Davidi kuti “mufudzi wangu” tiri makwai ake. Jesu vanoratidza kuti ndiMwari nekushandisa zita rimwechete, mufudzi.

14. Verenga Johane 10:11-17. Funga nezve uye ugonyora pasi zvinhu zvitatu izvo mufudzi akanaka anoitira gwayana.

- a. _____
- b. _____
- c. _____

15. Ko Jesu mufudzi wakanaka angasangana sei nezvanunoshai wa muupenyu hwako svondo rino?

Tsvaka mazita matatu a Jesu muna Johane 14:6

16. Jesu _____ zuva rimwe ne rimwe raunomutevera.

17. Jesu _____ unopima basarako, sarudzao yako, uye neukama hwako nekuda kwake neshoko.

18. Jesu _____ anogara mauri kubudikidza ne mumwe ya wake. Anokupa simba regara zvakanaka nekukupa upenyu husingaperi.

Kunyange miviri yedu ikaramba ichifa hatimbofa semunhu. Jesu vachamutsa miviri yedu kana vadzoka (Johane 14:2-3)

19. Jesu anozvidzidza kuti ani? 15:5. _____

20. Kuti tive ne zvibereko chii chinokosha kwatiri semapazi kuti tive tinoita? 15:5. _____

21. Chii chatingaita tiri toga, tisina Jesu?

DZOKORORA UCHISHEVEDZERA: *Jesu nokutendai pakuva chingwa changu, mwenje, ne mukova, mufudzi, nzira chokwadi, mwenje muzambiringa wangu.*” Svondo rino ziva ne musozita raunoda ra Jesu.

MUBATSIRI WEDU MUTSVA

Jesu vanogara muvatendi kubudikidza ne mumweya mutsvene... “Mwari vakatuma Mweya we mwakomana wavo mumoyo menyu” (Vagaratia 4:6) Mweya wake unotipa zvose zvatinoda kuti titevere kuda kwaMwari akatipao zvakare simba rekupedza matambudziko edu nekukunda dhiabhoi.

22. Kukoka kwerudzaii Jesu kwaanopa kuvanhu vanenyota mumweya 7:37 _____

23. Chii chinoitika mukati medu kana tikatenda nekunwa?

24. Nzizi idzi dze mvura dzinorevei? 7:39 _____

25. Tinowana sei mweya mutsvene muupenyu hwedu? 7:38

26. Zvii zvinhu zviviri izvo mweya mutsvene, munyaradzi waMwari anoita matiri? 14:26

a. _____

b. _____

27. Pane mazita maviri eMweya mutsvene muna Johane 15:26.

Nderipi re mazita aya rino mirira zvino wanikwa muMweya waMwari izvo zvaunoda nhasi?

28. Ndiani anopa uchapupu hwaJesu kune avo vasingamuzive?

29. Kana Mweya mutsvene auya mumutendi mumwe ne mumwe zvii zvinhu zvina zvaachaita? 16:13,14

a. _____

b. _____

c. _____

d. _____

30. Mweya mutsvene anotiratidza kuti Ishe Jesu ndiani, uye nekuti angaiti matiri. Jesu zvakare akativimbisa kuti achazviratidza kwatiri. Chii chinoitika kuti azviratidze? 14:21,14

KUVAKA VADZIDZI KWEVATUNGAMIRIRI VEPA
NZVIMBO

WAYLON MOORE – THOMAS WADE AKINS

ZVINOTEVEDZANISWA ZVE MUVAMBI WE BASA

VHIRI REUPENYU HWE CHIKRISTU

Kuvaka vadzidzi kwevatungamiriri vepa nzvimbo
Chidzidzo chekutanga
VaWaylon Moore

UPENYU HWAKAZADZWA NAMWEYA MUTSVENE HUNA KRISTU PAKATI

Muviri unoda zvimwe zvinhu kuti urame nekukura: Kudya mhengo, kuzorora nekusimbisa muviri. Pasina zvinhu zvina izvi mukuzvi wana kwakaenzana, muviri unorwara kana kutofa chaiko. Ichi ichokwadi ne mumweya zvakare. Zvimwe zvinhuwo zvinokosha. Zvinokosha kana zvakanatsorongwa. Kuitira kuti tive muukama chihwo naKristu, anova ndiye upenyu hwedu. Mwari vanoda vana kuti vabudirire nekukura mumweya. Vakorosi 1:28, VaEfeso 4:13-15.

Tinoshandisa mufananidzo “Vhiri reupenyu hwe muKristu” Kuratidza kuti muKristu anofanira kurama munyika ino ari muukama hwaka kwana na Kristu uye neVamwe vanhu. Vhiri rinomirira muKristu neupenyu hwake (Dhirowa dhenderedzwa uitire kirasi) Anofanira angava mudzimai kana murume anofanira kutarisana ne nyika (Dhirowa mutsara pasi pedenderedzwa sezvandaite. Iva munyika, asi usava wenyika (Jhane 17:11, 14).



Vhiri rogoroga rine ekisero yepakati. Pakati apa ndipo pane maitiro ose anokoshera kufamba kwaro. Munhu ogaoga ane chimwe chinhu pakati peupenyu hwake. Dzimwe nguva ibasa, dzimwe nguva, mhuri; dzimwe nguva zvakare kungava kuita mitambo yekusimbisa muviri, nezvimweo. (Nyora Kristu Pakati Pevhiri). Ekisero moyo we vhiri. Kutenderedza ekisero iyoyo, vhiri rakavakwa rakaisa ekisero pakati, pamusoro payo vhiri pakatsigirwa nekugara zvakanaka, kubva pairo panobva kunanga mugwara nesimba rekutenderera. Chinangwa chevhiri nguva dzose ndeche kuenda mberi, riri mugwara rariri kutungamirirwa ne ekisero muupenyu hwe muKristu, mune kugatsikana nekuenda mberi nekubudirira chete kana Kristu vari pakati. Kana Jesu vasiri pakati peupenyu hwemuKristu, basa remuKristu rinokanganiswa neuchapupu hwake hwokoneswa. MuKristu obva atiza kubva pachinangwa icho Mwari vakamusikira nekumuponesa.

Mwari vanoita zvinhu zviviri kune avo vanovimba ne mwanakomana wake. Kubudikidza ne muzvinhu izvi, anopa upenyu chihwo hwakasiyana neuhwo. Hune vanhu venyika. Izvi zvinhu zvakanakanda chose kudarika zviviri zvarahwa izvi, asi zvinovamba hwaro hweukama hutsva hwe muKristu nekukura kwake munyasha.

Chekutanga tine upenyu muna Kristu (II Vakorinte 5:17; vaKorosi 2:6,9,10 nyoro ndima idzi). Upenyu hwedu huri muna Jesu. Mweya mutsvene unotiisa musimba rekuve panzvimbo inokosha mukuva; muna Kristu. Munguva dzekuomerwa, zvinoshungurudza, kurwiswa, tinofanira kuramba tichirangarira zvokwadi inokosha iyi.

Chechipiri, Kristu matiri. Ndiye upenyu kwedu, ekisero yedu; ari matiri. Takanga takatorwa, takapindirwa, naiye. Magwaro ose anotaura maererano nezvokwadi yakaoma kunzwiswa iyi; Johane 15:5; VaFiriipi 1:6, Vagaratia 2:20, 2 VaKorinte 13:5, nedzimweo. Hwaro hweupenyu hwe muKristu ndiishe Jesu, ivo pachavo. Kristu “matiri” zviru mumagwaro uye chiri chokwadi. “Garai mandiri, uye ndichagara mamuri,” “mavari nemi mandiri” (Johane 15:4 na 17;23).

Tinoona, se muenzaniso, zvakataurwa na Pauro muna VaFiripo 1:21. Haana kuti “Kwandiri kurarama Kutevedzera Kristu,” kana kuti wo zvakare, “Kwandiri kurarama na Kristu se mubatsiri wangu,” kana kuti akati, “kwandiri kurarama kuva saKristu.” Akanyatso rondedzera nemazvo “kwandiri kurarama, ndiKristu kufa kupfuma.

Va CG Trumbell vanoti ivo mubhuku ravo upenyu hunokunda,” Ishe havadi kuti tivashandire, asi kuti, tivarege vashande ne matiri, achitishandisa sekushandisa kwatinoita penzura mukunyora; zvirina kutishandisa kwake sekushandisa kwatinoita umwe wemimwe yedu. Kana upenyu hwedu husiri hwa Kristu oga, asi kuti ndiKristu, huchava upenyu hwekuda kwakanaka nehwe kushanda.”

Kubatana kwe vhiri ne ekisero kwakasimbiswa kubudikidza nezvipokisi.

Zvinopa kuvhiri simba ne gwara rinobva ku ekisero. Ndezvipi zvipokisi zvinoti tendera kuti upenyu hwedu huwadzane naKristu? Pane zvinhu zvikuru zvingava zvina zvipokisi zviri muukama hwedu. (Dhirowa zvipokisi zvino ugokumbira vadzidzi kuti vataure zvinhu zvina zvinokosha mukukura kwemwana.) Mwana mucheche, mukukura kwake, anoda kudya, kutaura, kufamba nekusvitsa mashoko. Zviitiko zvina zvino enderana nenharaunda yezve mweya: kunzwisisa Bhaibheri, kunamata, kuteerera, ne kupupura.

KUDYA - Mateo 4:4, I Petro 2:2, Mabasa 2:42, Jeremia 15:16; 2 Timotio 3:16-17, Vakorosi 3:16.

MuKristu ogaoga anoda kudzidzira kudya nguva imwe neimwe kushoko raMwari. Kudya kweMweya. Mwana mucheche haazive kuti anozvipa kudya sei, anoda umwe kuti amupe kudya. Kubudikidza nekukura, anodzidza kuzvipa zvekudya, zvakadaro, anoda umwe kuti amugadzirire kudya kwacho. Sekukura kunoita mucheche uyu kuti ave munhu mukuru, achadzidza kuzvigadzirira chekudya. Bedzi kungoti kana munhu asvika panhanho huru yekukura vachapao umwe munhu chekudya here. Izvi zvino itao

zvakare mune zvemweya, panedzimwe nguva muKristu anonanga kubva muchikamu chekugamuchira kuenda muchikamu chekupa.

(Kuunza chikonzero chokuti tinofanira kudya mazuva ose, zvakare tinofanira kudzidza shoko mazuva ose.)

Kubatana nevamwe mumabiko emweya kamwe pasvondo, nesvondo hazvina, kukwana nenzira ipi zvayo kupa kudya mwana waMwari. Anofanira kuwana kudya zuva rimwe nerimwe kuti awane zvaanoshaiwa.

Bhaibheri “chitoro chechokwadi chemweya” rine ndima zviuru makumi matatu neimwe: Ndimu idzi dzakarongedzwa, dzikapakirwa, nekuchengetedzwa sekudya kwakanaka. Pane kudya kwakakwana kwe chose chinodiwa: zvinosimbisa muviri, zvinovaka muviri, ne mvura. MuKristu anofanira kukura mukugona kusarudza kudya chaiko, nekukugadzira, nekukudya. Zvinokoshawo zvakare, kuti anokwanisa kugadzira zvekutonhodzera zvakanaka achiitirao vamwe.

KUTAURA – Johane 16:24, Mateo 21:22; vaHebhero 4:15-16, I Johane 5:14-15; Mapisarema 66:18.

Kutaura naMwari mumunamato nekudya shoko raIshe zvipokisi zviviri zvinokwanisira chimwe kune chimwe. Izvi zvipokisi zvinopa vhiri simba, ndizvo zvinopa simba. Mwana anozvarwa asingazive kutaura iye pachake. Anodzidza kubva kune vamwe. Vana verutendo vanodzidza kunamata. Pakuteerera kune vamwe, nekumedza mweya weminamato iyi Mwari. Anotsvika anomushumira nemunamato (Johane 4:23). Pane mhando shanu dzinokosha dzemunamato kurumbidza, nekushumira, kupakutenda, kunamatira, kupa ne kureurura.

(Simbisa zvinodiwa kukuchengetedza kwezuya rimwe nerimwe rekuva oga naMwari.)

KUFAMBA – Johane 14:21; 15:10; vaHebero 5:8-9, Genesisi 22:18; 2 VaKorinte 5:7, Amos 3:3

Takadzidza kufamba munyama nhanho imwe panguva imwe. Mumweya kufamba kuteerera Ishe. Upenyu hwekuteerera kukuda kwaMwari kwakazadzwa nenhanho dzakatevedzaniswa. Pauro akashandisa vara rekuti kufamba kutsanangura upenyu chaihwo hwemuKristu (VaEfeso 2:10; 4, 1, 17, 5:2,8,15) kufamba inzira chaiyo ye mucheche munguva yekukura; chimiro chisiri icho, kana kutoti dambudziko, kana mwana asingakwanise kufamba. Kusateerera kunouraya mitezo youpenyu hwomu Kristu. Kuzviisa pasi pemweya mutsvene, nguva ne nguva, kunopa muKristu mukana wekufamba nekuve akakodzera pamberi paShe. “Tinonamatira kuti mufambe sezvinofanira Ishe, muchimufadza pazvose, muchibereka zvbereko pamabasa ose akanaka, muchikura pakuziva Mwari kwose.”

(VaKorosi 1:10)

KUTAUURIRANA – I Johane 1:3; 1 Petro 3:15, Mabasa 1:8; Mateo 28:19-20; Mabasa 22:15.

Kuzvida ne kuzvikudza kunokanganisa upenyu. Mwana muduku anekuzvikudza; ndiye anova pakati wepakanyika kake. Mafungiro ake achikura, anotanga kunzwisisa kuti anesu kama ne chekuita nevamwe.

Ndizvo zvimwechete nemuKristu, nekukura muMweya, achanzwa mufungwa dzake kuti anofanira kupa kutaura nevamwe ne kugovera. Kupa uchapupu inzira yake yekuita izvi. Kubudikidza nekupupura kweumwe anokwanisa kutevedzera nekugoverao nevamwe zvinokosha zvaanazvo: upenyu huri muna Kristu. Tinopupura zviri izvo kana zvisiri izvo kubudikidza nezvatinotaura ne mararamiro edu. Kupupura kwedu kufashukira kwerudo rwaKristu. Kuteerera kwedu nekupupura zvipokisi zvedu zvinotipa simba, ndizvo zvinopa simba rekugovera.

(Murairidzi anofanira, panguva ino, kuratidza mutsako pakati pe “vangeri” (I vaKorinte 15:3-4) “uchapupu” Mabasa 26:3-30) nekubata vakarasika” (Zvirevo 11:30; Jakobo 5:19-20).

Kana Mweya uchishandisa muKristu kuti ashande mumunhu kusvika vazvipz kuna Jesu Kristu, izvi ndizvo zvatinoti “kubata vakarasika.” Zvipokisi zvina zve vhiri zvakasununguka chimwe kune chimwe, uye kuti zvinorarama musimba rinotorwa kubva mushoko raMwari. Pasi shoko rakachengetedzwa...uye munamoto, hangawanikwe simba rinofashikira rekuteera ne kupupura. Chipokisi chimwe ne chimwe hachisiyane nezvimwe. Kana chimwe chikatyoka, kana kubva, vhiri rinenge rotadza zva chose kutenderera. (Murairidza anofanira kutora chipokisi chimwe nechimwe musure mechimwe, zwichidaro, achiratidza kudyidzana kwazvo zviri zvina, nokusimbisa kuti zvose zvichashaya basa kana zvisina kunyatso iswa zvakanaka, kureva kuti, kunyatso simba muekisero chimwe nechimwe chiri panzvimbo yacho.)

MWEYA MUTSVENE. Vazhinji vanobvunza “mukupiwa mazita kwezvipo. Kisi izvi Mweya Mutsvene hauna kusiiwa kunze here? Kwete, nokuti Mweya Mutsvene uri mazviri zvose. Ari muchikamu chimwe ne chimwe cheupenyu hwechiKristu, uye huabve kune chimwe ne chimwe. Ndima idzi dzatanyora pasi dzino ratidza ukama hune Mweya Mutsvene nechipokisi chimwe ne chimwe chevhiri.

Muruponiso – Johane 3:5,8

Mukupura Kristu nzvimbo yekutanga – Johane 16:13=14

Mumunamoto – VaRoma 8:26-27

Mukuteerera – VaGaratia 5:25

Mukupupura Mabasa 1:8

Mweya Mutsvene, mubatsiri we ruponiso, ndiye anotikwanisira kuti tive muna Kristu. Kubva panguva yatakaponiswa, akauya kuzogara muupenyu hwedu, ndekutiita musha wepanyika (I vaKorinte 6:19-20). Tinova vake, tinova “nzvimbo yake yekushandira,” kubudikidza nemaari, Jesu Kristu vanoziviswa munyika. Hapawanikwe upenyu

hunokunda kana kunze kwe kufambisa upenyu kwavo. Tinozadzwa ne shoko ravo, “zadzwa ne Mweya” VaEfeso 5:18). Vara rechigiriki rinoreva “kuzadza” rinoreva “kudzora”. Munhu anotifambisa, kana nekutenda, tikazviisa pasi pake. Munhu anotongwa nekutungamirirwa neMweya Mutsvene ndiye nguva dzose ane masipokisi akasimba agere zvakanaka. Muupenyu hwakadai zviripachena kuti Kristu ari pakati.

HURONGWA HWAMWARI KUBUDIKIDZA NEUPENYU HWAKO – CHIKAMU CHOKUTANGA KUVAKA VADZIDZI KWEVATUNGAMIRIRI VE MUNZVIMBO

Chidzidzo chechipiri

Waylon Moore

1. MWARI VAKAKUSIKIRI? “KUBWINYA KWAVO”

“Kana munhu achitaura, anofanira kuzviita semunhu anotaura mashoko chaiwo aMwari. Kana munhu achishandira, anofanira kuzviita nesimba rinopiwa naMwari. Kuitira kuti muzvinhu zvose Mwari vakudzwe nemuna JESU KRISU.

“Iye anekubwinya nesimba nokusingaperiperi ameni.” (I Petro 4:11). “Naizvozvo kana muchidya kana muchinwa, kana muchiita chinhu chipi nechipi, itai zvose kuti Mwari akudzwe. Regai kugumbusa vamwe kana vaJuda kana vaGiriki kana kereke yaMwari.” (1 VaKorinte 10: 31-32).

2. MWARI VANOKUDZWA SEI?

“Munhu anobaira chibairo chokuvonga unondikudza, uye unogadzira nzira yake zvakanaka ndichamutaridza kuponesa kwaMwari.” (Mapisarema 50:23 “Naizvozvo chiyedza chenyu ngachivenekere pamberi pavanhu, kuti vaone mabasa enyu akanaka, kuti vakudze BABA venyu vari kudenga.” (Mateo 5:16).

“Baba vangu vanokudzwa naizvozvi, kuti mubereke zvibereko zvakananda, zvinoratidza kuti muri vadzidzi vangu.” (Johane 15:8) “mufambire wenyu uve wakanaka pakati pavahedheni kuti pavanokupomerai vachiti munoita zvakaipa varumbidze Mwari nezuva rokushanyira kana vachiona mabasa enyu akanaka.” (1 Petro 2:11)

“Ndichaita zvose zvamunokumbira muzita rangu, kuti mwanakomana wangu aite baba kuti vakudzwe.” (Johane 14:13).

“Hamuzivi here kuti muviri yenyu itembere ye Mweya Mutsvene, ari mamuri, uyo wamakagamuchira kubva kuna Mwari? Hamuzi venyu,

makatengwa nemutengo. Naizvozvo kudzai Mwari nemiviri yenyu.” (I vaKorinte 6:19-20.)

“Imi Ishe Mwari wedu makafanira, kuti muvigirwe kubwinya, nekukudzwa, nesimba, nokuti ndimi, makasika zvinhu zvose, zvakavapo zvikasikwa nokuda kwenyu.” (Zvakazarurwa 4:11).

3. TINGAFADZE MWARI SEI?

“Tinonyengeterera kuti mufambe sezvinofanira Ishe, muchimufadza pazvose, muchibereka zvizereko pamabasa ose akanaka muchikura pakuziva Mwari kwazvo. Muchisimbiswa nesimba rose, nesimba rekubwinya kwakwe, muve ne moyo murefu nemufaro.” (VaKorose 1:10-11).

“nokuti kuda kwaMwari ndihwo utsvene hwenyu, murege upombwe kuti mumwe ne mumwe azive kuzviwanira mudziyo wake neutsvene nekukudzwa.”

“Kana kusina kutenda hazvibviri kumufadza; nokuti unouya kuna Mwari unofanira kutenda kuti iye uripo uye kuti unopa vanomutsvaka mubairo wavo.”

“Zvino isu tinesimba, tinofanira kutakura vutera bwavasine simba, tisingazvifadzi. Mumwe ne mumwe wedu ngaafadze wokwake panezvakanaka zvinosimbisa. Nokuti Kristu vo haana kuzvifadza, asi sezvazvakanyorwa, zvichinzi, kuzvifadza kwevakazvifadza nako kwakawira pamusoro pangu.” (VaRoma 15:1-3)

“Ndicharumbidza zita raMwari nenziyo, ndichamukudza nekuvonga. Izvo zvichafadza Jehova kudarika nzombe, kana hando inenyangana namahwanda.” (Mapisarema 69:30-31)

MUCHERERECHEDZO WAJESU PAKURATIDZA KWAKE KUVANHU – RUTENDO MUKUFAMBA KWEZUVA RIMWE NE RIMWE.

“Akati kuvadzadzi vake,”ko sei muchitya,? Hamusati here mave nerutendo?” (Marko 4:40) Jesu havana kuona rutendo kuvadzidzi vavo.

Nyaya yaJesu achifamba pamusoro pemvura. “Vadzidzi vake pavakamuona achifamba pamusoro pemvura, vakatya.” Asi Jesu nekukurumidza akati kwavari. “tsungai moyo! Ndini. Musatya.” “Ishe kana muri imi, “Petro akapindura, “ndiudzei ndiuye kwamuri pamusoro pemvura”, “Uya”. Akadaro. Petro akaburukira pasi kubvamugwa, akafamba pamusoro pemvura achienda kuna Jesu. Asi paakaona mhengo, akatya, akatanga kunyuru akadanidzira, “Ishe ndiponesei!” Pakarepo Jesu vaka mubata ruoko. Une kutenda kuduku, akati, “sei uchikahadzika?” (Mateo 14:22-31). Jesu vakaona kutenda kuduku kuna Petro.

Nyaya yemukadzi we Kanani. “Jesu akapindura, “ndakatumwa chete kumakwai akarasika a Isiraeri.” Mukadzi akauya akapfugama pamberi pake, “Ishe, ndibatsirei! Akadaro. Akapindura, “Hazina kunaka kutora chingwa chevana uchikandira kumbwa.” Hongu, Ishe, “akadaro, “Asi kunyange nembwao dzinodya makoko anodonha patafura yaTenzi wadzo; Jesu vakabva vapindura, “mudzimai, kutenda kwako kukuru!” (Mateo 15:22-28).

MuKristu anofanira kukura munaKristu kuti ave sa iye. “Zvino haticharambi tiri vacheche, tichizununguswa ne mhengo ipi ne ipi ye kudzidzisa nekunyengera kwavanhu namano kuti vatsause ne kunyengera, asi tireve zvokwadi murudo, tigokura maari pazvose iye Kristu musoro.” (Vakorosi 4:14-15).

Donzvo reupenyu hwe muKristu hakusi kubudirira, asi maitiro aKristu. Vanhu vano daidzwa naMwari kuti vawane kukwana pakati pamaKristu. Donzvo raMwari kwatiri kukura. 2 V akorinte 4:7 inoti, “Asi fuma iyi tanayo mumudziyo yevu , kuti vukuru bwe simba bwuve bwa Mwari, hwurege kuva hwedu.”

HURONGWA HWAMWARI KUBUDIKIDZA NEMUUPENYU
HWAKO – CHIKAMU CHECHIPIRI

Kuvaka vadzidzi kwevatunga miriri vemunzvimbo
Chidzidzo chechitatu
Waylon Moore

KUNZWISISISA SHOKO RA MWARI

- A. TEERERA kuna Mwari ataure. “Aninani anoita kuda kwaMwari mukoma wangu, hanzvadzi na Mai” (Marko 3:35).
- B. VERENGA kuti ukure “Shingaira pakurava, napakuraira, napakudzidzisa kusvikira ndichiuya.” (I Timotio 1:13)
- C. DZIDZA shoko kuti ushanduke. “Ava vakanga vakanaka kupfuura vaTesaronika, vakagamuchira shoko no moyo wose, vachinzvera magwaro zuva rimwe ne rimwe, kana zvinhu izvozvo zviri izvo.” (Mabasa 17:11).
- D. ZIVA NE MUSORO kuti utore shoko kwose-kwose.
- E. FUNGISISA kuti uri shandise. “Mashoko enyu akawanikwa, ndikaadya, mashoko enyu akava mufaro wangu, nokufadzwa kwomoyo wangu nokuti ndakatumidzwa nezita renyu imi Jehova Mwari wehondo.” (Jeremia 15:16) “Asi unofarira murairo waJehova, unofungisisa murairo wake masikati neusiku. “ (Mapisarema 1:2)
- F. Imwe mivunzo inofanira kuitwa kana uchidzidza shoko raMwari.

- Chii chidzidzo chinokosha?
- Rugwaro urwu rwunoti chii maererano na Mwari...Jesu?
- Chitsauko ichi chinondipa here
 - Chimwe chinhu chekuziva
 - Chimwe chinhu chekushanduka
 - Chimwe chinhu chekuita
 - Chimwe chinhu chekutangisa

RATIDZIRO YE CHANZA

- A. Teerera
B. Verenga
C. Dzidza
D. Ziva nemusoro
E. Fungisisa



“Rugwaro rwose rwakafuridzirwa naMwari, runobatsira pakudzidzisa nekuraira, nokururamisa nekuranga kuri mukururama. Kuti munhu waMwari akwane agadzirirwa kwazvo mabasa ose akanaka.” (2 Timotio 3:16-17)

UNGAVA SEI NENGUVA URI OGA NAMWARI-CHIKAMU
CHEKUTANGA

Kuvaka vadzidzi kwevatungamiriri vepanzvimbo
Chidzidzo che China
Thomas Wade Akins

MAVAMBO

Hazvigone kuti uve mudzidzi waJesu Kristu kunze kwekunge uri munhu we munamato. Unofanira kuda kuva nenguva yekuva oga naMwari chive chitiko muupenyu hwako. Kana zvisiri izvo, hauzoziva Mwari nemunzira yaka dzama, hauzogara munzira dzake, kana kubereka zvikereko.

UNOZIVA HERE KUTI URI ANI CHAIYE/ URI MHANDO YE
MUNHU ANOITA ZVAKANAKA KANA PASINA MUNHU
AKAMUTARIRA HERE? URI ANI MURIMA? FUNGA!
MUNHU IYEYO NDIWE MUCHOKWADI! SAKA, MUNGUVA
YAKO OGA NAMWARI, HAPANA UMWE AKAKUTARISA
KUNZE KWAMWARI.

Ngatitarisei nhanho sere dzemunamato dzaungashandise nguva yaunenge uri oga naMwari.

KUSHUMIRA NEKURUMBIDZA

Bhaibheri rinoti iro muna Mapisarema 48:1 “Jehova mukuru, unofanira kurumbidzwa kwazvo,. Muguta raMwari wedu, mugomo rake dzvene.” Mapisarema 34:1-3 inoti “Ndicharumbidza Jehova nguva dzangu dzose. Rumbidzo yake ichagara mumuromo mangu. Mweya wangu uchazvirumbidza muna Jehova. Vanyoro vachazvanzwa vakafara. Kudzai Jehova pamwechete neni. Ngati kudzise zita rake pamwechete neni.”

Tinorumbidza Ishe munguva yekushumira mukereke musu we svondo. Asi, unoshumira Mwari apo paunenge uri oga naye kubvane muvhuro kusvika mugovera here? Bhaibheri rinoti iro muna

Mapisarema 22:3, “Asi imi muri mutsvene; imi mugere parumbidzo dza Israeri.”

Chii chinonzi kushumira? Kushumira kurumbidza Mwari ne zvaari. Kupa kutenda kumutenda pane zvaaita kwatiri. Kushumira kurumbidza chimiro nezvinokosha zviru muna Mwari.

Kushumira Mwari, sokutaura kweBhaibheri, munhu anofanira kushandisa fungwa dzake, kudakwake ne maitiro. Hazvina kuipa kuratidza maitiro ako munguva yeshumiro kana uchishumira Mwari. Kuti izvi hazvisi izvo zvakangofunana nekuti haungashandise fungwa yako kana kuda kwako. Uhwo upenzi! Munhu anemuviri, ne Mweya (Fungwa, kudakwake ne manykunyuku) ne Mweya (1 VaTesaronika 5:23).

Zvakadaro, pane musiyano mukuru pakati pezvaunonzwa mumuviri-mupfungwa ne manyawi. Manyawi kurasikirwa nekuzvidzora pane zvaunonzwa mumuviri mufungwa. Kana izvi zvaitika, shumiro inenge yave kunze kwezvinodiwa muBhaibheri. Bhaibheri haritirumbidzwe kushandisa zvatizonzwa mumuviri yedu nefungwa munguva ye kushumira, zvakadaro, rinopikidzana ne manyawi.

Ungashumira Mwari sei panguva yaunenge uri oga naye? Haano mazano mashoma!

A. IMBA NZIYO UCHISHANDISA CHIIMBIRO CHEBAPTIST
KANA CHIMWEO CHIIMBIRO.

Kana munevanhu mumba mauri, ingoverenga zvako manzwi erumbo uchiverenga mufungwa uchiverengera Mwari. Semuenzaniso, rumbo rwekutanga, “mutsvene, Mutsvene, Mutsvene” rumbo rukuru chose pakushumira. Verenga ndima yekutanga. MIRA. Funga obva wafungisisa zvinorehwa nemanzwi worumbidza Mwari wakatsamira pamanzwi endima iyi. Tevedzera nendima inotevera, woita zvimwe chete. Ramba uchiita kusvika wapedza rumbo rwose. Paya panoratidza nziyo dziri mubhuku muchiimbiro chenziyo dze Baptist. Pane hurongwa hwe nziyo. Dekushumira (kana kurumbidza).

B. IMBA KANA KUVERENGA MAKORASI E MWEYA

Bhaibheri rinoti iro muna VaEfeso 5:19 “Mutaurirane pakati penyu nemapisarema ne nziyo nenziyo dzomweya muimbire muridzire ishe mumoyo menyu muchivonga Mwari BABA nguva dzose pazvinhu zvose muzita raIshe wedu Jesu Kristu .”

Iva nechokwadi chekuti makorasi emweya aya akanaka sezvinoziva Bhaibheri. Nemamwe manzwi, iva nechokwadi chekuti makorasi eMweya awa auri kushandisa haasi edzidziso dzenhema.

C. VERENGA ZVIKAMU ZVEMINAMATO IRI MUBHAIBHERI UCHIVERENGERA MWARI. WOISA NDIMA IMWE NAIMWE MUUPENYU HWAKO

Mapisarema 8:1 inoti “Haiwa Jehova Ishe wedu zita renyu rakai svonaka sei panyika yose, makaisa umambo hwenyu kudenga.” Kuti uise ndima iyi muupenyu hwako, isa zita rako mundima. Semuenzaniso, “O Ishe Ishe “wangu” zita renyu iguru sei panyika. Makaisa kubwinya kwenyu kudenga. Verenga ndima imwechete panguva sekunyorwa kwaakaitwa muBhaibheri, musure iverenge zvakare wobva waisa ndima iyi muupenyu hwako kuti ugone kushandisa shoko ra Mwari mukumurumbidza.

Zvimwe zvitsauko zvakakwana zvinosanganisira, mapisarema 8:9, 19, 24, 65, 92, 104, 139, minamoto yeJesu na muapostora Pauro, nezvimwe zvitsauko zve bhuku ra Zvakazarurwa, pakati pazvo izvi pane chitsauko che china ne cheshanu. Ungatariseo zvakare vara rinoti “Kurumbidza” mubhuku rinobatsira kuwana zvidzidzo muBhaibheri (Concordance).

Kurumbidza kunokosha chose pakukura mumweya muupenyu hwedu. Verenga Zvakazarurwa 4 na 5 kuti unzwisise zvatichanoita kudenga.

Zvokuita: Ikozvino, shandisa chiimbiro cheBaptist kana korasi yeMweya kana ndima yekurumbidza panguva yaunenge uri oga na Mwari.

UNGAVE NE NGUVA SEI YEKUVA OGA NA MWARI CHIKAMU CHECHIPIRI KUVAKA VADZIDZI KWEVATUNGAMIRIRI VEPA NZVIMBO

Chidzidzo chechishanu
Thomas Wade Akins

1. KUREURURWA KWE ZVIVI

Handitendi kuti ungashandise nguva yakawanda mukureurura. Kana waita chivi, ndinotenda kuti Mweya Mutsvene uchakuratidza chivi ichocho panguva iyoyo. Panotaura mufungwa dzako dzichikuudza kuti watadza unofanira kureurura chivi ichocho panguva iyoyo. Bhaibheri rinoti iro muna I Johane 1:9, “Kana tichizvireurura zvivi zvedu, akatendeka nekukurama kutiregera zvivi zvedu nekutinatsa pakusarurama kwose.”

Asi, munguva yako yechinyararire, dzimwe nguva Mwari vangause mufungwa dzako zvivi zvauchangoita. Dzimwe nguva wakava nemaitiro akaipe kuneumwe, kutsvamwa, kana kukasharara. Pane izvi, unofanira kureurura zvose zvezvivi zviri mumoyo mako.

KUPA KUTENDA

Bhaibheri rinoti iro muna Variripo 4:6 “Musafunganya pechinhu chimwe, asi pazvinhu zvose mikumbiro yenyu ngaiziviswe Mwari nekuvonga.”

Kupa kutenda kutenda Mwari mabasa ake. Muenzaniso, “Ndinokutendai Ishe neutano hwangu, kudya kwangu, basa rangu, zvichidenda zvakadaro.

KUNZWA INZWI raMWARI

Bhaibheri rinoti iro kuna Mapisarema 6:5 “Wana zororo, o Mweya wangu, muna Mwari oga: tariro yangu inobva kwaari, “ Mapisarema 46:10 inoti, “Nyararisa uzive kuti ndiri Mwari...”

Unganzwa sei inzwi raJehova? Ini pachangu, handisati ndambonzwa Mwari vachitaura nenzwi rapamusoro kwandiri; asi ndakanzwa inzwi rashe mukati mangu kazhinji muupenyu hwangu. Sei?

MWARI ZVIKURU VANOSHANDISA NZIRA MBIRI DZEKUTAURA NEWE ZUVA RIMWE NERIMWE. Mweya mutsvene neshoko raMwari. VaRoma 10:17 inoti, kutenda kunobva pakunzwa shoko, shoko rinonzwikwa kubudikidza neshoko raKristu.”

Bhaibheri itsamba yerudo inobva kuna Mwari. Chido chaMwari ndechekutaura newe neMweya Mutsvene kubukidza nemushoko raMwari. Ndinoda kukupa zano renzira dzekunzwa nadzo shoko raMwari.

A. Tangisa nebhuku rimwechete reBhaibheri. Fungwa yangu ndeye kuti utangise nebhuku rava Efeso.

B. Kumbira Mwari kuti vakuratidze chokwadi yeMweya, kana zvokwadi zveMweya mundima imwe neimwe kana kubva muchidimu chendima. Semuenzaniso, vaEfeso 1:1 rinoti, “Pauro muapostora waKristu Jesu nekuda kwaMwari, kuvatsvene vari paEfeso, vakatendeka muna Kristu Jesu.” Ndezvipi zvokwadi zvoMweya zvinowanikwa mundima iyi?

1. Pauro MuKristu nemuapostora waJesu Kristu.
2. Akasarudzwa ne kuda kwaMwari.
3. Vara rekuti “Vatsvene” rino reva kuva Kristu vari muEfeso.
4. Makristu aya akanga akatendeka muna Kristu Jesu.

C. Isa muupenyu hwako zvokwadi yeMweya imwe ne imwe. Mwari vari kutaura kwauri kubudikidza ne zvokwadi izvi. Bhaibheri itsamba ye rudo inobva kuna Mwari ichiuya kwauri. Semuenzaniso, Mwari vari kundiudza zvokwadi zvitatu mundima iyi:

1. Wade, uri mudzidzi waJesu Kristu nekuda kwangu.
2. Wade, ndakakusarudza nekuda kwangu
3. Wade, uri mutsvene mu Belohorizonte.
4. Wade, ndinoda kuti uve wakatendeka muna Kristu Jesu.

TSANANGUDZA SHOKO RAMWARI

Unogona kushandisa ndima. Kunamata. Semuenzaniso, “Baba vangu, Mwari wangu, ndinokutendai Ishe nekuti makandidana kuti ndive mudzidzi waJesu Kristu. Ndino kukutendai Ishe nekuti ndiri Mutsvene wa Jesu – munhu akatsaurwa naIshe. Baba, chishuwo changu ndechokuti ndive ndakatendeka kuna Kristu. Muzita raJesu. Amen.

Mushure mekuita izvi, verenga ndima inotevera woita zvimwe chete. Zvokuita: Ita izvi ikozvino nebokarako.

UNGAVA NENGUVA SEI URI OGA NAMWARI
CHIKAMU CHECHITATU

Kuvaka vadzidzi kweva tungamiriri vepanzvimbo

Nzimbo – Chidzidzo chechi tanhutu

Thomas Wade Akins

KUNAMATIRA

Bhaibheri rinoti iro munavaEreso 6:18, “Munyengetere nguva dzose nekunyengetera kwose, nokukumbira mumweya muchirinda muzvinhu zvose izvi nekutsunga kwose nekukumbirira vatsvene vose.”

Kunamatira munamato wekunamatira vamwe vanhu. Dzimwe nguva une peji risina kunyorwa muBhaibheri. Kamura peji iri muzvikamu kana mubhuku rekunyorera, woita urongwa hwevanhu avo vauchanamatira zuva rimwe nerimwe.

Se muenzaniso, nyora vara “zuva ne zuva” muchikamu chako chokutanga kana papeji rako rokutanga. Pasi pevara iri nyora mazita emudzimai wako, vana vako, Amai vako, Baba vako, madzikoma ako, zvichienda zvakadaro.

Papeji rinotevera kana chikamu, nyora vara “SVONDO” pasi pevara iri, nyora hurongwa hwavanhu avo vanobatanidza mufundisi wako ne mudzimai wake, nemudzidzisi wako wechikoro chesvondo nevaunopinda navo.

Nyora vara “CHIPIRI” papeji rinotevera kana chikamu, umu nyora mazita enhengo dzemhuri dzako dzeukama ne shamwari.

Papeji rinotevera kana chikamu, nyora vara “CHITATU” hurongwa uhwu hunogona kusanganisira mazita emamishirari, vatungamiriri ve konivhesheni, nevamwe vatungamiriri mukereke yako.

Muchikamu chakanzi “CHINA” nyora mazita evatungamiriri ve zve matongerwo enyika. I Timorio 2:1-2 inoti “naizvozvo pakutanga kwazvose ndinoraira kuti vanhu vose vakumbirirwe. Vanyengete

rerwe, varevererwe, vavongerwe madzimambo navose vari vakurukuti tigare norugare nekunya rara pakunamata Mwari kwose nomugarire unokudzwa.”

NYORA VARA “CHISHANU” muchikamu chinotevera kana peji. Pasi pevara iri, ita hurongwa hwevanhu vakadzokera shure kubva mukereke kana vamwe vanhuo zvavo vakarasika.

Nyora vara “MUGOVERA” muchikamu chekupedzisira kana peji rekupedzisira. Pahurongwa uhwu nyora mazita mazita evanhu shamwari dzako, dzimwe nhengo dzekerekre yako, nemazita emabasa akasarudzika ayo ari kuitwa nekereke yako.

Kana waita izvi, unokwanisa kunamatira vanhu vakawanda svondo rogaroga. Verenga vaRoma 16 vamwe vanofunga kuti chitsauko ichi munamato waPauro hurongwa hwokunamatira maKristu ari muRoma.

Zvokuita: ikozvino, muvambi we basa anofanira kubatsira nhengo imwe neimwe yeboka kuita hwurongwa kwevanhu ne nyika dzepasi rose zuva rimwe nerimwe.

UNGAVA NENGUVA SEI NAMWARI URI OGA
CHIKAMU CHECHINA

Kuvaka vadzidzi kwevatungamiriri vepanzvimbo
Chidzidzo chechinomwe
Thomas Wade Akins

KUFUNGISISA PAMUSORO PESHOKO RAMWARI

Bhaibheri rinoti iro muna Joshua 1:8 “Buku iyi yemurairo haifanire kubva pamuromo wako, asi unofanira kuirangarira masikati neusiku, kuti uchenjere kuita zvose zvakanyorwamo, nokuti nokudaro uchazviwanira mufaro panzira yako nokubata nekuchenjera.” Ndimba iyi inoti kana ukafungisisa pashoko raMwari masikati neusiku, Mwari vachashandura upenyu hwako. VaRoma 8:29 inoti iyo chinangwa chaMwari ndechokuti shandura kuti tifanane naJesu Kristu. Zvinowani kwaumu ndezvokuti uchafara munzira dzako nekuona budiriro muupenyu hwako. Ungafungisisa shoko raMwari masikati neusiku?

Ungafungisisa sei shoko raMwari masikati neusiku kana uvete? Ita zvino tevera kuti ufungisisa shoko raMari.

Sarudza ndima imwechete yeBhaibheri pasvondo

Verenga ndima iyi sezvainotaura.

Kumbira Mwari kuti akuratidze zvokwadi ye Mweya
kubva pandima iyi.

Isa ndima iyi muupenyu hwako mumunamato.

Nyora ndima iyi pakadhi ne paino wanikwa.

Masikati verenga ndima iyi kakawanda, ungaita izvi wakamira pamutsetse kana panguva yako oga naMwari. Ita izvi kangasvike kashanu pazuva.

Chinhu chekupedzisira chekuita usiku umwe neumwe ndechokuverenga ndima nekuita ndima ichapinda mufungwa dzako.

ZVOKUITA: IPA MUNHU UMWE NEUMWE ARI MUBOKA
NDIMA NECHI KADHI MOITA ZVINOWANIKWA
MUZVIKAMU “A” kusvika “G”

MIKUMBIRO

Bhaibheri rinoti iro muna VaHebhero 4:16 “Naizvo ngatiswederi tisingatyi kuchigaro chovushe chenyasha, kuti tinzwirwe ngoni, tiwane nyashe, tibatsirwe ne nguva yakafanira.”

Kukumbira kuisa mikumbiro kunaMwari.